87.7
Б-21

ЖУМАНАЗАР БАЗАРБАЕВ

# ӘДЕП ФИЛОСОФИЯСЫ



**Ж. БАЗАРБАЕВ** «Әдеп философиясы» Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 2010-жыл. 208 бет.

«Инсан—бул саналы мақлуқ» деп айтылады философия илиминде. Солай екен, инсан саналығының бирден-бир белгиси бул оның әдеп-икрамлылығында айқын көринеди. Қолыңыздағы бул китапта белгили илимпаз, жәмийетлик ғайраткер, академик Жуманазар Базарбаевтың әдеп-икрамлылық мәселелерине бағышланған терең философиялық ой-пикирлери жәмленген. Китапта баян етилген ҳәм мысал ретинде келтирилген жуўмақлар бизиң миллий өзлигимизди, ата-бабамыздан киятырған қәдриятларымызды қәстерлеўде оғада әҳмийетли.

Китап Жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларының оқытыўшылары, студентлерине, сондай-ақ әдеп мәселеси менен қызығыўшы зыялылар ушын арналған.

Жуўаплы редактор:

**А.Султанов** — *Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар, журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы.*

Пикир билдириўшилер:

**Сейтназаров Р.** — *философия илимлериниң кандидаты, доцент.*
**Ембергенов А.** — *философия илимлериниң кандидаты.*

239039
81142
MA'LIMOT RESURS ORAYI

ISBN 978-99-43-346-77-2

© «Қарақалпақстан» баспасы—2010

T14

*Усы китабымды әдеплиликтиң ағласы, Қарақалпақстан халық муғаллими, Қарақалпақстанға мийнети сиңген билимлендириў хызметкери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, география пәниниң доценти, мениң өмирлик жолдасым Даўлетова Қырмызыға арнайман.*

**Автор**

## СӨЗ БАСЫ

Әдеп философиясы адамның уллы бахалылыкларға миясар екенин, оған жетиўдиң жолларын изертлеп, инсанлардың әдеплиликти кәстерлеўи аркалы өзлериниң ишки сезимлерин оның булақларынан нәр алып тәрбиялаўды нәзерде тутады.

Қайсы жәмийетте болмасын әдепли ислер дурыс жолға қойылса, сол жәмийеттиң абыройы жоқары, аўхалы жақсы болады. Егер жәмийетте хәттеки бир адам әдепсиз, (яғный өтирикши, мәккар, жалатай, сатқын, атабийзар, енебийзар) болса, ол адамның бул унамсыз қәсийетлери басқаларға өтип, жәмийетке үлкен зыян тийгизеди. Өйткени жаман әдетлер жуқпалы болады. Әдепсиз болып, жолдан адасқан адамның жақсылыкқа умтылыў хәўеси азайып, жаманлықтың тәрепин алыў мүмкиншилиги көбейеди. Булардың хәммеси ең дәслеп жаслардың дүньяға көзқарасына, тәртип-әдебине, руўхиятына жағымсыз тәсир етеди.

Әдепсизликтиң бир жаман жери, ол көпшилик топарларға тез таралып, жәмийетте байлыққа қунығыўшылықты, жәмлескен бузғыншылықты, жеңилтекликти, наркоманияны, мәскүнемшиликти келтирип шығарады.

Демек социаллық әдепсизлик ямаса сол сыяқлы руўхый бузылыўшылық пүткил жәмийетти ийелеп алса ямаса мәжбүрий орнаса ол фашизм, экстремизм, терроризм идеяларын ен жайдырады.

XX әсирдиң екинши ярымы XXI әсирдиң басларына келип көп ғана батыс мәмлекетлеринде әдепсизлик бузғыншылығы, парықсыз жынысый қатнасықлар, гиябентлик, некесиз шаңарақ,

қараўсыз балалар, ғалаба уятсыз клиплер, зулым ҳәм зорлықты үгит-нәсиятлайтуғын видеофильмлер жәмийет турмысында көрине баслады.

Белгили Америка алымы Ф.Фукаяма «Уллы үзилиў» (2003) деген шығармасында «Батыс аўыр кеселликке жолыққан. Оның тәсирли аламатлары 1960-жыллары пайда болған» деген жуўмаққа келип, олар биринщиден, жынаятшылықтың өсиўи, екиншиден, шаңарақ кризиси, неке ҳәм балалардың туўылыўының кемейиўи, ажырасыўшылардың санының көбейиўи себепли деп есаплайды. Мысалы: АҚШта ҳәрбир үш баланың бири некесиз туўылады. Сканданавияның барлық еллериндеги туўылған балалардың ярымынан көби некесиз дүньяға келген. Халықтың санының кемейиўи, демографиялық өсим тек үшинши дүнья мәмлекетлерине тән. Төртиншиден, социаллық тубалаў, шахстың турмыстан ажыралып қалыўы, ерли-зайыплар арасындағы мүнәсибетлердиң кескинлесиўи, кисилер ортасында жалғыз жасаўға бейимлилик. Мысалы, ҳәзир Россияда ересек адамлардың 56%и бойдақ болып жасайды.

Сондай-ақ батыс философлары батыстың әдеп-икрамлылық жақтан бузықлығының күшейиўине кабель телевидениеси арқалы уятсыз фильмлердиң көрсетилиўи, гемосексуализм, садизм үгит-нәсиятының тез өсип баратырғанлығы себепши болмақта, деп көрсетеди.

Турмыста ҳәр бир адамның иси, ҳәрекети әдеп-икрамлылықтың өлшеми менен анықланып, әдеплилик ҳәм әдепсизлик әҳмийетине ийе болады ҳәм усы қылық-қылўалар өз нәўбетинде жәмийетлик турмысқа өзиниң тәсирин тийгизеди. Сонлықтан да Қабуснамада «Патша ушын ең жаман ис-халқының әдепсизлигидур» делинген.

Әдепли кисилер арасында мийирманлық көп болады. Олар ел-журттың абаданлықта, тынышлықта, дослықта ҳәм бирликте жасаўының гиреўи. Белғили инглиз алымы Дисон Лоббок: «Әдеплиликтиң жәрдеминде, ҳәттеки күш пенен алыў мүмкин болмаған жеңиске де ерисиў мүмкин»-деген еди.

Адам сулыў, ақыллы, күшли, сын-сымбатлы болыўы мүмкин, бирақ онда әдеплилик болмаса, ол пәслердиң қатарына қосылады. Ол өзинин жеңислерине қандай жол менен ериссе де, әдепсиз болса бәри бир пәс дәрежесинде болып қала береди.

Мысалы, Наполеон Бонопарттың таң қаларлық ислери бола турып, инсан сыпатында уллылыққа ийе болмағаны туўралы жазыўшы Стефан Цвейг (18хә-1942 ж.ж.) мынадай бир қызықлы мағлыўмат келтиреди:

«Бир күни Наполеон барлық сарай адамларының алдында Толеранға кәхәри келип; «Урысаң, ант бузарсаң, ақша десе туўған әкеңди де сатып жиберетуғын жалатайсаң» деп урысыпты. Ал, император сарайындағы ақыллы ҳәм ҳийлекер кисилердиң бири болған, Францияның биринши дипломаты Толеран болса, бул ўақытта селт етпестен, өзине айтылып атырған сөзлерди еситпегенсинип устамлылық пенен тура берипти. Наполеон урысып-урысып тынғаннан соң, Толеран сол түринде ләм-лим деп аўзын ашпастан сыртқа қарай ақсаңлап жүре берипти-де, есиктен шыға бергенде ғана, түсинген адамға Напалеонның айтқан барлық сөзлеринен де аўыр сөзди: «Усындай уллы адамның соншама жаман тәрбияланғаны өкинишли» деп кийимин кийип сарайдан шығып кетипти.

Улыўма өзиниң өмир жолында ҳәмме жағдайда ҳүрметте болайын деген адам, тек бир зәрүрли нәрсени ҳәм бир ҳақыйқатлықты өзиниң кеўлине беккем орнатып алыўы тийис. Ол жағымлы минез-қулық, оннан шығатуғын-әдеплилик.

Демек, әдеп философиясының социаллық роли де сонда, яғный оның тийкарғы мақсети инсанға жаманлықтың ақыбетин түсиндирип, оннан бас тартыўға шақырып, оған туўры жолды, адамгершилик жолын көрсетиў. Себеби әдеплиликтиң ҳасыл қағыйдаларын көзге илмеген адам өзин сөзсиз пәлекетке дуўшар етеди. Себеби, дүньядағы ең жақсы адам-ол әдепли адам, әдепли адамлар жәмийеттиң бийбаҳа дәўлети ҳәм мәртебеси, мәмлекеттеги турақлылық тутқасы.

Әдеп философиясы адамның интизамлылығын қәлиплестирип, адамыйлығын жетилистирип, бахытлылығына еристирип жәмийетке меҳрибанлық нурын шашыў хызметин атқарады. Әдеп философиясы адамда қандай-да бир иске анықлық белгилерди орнатыў менен шекленбей, адамның пүтинлигин тәрбиялаў, онда тыянақлы сапаларды қәлиплестириўге жәрдемлеседи. Ол әдеп-икрамлылықтың зәрүрлигин, оның адамның болмысы менен абсолют түрде биригиўин, оның өмирдеги әҳмийетин түсиндиреди. Оның ўазыйпасы адамда әдеплилик сапасын қәлиплестириў, оның ҳүжданын әдеп-икрамлылықтың өлшемлеринен бас тартқызбайтуғын дәрежеде тәрбиялаўдан ибарат.

Әсиресе әдеп философиясы Кеңес ҳүкимети дәўиринде елимизде бузылған интизам тийкарларын қайта тиклеў ҳәм жаңа әдеп-икрамлық өлшемлерин ислеп шығыў ушын жүдә әҳмийетли. Өзбекстан өз ғәрезсизлигин алғаннан кейин ҳүрметли Президентимиз И.А.Каримовтың тиккелей басшылығында иске асып атырған мәнәўиятымызды жақсылаўда, оны жоқарылатыўда

барлық дыққатты әдеплилик тәрбиясына қарай бағдарлауда, адамды ең жоқары бахалылық деп кәстерлеуде бул әдеп философиясының орны гиреўли.

Себеби әдепли ислер арқалы ғана ар-намыс, уят, инсап, туўрылық, жуўапкершилик беккемленеди, демек экономика мәденият, билимлендириў раўажланады.

Соның менен қатар әдеплилик хәр кимниң ел арасында ҳүрметке ийе болып дыққатқа миясарлығының, ден саўлығының баслы себеби болады. Академик А.А. Богомолец айтқанындай: «Узақ әмир сүриўдиң баслы факторларының бири әдеплилик ҳәм адамлар менен дурыс қатнас жасай билиў».

Бул дүньяда ҳәмме өзине бахыт излейди. Оны табыўдың бир туўры жолы ҳәм бир дурыс усылы бар. Ол адамның өзиниң үстинен өзи қадағалаў жүргизиўи. Өзиниң қылўаларын әдеп-икрамлылықтың нормалары менен салыстырып, тексерип, баҳалап отырыўы. Бул мәселеде әдеп философиясының тәсири үлкен екенлиги сөзсиз.

---

[1] И.Каримов «Жоқары мәнәўият жеңилмес күш» Нөкис. «Қарақалпақстан» 2008 ж.

# 1-ТЕМА. ӘДЕП ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Философия ҳәм оның инсан жетиклигиндеги тутқан орны.
2. Әдеп философиясы—қайырлылық философиясы
3. Әдеп философиясының басқа пәнлер менен қатнасы
4. Әдеп философиясы руўхияттың өзеги

## 1. Философия ҳәм оның инсан жетиклигиндеги әҳмийети

Философияны билиўдеги мақсет-әлемди аңлаў, идеялық руўхый жетикликке ерисиў, ақылға муўапық жасаў нызамларын үйрениў.

Ертедеги белгили грек философы Пифагордан: «Сен данышпансаң-ғой?» дегенде ол кишипейллик пенен: «Жоқ мен данышпан емеспен. Мен бары-жоғы данышпанлықты сүйиуши, яғный философпан» деп жуўап берген екен.

Сократтың пикиринше, философ ақылы жүдә өткир, билим шеңбери жүдә ҳәм кең, өз билимлерин өмирлик тәжирийбеге байланыстыра алатуғын қудай жарылқаған киси.

Жәмийеттиң руўхый раўажланыўының дәслепки дәўирлеринен-ақ философия инсанның әлем ҳаққындағы ҳәмме билимлерин өз ишине алған. Кейинирек ол кеңирек мәниске ийе болып, өз алдына пән болып қәлиплескен.

Оның объекти-тәбият, жәмийет ҳәм инсан тууралы ең улыўмалық билимлерди өзиниң ишине алып, инсанның болмысқа болған мүнәсибетиниң методологиялық тийкарларын белгилеў, тәбият, жәмийет ҳәм ойлаўдың, раўажланыўдың ең улыўмалық мәселелерин үйретиў ҳәм дүньяға көз-қарасты қәлиплестириў.

Философия-инсанның өз әҳмийетин аңлаўы, болмыстың барлық тараўларына тийисли болған жуўмақлар ҳәм ўақыялар ҳаққында олардың түп мәнисин тереңирек, толығырақ билиўи. Ол барлық пәнлердиң атасы. Ол адам ойлаўының жоқары мәденияты.

Адамлар ерте заманлардан баслап-ақ: болмыс, дүнья, тәбият не, өмир қалай дүзилген?. Болмыстың тийкарында не жатады?

Инсанның өзи не? Ол дүньяға қалай қарайды?-деген сораўларға жуўап бериўге ҳәрекет етип келген. Демек философиялық ойлаў инсанның өзин-өзи аңлаўынан басланған. Оннан кейин әлем ҳаққында билимлерин улыўмаластырыў тийкарында раўажланып барған.

Инсанның билиўиниң объекти болған әлемниң шексизлиги себепли адамның оны таныўы да, билиўи де шексиз. Оның үстине ҳәзирги күнде «инсаният өзи жаратқан цивилизациясын сақлап қала алама, инсаният өзи ислеген қәтелеринен келип шығатуғын улыўма инсаный мәселелерин қалай шешиўи керек, инсанияттың келешек ығбалы қалай болады» деген сораўлар да пайда болды.

Бул мәселелер ҳәр сапары инсанның өзи жасап турған дүньяңы туўры билиўин, өзиниң дүньядағы орнын туўры белгилеўин, жәмийет раўажланыўының келешеги хаққында туўры ой жүргизиўин талап етеди.

Адамлар бул мәселелерди шешиў ушын болмысты, оған болған өзиниң мүнәсибетлерин үйренип барыўы, оларды өз тәжирийбелери тийкарында жәмленген ойлаўы ҳәм көз-карасларын мийлеринде қайта ислеп, өзине тән түрли пикирлерди пайда етеди.

Дүньяға көз-қарас деген не? Ол ең дәслеп инсан өзин ҳәм дүньяны зәрүрли түрде аңлаўы, түсиниўи, билиўи, баҳалаў қәсийети жүзеге келген жуўмақлары тийкарында қәлиплескен, улыўмаласқан билимлер дизими.

Дүньяға көз-қарас инсанның өзине ҳәм оны қоршап турған болмысқа болған мүнәсибетлерин көрсететуғын белгили бир көнликпелериниң жетилисиўи, билимлери ҳәм оларды әмелий ҳәм теориялық жақтан өзлестириўи. Оның ишине адамлардың өзин-өзи баҳалаўы, исеними, нийет-мақсетлери, арзыў-үмитлери, әдеп-икрам өлшемлериниң барлығы киреди.

Философия улыўма инсаный руўхый мәденияттың бир бөлеги сыпатында социаллық ҳәдийселер: сиясат, ҳуқық, әдеп, көркем өнер, әдебият, дин ҳәм илим менен тиккелей байланыслы. Философиялық мәселелердиң тийкарғы әҳмийети сонда, ол инсан ҳәм болмысқа мүнәсибетти көрсетеди. Мәселен, елде алып баратуғын сиясат туўры болыў ушын ол илим, әдеплилик, ҳуқық нормаларынан келип шығыўы керек болады.

Философия әййемги дәстүрлерден баслап адамлардың әдеплик мүмкиншилигиниң раўажланыўында, теориялық ойлаўының пайда болыўында, әдеп-икрамлықтың жетиклигинде әҳмийетли роль ойнап келген. Философияны үйрениў адамлардың тек теориялық пикир жүргизиў уқыплылығын жетилистирип қоймастан, олардың кең пикирлеўге ийе болыўына, әдеплилик жақтан

камал тауып жоқары сапаға ерисиўине тийкар жаратқан. Философияның бул функциясы ғәрезсиз Өзбекстанның раўажланыўының ҳәзирги шараятында және де анығырақ көринбекте. Әдеп философиясы улыўма философияның бир тармағы болып, елимизде адамларды жоқары идеялы, беккем исеним руўхында тәрбиялаўда үлкен роль ойнамақта. Әдеп философиясы жас әўладты жарқын турмыс ушын үгитлеўши, олардың өз тәғдирин туўры белгилеўши, жетик тәрбияланыўына көмеклесиўши тәсиршең қурал болып хызмет етпекте.

Улыўма әдеп философиясы жасларда саналы искерликти, инталылықты, интизамды, инсаңды сүйиўшиликти, Уатанға деген жоқары сезимди қәлиплестиреди, адамның өз-ара мүнәсибетлериниң тереӊ тийкарын ашып береди, адамды белгили бир нормада шырайлы ҳәм бахытлы тәризде жасаўға үйретеди. Әдеп философиясы адамға кеӊ көлемде пикир жүргизиўге имканият туўдырады, ол бизди жеңил-желпи ҳәрекетлерден сақлап, кеӊ ҳәм тереӊ мәнили ислерге үйретеди, ол инсаный мәденияттың қәлиплесиўине алып келеди.

## 2. Әдеп философиясы—қайырлылық философиясы.

Философияның пәнлердиң атасы сыпатындағы ўазыйпасы социаллық ҳәм тәбийий пәнлер ерискен барлық жетискенликлерден улыўмалық жуўмақ шығарып, инсаният ушын ҳақыйқат жолды көрсетиўден ибарат. Соннан келип шығып, философияның изертлеў объектин ойлаў деп белгилеп, әдеп философиясы әдеплилик ҳаққындағы пикир-ойлардың раўажланыў жағдайын изертлейди ҳәм әмелиятта инсанның қайырлылық арқалы ҳақыйқатқа жетиўине хызмет етеди. Соның ушын оны «қайырлылық философиясы» деп атаўға да болады. Ертеде оны «әмелий философия» деп те атаған. Себеби ол адамның өз тәжирийбеси арқалы инсанға данышпанлықтың үлгилери болған ҳикметлер, нақыллар, мақаллар тәризинде келип жеткен. Ол адамларға әдептиң нызамларын үйреткен ҳәм оннан философиялық жуўмақлар шығарған. Демек әдеп философиясында Платон, Аристотель, Фарабий, Газзелий, Кант, Гегель ҳәм тағы басқа ойшыллар жаратқан әдеп теорияларына байланыслы тәлийматлар менен бир қатарда Кайковустың «Қабуснама», Саадидиң «Гүлистан», Жамийдиң «Бахористон», Науайының «Махбуб ул қулуб» ҳәм тағы басқа да әмелий әдепке бағышланған шығармаларының да

орны бар. Әдеп философиясының өзине тәнлиги, басқа пәнлерден парқы да ондағы теория менен әмелияттың байланыслығында.

Әдеп философиясының басқа пәнлерден этикадан, әдепнамадан айырмашылығы ол философиялық пән ретинде әдеп-икрамлылықтың тәбиятын түсиндириўши, адамның жоқарыға талпыныўында, әдеплилик қатнаслардың қоспалы ҳәм қарама-қарсы тәреплерин көрсететуғын теориялық тәлиймат болып есапланады. Тағыда бир өзгешелиги оның норматив-әмелий тәрепи. Яғный оның нормативлиги. Соған қарап Аристотель ҳәм басқа философлар оны әмелий философия деп атап оның ең кейинги мақсети билимди ғана емес, ал баҳалылықты түсиндириў, адамның искерлигиниң баҳалылық қәдирин үйретиў деген.

Әдеп философиясы әдеп-икрамлық тәртиплердиң улыўма тийкарларын өз ишине алып, әдеплиликтиң барлық көп түрлиликте көринетуғын «қайырлылық не, адамыйлық, өмир ҳақыйқатлығы не, адамның мәниси не, адам өмирин көрегенли ҳәм баҳалы қылыў не нәрсе» деген мәселелерди өз ишине алады. Демек, ол әдеп-икрамлы қәдриятлардың келип шығыў дәрегин, әдеп-икрамлылықтың улыўма тәбиятын, оның өзгешелигин ҳәм адамның өмириндеги ролин үйретеди. Әдеп-философиясы әдеп-икрамлылықтың тийкарғы категорияларын изертлеп оның баҳасын, өлшемлерин көрсетеди.

Улыўма әдеп-икрамлылық шахстың ҳәм жәмийеттиң руўхый өмириниң қоспалы бөлеги, яғный руўхый мәдениятының шеңбери болып, әдеп-философиясының изертлейтуғын предмети болып есапланады.

## 3. Әдеп философиясының басқа пәнлер менен қатнасы.

Әдеп-философиясы социаллық философиялық пәнлер менен өз-ара байланыста раўажланады. Әсиресе оның эстетика пәни менен байланысы ертеден басланған. Дәслеп инсанның ҳәр бир ҳәрекети ҳәм нийети әдеплилик ҳәм ширайлылық пенен баҳаланады. Соның ушын Сократ, Платон, Фарабий, ертедеги философлар көп жағдайда әдеплиликти ишки гөззаллық, эстетиканы сыртқы гөззаллық деп талқылаған. Рус жазыўшысы М.Горький этика ҳәм эстетика адамның еки ийини деп көрсеткен. Инсан көрки менен минезиниң сәйкеслигин шайырлар да жырлаған. «Адам гөззаллығы—ширай ҳәм ақыл» дейди И.Юсупов

Демек, эстетикада үйренилген хәр бир көркем шығарма сол уақытта белгили дәрежеде әдеп-философиясы көз-қарасынан талқыланады.

Әдеп-философиясының динтаныў менен байланысы сонда, екеўи де бир қыйлы мәселе-әдеплилик өлшемлери мәселесин шешиўди мақсет етеди. Мысалы, ислам динин алатуғын болсақ, қураны Кәрим, хәдиси шариф Шығыста әдеплилик дәрежесин қәлиплестириўде үлкен тәсир еткен. Себеби, жетик инсан мәселеси еки пән ушын да улыўма болып есапланады. Олардың парқы әдеп-философиясы бул мәселеге илимий түсиник хәм заманагөй тәрбия көзқарасынан жантасады.

Әдеп-философиясының хуқықтаныў менен байлынысы да ертеден басланған. Жүдә көп жағдайларда әдеплилик өлшемлери менен хуқық өлшемлериниң әхмийети хәм мазмуны бир болды. Соның ушын әдепликти жәмәәттиң хуқықы, ал хуқықты нызамластыратуғын әдеп деп атаў мүмкин. Себеби әдеплилик пенен хуқықтың изертлеў объекти көп тәрептен уқсас. Тек олар жантасыў усылы көз-қарасынан айрықша. Әдеп қаралайды, хуқық жазалайды. Айтайық, турмыстағы жезөкшелерге қатнас мәселеси.

Әдеплилик философиясы педагогика менен үзликсиз байланыслы. Педагогикадағы шахсты қәлиплестириў, тәрбиялық тәлим бериў бағдарларын ақыл-насиятларсыз әдепнама сабақларысыз түсинип болмайды. Бул көз-қарастан әдеп философиясы өзиниң теориялық хәм әмелий тәреплери менен педагогиканың тийкары болып есапланады.

Сондай-ақ бул пән психология менен де тиккелей байланыслы. Себеби еки пәнде де адамлардың ис-хәрекети, пейили үйретиледи. Лекин бул үйрениў еки қыйлы көз-қарастан алып барылады. Психология хәрекет, пейил-мейил себебиниң хәм келип-шығыў руўхый тәбияты хәм қәлиплесиў шарт-шараятын ашып береди. Ал әдеп философиясы психология изертлеген хәдийселердиң әдеплиликтеги әхмийетин түсиндиреди.

Әдеп-философиясының сиясаттаныў менен байланысы да айрықша. Себеби сиясий гүрес, қарама-қарсылық әдеп философиясының тийкарында талқыланады. Лекин сиясат қанша дәрежеде әдеплиликке сүйенсе сонша ақылға муўапық келеди. Бул хәзирги күнде әдеп философиясы хәм сиясаттаныўдың ең әхмийетли изертлеў мәселеси.

Әсиресе соңғы жыллары әдеп философиясының экологияға байланысы күн-күннен асып баратыр. XXI әсирде тәбиятқа байланыслы тар мәптарлық арқалы жантасыўлар тийкарында пайда болған, экологиялық мәселелердиң адамлардың

социаллық әдеплилик көзқарасына байланыслы екенлиги мәлим болды. Солай етип ҳәзирги күнде экологиялық мәселелерди шешиў әдеплилик философиясына барып тирелмекте. XXI әсирде «экологиялық әдеплилик» деген арнаўлы тараў жүзеге келди. Лекин бул әдеп философиясы экологияны толық өз ишине алады деген сөз емес. Себеби бунда әдеплиликти баҳалаў ҳәм басқарыў объекти сыпатында тәбияттың өзи емес, бәлки адамның тәбиятқа болған мүнәсибети жүзеге келди.

## 4. Әдеп философиясы руўхыйлықтың өзеги

Әдеп философиясы ҳәмме ўақытта жоқары әҳмийетке ийе болған пән. Тек ғана зулымлыққа, зорлыққа, әдилсизликке ҳәм ҳуқықсызлыққа тийкарланған тоталитаризм дүзимлеринде ол жалғанға бойсындырылғаны менен оның әҳмийети төменлемеди. Мәмлекетимиз ғәрезсизлик алғаннан кейин оның шарапаты менен әдеплилик философиясы жаңа жәмийетте өзиниң жоқары әҳмийетине ийе болды.

И.А. Каримов бул ҳаққында «ҳаслында әдеп манаўияттың өзеги. Инсан әдеби тек ғана сәлем-әлик, ийбелиликтен ибарат емес. Әдеп бул ең дәслеп, инсап ҳәм әдиллик туйғысы, ийман, ҳалаллық дегени» деп көрсетип өзиниң «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» деген мийнетинде «Биз журтымызда жаңа турмыс тийкарын пайда етер екенбиз, мәнаўияттың өзеги болған әдеплик философиясына жоқары дыққат аўдарыўымыз керек» деп көрсетти. Биз ғөрезсизликке ерискеннен кейин коммунистлик идеология ҳәм оның әдеп нормаларынан ўаз кешкеннен соң, жәмийетте пайда болған идеялық бослықтан пайдаланып, шеттен бизге пүткиллей жат болған мәнәуий ҳәм әдеп-икрамлық бузықлық иллетлерин өз ишине алған, «ғалабалық мәденият» жапырылып кирип келди. ҳүрметли Президентимиз И.Каримов: «ғалабалық мәденият» дегенниң ныкабында әдеп-икрамлылық бузықлық ҳәм зорлык, идеяларын таратыў, басқа халықлардың неше мың жыллық дәстүр ҳәм қәдриятларын, турмыс тәризиниң руўхый тийкарларын писент етпеўшилик, оларды ыдыратыўға қаратылған қәуиплер, адамды тәшўишке салмай қоймайды. Ҳәзирги күнде әдепсизликти мәдeният деп билиў ҳәм керисинше ҳақыйқый мәнәўий қәдриятларды менсинбеўшилик, оны ескиниң сарқыты деп қараў менен байланыслы жағдайлар раўажланыўға, инсан өмирине, шаңарақтың муқаддеслигине ҳәм жаслар тәрбиясына қатты қәуип салмакта. Көпшилик пүткил жәҳәнда ериксиз түрде бәле қададай тарқалып баратырған бундай ҳүжимлерғе қарсы

түресиудиң жүдә әхмийетли екенин аңлап бармақта. Бул ҳаққында пикир жүриткенде бизиң уллы бабаларымыз өз дәуиринде кәмил инсан ҳаққында пүтин бир әдеп-икрамлық өлшемлердиң жыйындысын, заманагөй тил менен айтқанда, шығысқа тән әдеп-икрамлық кодексин ислеп шыққанлығын еслеў орынлы деп билемен. Ата-бабаларымыз санасында, ой-пикиринде әсирлер, мың жыллар даўамында қәлиплесип, өз орнын беккем ийелеген ар-намыс, уят, ийбе, сыяқлы жоқары әдеплилик туйғы ҳәм түсиниклер бул кодекстиң тийкарғы мәнис-мазмунын қурайды десек қәтелеспеймиз[1] деген көрсетпелери ҳәзирги күнде де бәркамал әўладты тәрбиялаўда әдеп-икрамлылық өлшемлердиң шығысқа тән жыйынтығын ислеп шығыў ҳәм оны әдеп философиясы тийкарында өзлестириў жүдә әхмийетли ўазыйпа екенлигин көрсетеди.

## 2-ТЕМА. АДАМ ҲАҚҚЫНДА ОЙЛАР

1. Философия тарийхында адам туўралы идеялар.
2. Адам ҳәм оның мәниси.
3. Адамның жәмийет турмысындағы орны.

### 1. Философия тарийхында адам туўралы идеялар

Адам мәселеси, яғный оның келип шығыўы, мәниси, тәбияттағы орны ҳәм жәмийетлик турмыстағы роли, фундаменталлық философиялық темалардың бири болып, философия пайда болғаннан баслап ҳәзирге дейин оның ең баслы дыққат орайында турмақта.

Тилекке қарсы, илимниң адамды изертлеў тараўындағы жетискенликлерине қарамастан, оның келип шығыўы да, жердеги өмирдиң қай ўақытта пайда болғаны да ҳәзирге дейин жумбақ түринде қалып отырғанын мойынлаўға мәжбүрмиз. Шынында да адамның пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўиниң дәслепки тарийхын түсиндирип бериўге қәбилетли, бийкарланбайтуғын дәлиллер менен тастыйықланған теориялар болмай атыр.

Адам туўралы көз-қараслар тийкарынан болжаўлар менен усынысларға ғана сүйенеди. Буған таңланыўға да болмайды. Себеби адам туўралы көз-қараслар буннан 300-400 жыл бурын ғана қәлиплесе баслады. Адамзаттың көп мыңлаған тарийхы ушын бул жүдә аз мүддет. Солай болса да, адамның тәбиятын филосо-

фиялық тийкардан түсиндириў, улыўма бул мәселеге дурыс бағыт силтейди.

Әлбетте адам тууралы идеялар философия илими пайда болмастан бурында да айтыла баслаған еди. Бул тууралы бизиң заманымызға келип жеткен мифлер, әййемги қәўимлик диний түсиниклер, уғымлар, образлар, идеялар айтарлықтай мағлыўмат береди.

Адамның философиялық тийкары сол қәлиплескен түсиниклер менен бир қатарда оны тереңирек ойлаў нәтийжесинде көрине баслады. Хиндстанда Унипишат философиясында адам әлемлик жанның бөлеги ретинде түсинилип, жанның көшип жүриўи тууралы пикирлерде тири жанлар (өсимликлер, жәниуарлар, адамлар) менен қудайлар арасындағы шегара шәртли хәм өтпели деп қаралды. Жан хаққындагы пикирлерге тийкарланған анемизм диний түсиниги келип шықты. Қарақалпақтың белгили «Қоблан батыр» дәстанындағы Қыдырбайдың перзент излеп таўларды, шөллерди, лалазарларды гезип жүриўи буның мысалларының биринен деп қараў мүмкин.

Әййемги Қытай философиясында адам тууралы дәслепки пикирлер Конфуций тәлиматында көринеди. Ол ең дәслеп адамның адамгершилик хәрекетине дыққат аўдарды. Ол аспанның жарылқаўы менен белгили бир әдеплилик қәсийетлерге ийе болған адам әдепке, яғный даоға сәйкес қылық пенен жасаўы тийис, деп жазады. Дао бул жеке адамның қылығы менен ойлаўын жәмийеттиң, тәбияттың көзге көринбейтуғын болмысын өз ишине алатуғын заңы. Ал адам өз өмиринде дао принципине сүйениўи керек, яғный оның ис-хәрекетлери менен қылық-қылўасы әлемниң хәм адамның тәбияты менен үйлесиўи керек. Даода барлық затлар бир-бири менен тең, және барлығы бир тутаслыққа биригеди. Әлем менен индивид, азат пенен қул, сықылсыз бенен шырайлы бир тутас жасайды. Дао жолы менен жүретуғын инсан оның барлығына бирдей түсинип, өмир тууралы да өлим тууралы да қайғырмайды. Оның өткинши екенлигин түсинеди.

Сократ ушын адамның ишки әлеми, оның жаны менен қәсийетлери тийкарғы мәселе. Ол «қайырлылық-билим», сонлықтанда қайырлыты, әдалатлықты таныған адам жаман хәм нахақ ис етпейди. Адамның миннети хақыйқатты таныў тийкарында удайы адамгершиликке, парасатлыққа умтылыўында. Сондай-ақ бул ең алды менен өзинди-өзиң билиўине, өз адамгершилигиниң мәнисин уғыныўына қаратылады.

Аристотельдиң пикиринше, адам жәмийетлик, мәмлекетлик, сиясий феномен. Ол былай жазады: «Егер кимде-ким өзин-өзи

жеткиликли есаплап, ҳешқандай қарым-қатнасты түсиниўге қәбилети болмай, оған зәрүрликти де сезбесе, онда ол мәмлекет элементин қурамайтуғын-я ҳайўан, ямаса қудай болғанлығы». Адамның тағы да өзгеше белгиси, оның ақыллылығы. «Адам ең алды менен, ақыл-ой: Адам-ақылға ийе жәмийетлик ҳайўан. Жәмийетлик пенен ақыллылық-оның ҳайўаннан айрықшалығының еки сыпаты»

Орта әсир түсинигинде адам ең алды менен қудай жаратқан әлем тәртибиниң бир бөлеги. Мысалы, Христиан дининде адам қудайдың образы ҳәм оған уқсас. Орта әсирдеги Христиан дининиң философы Аврелий Агустин: «адам бир-бирине ғәрезсиз жан менен тәнниң қарама-қарсылығы, лекин жан ғана адамды адам ете алады» дейди.

Фома Аквинский: «Адам-ҳайўанлар менен периштелер арасындағы жан». Ол жан менен тәнниң тутаслығын билдиреди. Бирақ жан тәнниң қозғаўшысы және адамның мәнисин анықлайды» дейди.

Европа рационализмниң тийкарын салыўшы Рене Декарттың пикири бойынша адамзат өмир сүриўиниң жалғыз гумансыз дәлили ойлаў болып табылады. Ол: «Мен ойлайман, демек мен өмир сүремен» деген.

Декраттың пикири бойынша дене өзгеше машина, сана оған тәсир етеди ҳәм өз ретинде қабыллайды. Бул пикир Ж.Ламетрийдиң «Адам-машина» деп аталған мийнnетинде механикалық материализм тийкарында көринип, ол бойынша: «тек бир тутас материаллық субстанция ғана өмир сүреди, ал адам ағзасы саат тили сыяқлы ғәрезсиз жүре алатуғын машина».

Канттың пикиринше адам бир жағынан тәбийий зәрүрликке жатса, екинши жағынан адамгершилик, еркинлик пенен абсолютлик баҳалылыққа жатады. Ол ушын адам ҳәрекетиниң тийкарғы принципи категориялық императив болыўы тийис. Категориялық императив—ҳәр бир шахстың өзиншелик мақсети, өзиншелик жетилисиўи болғанлықтан, ол ҳеш қашанда, қандайда бир миннетлердиң, ҳәттеки ийгиликли миннетлердиң де иске асыўының қуралы ретинде қаралмаўы тийис деген жуўмаққа келеди.

Кант ушын: «Жумыс-өмир менен қуўаныўдың жақсы тәсили». Адам көп жасаған сайын көп нәрсени питиреди, өмир қаншелли ҳәрекетке толы болған сайын өмирден көп ләззет алады.

Гегельдиң пикиринше: адамның ҳайўаннан айырмашылығын өзи ең дәслеп адамзатқа, оның адамлығы туўралы хабар беретуғын ойлаўында.

Фейербах болса, адамды тәбияттың бөлеги: сезимтал-денелик жан регинде таныйды.

Маркс адамды түсиниўде ең алды менен мийнет хәрекетин алға сүреди. Жәмийетлик болмыс, жәмийетлик сананы анықлайды. Жәмийет шахстың қәсийетлерин детерменациялайды яғный себеплестиреди.

Ницшениң өмир философиясында алдағы орынға адамның ақыл-ойынан тыс қәбилетлери: сезим, ерик, интуиция шығады. Көбинесе санаға адам қылығының терең тийкары болып есапланатуғын сана асты қарсы қойылады. Фрейд сана астындалықты санадан жоқары қояды. Динниң, мәденияттың, барлық адамгершиликтиң қайнар булағының көзи адамның өзи туўралы есап бере бермейтуғын сана астындалықта деп есаплайды.

Бизиң зыялылар, хәттеки философлар «подсознание» деген сөзди көпке шекем түсинбей келди. «Орысша-қарақалпақша сөзликте» подсознание—шала сезим шала түсиник, толық түсинбеў» (Русский-каракалпакский словарь» М.1967-ж. 702-б) деп көрсетип жүдә үлкен қәтеликке жол қойған. Шала сезим болса орысшада «половинчатое чувство» деп түсинилиўи керек еди.

Қазақлар бул сөзди «бейсаналық» деп аўдарған. Биз де оны «бийсаналық» деп айтсақ та болар еди. Себеби бизде «бийдәўлет», «бийбаха» «бийийман», «бийшара», «бийпул», «биймаза», «бийқәсийет» хәм т.б. сөзлер ушрасады. Демек «бий» деген сөз бийкарлаўшы болғанлықтан биз ол түсиникти санасызлық деп түсинип кетиўимиз мүмкин.

Сана асты дегенде санаға туўра келмейтуғын жағдайларды сананың артына жасырыў түсиниледи. Ол ғейде адамның санасына бағынбай, сыртқа жарқ етип көриниўге айтылады. Мысалы шайыр И.Юсуповтың:

Жулдызларға қарап сениң
Дийдарыңды сағынаман,
Журтқа сениң кимлигиңди
Айта алмасам не қыламан:

деген қосық қатарлары сана менен сана асты арасындағы қатнасты көрсетеди.

Адам өмир сүриўиниң психикалық хәм биологиялық жақларын сыпатлайтуғын философиялық антропологиядағы сана асты менен craналық мәселеси де биологиялық хәм социаллық мәселе менен тығыз байланыслы.

Узақ ўақыт философияда антропологиялы рационализм

принциплери үстемлик етип келди. Адам ҳәм оның қылық-қылуалары ҳәм болмысының өзи саналық өмир көриниси ретинде қаралды. Адам, «ақыллы адам» ретинде көрилди. Ал кейин Лейбниц, Кант, Шопенгауэр, Ницше сыяқлы авторлар да адам санасынан тыс психикалық көринислердиң (үрдислердиң) мәниси ҳәм ролин ҳәр түрли тийкардан түсиндирди.

Адамның өлшеми ҳәм өмир сүриўиниң жүдә әҳмийетли факторы ретинде сана астылық көрсетилди. З.Фрейд сана астын санаға қарсы туратуғын күш ретинде таныттыы. Фрейдтиң ойынша ең баслы күш, жынıслық катнас-либидо болып, ол әдеп-икрамлық стандартлар ҳәм шеклеўлерге толы адамды қоршаған социаллық орталыққа мудамы бойсынбай туратуғын саналық пенен қақлығысыўда болады. Орталықтың шеклеўи менен индивид гүйзелиске ушырайды. Соның нәтийжесинде сана астылық қатнаслар инсанды невроз, түс көриў сыяқлы ҳәм көбине агрессивлик ҳәрекетлерге ушыратады. Қарама-қарсылық жағдайдың шеннен тыс қысымынан индивид ығыстырыў жәрдеминде қутылады. Индивидке қаратылған тынымсыз ойлар, кеўил-кеширмелер санадан қуўылып, саналылықтан кейинги орынға шығарылады. Лекин ол ҳәрекетине, қылығына өз тәсирин тийгизип отырады.

## 2. Адам ҳәм оның мәниси

«Адам эволюцияның өзеги ҳәм шыңы» болып табылады ҳәм адамның гилтин табыў, демек әлемниң қалай дүзилгенин ҳәм ол қалайынша арман қарай раўажланыўы тийис екенин билиўге умтылыў деген сөз» деп белгили философ Пьер Тенярдың айтқанындай, еле де бул мәселениң шешилиўинде бираз анықлық керек болады.

Адамның өмир сүриўинде ҳәм оны адам ретинде түсиниўде үш тийкарғы биологиялық, жәмийетлик ҳәм психологиялық басламалардың тутаслығы адамның биопсихожәмийетлик феномен екенлигин көрсетеди. Бул факторлардың биреўин алып тасласақ адамның өзи де жойылады. Демек ол тәбийий жаратылысы менен, жәмийетлик орталық пенен ҳәм ишки «мени» (ерк, умтытыў, лазым х.т.б) менен бир тутас.

Адам ҳәр қашан да бир жағынан, дәслеп «әллеким» ҳәм екинши жағынан ол өзиниң изин қалдыратуғын ҳәм шамасын көрсететуғын жәмийетлик орталықтың туткасы. Сонлықтан да индивидуаллық өмир сүриў усы зәрүрликсиз ҳәм оның мәнисин дүзетуғын жәмийетлик қатнасықлардың тәсирисиз болыўы

81142

мүмкин емес. Демек оның мәниси де оның өмиринен тыс бола алмайды.

Адам өзинин мәниси бойынша социаллық маклуқ. Соның менен бир ўакытта ол тәбияттың жемиси ҳәм оның шегарасынан тыс өмир сүре алмайды. Ол бир жағынан «социаллық сапа»ға сай шахс, екинши тәрептен табийий негизине ийе индивид. Ол «қам сүт емген бенде».

Өзиниң биологиялық жаратылыўы жагынан ҳәр бир индивидтиң өз ата-анасынан алатугын генлер жыйынтығы-белгили бир генотипи әўел бастан оның өзинде болады. Туўылыўы менен-ақ тукым қуўыўшылыкка ийе өз белгилери, генде сакланған биологиялық белгилеринде көринеди. Бул белгилер индивидтиң сырткы физикалық түри-түсине де (бойы, терисиниң реңи, бет-әлпети, даўысы, өмириниң узақлығы ҳ.т.б.) психикалық кәсийетлерине де (эмоция, темперамент, гейпара минез-қулыклары) тәсир етеди. Гейпара илимпазлардың айтыўынша адамлардың ҳәр түрли искерликтеги кәбилети де тукым қуўалайды. Лекин буннан адам кәбилетлери тек тәбийий, дәслепки шәртлери менен байланыслы деген жуўмақ шығарыўдың зәрүрлиги жок. Себеби кәбилетлер өзиниң улыўмалық түринде үш фактордың бирлиги. Олар биологиялық, социаллық, психикалық.

Ҳәзирги дәўир илиминдеги адамның биосоциаллық тәбияты туўралы пикирлерге келсек, адам жер бетинде өмир сүретуғын биологиялық түрдиң бирине жатқанлықтан биологиялық тәбиятында гомоноид (адамга уқсас) ретинде түрли қәсийетке ийе. Лекин усы биологиялық параметрдиң өзине социаллық фактор тиккелей тәсир етеди. Мысалы өмирдиң узақлығы, жас айырмашылыгы ҳәм т.б.

Ҳайўанларға тән орталыққа түскен нәресте адам болып кәлиплеспейди. Адам болыў ушын индивид социалласыўдың белгили бир гезлерин бастан өткериўи керек. «Туўылған ўақтында» нәресте, Адам болыўға талабан гана, ал бөлек жасаған жағдайда ол талабан да бола алмайды. Ол адам болыўды адамлар менен қарым-катнас барысында үйренеди» деп есаплайды белгили орыс психологи А.Н. Леонтьев.

Адам белгили бир миллеттиң, мәмлекеттиң, катламның ўәкили ретинде ямаса шаңарак, жәмәәттиң ағзасы ретинде социаллық маклуқ болып есапланады. Ол тәбият объектлерин өзгертеди, яғный өндирис пенен шуғылланады. Затлық әмелий искерликлерди әмелге асырады. Сол искерликтиң барысында оның социаллық тийкары кәлиплеседи.

Адамның өмириндеги социаллық ҳақыйкатлықтың реаль

дүньясы, ол ҳаққында түсиниклер дүньясы ретинде жасайды. Сонлыктан мәдeният дүньясы-адам барлығының усылы емес, ал сол адамның өзиниң дүньясын қайта өзгертетуғын күш, яғный қоршаған орталықты өзгертиўдиң тийкарғы қуралы болып есапланады. Олар заманнан заманға өтип өзгерип, жетилисип барып, адамға өзиниң күнделикли дөретиўши дүньясын қурыўға мүмкиншилик береди. «Адамлар дөретер заман дегенди. Заманлар дөретер адам дегенди» (И.Юсупов).

Адам мәдeният ҳәм техника дүньясында жасап ғана қоймастан ең дәслеп адамлар арасында жасайды. Арнаўлы, алдын-ала тапсырылған, жазылған үрп-әдетлер әдептиң ҳәм ҳуқықтың нормасына дейин адамның тәртибин басқарады. Адамның жәмийетлик байланыслар ҳәм қатнаслар системасына кириўинен баслап-ақ оның шахс болып қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы зәрүрли жағдайлар болып есапланады. Ол интелектуал уқыплылықты, пуқаралық ҳәм әдеплилик сапасын қәлиплестириўден ибарат. Сонлықтан Аль-Фарабий «Фазыл адамлар шәҳәри» мийнетинде адамды жәмәәтлик мақлуқ деп дәлиллейди.

Индивид түсиниги жийи-жийи қолланылып, ол адамның басқа адамлар арасында, адамзат түриниң ўәкили ретинде көринетуғын биосоциаллық мақлуқ екенлигин көрсетеди.

Шахс түсиниги интелектуаллық, эмоционаллық, еркинлик, әдеп-икрамлық, эстетикалық сапаларды жеке өзинде жәмлеген, булардың ҳәммесиниң жыйынтығы менен анықланатуғын адамға айтылады.

Шахстың қәлиплесиўи тийкарынан басқа адамлар менен қатнас жасаўының барысында болыўына қарамастан оған басқа да гейпара факторлар тәсир етеди. Ең дәслеп индивид кисиге айланыўға мәжбүр.

Кисиликтиң пайда болыўына биринши рет индивидтиң иштен туўылған генетикалық өзгешеликлери тәсир етеди. Биологиялық нәсил кисиниң жеке өзгешелигине, оның басқа индивидлерден айрықшалығына алып келеди. Себеби нәсилине байланыслы, жаратылысы бойынша олар бирин-бири қайталамайды. Мақтумқулы данышпанның:

Эй яранлар мәрттен туўып мәрт болур,
Нәмәртлерден қашан туўып мәрт болды:

деген сөзлерининде жаны бар сыяқлы.

Ҳәр қандай жәмийетте адамды шахс ретинде алып қарағанда оның социаллық структураларға араласқаны, жәмийетлик

коллективке кириўин ҳәм оның менен интеграцияласыўы нәзерде тутылады. Бирақ хәрбир шахс бир пүтин дүнья ретинде көринеди. Бул мәнисте белгили немец жазыўшысы И.В.Гете (1749-1832) «Ҳәрбир адам пүтин дүнья. Бир шахстың өмири менен барлық дүньяның жоғалыўы келип шығады» деп дурыс айтқан.

«Шахс болып туўылмайды, шахс болып қәлиплеседи» (А.Н. Леонтьев). Ол мудамы қәлиплесип барады. Өзиниң қәлиплесиўинде, өзиниң умтылысында турып қалған, қатып қалған шахс-бул демек азып баслаған шахс.

Индивидтиң қарым-қатнастан, таңлаў мүмкиншилигинен, белгили бир дәрежеде еркин ҳәрекеттен айырылыўы, оның раўажланыўына ҳәм кеўил-кеширмелерине керисинше тәсир етеди. Адамды жәмийеттен ҳәм қарым-қатнастан айырыў хәр сапар ең қатал жазалардың бири болып есапланады. Ал басқа еркке көниўи оның шахс сыпатында әҳмийетин жойтады. Басқа еркке толығы менен бағынған, өз дүнья таныўынан, өз ойынан, көз-қарасынан айрылған адам шахс емес. Ол мәнгүр. Сондай-ақ белгили бир себеплер менен ақыл-ойынан, ядынан айрылған индивид те шахс емес.

Шахстың тийкарғы сыпаты, оның адамгершилиги ҳәм руўхыйлығы, яғный оның дүньяны таныўы, жуўапкершилиги. Адамның бойындағы интеллектуаллық-адамгершилик ҳәм ерклилик қәсийетлери қанша анық көринген сайын оның өмирдеги бағыты улыўма адамзатлық баҳалылыққа сәйкес келип, шахстың да әҳмийети артады.

Шахстың ерк-жигери менен руўхының күшлилиги оның әдеплилиги, қайырлылығы ҳәм тазалығы тек әмелий ҳәрекетте ҳәм белгили бир социаллық жағдайда ғана беккемленип иске асады. Демек индивид жетилиссе өзин ҳақыйқат шахс деп есапласа, ол өзиниң тек ақыл ойын ғана емес, ең алды менен өз қылық-қылўаларына жуўапкершиликли болыўы тийис. Шахстың атрибуты-еркинлик. Бирақ жуўапкершиликсиз еркинлик шеннен тыс берекетсизлик. Шахс ушын еркинликтен жуўапкершиликли болыў қыйын. Ҳақыйқый шахстың еркинлиги менен жуўапкер-шилиги мудамы дөретиўшилик қатнасты, оның кеўил-хошы қобалжыўды, уўайым-қайғыны талап етеди.

Бириншиден шахс қаншама жоқары ҳәм әҳмийетли болған сайын, оның өзи менен басқалар алдындағы жуўапкершилик дәрежеси де жоқары болады.

Екиншиден шахстың пайда болыўына оны қоршаған физикалық тәбийий орталық та үлкен тәсир етеди.

Ҳәрқыйлы ықлым шараятында жасаған адамлар бири-биринен

айрылып турады. Мысалы тау халықлары, сахра халықлары, тропикалық жунглида жасайтуғынлар бири-биринен турмыс искерлиги, тәртиби ҳәм дүньяны қабыл етиуи бойынша өзгеше. Ҳәттеки бир этноста болса да сол көрсетилген айырықшалық арқалы бир-биринен айрылып турады. Буны олардың қылық-қылууаларынан, дүньяға көз-қарасынан көриу мүмкин. Мысалы Арал теңизи толып тасып турғанда қарақалпақ этносының Мойнақ топарында айтарлықтай өзгешеликлер бар еди.

Үшиншиден адамның шахс болыуының баслы факторы мәдениияттың тәсири арқасында жүз береди. Ҳәрқандай мәдениятта белгили бир социаллық норма, қәдирлилик ҳәм баҳалылықлар бар. Олар конкрет жәмийет яки социаллық топар ушын улыума болады. Сол мәдениятқа тийисли адам оның өлшем ҳәм баҳалылығына көнеди. Сол мәденияттағы жақынлары менен бирге ислесиуге урынып, байланыс дүзеди. Буған диний жақынлық, дәстүрлер, үрп-әдетлер жақынлығы киреди. Бул социаллық орталық индивидтиң социализацияланыуына тәсир жасап, онда оның жеке «мени» қәлиплеседи. Ол оның ҳешкимге усамайтуғын ҳәм қайталанбайтуғынын белгилейди. Бул жағдайда адамның билим дәрежеси ҳәм жәмийеттеги орны қәлиплесе баслайды. Бул факторлар менен бирге шахстың қәлиплесиуинде төртиншиден адамның жеке тәжирийбеси үлкен роль атқарады. Тәжирийбениң өзгешелиги ҳәм әҳмийети сонда ҳәр бир адам өзиниң өмиринде ҳәр қыйлы жағдайға ушырайды, онда ол өзинде басқа адамлардың ҳәм орталықтың тәсирин көреди. Ондай жағдайлардың избеизлиги ҳәр кимде бирдей қайталанбайды. Адам бурынғы ситуациялардың тәжирийбеси тийкарында келешек жағдайларға таярланады. Ақыллы адам ҳәр қандай жағдайдан аман шығады. Ал дана адам ондай жағдайға ҳеште түспейди. Нәтийжеде абыройлы ҳәм мәртебели шахсқа айланады.

### 3. Адамның жәмийет турмысындағы орны

Инсан—әлем безеги, «дүньяның көрки» (Әжинияз). Ол тири мақлуқлардың ең жоқарғысы, ең әдиулиси, дүньядағы жақсы нәрселердиң ҳәм жетискенликлердиң дөретиушиси.

Адамзаттың барлық тарийхы адам бири-биринен өз-ара ҳәрекети менен айрылып өзиниң талабын қанаатландыратуғынын көрсетеди. Адам әпиуайы зәрүрлик ушын, мысалы, тек жайға ийе болыу, ямаса ошақ басын ойлап жасамайды, ол жәмийеттеги орнын билип дөгеректегилердиң сүйиспеншилигине, дослығына, ҳүрметине ерисип, оларға өзин таныткыу мүмкиншилигин излеп

жасайды. Адамлар бири-бири менен өз-ара байланысқанында ғана өзиниң ким екенин, қайталанбаслығын сезеди, табысқа жеткен ўақытта хәр ким өзиниң бахасын көбирек аңлайды.

Адамның адам менен қатнасы оның хәр қыйлы дөретиўшилигинде оқыўда, қурылыста, техниканы басқарыўда, көркем өнерди ийелеўинде, дийқаншылық ислеринде пайда болады, беккемленеди. Солай етип адамлар өз-ара хәрекетлери арқалы көп түрли қатнаслардан өтеди, «екинши рет туўылады».

Социалласыў нәтийжесинде шахс жәмийетте өзин иске салады хәм өзиниң социаллық статусын хәм социаллық ролин пайда етеди. Социаллық статус болса адамның жынысына, жасына қәнигелигине, шығысына, туўысқанлық байланысына, шаңарақ жагдайына, байлығына, дәрежесине тийисли жәмийеттеги аўхалын көрсетеди. Социаллық роль ол дөгеректегилердиң күткениндей, жәмийеттеги белгили бир тәртиплер модели. Мысалы, хаял болыў оған хаял статусын береди хәм ол хаял статусын атқарады.

Адамлар арасындағы қатнаста адамның орнын анықлаўда социаллық мобиллик деген түсиниклер де әхмийетли. Социаллық мобиллик адамлардың жәмийеттеги бир топардан екинши топарға өтиўи хәм усының нәтийжесинде оның социаллық статусының өзгериўи.

Адамның жәмийеттеги орнында абырой әхмийетли орынды ийелейди. Адам өмиринше абырой ушын ислесе, кейин абырой адам ушын ислейди. Сонлықтан абырой шахстың жәмийеттеги, топардағы тәсирин сәўлелендирип оның ийелеген орнын көрсетеди. Бул социалласыў шахсқа тәсир ететуғын қубылыслар болып, инсанның жәмийеттеги орнын көрсетиў менен бирге оның әдеп-инабаттың хақыйқат ийелери болыў дәрежесине алып келеди.

Өткендеги даналар хәмме ўақыт адамзаттың әдеп-икрамлылық жақтан жетилисиўине үзликсиз түрде дыққат аўдарып келген. Себеби әдеп-икрамлықтың мәселеси адамның жәмийеттеги орнын хәммеге бирдей белгилейтуғын шынлықтың универсал өлшеми. Ал шынлықтың ирге тасы адамның әпиўайы жасаў қәделеринен қуралады. Жәмийетте бирге жасаў (майда топар мысалы, студентлик, ямаса үлкен топар-мәхәлле) өз-ара түсинисиўди пайда етеди. Хәмме менен хызмет тараўында тил табысыў, олардың бири-бирине мәдет болады.

Хәр қыйлы халықлар мәдениятының бири-биринен өзгешелигине қарамастан, олар улыўма әдеплилик түсинигин «қайырлылық, парыз, хүждан, жуўапкершилик, намыс» деп есаплайды. Бирақ бул түсиник хәр қыйлы халықларда хәр қыйлы

мазмунға ийе болыуы мүмкин. Мысалы, Америкадағы индеецлердиң кызлары жаланаш жүриуди ар тутпайды. Ал өзиниң қайсы урыўға белгили екенлигин билдиретуғын басандағы жолаң жиби жойтылса, қатты намысы келеди. Биздеги «билмедик елиңниң сырын, жедик алакшынның қырын» деген нақыл да соған байланыслы.

Улыўма адамзатлық әдеп «таза түрде» жасалмайды. Оған барлық жәмийет өзиниң үлесин қосады. Ҳәр қандай дәуирде жасаған халықлар, социаллық топарлардың өзине тән әдеплилиги бар. Олардың қайырлылық ҳәм жаўызлық, әдалатсызлық ҳәм парыз ҳаққында өз алдына түсиниги болған. Мысалы, кул ийелеушилик жәмийетте қулларға катнас, феодализм жәмийетинде бағыныңқы дийқанларга мүнәсибетте өзине тән әдеплилик қағыйдалары қолланылған. Булардың ҳәммеси адамның жәмәәт турмысына байланыслы өз орнына ылайық деп есапланған.

## 3-ТЕМА. ӘДЕПЛИЛИКТЕ ЫҚТЫЯР ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Әдеп ҳаққында гейпара философиялық пикирлер
2. И. Кант әдептиң ықтыярлы қәсийети ҳаққында
3. Ислам дининдеги ықтыярлық мәселеси.
4. Ықтыяр тийкары еркинликти таңлаў

### 1. Әдеп ҳаққында гейпара философиялық пикирлер.

Тарийхта бабаларымыз әдеплиликти ең әуели басқалар тууралы ойлай билиў, адамлар менен адамның қатнасы барысында, сәубетлесиў ўақтында ҳәдден аспаў, сөзде де, исте де әңгимелесип турған адамның кеўлине тиймеўди ойлаў, сыпайылык шегинен шықпаў деп үйреткен.

Булардың ҳәммеси әдеп-икрамлылық өлшемлерине тийкарланған адам мүнәсибетлерин көрсететуғын әдеплилик идеяларын белгилеп берген. Олар, адамға өзиниң түсиниклери арқалы «қалай жасаў керек, қалай шектен шықпаў керек» деген мәселелерге жуўап берип келген. Мысалы, Конфуцийликтеги «уллы әдеп» ҳаққында тәлийматта: «Бала-әкени, ҳаялы-ерди, пухара-басшыны, жасы киши-жасы үлкенди толық сыйлаў зәрүр» деп үйретеди.

Адам өмирде қанаат алыўды, ҳәзлик көриуди, қарнын тойдырыўды, бахытлы болыўды қәлейди ҳәм оған урынады. Адамға қанаат бағышлайтуғын нәрселерди «адамның өмириниң мәниси»

дейтуғын ағым гедонезм деп аталады. Онда адамның баслы мақсети қанаатланыў, ҳәзлик деп тастыйықланады.

Гедонезм екиге бөлинеди, бириншиси жүдә аса кеткен ҳәзлик. Лекин ол адамды қайғыға алып келиўиде мүмкин. Сонлықтан ҳәзликте орташа болыў керек, деп үйретиледи. Екиншиси радикал гедонистлер деп аталып, олар ҳәзлик беретуғын барлық нәрсе орынлана бериўи тийис дейди. Бул биреўлердиң қайғысынан да ҳәз ететуғын садизмге жақын келеди.

Тағы бир әдеплилик ҳаққында ойлар стоицизм философиясында қаралып, онда «дүнья ақылға муўапық дүзилген, турмыс та, тәбият та зәрүрлилик бойынша ҳәрекет етеди. Оны адам толық билсе, ол еркин болады. Еркинлик деген тән алынған зәрүрлик. Демек, зәрүрликке қарсы барыўға болмайды. Зәрүрлик пенен жасап аса кеткен ҳәзликке талпыныўдан ўаз кешиў шахстың әдеп-икрамлылық тәртибиниң тийкары» делинеди.

Ал утелитаризм идеяларында пайда биринши орында турады. Оның бир көриниси маркентализм болып, ол ҳәзирги пурсаттағы пайданы, материаллық түсимди қәлейди. Қандай жол менен болса да дүнья табыў онда биринши орында турады.

Ал альтуризм философиясы басқаның мәпин,ҳәм қәдирин өзиникинен де жоқары қойыў. жақыныңның ҳәттеки алысыңның да мәпин, өзиңе зыян болса да қорғаў болып табылады, бул ҳақыйқат адамгершилик философиясын жақлайды.

## 2. И. Кант әдептиң ықтыярлы қәсийети ҳаққында

Инсанның ықтыяр еркинлиги ҳаққында мәселе әдеплилик философиясында үлкен әҳмийетке ийе. Тәғдир не? Инсан өзиниң қылық-қылўаларында ықтыярлыма? Егер ықтыярлы болса, қудайлық нызамларға қалай қатнас жасайды, деген мәселе жүдә таласлы-тартыслы болып, көп данышпанларды ойландырған. Бул мәселеге белгили үлес қосқан немең философы И. Кант (1724-1804 ж.ж.) болды. Ол әдепиликти инсан тәртибиниң мотивлери, оны жөнлеўдиң басқа усыллары менен араластырмаў керeклигин айтып, әдеплиликтиң зәрүрли ҳәм қалыс екенлигин көрсетти. Әдеп-икрамлылық Канттың пикири бойынша өмирдиң басқа тәреплеринен ғәрезсиз, автономиялық қәсийетке ийе. Ол я қудайға, я тәбиятқа, ямаса жәмийетлик пайдаға тийкарланбайды. Оның тийкары оның өзинде.

Канттың пикири бойынша: «жәмийеттиң әдеп-икрамлықты, дүнья тәртибин ҳәм қәдирлиликти қудайға сыйыныўдан шығарыўы адамларды әдепли болыў мүмкиншилигинен айырады.

Жарамсакланыу арқалы қайырлы болыу ансат. «қудайдан қорқыу, ямаса өлгеннен кейинги сыйлық ушын жасау өмирдиң әдеп-икрамлылық қәдиринен айырады».

Қайырлылық өзиниң тийкарында қалыс болыуы тийис. Егер әдеп-икрамлылық адамның табысқа, бахытқа, жәмийетлик жетискенликке ерисиуине, яки қудайдың жарылқауына тийкарланса, ол әдеп-икрамлылықтың өлшемлерине тууры келмейди, онда ол мәпдарлықтан келип шығады. Солай етип парызға тийкарланып ис тутыу бизиң тәртибимизди әдеп-икрамлы етеди. Демек, әдеп-икрамлылық деп тиккелей парызды ҳүрметлеуди, бизиң исенимимиздеғи әдеплилик нызамынан шыққан қылуаларды айтамыз. Соның ушын Канттың әдеплилик философиясының тийкарында парыз жатады.

Әдеп-икрамлылық адамға қаратылған парызлық. Парыз бул әдеп-икрамлылық зәрүрлик, демек әдепли ислерди парыз бойынша ислеу.

Кантта әдеплиликтеги категориялық императив теориясы жүдә әҳмийетли. Ол әдеплиликте «сен зәрүрсең» деген шын норма ҳәм ол норманың абсолютлик миннет болыуы. Себеби әдеп тиккелей тәжирийбеден тууылмайды. Ол бизиң ишки дүньямызға тийкары қаланған ҳәм бизиң әдеплилик еркимизге бағдарланған нәрсе.

Канттың пикиринше адам өзиниң өдеплилик принциплерин тәжирийбе жолы менен тексере алмайды. Адам ҳәрқашанда өзиниң қылықлары ҳәм ҳәрекетлеринде өзиниң парызлық сезимине сүйенеди. «Сен зөрүрсең» деген императив басқа формалар-кеңислик, уақыт, себеплилик ҳ.т.б сыяқлы бизиң санамызға сиңип кеткен.

Кант бойынша өдеп бул абсолютлик ҳәм миннетлилик. Кант, тәбийий адам менен, ақыллы адам арасындағы айырмашылықты көрсеткенде, адам табийий мақлуқ ретинде ақыл тийкарында белгиленген заңларға бағынады. Ал ақыллы бола тура адам заңлар формасындағы абсолютлик моральлық миннетлерге бағынады. Бул заңлар ғәрезсиз мақлуқ ретиндеги адамға ақыл-ой тийкарында бериледи. Адам ақыл-ой менен қатар еркке ийе болғанлықтан, әдеп ақыллы мақлуқ ретиндеги адамға негизленеди.

Кант бойынша адам бир уақытта ҳәр қыйлы еки дүньяда болады. Бириншиси материаллық-кеңисликте, уақытта жасайды. Ол сезимлик қабыл етиушилик дүнья. Ал руухыйлық болса оннан тыс. Бириншиде ол ериксиз, оның ҳәрекетине байланыслы оған күши жетпейди. Ал екинши руухый дүньяда, уақыттан, кеңисликтен тыс өзи не ислеймен десе таңлай алады шешими ерикли болады. Руухый дүнья-бул әдеп-икрамлық дүньясы. Ол дүньда еркинлик ҳәм қайырлы ерк жасайды.

### 3. Ислам дининдеги ықтыярлық мәселеси

Алла таала адамды жаратты ҳәм оған турмыста, өмирде еркинлик берди. Сол ушын Мухаммед пайғамбарымыз: «О дүньяның иси деп, бул дүньяны, бул дүньяның иси деп, о дүньяны умытпаңлар» деп тастыйықлады.

Ислам growth: «Уллы рейимли, қудиретли, мақтауға миясар Алла таала ҳәр бир инсанға тәғдир менен бирге ерк, ийман ҳәм искерлик еркинлигин берди. Инсанға өз ықтыяры менен қылған ислерине, таңлаған жолына оның жақсы ҳәм жаман тәреплерине қарап ҳүким қылынады».

Онда инсан ҳаққындағы ҳәмме нәрсени, яғный жақсы, жаман ислерди қылыўда инсанға ерик ҳәм искерлик еркинлиги бериледи. Пайғамбарымыз бул ҳаққында былай деген: «Үмметлериме қәтелери ушын, ядларынан көтерилгенлиги ушын ямаса мәжбүр қылынған жаман ислери ушын гүна тағылмайды», яғный инсан билмеген, өзине байланыслы болмаған ислерге жуўапкер емеслиги ҳәм оның ушын жаза берилмейтуғынлығы көрсетилген.

Бул ҳаққында ертеден қалған хикметли гәп бар. Егер сени көшеге қуўып шығарса қорықпа, егер өз ықтыярың менен шықсаң қорық. Биринщиси илаҳий ықтыяр менен болса, екиншиси өз ықтыярың менен болған.

Омар Ҳайям: «ерк еркинлиғин тастыйықлап, инсанның ис ҳәрекетлерин Арша ағла заңлары белгилеп бермейди, ал адам өз тәғдирин өзи жаратады» деген пикирди алға сүрген. Жер жүзинде ҳәмме нәрсе аманат екенлиги, инсан өмири де фаний-ўақтынша екенлиги, демек өмирдиң заўық-сапаларынан пайдалана билиўди қайғы шегиў, келешектен қорқынышқа түсиўдиң бийпайдалығын уқтырады. Бийкарға ой-қыялларға берилиўде мағана жоқ, тәшўишлер менен өзин қыйнаўдың қәжети жоқ, өмир қандай болса, сондай шады-қоррамлық пенен жасаў кереклигин мақуллайды. Жасағанда өзин жүдә көп тәсирлерге көмип тасламастан байлыққа, хошаметке, төгин-шашынларға умтылмастан, ондай нәрселелерге бийпарық қараўға шақырады. Шайыр инсанның бул дүньядағы бахтын соннан көреди.

Сондай-ақ Бердақ та: «Жөнсиз қырық күн қайғы ууайым шекkennен, Денсаўлықта бир күн шадлық жақсырақ» дейди. Юсуп Хос Хажиб (1016-1109) Омар Ҳайямның пикирин тастықлайды. Оның көрсетиўинше: динди беккем услаў керек, лекин өмирлик мәнислерде диний карасларға тутқын болып қалмаў керек, қайырлы нийетлерди тек сыйыныў менен шешип болмайды. Буның ушын киси көп ийгиликли ислер етиўи, пайдалы мийнет ҳәм хызмет басында болыўы керек, деп тастыйықлайды.

## 4. Ықтыяр тийкары-еркинликти таңлаў

Иктияр еркинлигине байланыслы инсан хәр қәдемде таңлаў мәселесине дус келеди. Бул мәселеде киси жуўапкершиликтиң зәрүрлигин көреди. Жуўапкершиликти, өзгелер алдында, өз ҳүжданы алдында, сезбеген адам, қәлеген иске қол урыўы мүмкин. Оны өз қылмысының ақыбети қызықтырмайды. Ол тек мәп үстемлигин тән алады. Ондай адамды әдепсиз деп атайды. Себеби инсан я қайырлылықты, я жаўызлықты таңлаўына байланыслы қандайда бир ықтыярлыққа бойсынады. Әдеп-икрамлылық таңлаўы хәр бир қылық-қылўа, хәр бир қылмыстың тийкарғы ноқаты.

Улыўма инсан хәм жәмийеттиң әдеп-икрамлылық турмысында таңлаўдың әҳмийети уллы. Мынадай бир тарийхый ўақыяны еслейик. Базарда уллы ойшыл, өлмес шығармалар жаратқан Имомиддин Насимийдиң ғәзелин яд етип айтқан бир жас жигитти кәпирликте айыплап тутқынға алыпты. Жигитке сонда алдындагы еки жолдың бирин таңлаўға туўра келген. Ол өзиниң пири Насимийди сатыўы хәм «енди айтпайман» деп тәўбе етип, жазадан азат болыўы, ямаса ғәззелди «өзимдики» деп өлимге тик барыўы керек.

Пәк, ар-намыслы жигит екинши жолды таңлайды. Қазы оның терисин сыйырыўды буйырады. Аламан жыйналып қалады. Сол ўақытта Насимий келеди. Бул ўақыядан хабардар Насимийдиң алдында енди таңлаў уазыйпасы турар еди. Я өзин әшкара етип, жәллəд қолынан жас жигитти қутқарыўы хәм оның орнын өзи ийелеўи, ямаса аламан арасынан әсте-ақырын жасырынып шығып кетиўи тийис. Жигитти өлимге жибериў арқалы өзиниң жанын сақлап қалыўы керек еди. Қаҳарман шайыр биринши жолды таңлайды. Өзин жәллəд қолына тутқызып бийгүнә жигитти азат етеди. Қазы Насимийдиң терисин сыйырыўды буйырады. Жәллəд иске кириседи, әтирапқа қан шашырайды. Сонда қазы адамларға «арман турыңлар, бул кәпирдиң бир тамшы қаны бир жериңизге тийсе, сол жерди кесип алып таслаў керек болады», дейди. Қазы гәпти айтып түўеспестен Алланың ерки менен бир тамшы қан шашырап келип, оның бармағына тийеди. Аламан қазыдан бармағын кесип таслаўды талап етеди. Қазының алдында таңлаў турады: бармақты кесиўге берип гәпиниң үстинен шығыў, яки гәпти қайтарып алып масқара болыўы керек. Қазы әдеби нәпак, қорқақ хәм жалатай адам сыпатында гәпинен қайтады. Насимий болса қыйнаўға мәрдана шыдап, жынқ етпейди, керисинше қазының аўҳалын көрип масқаралап күледи хәм соңғы ғәззелин

ядтан айтады. Насимийдиң бул мәртлиги әсирден-әсирге өтти, көплеген шайырлар оны гимн етти. Өзи болса инсаный пәклик ҳәм жоқары әдеплиликтиң өлмес тымсалы болып қалды.

Бундай ықтыяр философиясына мысал, Сократтың судтың қарары бойынша я өлим, я елди таслап кетиўге ықтыярлығында көринеди. Бунда Сократ өз ықтыяры менен өлимге қайыл болады.

Исбилермен Лепес болысты шоралар ҳүкимети сотлап Сибирге жер аударыўға жибергенде, Арал теңизинде жүзип баратырған параходта өз аўылының бир жигитин көрип «сен не қылып жүрсең» деген, ол жигит: «сизге хызмет етти деп мени де Сибирге алып баратыр» дейди. Сонда Лепестиң алдында да таңлаў турды. Биреўи-гүнасыз жигитти ақлап қайтарыў, екиншиси «жолдас болармыз, өли болсақ бир төбе, тири болсақ бир мешит» деп өзи менен бирге қалдырыў еди. Лепес пәк ҳүжданлы, уллы әдеплилик ийеси ретинде биринши жолды таңлады. Арал қаласына барғаннан кейин ол жигитти арашалап елине қайтыўына еристи.

Соны айтыў керек, ықтыяр еркинлиги инсанның жуўапкершилиги менен байланыслы. Еркинлик ҳәм жуўапкершилик бир пүтин, ақыллы инсанның искерлигиниң еки тәрепи.

## 4-ТЕМА. ДӘСТҮР ҲӘМ ӘДЕПЛИЛИК ДИАЛЕКТИКАСЫ.

1. Дәстүрлердиң жәмийетлик хызмети ҳәм инсаныйлық әҳмийети
2. Дәстүрлер—әдеплиликтиң гиреўи

### 1. Дәстүрлердиң жәмийетлик хызмети ҳәм инсаныйлық әҳмийети

Дәстүрлер, үрп-әдетлер, салт-қәделер жәмийеттеги социаллық қатнаслардың түрлерин, мәдениятының дәрежесин көрсетиўи менен бирге тәрбияның да тийкарғы қураллары сыпатында адамларды жәмийетлик қадағалаўдың ҳәм бириктириўдиң әҳмийетли факторы болып хызмет етеди.

Жер жүзинде еки мыңнан асламырақ миллетлер, халықлар, қәўимлер болса, олардың ҳәр қайсысының дәстүрлери, үрп-әдетлери болып, олардың ҳәр бирин есапқа алмаў, халықтың намысына тийиўге алып келеди.

Дәстүрлер халық мәдениятының күтә әҳмийетли бөлеги болып, онда адамлардың руўхый байлығының дәрежеси, басқалардан айрымашылығының барлық белгилери көринеди. Дәстүрлер елдиң экономикасының, адамлар мәдениятының

өсиўи мене раўажланып, ерсилери турмыстан шығып қалады, жақсылары қаңа менен қосылып кәлиплесип барады.

Дәстүр ...енимиз ҳаслында әўладтан әўладқа жеткерилетуғын ҳәм тарийх...й тийкарда кәлиплесетуғын үрп-әдет, улыўмалық тәртип, әд...-икрамлылық нормасы болып есапланады. Жақсы дәстүр өми... жарасығы ҳәм оның менен бирге, улыўма адамзат мәдениять...а ҳәр бир халықтың қосатуғын үлеси де болып табылады.

Дәстүр...рдиң ең әҳмийетли улыўма хызмети-адамлар арасындағы... раўажланыўшы ҳәм өзгериўши турақлылықтың өзин тәмийинле... Турақлылық болмаса раўажланыў болыўы мүмкин емес. Тура...ылықты тәмийинлей отырып дәстүрлер, жәмийетлик болмысты... тийкарғы әҳмийетли жағдайын дүзеди. Тарийхтың ҳәр бир жа...а басқышында жәмийетлик қатнаслар тек сақланып ғана қалм...стан өзгерип, жаңаланып та турады. Солай етип дәстүрлер ...қалы ески қатнасықлардан ҳәзирги ҳәм келешектеги қатнаслар ...айда бола баслайды. Усының нәтийжесинде ҳәр бир жаңа әўл... өткен әсирлердиң мийрасынан тәсир алып, өткендеги... бойсыныўға мәжбүр болады.

Көпши...ик илимпазлар дәстүр ҳәм үрдисти өндирис усылларының... ҳәм оған сәйкес келетуғын өндирис қатнасларын тәртиплес...ириў формалары болыўы менен бир қатарда оларды өзимшели...иктен, тосынлықтан азат етиўдиң қуралы болып есапланат...ынлығын көрсетеди.

Дәстүр...ердиң шеклеўшилик хызмети болып ол валюнтаризмди ...әм адамды бассыныўды жеңип алыўдың қуралы болып табылады. Егер ол болмаса турмыста жөнсизлик, бассыныў ҳәўиж алған бол... еди.

Дәстүр...иң тағы да бир әҳмийетли хызмети сақлаўшылық яки қадағалаў...ылық. Белгили француз социологи Э.Дюркгейм былай деп жаза...ы: «Дәстүр адамлардың жәмийеттен таяр түринде табатуғын олардың тәртиплерин жөнлейтуғын ҳәм ҳәрекетке келтирету...ын қәделери болып есапланады. Дәстүрди бузғаны ушын берилген ...аза топарлардың бирлигин сақлаўға жәрдемлесетуғын сақлаўшы... қурал болып табылады».

Бурын...ы жылларда Қоңырат қаласында қазы-қаланлар шар базарда ге... келген адамды услап алып, «Ийманың неше қысым?», «Мусылм...ншылықтың шәртлерин айт» деп сораўға тутады екен. Егер сора...ға дурыс жуўап бере алмаса, оны базар ортасында дүрре менен жа...алап жиберетуғын болған.

Бул ха...ққында бир қанша ҳәзил-шын аралас гүрриңлер бар. Сол қазы қаланлар базарлап келген бир адамнан «ийманың неше

қысым» деп сорағанда, ол «иймыным сегиз қысым» деп жуўап берген. Ол надурыс жуўабы ушын өлгейлиден дүрре жеп үйине қайтқан. Болған уақыяны ҳаялына айтып бергенде оның ҳаялы: Ағасы «иймыным еки қысым» деп айтыўын керек еди, деп кеңес бергенде ол: «сегиз қысымға турмаған қазы еки қысымға туратуғын ба еди» деп ҳаялына топылған екен дейди. Бул адамлардың динге исениўши топарының оның дәстүрин сақлаўға қаратылған илажынан дерек береди. Бул жерде мәселе жазалаўда емес, ал топардың жасаўы беккем болыўы ушын, адамларды белгили бир бирликте услап оны ыдыраўдан қутқаратуғын дәстүрлик ўазыйпа екенлигин көрсетеди.

Дәстүрдиң екинши бир хызмети—жәмлестириў. Бунда дәстүр социаллық бирликти қәлиплестириўдиң қуралы ҳәм тийкары, нызамы сыяқлы болып көринеди. Бунның анық мысалларының бири-рууҳыйлық бирлигиўлер, олардың аўызбиршилигин ҳәм жәмлениўин сақлаўға урыныўшылық. «Кимниң жерин жайласаң соның жырын жырлайсаң» деген нақыл да усыған байланыслы. Шынында да дәстүр жәмлестиреди, араластырады, қәлиплестиреди. Соның менен қатар дәстүрдиң жәмлестириўи гейде тиккелей емес, ал қыялый сыртынан қосып қойыў жағдайлары да болыўы мүмкин. Мысалы: «өзимиздиң балағой» деген сыяқлы жәмлестириўшилик сөзлер бар.

Дөстүрдиң мәлимлемелик хызмети де болып, олар соңиаллық мәлимлеме-жыйналыў, сақланыў ҳәм екинши биреўлерге берилиўиниң өзгеше қуралы ретинде хызмет атқарады. Дәстүрлерде мәлимлемениң нығызланып, жәмийеттиң есинде сақланыўы әсирлерге уласады. Усыған байланыслы адамлар өзлериниң қатнасықларын ҳәр сапар қайта дүзе бериў зәрүрлигинен азат болады. Бул мәлимлемелер арқалы олар ата-бабадан қалған материаллық ҳәм рууҳый мәдениятларды бойына сиңдиреди. Айтайық ҳәзирги күнлердеги от пенен тазалаў бабаларымыздың әййемги исенимлеринен саза береди.

Сонлықтан қарақалпақларда: «Ата салған жол бар, ене пишкен тон бар» деген нақыл мақалды жас әўладлардың ата-анадан мийрас етип алыўының өзи дәстүрлик екенлиғин көрсетеди.

Жаслардың дәстүрге ықтыятлық пенен қатнасы, яғный оны түсиниў ҳәм дәстүрди бузып, адамлардың кеўлине тийип алмаўы айтарлықтай қәдир-қымбатлылыққа ийе болып, ондай жасларды «көргенли» деп баҳалап, ал дәстүрге сыймайтуғын ислерди ислеген адамларды «көргенсиз» деп есаплап, топардың пикиринше аўыр айыпты тағады.

Дәстүрлер адамлардың кейиплерин көтереди, қуўанышын

асырады, жеке адамды жәмәәтке, бирлеспелерге тартады. Адамлардың жәмийеттеги өз-ара қатнасықларының характерине ҳәм дәрежесине тәсир жасап ондағы социаллық, психологиялық ҳалатты жақсылауға мүмкиншилик береди. Енди ғейпаралардың түсинигиндеғи «дәстүр-өткендегиғе бағдарланыў» деген сыяқлы әпиўайы пикирлерден сақланыўға туўра келеди.

Дәстүрийлик жәмийетлик қатнасықлардың байланысын ескиден келтирип шығаратуғынлығы сөзсиз. Бирақ «дәстүрге бағдарланыўшылық өткендегиге бағдар» деген пикир күтә әпиўайы ҳәм надурыс. Егер дәстүрлер болмағанда адамлар жәмийетлик қатнасықларда бир нәрселерди алдын ала билиў яки келешекке қандайда режелерди дүзиў мүмкиншилигине ийе болмайды. Ал бундай реже, жобалар не ушын керек? Себеби, онда адамлар басқа адамлардан алдын ала белгили бир муғдарда болса да, нелерди күтиўи, қандай мәдениятта ойлаў образын, қайсы дәрежедеги адамды ушыратыў мүмкин екенлигин биледи.

Бундай исеним тек ғана турақлы жәмийетлик дәстүрлердиң нәтийжесинде иске асыўы мүмкин.

## 2. Дәстүрлер-әдеплиликтиң гиреўи

Дәстүр, салт-үрдис, үрп-әдет ҳәммениң иси. Әдеплиликтиң гиреўи өз өмиринде елиниң, халықтың дәстүрлеринен салт-саналарынан, үрп-әдетлеринен шетте туратуғын адамларды не деўге болады? Набада ондай адам бар болса, ол қайсы бир халықтың болмасын дастүрлерине жолығатуғынлығы сөзсиз. Өйткени адам жәмийетте жасайды. Ал жәмийет адамды өзиниң әдеп-икрамлылық нормалары менен, дәстүрлик, үрп-әдетлик тәлим-тәрбиялық қағыйдалары менен қоршайды.

Егер кимде-ким дәстүрсиз жасайман десе, оның әдеп-икрамсызлыққа кеткен бос қыялы болады. Себеби барлық дәстүрлерден, үрп-әдетлерден бас тартыў жабайышылыққа қайта оралыў болып есапланады.

Дәстүрлер социаллық искерликлерди тәртипке салыў механизмлериниң бири болганлықтан жекке адам ушын қандай зәрүрли болса, оның жасап турған жәмийети ушында сондай әҳмийетли. Себеби, олар адамлардың турмысын көркейтеди, толықтырады ҳәм байытады. Адамда өзиниң миннетли ўазыйпасына жуўапкершилик пенен қараў сыяқлы әдеп-икрамлылықтың баҳалы сапасын беккемлейди ҳәм қәлиплестиреди. Жеке адамлардың турмысындағы әҳмийетли ўақыяларға кең жәмийет-

шиликтиң қатнасыўы адамға үлкен ҳүрметлиликти көрсетеди, оның мийнетиниң әҳмийетин көзден өткереди.

Халқымыз ҳәмме ўақыт жәмийеттеги ҳәм жеке турмыстағы әҳмийетли ўақыяларды салтанатлы түрде белгилеўди үрдис етип, әсирлер даўамында өз дәстүрлерин, үрп-әдетлерин қәлиплестиреди ҳәм оны жәмийетлик турмыс елегинен өткереди. Бул дәстүрлер, салт-саналар, үрп-әдетлер өз нәўбетинде ол адамлардың дүньяға көз-қарасларына, әдеп-икрамлылық сыпатларына тәсир етип отырады. Дәстүрлер, салт-саналар, үрп-әдетлер халықтың психикалық өзгешелигин, мәдений раўажланыўының дәрежесин көрсетиў арқалы, оларды басқа халықлардан айырып туратуғын белгилердиң де түри болып есапланады. «ҳәр елдиң салты басқа» деўдиң мәниси де усында.

Дәстүрлер белгили бир үлкен жәмийеттиң, жәмәәтшиликтиң, руўхый талабының тийкарынан келип шығып, өзгеше бир белгилер, қәсийетлери арқалы көзге түсип, сол адамларды бириктириўдиң ҳәм беккемлеўдиң күшли қуралы болып есапланады. Соның менен қатар дәстүрде, үрп-әдетлерде адамлар өзине-өзиниң жеке қатнасын таныйды. Бундай адамлардың дүньядағы затларға ҳәм тәбият қубылысларына жеке миллетлик ҳәм кәсиплик өзгешелиги пайда болады. Мысалы, Хиндстанда сыйырлар муқаддес, қытайлылар жыланның гөшин жоқары ҳүрмет сый деп түсинеди.

Африканың Баланта деген кәўиминде той берсе, күйеў өзиниң келиншегине жақсы бешбентти сыйлыққа инам етеди. Егер ўақыттың өтиўи менен келиншектиң бешпенти тозып жоқ болса, ямаса жойтылса, онда неке бузылады. Ерли-зайыплылар арасында аўызбиршилик жаман болса, келиншек күйеўин жек көрсе бешпент тез тозады, ямаса жойтылады деп есапланады.

Австралиядағы кәўимлердиң биринде қыз бала дүньяға келиўи менен мойнына сақыйналар кийгизиледи, ўақыт өтип мойынның узайыўы менен сақыйналардың саны көбейип барып, қайсы қыздың мойны узын болса сол ең сулыў-перийзат деп есапланады. Гейде қызлардың мойны отыз қырық сантиметрге жетип, егер олар күйеўге шыққаннан кейин турмыстан бузылса, яғный ғарлық етсе, оның мойнынан сақыйналар алып тасланады. Солай етип, келиншектиң мойны басын көтере алмай миллий жазаға гириптар болады, яғный басы астына түсип өлип қалады.

Кашмирдиң таў жазықлығында Хунза деген кәўимде ерли-зайыплылар арасында қыянет жүдә сийрек. Себеби, дәстүр бойынша еки гүналының да үйи өртеп жибериледи. Бундай соңғы «бийопа муҳаббат өрти» 1934-жылы болған екен.

Иранда жылдың ақырындағы соңғы сәршембини жоқары бахалайды, ол күни барлық тилек қабыл болып, ойлаған ой иске асады деп есапланады. Бул сәршемби иранлылар «сәршемби сүри» («қызыл сәршемби») деп айтып, оның алдында көп санлы хәр қыйлы ырымлар, дәстүрлер исленеди.

Мысалы: Бой жеткен қызлар жылдың ақырғы, әсиресе, жылдың ең соңғы сәршембисин асығыслық пенен күтеди. Олар бул күнге байланыслы дәстүрлер, ырымлар етип, жақсы болып тезирек турмысқа шығыў мүмкин деп түсинеди. Ал, ырымлардың хәр қыйлысы, яғный қоспалысы, әпиўайысы ушырасады. Айтайық, олардың бири орта жастағы күйеўи бар туўысқан апасы менен таң азанда қолына сабақ, жаңа қуман хәм қайшы алып жақын жердеги жаптың бойына барады, апасы қыздың бармақларын жип пенен шандып байлап, қуманды жаптың суўынан толтырып қояды, ол оннан алыс емес жерге қайшыны таслайды. Соң қызды қуман менен қайшының ортасына отырғызып өзи сол жағаға жасырынады, усы қәлипте қыз күн шыққанша, яғный биринши жолаўшы өткенше отырады. Хәр бир адам бул көринисте өзиниң не ислеў кереклигин дәрхал сезеди. Ол «сениң бахтыңның иркинишин кесип таслайман» деп сөйлеп жүрип, қыздың қасында жатқан қайшыны алып сабақларды кесип таслайды. Оннан кейин қыз қуманды алып, үйине жуўырады. Үйине келип липасларын шешип, басына елгезер кийип хәўлини жети рет айланады. Бул айланыў даўамында хәр сапары «мениң бахтым ашылды» деп гүбирленип жүреди.

Сондай-ақ сәршембиден алдын буннан басқа да кишигирим ырымлар исленеди. Мысалы: сол сәршембиниң алдынғы күни күйеўге шығыўға асығып жүрген қызлар минардың басына шығып өзлериниң жамылып жүрген орамалын (чадрасын) төменге таслайды. Егер чадра төмендеги кетип баратырған еркеклердиң биреўиниң басына түссе, онда келеси жылы оның ийеси болған қыз күйеўли болады мыш. Егер чадра түскен еркектиң басында сәллеси болса, онда қыздың күйеўиниң молла болыўы сөзсиз, деп исенеди. Егер чадра хеш кимниң басына түспей қалса онда, ол чадраның ийеси өзиниң күйеўге шығыўын кеминде тағы бир жыл күтиўи керек болады деп түсинеди.

Улыўма Иранда «не ушын гейпара қызлар өзиниң жақсы қыз болыўына, ямаса қурғын шаңарақта жасаўына қарамастан көп ўақытқа дейин турмысқа шыға алмайды» деген мәселеде олар қыздың «бахты байланып турған» оның бахтын жаўып турған қулыпты ашыў керек, бахтын байлап турған жипти кесиў керек деп затларға қатнаста қолланылатуғын әпиўайы әмелий әдислер

шиликтиң катнасыуы адамға үлкен хүрметлиликти көрсетеди, оның мийнетиниң әхмийетин көзден өткереди.

Халқымыз хәмме уақыт жәмийеттеги хәм жеке турмыстағы әхмийетли уақыяларды салтанатлы түрде белгилеуди үрдис етип, әсирлер дауамында өз дәстүрлерин, үрп-әдетлерин қәлиплестиреди хәм оны жәмийетлик турмыс елегинен өткереди. Бул дәстүрлер, салт-саналар, үрп-әдетлер өз нәубетинде ол адамлардың дүньяға көз-қарасларына, әдеп-икрамлылық сыпатларына тәсир етип отырады. Дәстүрлер, салт-саналар, үрп-әдетлер халықтың психикалық өзгешелигин, мәдений рауажланыуының дәрежесин көрсетиу арқалы, оларды басқа халықлардан айырып туратуғын белгилердиң де түри болып есапланады. «хәр елдиң салты басқа» деудиң мәниси де усында.

Дәстүрлер белгили бир үлкен жәмийеттиң, жәмәәтшиликтиң, руухый талабының тийкарынан келип шығып, өзгеше бир белгилер, қәсийетлери арқалы көзге түсип, сол адамларды бириктириудиң хәм беккемлеудиң күшли қуралы болып есапланады. Соның менен қатар дәстүрде, үрп-әдетлерде адамлар өзине-өзиниң жеке қатнасын таныйды. Бундай адамлардың дүньядағы затларға хәм тәбият қубылысларына жеке миллетлик хәм кәсиплик өзгешелиги пайда болады. Мысалы, Хиндстанда сыйырлар муқаддес, қытайлылар жыланның гөшин жоқары хүрмет сый деп түсинеди.

Африканың Баланта деген қәуиминде той берсе, күйеу өзиниң келиншегине жақсы бешбентти сыйлыққа инам етеди. Егер уақыттың өтиуи менен келиншектиң бешпенти тозып жоқ болса, ямаса жойтылса, онда неке бузылады. Ерли-зайыплылар арасында ауызбиршилик жаман болса, келиншек күйеуин жек көрсе бешпент тез тозады, ямаса жойтылады деп есапланады.

Австралиядағы қәуимлердиң биринде қыз бала дүньяға келиуи менен мойнына сақыйналар кийгизиледи, уақыт өтип мойынның узайыуы менен сақыйналардың саны көбейип барып, қайсы қыздың мойны узын болса сол ең сулыу-перийзат деп есапланады. Гейде қызлардың мойны отыз қырық сантиметрге жетип, егер олар күйеуге шыққаннан кейин турмыстан бузылса, яғный ғарлық етсе, оның мойнынан сақыйналар алып тасланады. Солай етип, келиншектиң мойны басын көтере алмай миллий жазаға гириптар болады, яғный басы астына түсип өлип қалады.

Кашмирдиң тау жазықлығында Хунза деген қәуимде ерли-зайыплылар арасында қыянет жүдә сийрек. Себеби, дәстүр бойынша еки гүналының да үйи өртеп жибериледи. Бундай соңғы «бийопа мухаббат өрти» 1934-жылы болған екен.

Иранда жылдың ақырындағы соңғы сәршембини жоқары бахалайды, ол күни барлық тилек қабыл болып, ойлаған ой иске асады деп есапланады. Бул сәршемби иранлылар «сәршемби сүри» («қызыл сәршемби») деп айтып, оның алдында көп санлы хәр қыйлы ырымлар, дәстүрлер исленеди.

Мысалы: Бой жеткен қызлар жылдың ақырғы, әсиресе, жылдың ең соңғы сәршембисин асығыслық пенен күтеди. Олар бул күнге байланыслы дәстүрлер, ырымлар етип, жақсы болып тезирек турмысқа шығыў мүмкин деп түсинеди. Ал, ырымлардың хәр қыйлысы, яғный қоспалысы, әпиўайысы ушырасады. Айтайық, олардың бири орта жастағы күйеўи бар туўысқан апасы менен таң азанда қолына сабақ, жаңа қуман хәм қайшы алып жақын жердеги жаптың бойына барады, апасы қыздың бармақларын жип пенен шандып байлап, қуманды жаптың суўынан толтырып қояды, ол оннан алыс емес жерге қайшыны таслайды. Соң қызды қуман менен қайшының ортасына отырғызып өзи сол жағаға жасырынады, усы қәлипте қыз күн шыққанша, яғный биринши жолаўшы өткенше отырады. Хәр бир адам бул көринисте өзиниң не ислеў кереклигин дәрхал сезеди. Ол «сениң бахтыңның иркинишин кесип таслайман» деп сөйлеп жүрип, қыздың қасында жатқан қайшыны алып сабақларды кесип таслайды. Оннан кейин қыз қуманды алып, үйине жуўырады. Үйине келип липасларын шешип, басына елғезер кийип хәўлини жети рет айланады. Бул айланыў даўамында хәр сапары «мениң бахтым ашылды» деп гүбирленип жүреди.

Сондай-ақ сәршембиден алдын буннан басқа да кишигирим ырымлар исленеди. Мысалы: сол сәршембиниң алдынғы күни күйеўге шығыўға асығып жүрген қызлар минардың басына шығып өзлериниң жамылып жүрген орамалын (чадрасын) төменге таслайды. Егер чадра төмендеги кетип баратырған еркеклердиң биреўиниң басына түссе, онда келеси жылы оның ийеси болған қыз күйеўли боладымыш. Егер чадра түскен еркектиң басында сәллеси болса, онда қыздың күйеўиниң молла болыўы сөзсиз, деп исенеди. Егер чадра хеш кимниң басына түспей қалса онда, ол чадраның ийеси өзиниң күйеўге шығыўын кеминде тағы бир жыл күтиўи керек болады деп түсинеди.

Улыўма Иранда «не ушын гейпара қызлар өзиниң жақсы қыз болыўына, ямаса қурғын шаңарақта жасаўына қарамастан көп ўақытқа дейин турмысқа шыға алмайды» деген мәселеде олар қыздың «бахты байланып турған» оның бахтын жаўып турған қулыпты ашыў керек, бахтын байлап турған жипти кесиў керек деп затларға қатнаста қолланылатуғын әпиўайы әмелий әдислер

сыяклы түсинеди. Бул қыйыншылықтан шығыў жоқарыда келтирилгендей «қызыл сәршембиниң» жәрдеминде болады. Оның ушын мынадай ырым дәстүрлерде қолланылады. «Қызыл сәршембиниң» алдында бахты хәзирше «байланып» турған қызлар мойнына үлкен қулыпты илдирип көшениң бәндиргисине шығады хәм сол жерде өтип баратырған молладан қулыпты ашып, қыздың бахтын ашып жибериўди өтинеди. Мешхедте бундай қулыпты чадыраның шетине байлап, гилтти мазалы тағамлар салынған табаққа қояды. Ал, екинши бир жерлерде қулып хәм гилттиң кереги болмай, оның орнына орамалдың ямаса жаўлықтың түйинин шешиў менен алмастырылады.

Қарақалпақстандағы бизиң ески заманды көрген апаларымыздың шашының ушына хеш жерге пайдаланбайтуғын гилтти байлап қойыўы иранлылардың усы қулып гилт дәстүри менен тиккелей байланыста болыўы керек. Оған қосымша бизиң аналарымыздың (өзиде не ушын қалай келип шыққанын билмейтуғын) шаштың ушына өмиринше жүрген гилттиң сыры оның бахтын «ашқанда» болыўы итимал. Сонлықтан ол гилт өмирлик шарапатлы естеликке айланған да шығар. Мине, бул үрип-әдетлер «қыз гилти жойтылған сандық» деген араб халқының даналық сөзин ядқа түсиреди.

Иранда күйеўди табыў еле барлық нәрсениң питкени емес екенлигин хәмме биледи. Күйеўди өзине шын берилген етип алыў ушын оннан барынша «Сум қыялларды қашырыў» келиншектиң әхмийетли тәшўиши. Бунын ушын олар дәстүрдеги хәр қыйлы ырымларды ислейди. Солардан бири Шыраз қаласында жасаўшылар ушын «қызыл сәршембиниң» алдында уллы шайыр Саадийдиң мавзолейине барып, ондағы кишкене бассейнге шомылыў, солай етип күйеўлериниң сүйиспеншилигин күшейтиў хәм оларды дыққатлырақ етиўге болады деп есаплайды. Иран илимпазы Джавахер Каламның көрсетиўи бойынша «қызыл сәршенбиниң» алдында Тегеран базарында ешектиң мийине талап белгили дәрежеде өсип кетеди. Тегеранда жасаўшы гейпара хаяллар бул экзотикалық тағамды бас айландыратуғын дәри ретинде ериниң аўқатына араластырады ямаса дууалы сөзлерди айтып отқа жағады. Әлбетте, бунын хәммесин күйеўи билмейди хәм билиўге де тийисли емес. Усындай дәстүрден кейин ол хаяллар күйеўин өзине «тас қылдым» деп есаплайды. Бизиң халқымызда хаялын күтә жақсы көретуғын хәм кемшилигин айтса тыңламайтуғын жигитлерди қызғанған гейпара адамлардың «Оны қой, ол ешектиң мийин жеген» деп сөз қылыўының шамасы Иранда

елеге дейин жасап киятырған усы дәстүр менен байланыслы болыўы да итимал.

Соның менен қатар Иранлылардағы «қызыл сәршемби» ҳәм оның караматлылығы ҳаққында пикирлер, ырымлар, дәстүрлер өзиниң гейпара тарийхый уқсаслығын бизиң арамыздағы «Сәршембиниң сәтли күни» деген түсиниклерден ҳәм ҳәптениң сол күни қудалыққа барыў той тамашалардың берилиўи бул пикирдиң бизиң аймағымызға да енисип кеткенлигин көрсетеди.

Улыўма айтқанда дәстүрлер, үрп-әдетлер барлық халықта болып, олардың социаллық қатнасықларының түрлери инанымлары, әдеп-икрамлылық туйғысын, әдеплиликтиң тийкарын көрсететуғын әҳмийетли қубылыслардан болып есапланады

## 5-ТЕМА. МҮНӘСИБЕТ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Мүнәсибет инсанның руўхый қуралы
2. Мүнәсибетте сөздиң күши
3. Мүнәсибет философиясында сәлем-әликтиң орны
4. Мүнәсибетте инта философиясы

### 1. Мүнәсибет инсанның руўхый қуралы.

Бенджамин Франклин өзиниң табысының сырын: «мен ҳеш нәрсе туралы жаман сөз айтпайман. Лекин ҳәр ким ҳаққында билген барлық жақсылықларды айтып жүремен» деген екен.

Улыўма философлар уллы адамның уллылығы оның кишкене адамлар менен қалай қатнасынан белгили дейди.

Жақты дүньяда адамды қандайда бир иске оятыўдың тек бир усылы бар. Аўа сиз мушыңыздың күши менен адамның саатын тартып алыўыңыз мүмкин. Хызметкерге «жумыстан шығараман» деп қорқытып ислетиўиңиз мүмкин. Баланды урып-соғып қәлегениңизди орынлатыўыңыз мүмкин. Бирақ булардың ҳәммеси жүдә кеўилсиз ақыбетке алып келиўи мүмкин.

Уллы илимпаз доктор Зигмунд Фрейд, XX әсирдиң ең көрнекли психологы мынадай дейди: Бизиң ислеримиздиң тийкарында еки мотив жатады. Ол сексуаллыққа талпыныў ҳәм уллы болыў ҳәўеси.

Адамның тәбиятының терең қәсийети адамлардан өзиниң қәдири бойынша баҳаланыўына жүдә қумарлық пенен урыныўы.

Бул адамды үзликсиз қыйнайтуғын, аңқасын қуртатуғын шөли. Кимде ким сол адамның шөлин қандырса, оның жүрегин ийелейди. Демек адамның ҳайўаннан бөлекленетуғын баслы

белгиси өзиниң жеке кәдирине талпыныўы. «Аўкатына емес, кәдириме жылайман» деген халық нақылы жүдә дурыс айтылған.

Сизиң туўылған күниңизден баслап ислеген ислериңиз ямаса қылық қылўаларыңыздың себеби-сиз бир нәрсени қәледиңиз.

Демек бизиң турмысымыздың тийкарында бизиң ардақлы хәўесимиз, қәлеўимиз жатады. Биреўди анаў яки мынаў қылық ислеўге үгитлеў ўазыйпасын атқарыў ушын ең дәслеп сизиң сәўбетлесиўиңиздиң шын хәўесин бир нәрсени қәлеўге көндириў керек. Егер кимде ким соны ислесе дүньяны ийелейди, ал ким ислемесе жалғыз қалады, дейди Д. Карнеғи.

Адамлар хаққында мақуллаўлар шын хәм хақ кеўилден болыўы керек. Яғный өзиңниң бахаң шын жүректен хәм мақтаўың сақый болсын. Сонда адамлар Сизиң сөзиңизди есинде сақлайды, оны жоқары бахалайды, өзиниң барлық өмиринде оны қайталап жүреди. Сиз оны умытып кетсеңизде ол оны көп жылдан кейин де қайталап еске түсиреди, —дейди Д.Карнеги.

Адамның кәдирин мойынлаў менен көтермелеўдиң парқы қандай? Мойынлаў—шын жүректен, көтермелеў—еки жүзлиликтен. Биринписи—жүректен шығады, екиншиси—тек аўыздан шығады. Бириншиси—қалыс, екиншиси—эгоистлик. Бириншиси менен хәмме хошаметленеди. Екиншиси арқалы адамлар қараланады, көтермелеў-ол арзан мақтаў, «көзинше көтермелеў-көтерип отқа салыў», соның ушын көтермелеўшилерден абайлы болыў керек. Көтермелеў—адамға өзи хаққында не ойлайтуғынын айтыў деген сөз.

Биз күнделикли турмыста қанша адамлар менен сөйлесетуғынлығымызға есап бермеймиз. Ал шынында да сәўбетлесиў өз ишине талай ушырасыўларды, талай әңгиме-дүканларын қурыўларды бастан өткерип, адамның хәр сапар өзин-өзи услаў әдетлери менен тығыз үнлесип жатырған пүткил бир қоспалы әлем болып есапланады. Адам хәр сапары өз ойында басқа адам менен араласыўға умтылыўшылықты сезеди. Бул адамның үлкен байлығы хәм талабы. Сөйлесиўге умтылыў адамның инсаный қәсийети. Адам есейген сайын оның айналасы кеңейип, қарым-қатнас мүмкиншилиги улғайып барады. Жақын жуўықлар, дослар, бирге ислесиўшилер көбейеди. Олар менен сөйлесиў менен бирге күн сайын, биз талай адам менен автобуста, көшеде, жумыста ушырасып турамыз. Хәр бир адам менен ушырасыў тез өтип кетсе де, онда биз өзимиздиң жәмийетлик түр-түсимизди, қәсийетимизди хәм хәр кимге хәр түрли қатнасымызды көрсетемиз.

Себеби сөйлесип билиў өнер. «Сөзи райлының-жүзи ширайлы»

дейди халқымыз. Демек бул адамларға қатнаста ийбелилик сөзи жарасықлы, әңгимеси қонымлы адам хәмме ўақыт ел арасында сыйлы, жүзи жарқын дегенди билдиреди.

Сәўбетлесиў инсаныйлық пазыйлет. Адамгершилик сәўбетлесиў арқалы раўажланады. Сәўбетлесиў арқалы адамлардың қылық-қылўасы, минез-қулқы анықланады. Себеби адам өзиниң арзыў-үмитлерин, хәрекетин, нийетлерин, ишки туйғыларын, дәртлерин сәўбетлесиўде баянлайды. Соның ушын сәўбетлесиў дегенимиз кисиниң ишки дүньясын сәўлелендиретуғын өз-ара мүнәсибетлериниң формасы болып есапланады. Сонлықтан халқымыз бир-биреўге қатнасықта болыў туўралы: «Мал мөңирескенше, адам сөйлескенше», оннан кейин бир-бири менен тил табысып кетеди, деп үйретеди.

Адамзат пайда болыўы менен сәўбетлесиўге талап пайда болды. Сонлықтан да «саз бенен сәўбетти жалған деменлер, адам ата бинят болғалы барды» деген түсиник бийкарға шықпаған. Жәмийет ағзалары бир-бири менен сөйлесиў арқалы қалай жасаўдың жолларын излеген.

Сәўбетлесиўдиң кең хәм тар мәнислери болып, тар мәнисинде еки, яки көбирек адамлар ортасындағы сөйлесиў, олардың мүнәсибетлерин жақсылаўға хызмет етип, бири-бири хаққында мағлыўматларды, өзлери хаққында басқалардың пикирлерин де билип алады. Сәўбетлесиў кең мәнисинде машқалалы мүнәсибетлерди қамтыйды. Бул сәўбетте ири-ири мәселелер бойынша мәсләхәтлесип, кеңесип, алады. Бундай сәўбет тек адамлар арасында болмай, түрли халықлар, мәмлекетлер арасында да өз-ара байланысларды қәлиплестириўде көринеди. Адамлар бир-бири менен сөйлесип қоймастан хайўанлар менен де өсимликлер менен де тиллеседи. Соның ушын адамлар үй хайўанларына ат қояды хәм оны тыңлатады.

Сәўбетлесиў қайсы түрде болмасын инсанның өз сәўбетлесинен хақ кеўилликти күтеди, өзине хүрмет-иззет көрсетиўди, оның пикирлерин дыққат пенен тыңлаўды талап етеди. Бунда қыйсынлы сөзди орнында таўып сөйлеген үлкен абзаллық. Қайқобустың айтқанындай: «хәмме уқыплылықтың ең жақсысы сөйлесиў уқыплылығы». Сәўбетлесиўди көркем өнер дәрежесинде үйренип, ийелеп алған адамның бахасы жоқары болып, оның мерибан кисилери де көп болады. Турмыста сәўбетлесип, кисилердиң мийрин қандырыў-бул жоқары адамыйлық қәсийет-ол адамның бахты ашылады, иси раўаж табады хәм жоқарғы мәртебеге ериседи.

Сөйлесиўдеги ең жақсы қәсийет ой-пикирди қысқаша сөзлер

менен дәлме-дәл бериу. «Көп сөз көмир, аз сөз алтын» дейди халқымыз. Орысларда «қысқалық таланттың сиңлиси» деген нақыл бар. Алтын-гаўхар, бриллиантлардың қымбат болыўының себеби оның аз болыўында. Не нәрсе көп болса, оның кәдири болмайды деген даналар. Соның ушын халық «Көп сөз ешекке жүк», деп бийкарға айтпаған, демек гәптиң муғдары артса, оның мәниси болмайды. «Көп сөйлеген езбе болады, көп қыдырған гезбе болады». Көп сөз тек адамның минезин көрсетип қоймастан оның өзине үлкен зыян келтиреди. «Көп сөздиң азы жақсы, аз сөздиң сазы жақсы». Соның ушын Жүсип Бақырғаний былай дейди: «Көп ойлан, жақсы сөйле-нусқа болсын. Сораса жуўабын да қысқа болсын». Қанша көп сөйлесең ишинде қәтеси де көбирек болады. Соның ушын «Адам өз тилинен қалар бәлеге» десе халқымыз, атақлы скиф, бизиң бабамыз Анахарсис «Мениң тилим мениң душпаным» деген екен.

Сөйлескенде де ҳәр бир адам менен ҳәр қыйлы мәнисте ол адамның мәплери менен байланыслы сөйлесиў керек. Бизиң эрамыздан IV әсир бурын жасаған қытайлы данышпан Чжуан Цзы мынадай деген: «Қудықтағы бақа менен теңиз ҳаққында сөйлеспе, оның шеги қудықдур, ширкей менен қыс ҳаққында сөйлеспе, ол тек жылдың өзине тийисли мәўсимин ғана биледи, шекленген адам менен узақ жоллар ҳаққында сөйлеспе, ол тек өзине үйреткенлерден басқаны билмейди».

Әжинияз бабамыз: Сөздиң мәнисине түсинбеген адам менен мүнәсибетте болмағанның, оған айтылған сөз, бир қулақтан кирип екиншиден дәрҳал шығып кететугынын көрсетип былай дейди:

Сөйлескенде сөз мәнисин билмесе,
Ақылсыздан зибаны жоқ мал жақсы.

Бир наданға айтқан сөзиң,
Гүўлеп ескен желше болмас, деген.

Тыңлаўшы сөзди қабыллаўға тайын болып, оны мақуллап, басқа нәрселер менен бәнт болмай, дыққатты тиккелей сөйлесиўге аўдарыўы керек. Соның ушын сөзди тыңлай билиў де әдеплилик. «Жутпастан бурын шайна, сөйлеместен бурын тыңла» деген сөз жүдә орынлы. Себеби тил биреў, қулақ екеў, бир сөйле еки тыңла.

Бир күни Сократқа шешенликти үйрениўге Афинадан жол азабын шегип бир жигит келипти. Жигит пенен гүрринлескеннен кейин алым оған оқыў ақысын еки есе көп төлеў кереклигин айтыпты. Жас шәкирт: не ушын, деп сорағанда: «Себеби мен саған

еки илимди, соның ишинде сабыр саклап тыңлай билиў илимин де үйретиўим керек болар» депти философ.

Демек, сөйлесиўди басқа ислерден гөре, артығырақ деп есаплап өзиниң сөзиннен гөре әңгимелесиўшиге артықмашылық берип, оның сөзин бузбай тыныш тыңлаўға тырысыў әдеплиликтиң бир шәрти болып есапланады. Белгили данышпан Платон былай деген: Ақылсызлықты еки белгиден билиўге болады: ол өзине пайдасы жоқ сөзди айтады, ямаса биреўдиң исине жөнсиз араласады.

Сәўбетлесиўде өтирик-өсек, сырттан сайыў, жалахорлық, мақтаншақлық ҳәм сол сыяқлы иллетли сөзлерди бизиң халқымыз ғыйбат сөзлер деп атаған ҳәм оны айтқан адамларды ғыйбатшы деп жариялаған, оның гүнасы жүдә аўыр деп есаплаған.

Соның ушын бабамыз Бердақ:
«Қашар болсаң кеш ғыйбаттан,
Гүнасы аўыр биледурсаң»- деп келтиреди.

Ғыйбат бир адамды кемситип, жаманлап сөйлеў, артынан өтрик-өсек тарқатыў сыяқлы мәнәўий иллетти аңлататуғын түсиник.

Ғыйбат ғыйбатшының мәнәўий төменлигин көрсететуғын инсанлар ҳәм жәмийет ушын зиянлы болған, жәмийеттеги тәртип интизамларды бузатуғын ҳәм инсанлар арасында меҳир-мүриўбеттиң жойтылып кетиўине себеп болатуғын иллет. А. Авлоний «Ғыйбат деп бир кисиниң кемшилиғин ҳәм жүрис-турысын арқасынан сөйлемекти айтады. Ғыйбатлап сөйлемек ҳарам, оны еситпек те ҳарам. Ол инсанның атына жараспайтуғын ең жаман әдетлердиң ең төмени» деп көрсетеди.

Ғыйбат аз болса да келтиретуғын зыяны көп. Пайамбарымыз алайҳиссалам: «Ғыйбат қылыў биреўди наҳақ өлтириўден де жаманырақ» деген.

Ғыйбат адамлардың қәлбине келтиретуғын қыянет. Себеби, инсан басқа гүналарды нәпсиниң ләззети ушын ислейди. Ал, ғыйбат ийеси ләззет орнына өз басына бәле ҳәзирлейди. Себеби, оның сөзи ғыйбат қылынған адамның қулағына жетеди. Ол ғәзепленип ғыйбатшыдан өш алыў пайытын излейди. Солай етип ғыйбат тийкарында еки инсан арасына душпанлық түседи. Сол жағдайда ғыйбаттан ғәзеп туўылады ҳәм ол арқалы душпанлық күшейип, адам арасында пайда болған жекке жәнжеллер пүткил ел арасына нәкаслық туқымын шашады. Сонлықтан пайғамбарымыздың ҳәдислеринде «Ғыйбаттан қаш, ғыйбат зинадан да жаманырақ» деген еди.

Ислам динин басшылыққа алған бабаларымыз гүнаның ең ауыры ғыйбат деп есаплаў арқалы адамның жаманы ғыйбатшы деп сыпатлаған. Мысалы Мақтымқулы былай деп жазады:

Муздан тахт жасарсаң оттан үй қурып,
Журтты сырттан сатып, хақ жолдан бурып,
Бир иплас қурт бәдениңнен қан сорып
Жаныңды зәҳәрлер сениң ғыйбаткеш.

Ҳешкимге бермесин сениң күниңди,
Көрмедим дос-яран, аға-иниңди
Отлы темир менен дағлап тилиңди
Күйе жақса арзыр жүзиң ғыйбаткеш

Сөйлесиў кем дегенде еки тәрептиң қоспалы ҳәрекети. Гейде еки адам сөйлескенде ҳәр ким өзин айтады. Ҳәр бир сөйлесиўшиниң мәпин есапқа ала отырып, ҳәмме ўақыт бир-биреўге дыққатлы болыў сөйлесиўдиң ролин арттырады. Гейде көпшилик жағдайда адамлар бир-бири менен жаңа мағлыўматлар, билимлер ҳаққында, яғный жаңаны айтыў талабы менен келеди. Бундай пикир алмасыў көбирек ақыл менен логикалық сыпатқа ийе болып сөйлесиўдиң табыслы өтиўине себепши болады.

Гейде биреўлер «ишим писип кетти, кел сөйлесейик» деп шақырып, ананы-мынаны гәп қылып соннан тәсир алады, кейпи көтериледи, биреўлерди жаманлайды. Лекин бул сөзлер бийкар ўақыт өткизиўге, қызғаншақлық сезимлердиң шығыўына тәсир етип, адамға зыян береди.

Улыўма, сөз иске қаратылған, дүзиўшилик тийкарғы ҳәм рууҳый байытыўға қаратылған тәрбиялық сыпатқа ийе болыўы керек.

Сәўбетлесиў арқалы дос табыў ҳәм оны жоғалтыў да мүмкин. Мейли ол шаңарақта ма, мейли ол жәмийетлик орынларда ма парасатсыз ҳәм ақылсыз сөйлесик душпанларды пайда етеди. Яғный, тәрбиясыз тил сәўбетке сууықлық әкеледи, аўыз-биршиликти қашырады. Шаңарақтағы сәўбетлесиў тәрбиялық характерге ийе болып, балаларды социаллық ҳәм мәдений турмысқа үйретиў, ата-анаға ҳүрмет, Ўатанға садықлық, туўған-тууысқанларға бирлик, досларыңа қайырлылыққа қаратылады. Шаңарақтағы турпайы мүнәсибетлер, турпайы сөзлер шаңарақтың мәселелерин табыслы шешиўге, бала тәрбиясын жақсылаўға зыян тийгизеди. Керисинше шаңарақ жумысларын ойласып, ақыл менен, сабырлылық пенен иске асырыў, бир-биреўге меҳрибанлық, перзентлерге сүйкимли қатнасты туўдырады. Ата-ана ҳәр бирине:

«ағасы» яки «апасы», «кеширерсиз», «мәрхамат», «рахмет», «жолың болсын», «жақсы келдиң бе» деп сөйлессе оның перзентлерине тәрбиялық тәсири үлкен болып, олардың ата-анасына хүрмети, мехир-мухаббаты күшейеди.

Сәўбетлесиў мәдениятында балалардың да ўазыйпасы үлкен. Шаңарақта жасы үлкенлер менен сәўбетлесиў зәрүрлигинде олардың ўақтына кейпиятына қарап, оларды ренжитпейтуғын дәрежеде ойланып сөйлеўге умтылыў зәрүр. Жеке мәселелер бойынша бала атасы менен, қыз анасы менен мәсләхәтлесиўге үйрениўи, оларға орсақы, жақпайтуғын гәплерди айтпаўды әдетке айландырыўы керек. Бунда жумсақ сөзлилик, хүрметлилик тийкарғы мәселе хәм аўызбиршиликтиң гиреўи болып есапланады.

Дос пенен сәўбетлесиў, жыллы сөйлесиў инсанға қанат береди. Себеби, шын жүректен шыққан гәп жүрекке барады, адамның қуўатын көбейтеди, исенимин арттырады. Аталар сөзинде: «Дос пенен сәўбетлесиў гүллер арасында сейил етиўден де, гөззаллардың күлкисине қулақ салыўдан да жағымлы болады» делинген.

Хәр бир адам өзиниң сөзи менен мақтанады, өзиниң атын мәңги қалдырыўға урынады. Абайласаңыз айырым балалар өз атларын тасларға, диўалларга жазыўға қумар. Адамның өзи ушын оның атынан сести ең мазалы екенлигин есте сақлаў керек. Мүнәсибетте: «кешириңиз, әпиў етиңиз» деген сөзлерди көбирек пайдаланған жөн. Күле шырай бериў тек сәлемлескенинде ғана емес, сөйлескенинде де керек. Күле шырай: «Сиз маған унайсыз, сиз мени шадландырып атырсыз, сизди көриўден қуўаныштаман» дегенди аңлатады. Демек, адамды қуўаныш пенен қарсы алып, күле шырай менен тыңлаў оғада зәрүр. Соның ушын қытайда: «жүзинде күле шырай жоқ адам» дүкан ашыўға тийисли емес» деген қағыйда бар.

Хәр бир адам менен сөйлескенде оның минез-қулқының басқалардан айырмашылығын билген дурыс. Мысалы, орынсыз хәзиллесиў ямаса ол қызықпайтуғын әңгимени сөйлеў, жек көретуғынларын мақтаў, оның айбын айтыў, хаяллардың жасын сораў әдеплиликке жатпайды.

Мүнәсибетте күлки, хәзил мәселеси жүдә әхмийетли. Биреўлер менен хәзиллесип дөгеректегилердиң күлкисин пайда еткен менен ол адамның қәдирине зыян келтириўге болмайды. Халқымыз «хәзил апат келтиреди» деп надурыс айтпаған.

Күлки жүдә пайдалы, ол организмде аўыртпайтуғын затларды, жақсы кейиптиң гормоны—эндарфонларды пайда етип, адамды

жумсартыуға тәсир етеди. Бир минутлық дурыс күлки денени 45 минут даўамында жумсартады. Егер биз үш минут даўамында күлсек, 15 минут тез ескен ескектиң ямаса 15 минут денени саўалтыўға байланыслы жуырыў менен тең. Кеўилли адамлар сийрек аўырса, хәмме ўақыт қабақты үйип, қыйналып жүрген адамлар көбирек аўырады екен.

Даналар адамның жүзинде күлки емес табассум болыўы керек дейди. («Бир табассум етсең кеўлимниң табы» Әжинияз). Тез-тез қатты күлиў де надурыс тәрбияның заўалы, ақылдың азлығының гүўасы. Шекленген хәм тәрбиясыз адам қатты күледи. Ҳақыйқый өткир ақыллылық, яки саламат ақыл-ой хешкимди күлдирмейди. Күлкини әсиресе төмен талғамдағы масқарапазлық, яки ақмақларша турпайылық туўдырады. Тәрбиялы адамлар олардан өзлерин жоқары қойыўы керек. Айтайық бир адам отырайын деп атырып отырғыштан қулады, оған хәмме күлди. Ондайда ақыллы адам мыйық тартыў менен шекленеди. Бул әсиресе жоқары орынлардағы адамлардың дөгерекке қатнасында дипломатиялық ислерде көбирек зәрүрли болып, адамның ақыл-парасатын, сыр сақлаўын көрсетиўде жүдә әҳмийетли. Әлбетте күнделикли турмыста хәр қыйлы жағдайда күлкили ислер болады. Лекин оны пухта пайдаланыў зәрүр. Бизде гейпара қызлар «жырбаңлап күле берип» сырын алдырады. Соған қарап гейпаралар «күлсе жуўаптың қойғаны» деп хәрекетлер ислеўге талпынады. Соның ушын И.Юсупов

«Кирпиктен кеўилге жара
Түссе оған бар не шара»
«Бийтәртип өскен қыз бала
Бәле табар күле-күле» —деп тастыйықлайды.

Адам ақыллы болса мүнәсибетте табассум, күле шырай менен жайнап жаснайды.

Сөйлесип турған еки адамға үшинши биреў келип қосылса, оның әңгимеге араласыўы ушын оған әңгимениң мазмуны қысқаша түсиндириледи. Оны сөзге тартыў зәрүр болмаса әңгимени бирден тоқтатпай «жайша өткен-кеткенди айтысып турып едик», «жумыс туўралы сөйлесип турып едик» деп түсиндирилсе дурыс болады. Ол адамның көзинше сөзди астарлап айтып турыў, үшинши адамға гүман туўдырады. Жыйналған адамлар арасында отырып, сыбырласыўға да болмайды. Бул басқаларды тәшўишлендирип қояды.

Мүнәсибетте әлпайымлық үлкен әҳмийетке ийе. Әлпайымлық

басканы ренжитпеслик, биреўге жаман сөз сөйлемеслик, сәўбетлесиўде, айтысларда қарсыласын хүрмет етиў, ол адамның мәдениятлы ҳәм шырайлы минез-қулық ийеси екенлигин билдиреди. Әлпайымлық, сәўбетлескенлердиң жүрегин жақтыртып, кейпиятын көтерип, кеўилге тәсир етиўдиң дурыс көринисин береди.

Шаңаракта ямаса жәмәәтте болатуғын үлкен-киши жәнжеллерге дыққат аўдарсақ, ҳәммесиниң себеби көбинше турпайы сөз ямаса жаман қатнастан келип шығады.

Әлпайымлық түрли дәўирлерде жоқары баҳаланып уллы алымлар оған үлкен итибар берип келген. Басқаларға ҳәр қашан жақсы сөзлерди айтыў, мүләйим гәплерди тыңлатыў үрдис болған. Себеби, турмыс тәжрийбелери тийкарында қәлиплескен шийрин сөзлилик, сәўбетлесиў әдеби ҳәм тәрбия мәселелери ҳәмме заманда әҳмийетли орынды ийелеген. Мысалы, Әмир Темур сәўбетлесиў әдебине көп итибар берген. Ол жаман нийетли, пикири бузық адамлардан аўлақ жүрген. Ол әлпайымлық пенен иске асырылған ҳәр қандай жумыс, шара, сәўбет өзиниң пайдасын, береди, ал бир беткейлик, жүзекилик, жел-өкпелик сыяқлы әлпайымлыққа қарсы болған иллетлер адамның ақылсызлығын көрсетеди, деп есаплаған. Демек әлпайымлық ҳәр бир адамның миннети деп тастыйықланған.

Әлпайымлық турмыста ушырап туратуғын майда-шүйде кеўилсизликтен, нақолайлықтан сақлайды. Себеби, адам бир өзи жасай алмайды, адамлар менен ҳәмме ўақыт мүнәсибетте болады. Демек инсан өзиниң кеўлиниң хошлығы басқалардың кеўлиниң хошлығы менен байланыслы екенин есапқа алып жасаўы керек.

Соны да есте тутыў лазым әлпайымлық өмирдеги, ислердеги кемшиликлерди ашып таслаў ҳәм әшкаралаўды, жарамсыз ис-ҳәрекет қылатуғын кисилерге байланыслы принципиал қатнасты бийкарламайды.

Сөйлесиў арқалы адамның ишки пикирлерин билиўге, руўхый дүньясын бақлаўға, бир-биреўи менен түсинисиўге болады. Сөз арқалы биреўди разы етиў менен бирге, қыйналып жүрген адамға қайырқомлы сөз арқалы оның жағдайларына тәсир етип, оны жақсы инабатлы тәрепке өзгертип те жибериўи мүмкин.

Сәўбетлесиў жанға рәҳәт бағышлайды. Лекин жақсы адамлар менен сәўбетлесиў пазыйлетти арттырса, жаман адамлар менен сәўбетлесиў зыянды арттырады. «Қазанға жақынлама қарасы жуғады» дегендей нәкас, жарамас адамлардың гүрриңиндеги сөзлеринен турпайылық көринип турады. Олар адамды жаман нийетлерге ийтермелейди, өсекти гүжитеди. Сақый ҳәм жақсы

адамлар менен сәўбетлесиў адамды кишипейил ҳәм жағымлы, қәсийетли етеди. Демек «Жақсылардың сәўбетин кеуилге сал, ҳеш жаманның сәўбетине қылма қыял» деп дурыс айтылған. Себеби сөйлесиўден қүдирети оғада күшли:

Ең жеңил ис дүньяда,
Биреўге бермек насийхат,
Биреўди сынап мин тағыў,
Оннанда жеңил ап-аңсат.
Мәнисли сөз баҳалы,
Өзи қысқа өзи жуп.
Бурынғыдан қалған сөз,
«Сөзи көпте, қайғы көп».

*С. Мәжитов*

Сәўбетлесиўде сыр сақлаў жүдә зәрүрли. Әлбетте сырдың түри көп, мәмлекет сыры, кәсип сыры, шаңарақ сыры, жәмәәт сыры, ерли-зайып сыры, аға-ини сыры, тууысқанлар сыры, дослар сыры, қызлар сыры, жигитлер сыры ҳәм тағы басқалар. Сәўбетлесиў уақтында ҳәмминиң билиўге тийисли болмаған сөзлерди айтпай, иште сақлаў әдеплилик болып есапланады. Себеби сыр сақлаў тилдиң астына оттың шоғын сақлап жүрген менен барабар, дейди даналар. Егер сыр сақлаў қәсийетине ийе болмаса ол адам ҳәмминиң оған деген исенимин, ҳүрметин жоғалтып, «өзиниң тилине күши жетпеген адамда ҳақыйқат шынлық болмайды» (М. Ганди) деген минезлемеге ийе болады.

Сонлықтан сәўбетлес болған адамға дәрҳал дослық сезимлерди, сырлы сөзлерди айтып болмайды. Оны сынап көрип, егер исенимине кирсе дос болыўға арзыйтуғын болса, онда оған өзинди жақын тутып барлық исте жәрдемлесиўге талпыныў керек болады.

Биз қаншама шешен яки дилўар болмайық, сөзлеримиз басқаларға, ҳәттеки гейпара уақытлары өзимизге жақпай қалыўы мүмкин. Ишимиз сезеди, бирақ билдирмеўге тырысамыз. Сәўбет еки тәрепти де қанықтырыўы ушын оны тийисли қағыйдалары негизинде алып барған мақул болады. Сонда ғана сәўбет жағымлы, биймәлел кешип, сәўбетлеслердиң кеўли толады.

Әлбетте жүрекке жол табыў сезимлерден басланады. Кимниң болмасын көзине, қулағына жақсаң жумыстың ярымы питти, деп ойлаўға болады. Адамның тәғдирин узақ уақыт заманда биринши сөйлеген сөзи шешеди. Оны тыңлаў жағымлы болса, тыңлағанлардың еркинен ғәрезсиз оларда бул «адам турарлық» деген ой пайда болады.

Өзгелердиң дыққатын өзине қаратыў да үлкен өнер. Биреўдиң алдына жәрдем сорап келген адам сәўбеттиң бул нәзик тәрепинен пайдаланыўды еплей алмаса, ол зәрүр исин питкере алмайды.

Сәўбетлесиўден қашыўдың ең аңсат жолы—сәўбетлесиңиз итибарсызлығы. Ал оның итибарын қаратыўдың ең бир тәсирли тәрепи—оның көзин, яғный дыққатын услап турыў болып табылады.

Психолог алымлардың алып барған изертлеўлерине қарағанда сәўбетлеслер арасындағы қашықлық, миллий үрп-әдетлерге байланыслы, хәр қыйлы болар екен. Америкалылар сәўбетлесиниң пүтин турқын көрип турыўды жақтырса, европалылар ушын белден жоқары жағын, ал қытай хәм япониялылар ушын мойын, бас тәрепин көриўдиң өзи жеткиликли.

Шынындада сәўбетлесиў барысында сөйлесип отырған адамның нәзерин көрип турыў үлкен әхмийетке ийе. Сәўбетлесиў барысында сәўбетлесиңниң тәсирленип, тынышсазланып яки толғанып отырған жағдайы сезилсе, оған тийимли гәп табыў қыйын болады. Лекин оны тынышландырып, жубататуғын жағдайға түсиретуғын сөз таўып айта алсаң, оның саған болған дыққат-итибары тағы да күшейеди. Психологлар сөйлескенде сөз жағып турма, жоқпа сәўбетлестиң аяғына қараң. Егер аяғы жолға қарап турса, сөздиң жақпағаны сөзди тоқтатыў керек деседи. Тәжирийбе соны көрсетеди, биринши сөйлесип турған адамның илгегинен ямаса қолынан услап турып сөйлесиў жарамайды. Себеби, олай иркиў ол адамның сени тыңлаў тәрепинде емес екенлигин көрсетеди, демек оны ирикпеў керек.

Усы жерде соны да айтып өтиўимиз керек, гейде сәўбетлесип отырған адамның ямаса бир топар кисилердиң дыққатын өзине қаратыў сөйлеп отырған адамның билими менен байланыслы да болмайды, яғный биреўлердиң итибарын ийелеў ушын терең билим талап етилмейди. Сонлықтан, сәўбетлесиў пайытында гейпара ўақытлары терең билимге ийе адам шетте қалып, көпшилик сөйлемшек адамның гәпине ерип кетеди.

Сәўбетлескенде өзгелердиң итибарын қаратыўға хешким жол-жоба көрсете алмайды, хәрким өз тәжирийбесине сүйенип хәрекет ете береди. Мәсләхәт бериўлери мүмкин, лекин оны әмелге асырыўды үйрете алмайды. Себеби, бул хәр кимниң өз жеке жумысы.

Той-мереке, жыйынларда яки өз-ара сәўбетлесиў пайытында сөйлеп отырған адам әтирапындағылардың дыққатын 15 минуттан артық услап турмаўы керек. Гәптиң мазасы қашады. Оннан кейин гәпти басқа бир тараўға өзерткен мақул.

## 2. Мүнәсибетте сөздиң күши

Сөздиң қүдиретине ертеден исенип, «сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» деп есаплап, халқымыз сөзге үлкен әҳмийет берген. Адамлар арасындағы қарым-қатнасларда оның үлкен ролин түсинип, («сөз мәнисин билмес жаман») сөздиң парқына қараўға ҳәм қай жерде қалай сөйлеўге айрықша кеўил бөлген. Сөздиң оғада қүдиретли күш екенлигин халық аўзындағы «таяқ еттен, сөз сүйектен өтеди», «сөз жаралайды, сөз емлейди», «жақсы сөз жан азығы», «оқ жарасы питер, сөз жарасы питпес», «таўды, тасты жел бузар, адамзатты сөз бузар» деген сыяқлы нақыллар сөздиң дүзиўши ҳәм бузыўшы күшлерин көрсетип, сөздиң әҳмийетин көтермелеген.

Белгили Жүсип Хас Хажиб Баласагуний «Қутадғу билик» китабында:

Адамның көзиниң нуры  
Сулыўлығының негизи,  
Гәп ақылдың болса гүли  
Сөзде болар гәптиң күши, —деп жазады.

Шынында да оның адамға тәсири оғада үлкен. Оны халқымыз «жыллы-жыллы сөйлесең жылан ининен шығады» деп, жыллы сөздиң жанға жағатуғынлығын ҳәм ең таппасаң жыллы сөз бенен қайтарыўдың әҳмийетин мынандай нақыл менен: «Бийдай наның болмаса, бийдай сөзиң жоқ па еди?» —деп билдирген.

Адамның жәмийетте өз орнын табыўында, ел-халық арасында ҳүрметке ерисиўинде, жақсы турмыс кешириўинде сөз байлығы, шырайлылығы, исенимлиги үлкен әҳмийетке ийе. Сөзи дүзиў, логикасы күшли болған адамның гәпин халық силтидей тынып тыңлайды ҳәм оны «туўры сөзли адам» деп есаплайды. Мүнәсибетте қыйсынлы сөзди орнында келтирип айтыў бул үлкен бахыт. «Таўып сөйлеген сөзиңиз, тилден дүр шашқан янлыды», деген ой жүдә әҳмийетли.

Белгили, бабамыз Ахмет Югнакий:

«Әдептиң басы абайлап сөйлеў» деп келтиреди.

Ал, Жүсип Баласагуний:

Көп ойлап, жақсы сөйле—нусқа болсын,  
Сораса жуўабың да қысқа болсын,

Саўлық тилеп, табыс күтсең исиңнен,
Жарамсыз бир сөз шығарма тисиңнен, дейди.

Бул ертеден киятырған даналықларға итибар берип, мағанасын шағып көрсек, қаншама пайдалы нәсиятлардың мәнисин аңлаўға болады.

«Бир аўыз сөз бенен дүзеўге де, бузыўға да болады» дейди дана халқымыз. Солай екен, хәр қандай истиң сәтли шығыўы яки сәтсизликке ушыраўы сөзге байланыслы. Соның ишинде экономикалық раўажланыў басқышларының негизи де сөйлесиўлерден басланатуғынлығы белгили. Ал, хәр бир шаңарақтың берекети де, сол шаңарақ ағзаларының бир-бирине болған мүнәсибети де сөйлесиўге тийкарланған. Егер, шаңарақ ийеси қолайсыз сөйлесе яки надурыс хәрекетлерге жол қойса, ондай шаңарақтың аўызбиршилиги қаша баслайды.

Ертеде устазлар: «Балам, сөйлер сөзиңди бил, отырар орныңды бил, жүрер жолыңды бил» деп айтатқан. «Замана, замана әжеп замана, Замана не қылсын, пейил ямана» деген еки қатарда не деген даналық жатыр. Заманға жала жаўып, қудайдың жағасына асыла бериў де ойсызлықтан басқа нәрсе емес. Ата-бабалар орынсыз гәп айтып, сөзлерин заяламаған. Бул мәселеде қабуснаманы үлги етип, турмыста пайдаланыў жүдә әхмийетке ийе. Ол әжайып ақыллы китап мынадай нәсиятлар береди:

Билгил, хәмме өнерден сөз өнери жақсы. Бирақ сөзди өз орнында сөйле, орнында айтылмаған сөз, егер ол жақсы болса да жаман көринеди. Бийхуда сөйлеме, себеби пайдасыз сөз зыян келтиреди.

Егер сениң сөйлеген сөзиңнен пайдалы нәрсениң ийиси келип турмаса, бундай сөздиң айтылмағаны жақсы. Билимданлар: «Сөз бир мәй, оннан бас аўырыў пайда болар, сөз бас аўырыўыңа дәри де болады» деген.

Биреў сеннен бир нәрсени сорамаса, жуўап бермегил, бийхуда сөзден сақлан, бир нәрсени сораса, дурысыны айтқыл.

Сеннен сорамаса, сен оған пәнди-нәсият қылмағыл, әсиресе пәнди-нәсиятты тыңламаған адамға хеш нәрсе демегил. Көп адам арасында бир адамға нәсият қылма, яғный көп адам арасындағы нәсият бул кейисдур. Егер адам қыңырлыққа әдетленген болса оның қасына бармағыл, себеби бундай адам туўры жолға түспейди яғный қыйсық ағашты шаўып жонбағанша дүзиўлеп болмайды.

Жумсақ жақсы сөзге саран болмағыл, халықтан жумсақ сөз еситейин десең қатты сөз айтпағыл, жақсы сөз айтқыл.

Әй, балам, билгил халайық үш түрли болады: сөз төрт түрли

болады, халықтың бири сол: биледи, билетуғынын да биледи, бундай киси алымдур, оған бойсыныў лазым. Тағы бири биледи, бирақ билетуғынын билмейди, ол уйқыдадур, оны оятыў керек. Бири сондай билмейди, билмегенин де билмейди. Ол аңқаў надандур, оннан қашыў керек. Сөз төрт түрли болады: биринشиси, билиўге ҳәм айтыўға керек емес сөзлер, екиншиси, билиўге ҳәм айтыўға зәрүр болған сөзлер, үшиншиси, билиўге зәрүрлиги жоқ, бирақ айтса болатуғын сөзлер, төртиншиси, билсе болатуғын, бирақ айтыўдың кереги жоқ сөзлер. Айтылатуғын ҳәм билиў керек сөз сондай болады, дүньяның жақсылығы сол сөзге байланыслы болады. Бундай сөз дүнья ушын пайдалыдур. Бундай сөздиң айтыўшыға да, еситиўшиге де көп пайдасы бар. Билесиз бе, айтыў мүмкин болмайтуғын сөзлер сондай болады: бир ҳәмелдар, яки бир дос адамның айыбы саған мәлим болды. Ақыл менен ойлаған ўақытта оны айтыў уятсызлықдур. Сол айыпты айтсаң, сол ҳәмелдардың ашыўы келеди, достың сеннен қапа болады яки өз басыңа үлкен сорлы ис ҳәм ғаўға арттырып аласаң, соның ушын бул сөзди билиў керек, бирақ айтпаў лазым.

Бул төрт сөзди баян еттим, булардың жақсысы-ҳәм билиў, ҳәм айтыў зәрүр болған сәздур. Бул төрт сөздиң еки тәрепи бар: бири гөззал тәрепи, екиншиси жаман тәрепидур. Халық алдында сөйлейтуғын сөзиң гөззал болсын, бул сөзди халық қабыл етсин. Халайық сениң сөз бенен бәлент дәрежеге ерискениңди билсин, себеби адамың мәртебеси сөз арқалы билинеди, сөздиң мәртебеси адам арқалы билинбейди, себеби ҳәр адамның аўҳалы, жай-жағдайы өз сөзи астында жасырынған болады, яғный бир сөзди бир ибара менен айтса болады, онда еситкен адамның кеўли жағдайсыз болады, сол сөзди екинши ибара менен айтса еситкен кисиниң кеўли ашылады. Әй, балам, ҳәдден аспағыл, ҳәдден асыўды сумлық деп билгил, ҳәр исте орташа болғыл. Ҳәр сөзди айтыўға ҳәм ҳәр бир исти қылыўда шыдамлы бол ҳәм асығыўдан аўлақ бол, сырыңды өзиңнен басқа кисиге айтпағыл сырыңды биреўге айтсаң, сен оны сыр деме.

Сениң сөзиңниң туўрылыгына гуўалық бергендей сөзди айтқыл.

Алдыннан ойлаў бул бир кәраматтың түридур. Қандай сөз болса да, тыңлаўдан жалықпа. Ол сөз керегиңе жарасын, мейли жарамасын оны тыңла, өйткени сениң ушын сөз есиги жабылып қалып, пайдасы таўсылып қалмасын.

Суўық сөз сөйлеме, суўық сөзден душпанлық өнип шығады. Қандай дана болсаң да, өзиңди надан тутқыл, өйткени сонда саған өнер үйрениў есиги ашық болар. Сөзди ҳәм илимди жақсы билсең

де, хеш бир сөзиңди бузба, туўры тәрийпле, сөзди өзгертпей, булжытпай сөйле. Ҳәмелдарлар менен хәмелдарлардай, әпиўайы адамлар менен әпиўайы адамлардай сөйлескил, ақыллылық ҳәм дәлил менен сөйлегил.

Аўыздан-аўызға өтип жүрген хабарға қарағыл, оннан қашпа. Биреўдиң тәрепин алып сөйлемегил. Егер айтпақшы болсаң душпанға қара, егер оның менен айтысыўға күшиң жетсе ҳәм гәп созылсын десең, дәлиллер ҳәм мысалларға қанат бер, дәлил менен тур. Бийкарлаўға ықтият бол. Әўелги сөзиңди кейинги сөзиң бузып жибермесин.

Ҳәким Улықпанның насиятынан: «Әй улым, қандай гәп айтсаң да нақыл нәсияттан сөйле». Сөйлеген сөзлериңе, айтқан насиятларыңа әдеп өзиң әмел қыл. Өз кәсибиңе жарасқандай гәпти айт. Гәп айтсаң дәлил келтирип айт. Дана адамлар менен сәўбетлес бол. Бир гәп айтпақшы болсаң, әўел оның жууабын бериўди ойла. Ким менен сәўбетлессеңде соның өзине ылайық жарасқандай гәпти айт. Түнде биреўлер менен сөйлессең, жумсақ тил менен әсте сөйле. Сөйлегениңде тек бир адамның бетине қарап сөйлемей, әтирапыңдағыларға да нәзер салып тур.

### 3. Мүнәсибет философиясында сәлем-әликтиң орны

Адам баласының тарийхтағы үлкен жетискенликлериниң бири—сәлемлесиў. Ол шарапатлы ҳәм кәраматлы пазыйлетлерден болып, адамзат әдебиниң қәлиплесиўинде, бир-биреўге мийирбанлық көрсетиўде, дослықты беккемлеўде жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Ҳәмме ўақытта адамзат тынышлықта, саў-саламатлықта, бир-биреўге ҳүрмет, изетте өмир сүриўди, жасаўды күсеген, әрман еткен. Оның тийкарын салған сәлемлесиў әдеби болып есапланады. Сонлықтан болса керек, сәлемлесиўди қудайлық, илаҳийлық деп түсинген.

Бизиң халқымызда «тәңир сәлемин берди», «сәлемин әлик алды» киби қатнасық түри қәлиплескен. Тәңир бул қудайдың бир исми. Сәлемлесиўдиң әҳмийети адамлардың ең дәслеп кейпин баклаў, сағын деген кеўлиниң тартыўын билиў ҳәм тилек арқалы өзиниң ҳәўесин түсиндириў. Бир-бириниң саўлығын сорасыў, өзлериниң аман-есен ушырасып турғанына қуўаныш билдириў, нийетлериниң ҳақ, ҳадал екенлигин сездириў. Бизде сәлемлесиў «Ассалаўма әлейкум» деген араб сөзлери менен басланып, ол, «сизге тынышлық тилеймен» деген мәнисти аңлатады. «Ўәлейкум ассалам» деп жууап қайтарылып, бул «мен ҳәм сизге тынышлық тилеймен» дегенди билдиреди. Соннан

кейин «үй ишиң, мал-жаның аман ба? Ден саўлығың жақсы ма?» деп ҳал-аўҳал соралады.

Әлбетте, аманлық есенлик сорасыўдан бурын пайда болған әдетлердиң бири қол менен ишара етип билдириў. Әййемги неондерталь адамы аң аўлап жүрген гезде алдынан өзине уқсаған еки аяқлыны ушыратқанда, оған өзиниң топылыс жасаў нийетиниң жоқ екенлигин көрсетиў ушын қолларын жоқары көтерер екен. Бул оның «көрип турсаң ғой, мен қуралсызбан» дегени еди. Бундай ишарат әййемги Мысырда адамлар бир-бири менен ушрасқанда қолларын ыйықларының тусына дейин көтерип, алақанларын ашып көрсетер екен: «Мен қуралсызбан, қолымда хеш нәрсе жоқ, саған ҳадал нийет пенен келдим». Буны бизиң ҳәзирги қол алысыўымыздың дәслепки көринислери десе болады. Бул әдет кейин римлилерде де пайда болып, кеште ушрасқанда адам ең дәслеп қарыў-жарақтың жоқлығына исениў ушын оң қолы менен қол алысыўы керек болған. Ал, хошласыў гезиндеги қол алысыў: «усы ушырасыў гезинде бир-биримизди ренжиткен жоқпыз, алдағы ўақытта да усындай кең пейилде, ҳақ кеўиллиликте бир-биримиз бенен дослықта ушыраса берейик, байланыс үзилмесин» дегенди аңлатады.

Дүнья жүзинде халықлар арасында бирнеше түрли сәлемлесиў ушрасады. Мысалы, япониялылар танысын көрип қалса турған жеринде қатып қалады, кейин белине қолын апарып алақаны менен дизесине қарай қолын жылыстырып еңкейген түринде әстелик пенен оған көзин тигип қарайды. Ондай тәжим етиўдиң японларда үш түри: төменирек, орташа ҳәм жеңилирек ийилиў ушрасады. Бизде әсиресе қазақ халқының келиншеклери ийилип тәжим береди, оған «көп жаса, балам», деген жуўап алады. Бизиң халықта да бундай сәлемлесиўлердиң болғанын Гүлпаршынның «ийилип, бүгилип, қол қаўсырып, дизесин басып сәлемин берип, қайнаға ретинде көргенин», Алпамыс дәстанында түсиниўге болады. Ал ерлер арасында бурын қол қаўсырып сәлем бериў яғный, «көрип турсыз ғой еки қолымда ҳеш нәрсе жоқ, бир-бири менен бәнт» дегенди аңлатқан сәлем болған. «Қырық адым кейиниректе аттан түсип, қол қаўсырып сәлем берди» (Алпамыс). Аўғанлар маңлайына қолын тийгизип ийбе етип ийилип сәлем береди. Бул «басымыз аман болсын» дегенди аңлатады. Тибетте жасаўшылар бир-бири менен сәлемлесиўди оң қолы менен бас кийимин шешип, сол қолын қулағының артында услап, тиллерин шығарыў арқалы иске асырар екен.

Ерте дәўирде қытайда бирер достын көрсе, өзиниң қолын өзи қысып сәлем берер екен. Сондай-ақ, Латын Америкасындағылар

бир-бири менен қушақласады. Французлар бир-бириниң шекесин сүйеди, жас американлылар танысын көрсе оның ийнин қағып сәлемлессе, лапландиялылар мурынларын сүйкейди, самолилық адамлар бирин-бири ийскейди.

Сәлемлесиўден кейин ҳал-аўҳал сорасыўда да айырмашылықлар ушрасады. Мысалы, орыслар: «ден саўлығың қалай?», ертедеги Египетлилерден саўлығын сорап отырмастан: «қалай сиз терлейсизбе?» деп ал, греклер бүгин «қуўаныңыз» деп сәлемлессе, Қытайда: «бүгин аўқатландыңыз ба, қарныңыз тоқ па» деп сорар екен. Орта Азия халықларында шеп жақ төсин қолы менен басып, геўдесин ийип сәлемлесиў қәлиплескен. Ҳиндлер еки алақанды бириктирип маңлайын тийгизип, бас ийеди. Ал, монғоллар: «қалай көшип атырсыз, малың қалай?» деп сорасады. Бул сорасыў ҳәмме ушын, мейли қашшанан-ақ көшпейтуғын, малы да жоқ Улан-батыр университетиниң профессорларына да тән пазыйлет болып қәлиплескен.

Бизде сәлемлесиўде «үй-ишиң, бала-шағаң аман ба?», «саўлығың жақсы ма?», «малың-жаның саў ма?» деп сорастырылады. Өзбеклер «тынышсыз ба?» дейди. Буның ҳәммеси халықлардың жасаў жағдайларына, турмысының салтына байланыслы сәлемлесиўдиң түрлеринен келип шыққанлығын көрсетеди.

Шоралар дәўириндеги елимиздеги әдеп-икрамлылықтың ыдыраў иллети сәлемлесиўге де тәсир етти. Биз, гейде адамларды көзге илмедик, яки «здрасти» деп өте бердик. Бурыннан киятырған ийбе етип сәлемлесиў, алдынан кесе өтпеў, қос қоллап қол алысыў, азанда турғаннан кейин ата-анаға сәлем бериў деген түсиниклер үстинен күлип «өтмиш, ескилик» деп қарадық.

«Сәлем» сөзиниң мәниси «жәннет» түсинигин аңлатады: Дор ас-салам (тынышлық бостаны, яғный жәннет), Мәдинат ас-салам (тынышлық қаласы, яғный Бағдад). Бул исимлерди тилде Доруссалам, «Мадинатуссалам» түринде қолланады. «Сәлем» сөзи гимн мәнисине де ийе: «Ас-салам-алмисрииийў» мысыр миллий гимни, Пайғамбарларды еслегенде мусылманлар, әлбетте, «алайхиссалам» (оған тынышлық болсын) сөзин қосып қояды. Араблар бир-бирине хат соңында «ўассалам» сөзин қосады. Бул «сөз тамамланады», «гәп тамам» мәнисине ийе.

Ислам growth динине сәлемлесиў ҳәм рухсат сораў үлкен әдеплилик деп үйретиледи. Қуранда: өз үйиңизден басқа үйге рухсат сорамай ҳәм сәлем бермей кирмеңиз. Рухсат сорап, сәлем берип кириўшилик өзимизге жақсы. Егер усы үйлерден ҳеш ким табылмаса, рухсат болмағанша кирмеңиз. Егер сизге кейиниңе қайтың десе, қайтың сондай болғаны өзиң ушын жақсы. Алла ҳәмме қылып атырған ислериңизди билип турыпты. («Нур») сүреси, 27-аят).

Ислам рухсат сорау ҳәм сәлем бериўди шариятқа киргизген ҳәм екинши тәрептен сәлемди әлик алыўды, адамлар ортасында жуўапты абзалырақ етип бериўди буйырады. «Егер сизге сәлем берилсе, сиз оннан жақсырақ, ямаса тап өзиндей етип жуўап бериң» («Ниса» сүреси, 86-аят).

Муҳаммед пайғамбардан «Исламдағы жақсы қәсийетлер қайсылар?» деп сорағанда ол: ашларға аўқат бермеклик, таныған ҳәм танымағанларға сәлем бермеклик» деп жуўап берген (ҳәдис, Ташкент, 1991. 18-бет).

Халқымыздың дәстүри бойынша инсанға сәлем бериў, адамның парызы деп билип, ким болыўына қарамастан биринши сәлем бериўге үйреткен. Ҳәр ким жасы үлкенлерге, көпшиликке, отырғанларға сәлем бериўлери лазым ҳәм бул үйде, бала бақшаларында, мектепте, жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында үйренилиўи керек.

Сәлемлесиўдиң тийкарғы белгиси жыллы жүзлилик, кишипейиллик, оған жасы үлкенлер: «көп жаса, балам», «өмир жасың узақ босын» деп тилек билдиреди. Сәлемлескенде қолдың ушын бериў, ямаса жақтырмаў, бул тәкаббырлықтың белгиси болып, ондай адамды халық жақсы көрмейди ҳәм ол халықтан жоқары баҳа ала алмайды. Күлимлеген сәлем адамның көп ўақытқа дейин есинде қалады:

Көз алдымнан кетпейди,
Күлимлеп қол бергениң,

Сәлемлесиўде күле шырайлылық, бул үлкен әдеплиликтиң белгиси. Сәлемлесиўде беттиң, түрдиң өзгериўи, қара түнек болып отырыў ҳеш кимге жақпайды. Адам өз түр-түсиниң өзгериўин басқарып, оны шынықтырыўы керек. Себеби, күле шырайлылық, жыллы жүзлилик саған емес, ал басқаларға хызмет етеди. Айтайық, көз көреди, аўыз жутады, аяқ жүреди, ҳәммеси саған хызмет етеди. Ал күле шырайлылық, мийық тартыў сениң өзиңе керек емес, егер айна болмаса оны ҳеш те көрмеген болар едиңиз. Күле шырай, күлим қағыў басқаларға тийисли. Басқалардың сениң менен жақсы, жеңил, ҳақ кеўилли, шадлы болыўы ушын керек. Сонлықтан, Японияда ерте балалығынан баслап қызларды, ҳәттеки уйықлағанда да күле шырай берип уйқылаўға үйретеди.

Сәлем берип атырған киси көпшилик арасында өзине жақпаған ямаса аразласып қалған киси болса да, ҳеш кимге сездирместен ашық түрде сәлем бериўи керек. Қол берип көрискенде қолын қатты қысып аўыртыў әдепке жатпайды. Жаслардың

үлкенлерге бир қолын созыўы әдеплилик емес, шаппатты қағып жибериўде жақсы әдеп болып есапланбайды.

Ерлер ҳаяллар яки қызлар менен көрискенде «Саў барсызба?» деп, ийбели, жақсы көз бенен қараў керек. Егер ҳаял-қызлар өзи қолын созса, қолынан алып, оған күле шырай көрсетиў лазым. Ҳаяллар ҳаяллар менен сәлемлескенде қушақласып көриседи. Бул да орынлы. Гейде узақ ўақыт көриспеген жақын ағайини, дос, туўысқанлар менен көрискенде сәлем менен бирге қушақ ашып қушақласып көриседи. Ерлер бетлерин бетлерине басып көриседи. Ал, ата-ана перзентлерин, аға-ини, апа-сиңли, ерли-зайыплылар бетлеринен яки маңлайынан сүйип көрисиўи мүмкин. Ал, гейпара ерлердиң бирин-бири сүйе бериўи, ямаса басқаның ҳаялын көпшиликте сүйиўге ҳәрекет етиўи, әдепсизликтиң белгиси.

Сәлемлесиўде әдеплилик, кишпейиллик ҳәм орнын билиўшилик адамға алғыс келтиреди. Үйге кирип келген адам жасы үлкенлерге, майыпларға биринши сәлем бериўи керек. Телефонда сөйлескенде биринши мәртебе сәлем берип, атын айтып, өзин таныстырып, соннан кейин жумысын айтыўы зәрүр.

Отырыспада, қызғын әңгиме ямаса саўал-жуўап болып атырған мәжилисте көпшиликтиң дыққатын бөлип қол алыспайды, әпиўайы түрде қолын көксине қойып ҳүрмет пенен сәлем берип қойыўы керек. Әсиресе, дәстурхан әтирапында отырған адамлардың ҳәммесиниң қолынан алып шығыў да орынсыз.

Қол алысып болып қол жуўыўға кирисиў жүдә әдепсизилик болып есапланады. Егер келген адам журтта узақ ўақыт болмаған яки кеселден соң жақсы болған, узақ сапардан яки армиядан келген болса басқа гәп, онда да қолды жуўып кириў керек болады.

## 6-ТЕМА. АДАМГЕРШИЛИК ҲӘМ КЕЎИЛ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Адамгершилик—инсаный пазыйлет
2. Адам кеўли—поэзия нәзеринде.
3. Кеўил қуяшы—әдеплилик айнасы
4. Ҳақ кеўилилик—адамгершилик гүлдәстеси
5. Мийримлилик—кеўил философиясының өлшеми

### 1. Адамгершилик инсаный пазыйлет

Әдеп-икрамлылық индивидтиң раўажланыўының белгили бир дәўирлеринде пайда болды. Адам тәбияттан бөлекленип «ғомо сапиенискe» келиўи менен, оның өзиниң «Мен» деген өзгешелиги

хәм оны түсиниўи қәлиплести. Ол түсиник еки басқыштан турып, бириншиси—адамның әлем менен бирлигин билдиретуғын «биз» арқалы дүньяны таныўға байланыслы хәмме нәрселерге—таўларға, тасларға, хайўанларға, өсимликлерге табынып, сыйыныў—хәммеге бирдей мийирманлық басқышы. Екиншиси—адамның хәрекетине байланыслы хәр қыйлы жагдайларда адам индивиуаллығы көринетуғын, бир-биреўге хүрмет хәм иззет басқышы. Бул басқышларда адамлардың өз-ара мүнәсибетлериниң тәбийий нормасы қәлиплеседи. Оларда еркинликтиң, қайырқомлылықтың, хәттеки зулымлықтың белгилери болған. Ўақыттың өтиўи менен бул тәбийий нормалардың раўажланыўы менен бир-биреўге қатнаста адамгершилик элементлери пайда болып, ол көпшиликтиң мәпин қорғап, адамға жәмийеттиң тәсир етиў қуралына айлана баслаған. Нәтийжеде жәмийетти тәртипке салыўдың адамзат тәрепинен жаратылған әдеп-икрамлылық нормалары келип шыққан. Оның тийкарғы ўазыйпасы бириншиден, ол—адамлардың биргеликте өмир сүриў ўазыйпасын сыпатлайтуғын өз ара қатнас формасы. Екиншиден, әдеп-икрамлылық адамның өзиниң ерки менен көтеретуғын аўыр жүги. Ол—адам өз басын әжел ағымына ықтыярлы қоятуғын үлкен мүшкил. Соның ушын да «Өлимнен уят күшли» дейди. Мысалы, сол мүшкүлдиң арқасында Сократ зәхәр ишиўге, Джордано Бруно өртенип кетиўге, Насимий өз терисин сыйыртыўға қайыл болды. Шоралар дәўиринде Өзбекстанда «пахта иси» бойынша тергеўлер басланғанда каракалпакстанда жазықсыз шахслардың бир қатары бул әдалатсыз мүшкүлге түсип қалғаннан кейин өзине-өзи қол салыўға мәжбүр болды.

Адамгершилик идеялары ең дәслеп Шығыста—«Авесто» да «жақсы пикир, жақсы сөз, хәм жақсы ис» деген адамлар қатнасын анықлаған қағыйдаларда жүз берген. Сондай-ақ, басқада жәхән динлериниң хәммесинде де адамгершилик идеялары үстемлик еткенин көремиз. Айрықша, муқаддес ислам дининиң тийкары хәм әхмийети оның адамгершилигинде жатыр[1]. Мысалы, хәдиси шарифлерде: «адамларга рехимли болмаған кисиге Алланың да рехими келмейди» деген сөзлер арқалы адамгершиликти кәс-терлеген. Адамгершиликтиң алтын нызамы: «Өзиңе кәлемегенди басқаларғада кәлеме», ямаса «өз жақыныңды өзиңди сүйгендей сүй» деген мехрийбанлық талапларда көринеди.

Әдеп-икрамлылықта адамның барлық жақсы хәм жаман қәсийетлери салыстырмалы мәниге ийе. Белгили философ Эрик Фроммның айтыўынша әдеплилик излениўдиң тийкары жеке түрдеги жақсылықлар хәм жаманлықлар емес, ал адамның

қайырлылық ҳәм гүнакарлық минезиниң сыпаты болыў керек.

Аристотель жақсы адам ақыл ойдың көмеги менен, өз бойына тән мүмкиншиликлерди өз ҳәрекетинде көрсетип, өзине жол ашып алатуғын адам. Ал, гүнакарлық, ҳәлсизлик, өзиниң күшин дурыс пайдалана алмаўшылық, деген еди.

Адамгершиликтиң тийкарғы белгиси—қайырлылық болып ол зулымлықтың қарама қарсысы. қайырлылық түсиниги адамлардың улыўма мәплерин қорғаў, келешекке үмитин, талабын, арзыўәрманларын түсиниўди билдиреди. Қайырлылық өмирдиң сақланыўына, жадырап жайнаўына, раўажланыўына хызмет етсе, зулымлық керисинше, өмирдиң гүллениўине иркиниш жасайды.

Қайырлы адам концепциясының айқын көриниси ХХ әсирдиң уллы гуманисти А.Швейцердиң өмирди қәстерлеў туўралы пикирлеринен табылады. Ол былай жазады: «Адам өзиниң ишки умтылыўында өмирге қолынан келгенше талпынғанында ғана, ушырасқан тири жанға зыян келтирмеўди ойлағанында ғана, нағыз адамгершилиги менен көринеди. Ол ушын өмир қәсийетли, ол теректиң жапырағын жулмайды, бирде бир гүлди үзбейди, бирде бир жәнликти ePNG кетпейди. Жазғы түнде шыра жақтысында жумыс ислеп отырғанда отқа умтылған гүбеликтиң қанатының күйгенин көрмеў ушын әйнекти жаўып, қапырықта отырыўды қәлейди»[1]

Адамгершилик келисиўшиликти мойынламайды ҳәм жақламайды. Ол тек өмирди сақлаўға ҳәм раўажландырыўға хызмет ететуғын ҳәрекетлерди ғана, қайырлылық ретинде мойынлайды. Буннан басқа қылық-қылўалардың ҳәммеси, мейли ол қандай жағдайда болмасын зулымлық, деп есапланады.

Адам өмирде зыян келтирмеў зәрүрлигине қанша дәрежеде бағынатуғынлығын көрсетсе—қайырлылық, ал керисинше болса, гүна екенлигин өзи түсинип, өзи шешиўи керек. Жақсылық, қайырлылық адамның өмир сүриўи ушын жуўапкершилиги, ал зулымлық, жаманлық өзиниң өмир сүриўи ушын жуўапкерсизлик. Себеби, не ислесең де сораўы болады ҳәм өзиңниң алдыңа келиўи мүмкин. Соның ушын «қайтар дүнья» делинеди.

Жаманлықты, зулымлықты, тәғдирден, қудайдан излеўге болмайды. Адамларды езиўди, қул қылыўды, қамақхананы, қарыўжарақты ҳәммени қырып жиберетуғын ядро қуралларын қудай емес, адам ойлап тапты.

Улыўма дүньяға, жер жүзине ҳәртәреплеме нәзер тасласаң, ол жүдә көркем, рәңбәрәң, ийгиликли, ҳәзликтиң, бирликтиң мәканы. Лекин адамзат нәпсиниң қулына айланып, оны зулымлықтың

[1] А.Швейкер. Болговение перед жизнью. М.1992.218 б.

жасаў орнына айландырады. Олар дүньяға өтирик-өсеклерди, алдаўшылық, менменлик, ыза-кеклерди, сатқынлық, қашақлық, тәкаббырлық, басқыншылық, жаўызлықларды таратып, адагершилик нормаларын бузады.

Бул гүнакарлық партияларға, мәмлекетке жуғып, үстем күшлерге айланса, онда сол авторитарлық үстемлик тийкарында адамның бийшаралығы пайда болып, оған бағыныўға мәжбүр болады. Айтайық, ҳәзирги гейпара мәмлекетлерде демократия аты менен алдаў-арбаўлар, демократиялық емес ҳәрекетлердиң жүз бериўи адамларды жаўызлыққа ийтермелейди. Ал, адам өзиниң туўылыўынан миннетли түрде зулым емес, ол өзиниң раўажланыўына зәрүр жағдай болмағанлықтан зулымға айланады. Өмирде адам үстем күшлердиң зулымлығына ушырасса, өмирде өзин иске асырыўдағы сәтсизликтиң нәтийжесинде зулым болады.

## 2. Адам көўли—поэзия нәзеринде

Инсанның ең әзиз жери, оның көўли. Даналар көўилди ең муқаддес есаплап, оған арнап ғәзеллер тоқыған. Белгили ғәзел султаны Машраб: «егер бир көўилге азар берсең, жүз Кааба бузылғандай болмайма» деп адамларды мәлҳәмликке шақырса, уллы алым Абдулла Авлоний:

—Адамның көўли мың Каабаданда артық, —деп оны абайлап асырап оны әлпешлеп қатнас жасаўдың әҳмийетин түсиндиреди.

Шығыс әдебияты дурданаларының көўил философиясы ҳаққындағы ойларынан тәсирленген И.Юсупов бул ҳаққында бир қанша поэтикалық шығармалар дөретип, қарақалпақ әдебиятында XXI әсирде биринширлерден болып көўил философиясына айрықша дыққат аўдарып, оның диалектикасын, гөззаллығын, нәзиклигин жырлады:

Көўил бир гөззал бағ, тәрбия етип,
Татлы мийўесин жеп аралаў мүмкин,
Бир жыллы жүз бенен ўақтын хош етип,
Бир жаман сөз бенен жаралаў мүмкин.
Гүлленсин деп инсан көўлиниң бағы,
Бағман гүл егеди тәңирге жазып,
Гүлди женшип кетер малдың туяғы,
Ал адам көўли гүлден де нәзик.

деп көўилдиң диалектикасын анық көрсетеди.

Адам бай ҳәм батыр болыўы мүмкин. Лекин өмирдеги таптырмайтуғын нәрсе адам кеўли екенлигин, биреўдиң кеўлин таўып, өз кеўлиниң қуяшын оларға арнаў үлкен байлық, адамыйлық қәсийет екенлигин шайыр былай жырлайды:

Ийилген дарахта мол болар мийуе
Пейли кең жигитке кең болар дүнья,
Кеўлиң сениң шалқып аққан бир дәрья
Тар әйлесең сол дәрьяда суў қалмас.

Кеўилдиң әҳмийети ҳәм оны табыўдың қыйынлығы, кеўилсизликлер адамларды қырғын қылып жиберетуғын қураллардан да күшли ҳәм қорқынышлы екенлигин:

«Инсан кеўли деген сондай жаман зат,
Ол қырсыққа ақыл жиби шубалар,
Жулдызға жол таўып атқан адамзат,
Кеўилге жол таппай базда тубалар» —деп көрсетеди.

Кеўилдиң адам турмысындағы қүдиретли күшин тәриплеў менен бирге оның өзлигин айтып шайыр:

Сәл нәрсеге қысталып,
Шамырканып туратын,
Кеўил деген не десең,
Насыбай екен бир атым, —дейди.

Усылай етип кеўил философиясына өзгеше дыққат аўдарып, кеўилге анықлама берип, кеўилдиң бир атым насыбайдан қалатуғынын көрсетип, соның менен бирге оның нәҳәнликке, ҳәммеден артық болыўға ҳәм марапатқа семиретуғынын көрсете келе, егер ол кеңейсе—кең сарайдың өзи, ол тарайса—тебенниң көзиндей тар болады, деп үйретеди.

Кеўил күни қыздырса
Таўдың тасын жибитер,
Жүреклерде муз турса,
Сол музды да еритер, —дейди шайыр, соң:
Айнадан қатты нәрсе жоқ,
Сәл нәрседен сынар ол,
Кеўилден пәтли дәрья жоқ,
Сол жерде тынып қалар ол,—

деп Ибрайым адам кеўлин сәл нәрседен сынатуғын айнаға усатып, мәўжиреп аққан дәрьяға теңеп, оған зәлел келсе бирден тынып қалатуғынын айрықша шеберлик пенен сүўретледи.

Белгили ағартыўшы Абдулла Авлоний: кеўилге меҳрибанлық керек, меҳирсизлик—аламат, дәрьяны куртып адамды аздырады. Ал меҳрибанлық удайына даўам ететуғын сезимге айланса «кеўил кеўилден суў ишип» жайнап турады. Бул пикирге қосылған шайыр И.Юсупов:

Жүрек шәўкилдеп турсын дә!
Дүньяның қайсы бурышында,
Жасап турсакта, дурысында,
Кеўил кеўилден суў ишер, —дейди

«Адам улы адам қәдирин билмесе, Оннан гөре отлап жүрген мал жақсы», —дейди Әжинияз.

Адамның қарнын тойдырыў қыйын емес. Мийнет қылса, несийбесине ылайық ырысқы табады. Ал кеўилди тойдырыў қыйынырақ. Лекин кеўилди тойдырыў ушын дәслеп оны табыў керек. Соның ушын Ибрайым:

Серле, ҳей адам баласы,
Жаман дур кеўил аласы,
Адам адамның қуяшы,
Кеўил кеўилден суў ишер, —дейди.

Шынында адамның адамға қуяшы түссе ғана кеўил толады.

Шайыр өз шығармаларында: ҳәр кимниң кеўли ҳәр түрли, ҳәммениң кеўлин табыў қыйын, лекин сондай болса да, кеўил философиясында адам ҳеш кимниң кеўлин ауыртыўға тийисли емес, себеби адам кеўли нени күсемейди, деген жуўмаққа келеди.

Кеўил деген жаман зат,
Дала болсам дейди ол,
Қартайғанда қайтадан,
Бала болсам, дейди ол.

Шынында адамның кеўли гейде кең даладай гейде кишкене баладай болады. Бул оның ҳәм уллылығы ҳәм нәзиклиги.

Адамларға жақсылық етиў, кисилерге жаманлық етпеўден

басланады« шыпакерлик қылып, биналар қурып, қосықлар жазып, жаңалықлар ашып, өнимлер жетистирип, кәнлер таўып, қулласы барлық ийгиликли ислерди ийелеп, тийкарынан әҳмийетли ўазыйпаны атқарып, адамлардың кеўлинен шығамыз. Демек барлық ислер, барлық жоллар, хызметлер бир мәнзилге- адамның кеўлин жылытыўға барады. Басқа жоллар пәлекетли, бир-бирин табалмаған кеўиллер бир-бирине қарай оқ атады. Ондай оқлар дәл тийеди ҳәм тәсирин тийгизеди. Ол адам кеўлин қалдырмаганша тынбайды. Соның ушын да «айтылған сөз-атылған оқ» деген гәп бар. Сонлықтанда шайыр Мақтумқулы былай дейди:

Бир яман сөз тилер кетер,

Ақпас қаны жарасы жоқ. Демек, сөз кеўил арнасы. Ол емлейди, ол өлтиреди.

Кеўилдиң гилти адамды сүйиў. «Мудам сүйип жасасын, Бир адамды бир адам» деп Ибрайым адамды адамның сүйиўиниң мәнгиликке айланыўын күсейди.

Тарийхта сондай сәркардалар болған, барлық әскерлердиң атын ядтан билген. Бизде перзентлериниң атларын шатастыратуғын адамлар да табылады. Ал, адамның өз аты болса, ол еситип жүрген барлық сеслердиң ағласы. Ол сес оның кеўлин жибитеди. Лекин ҳәр бир әскердиң атын билиў саркарда ушын шәрт емес шығар, бирақ ҳәр бир әскердиң кеўлин табыў шәрт. Ондай болмаса жаўынгер ондай әскер басыға итибарсыз болады. Ал бул мәселеде оны өз аты менен атаў кеўлин көтереди.

Ибрайымның шығармаларында кеўилге нур беретуғын мийрим-шәпаат шеғара ҳәм өлшемди билмейтуғын ҳәм инсанның ислемеўге болмайтуғын туйғысы, инсаный кеңпейиллик, инсанның кәлеўи, имканияты, ҳүждан ҳәмири екенлиги көркемлик пенен сүўретленеди ҳәм ол қәсийетлерди қуяшқа теңеп былай дейди:

Кеўлиниң өзинде қуяш болмаса,
Көктеги күн оны жылытпас хасла,
Кеўлиң суўық болса ыссыларда да,
Кимдур биреўлерди тоңдыра баслар.

Мийримлилик—ең дәслеп туўрылық, адамға туўры қатнаста болыў. Инсан туўрылық шайдасы, туўрылық—кеўилдиң гүли. ҳәдислерде «Бир мусылманға зыян жеткизген ҳәм оны алдаған киси бизлерден емесдур» деп тастыйықланады.

### 3. Кеўил куяшы—әдеплилик айнасы

Адамзаттың жүрегинде өзгермейтуғын бир кәсийети бар. Ол адамның ата-анаға қатнасы, оған хәмме ўакыт хүрмети хәм иззети. Себеби хәр бир адамның атасы хәм анасы бар. Олар оны жоқлықтан бар еткен. Соның ушын адам өз ата-анасына миннетдар хәм карыздар. Себеби «атаға не кылсаң, алдыңа сол келеди» деген аксиоманы хәр бир инсан өз кәлбине жәмлеп, жүрегиниң төринде сақлайды. Атага қарап ул өседи, анаға қарап кыз өседи. Соның ушын хәзирети Наўайы: «Басыңды пида қыл ата басына» деп ата хәм ананы айға, қуяшқа теңеген. Ал атақлы Бердақ бабамыз:

Ата-анаңды қәдирле,
Өлгениңше жақсы сөйле.
Мал тапсаң торқаға бөле,
Өсериңде жақсы балам, —дейди.

Ал Әжинияз сапарға шығып кетерде атасына мынадай деп мүрәжат еткен:

Мыңда бир ырзаман ата мен сенден,
Келермен шықпаса жаным бул тәнден.
Сениң бел мәдарың, кеўил қуўанышың,
Ғамхорым, атажан, қолың бер енди.

Тоталитаризм дәўиринде әкелик хүрметке айтарлықтай итибар берилмеди. Партия әкеден гөре, хаялды хәм баланы көбирек тыңлады. Оларды хүрметледи. Атасын «халық душпаны» деп тутып берген Павлик Морозовқа естеликлер орнатып, аты мәңгилестирилди. Қарақалпақстанда да әкесин қызылларға тутып берген балаларды мақуллап көркем шығармалар дөретилди. Ҳаялы «ерим маған дыққатсыз болып баратыр» деп арза берсе болды, ол партиялық шара көрилип, истен алынып абыройы айрандай төгилер еди. Ҳаялы ашыўланса, ерине «ажырасаман», «алимент алып көзиңниң майын ағызаман», «перзентлериңди көрсетпеймен» деп қорқытатуғын еди. Нәтийжеде шоралар дәўириндеги эмансипация, хаял хәм еркектиң теңлигин надурыс түсиниў, хуқықый теңликти турмыстағы теңлик пенен бирдей деп есаплаў еркеклерге әдеўир қыйыншылықты туўдырды. Бул олардың шаңарақтағы басшылық ролиниң екинши тәрепке өте баслаўына себепши болды. Социологлардың изертлеўлерине қарағанда «мәскүнем» болған-

лардын көпшилиги шаңарақта абыройының төменлигинен пайда болар екен.

Еркеклердиң ишкиликке жақынлығы, оның мәскүнемшиликке берилиуи, гезенделиги, солай етип шаңарақта сырын алдырыу да, бәң шегип, нәшебентлик пенен шаңараққа зыян келтириуи сыяқлы иллетлер де әкениң ролин төменлетти. Жумыстағы әдилсизлик, турмыстағы жетиспеушилик, әкениң кейпин бузды. Ол, әлбетте, шаңарақ психологиясына тәсир етти. Әкени ауырыу қылды, темекиге, насыбайға, араққа, басқа да нәшелерге алып келип, оның қәддин бүкти. Белгили шайыр Тилеуберген Жумамуратов былай деген еди:

Көп оқып, көп билдим, бул азлық етти,
Ахмақ хәмел менен устазлық етти.

Бундай жағдайдағы кеуилдиң абыржыуы да улыума, әдилликтиң бузылыуы да әкениң саулатына хәм хүрметине тәсир етти. Ата билими, ата абыройы, екинши орынға шыққаннан кейин, кимде хәмел болса, ол билгиш болды. Ол аталардан да артық сыйланды. Сонлықтан болса керек халықта «Мийман атаңнан да уллы» деген мақал пайда болды. Мийманның уллылығы дурыс еди. Ол ырысқы -несийбе. Ол дәстүр, үрп-әдет. Лекин қандай мийман болса да, сени дүньяға әкелип, жарық дүньяны көриуге себепши болған атадан артық, деп есаплау бул әдеплиликтен емес еди. Ол мүмкин, «мийман атаңдай уллы» деген сөз болған да шығар. Ондайды өз мәпи ушын бузып айтыушылар бизде ушырасады. Усыған байланыслы шоралар дәуиринде пайда болған: «әкениң ең жақсысы жезедей болады» деген мақалды да пайдаланыу пәтиуасызлық хәм қыялдан шыққан кемситиушилик болыуы итимал.

Буннан «елимиздеги барлық еркек өз миннетин толық орынламай атыр, жылауды қатынларға услатты ямаса өзи екинши орынға аумасты» деген түсиник келип шықпайды. Ошағына хақыйқат басшы, шаңарақты жиптиктей басқарып, оның пәрауан турмысын шөлкемлестирип, шаңарақ ағзаларының уазыйпаларын өз орнына қойып, оның хүкимдары болып жүрген еркеклер де аз емес. Олар өндиристе де, шаңарақта да, қатар қурбылары арасында да абыройлы. Ел рауажына қосып атырған үлеси де үлкен. Соған қарамастан уллы әкениң образының поэзияда дерлик сәуленленбеуи, сазларда шертилмеуи, жәмийетлик пикирде ардақланбауы бизде шоралар дәуиринен қалған мийрас деп есаплауға болар еди.

Ғәрезсизлик идеологиясы халқымыздың тәбиятына тән болып, арзыу-талапларын көрсететуғын миллий қәсийетлерди заман

талабына тийисли жəне де байытыўда «ата-ана, мəкəн, улыўма жəмəәтке жоқары хүрмет итибарды» пайдаланыў кереклигин талап еткен жағдайда атаға да хүрметти өз орнына қойыў, миллий өзлигимизди қайта тиклеўдиң, яғный миллий идеямыздың әҳмийетли шəрти болып есапланады.

Әлбетте, атаның шаңарақ алдында миннети жоқары ҳəм абыройлы. Көп жағдайда шаңарақтың қурғынлығы, оның абаданлығы əкеге байланыслы. Сонлықтан қәдириятларда «ата-баба» деген сөз муқаддес. «Ата-ана» сөзинде де алдында ата турады. Тилеўхана-мешитлердиң, сыйыныў жайлардың көпшилиги, яғный ҳəким ата, Даўыт ата, Тоқпақ ата, Султан баба х.т.б. басқалар сыяқлы шарапатлы орынлар «ата» деп аталған.

Халықта «Ата разы-қудай разы», «Ата ғаргысы ок» делинеди. Сонлықтан айыплы баланы «атаңа айтаман» деп қорқытады. Шаңарақта əке иззетленип төрде, қалын төсекте отырады. Ол тағамды жеўди басламағанша, ҳешким табаққа қол урмайды. Оны əзизлеў қостардың парызы, ул-қызларының перзентлик ўазыйпасы. Ҳəдислерде «атаның дуўасы емес, ғарғысын алған перзенттиң еки дүньясы да күйеди» делинген. Шынында да атаның жүрегин аўыртыў жаман ақыбетлерге алып келетуғынлығы ҳаққында тарийхта ҳəм турмыста мысаллар көплеп ушырасады. Белгили Суўпы Аллаяр былай жырлайды:

Аспаннан иси түсип, қылса да ҳаққыңа дуўа,
Егер атаң риза болмаса, тəўбең қабыл болмас сирə.

Қанша тəўбе қылғаның, зияратларыңның пайдасы жоқ, егер əкең риза болмаса, деп ҳəр ким өз əкесин ким болыўына қарамастан хүрметлеп, оның менен шадланып қуўаныўы адам əдеплиги екенлигин көрсетеди.

«Аталар сөзи-ақылдың көзи» дейди халқымыз, демек оның ақылы жəмийетке ҳəм шаңараққа да жүдə зəрүр. Аталар еллерди талай рет апатшылықтан сақлап қалған. Шаңарақты дүзеген ҳəм ҳəўижлендирген. Соның ушын да «ғарры билгенди пери билмейди», «ғаррысы бар үйдиң периштеси болады» деп тастыйықлайды. Суўпы Аллаяр: «Атаң мəртдур сен атаңдек хызмет қыл, яманлық əйлегенге яқшылық қыл» деп атаның, яғный əкениң жəмийет раўажында, өсиўинде, тынышлығында, табысында əҳмийетин жоқары көтерген. Сонлықтан халқымыз өзлериниң улларының келешегине зор үмит пенен қарап атларын Атаназар, Атаулла, Атабай, Атамурат деп қойған.

Ата шаңарақтың үлгиси ретинде оның ҳадаллығы, расгөйлиги,

әдиллиги, исбилерменлиги, катты коллығын тәрбиялаудың өлшеми. Хошжакпаслық аркалы шаңаракты тәмийинлей алмайтуғын әкениң абыройы пәс болады. Шаңаракты бағып, исин шөлкемлестирип отырған әкени көрген ул, оның тапканын ылайыклы етип жумсаған ананы көрген кыз, әлбетте, өз алдына шаңарак курғанда өзиниң көргенин ислеп, бахытлы болады. Соның ушында «уяда не көрсең ушканда соны ислейсең» деп дурыс айткан хәм ондай балаларды «көргенли» деп бахалаған.

Әке кәсибин таңлаған перзенттиң өмири шырайлы болады. Ол өз үйинде кәсипке тайынланады. «Ата көрген оқ жонады, Ана көрген тон пишеди» деп айткан сөзлердиң жаны бар. Ол тек әкеге хүрмет ғана емес, ал рауажланыў дәреги де, японларда «патернализм» деген идея бар. Ол жумыста «ата-перзент» үлгиси, яғный олардың ата кәсибине берилип оны даўам етиўи хәм рауажландырыўы.

Бунын хәммеси ата-анаға дыккатлылыкты, оның кеўлине карап хәм хүрмет кылыўды улығлайды, инсанда адамгершилик әдебин оятады.

### 4. Ҳак кеўиллилик адамгершилик гүлдәстеси

Ҳак кеўиллилик инсанның жаксы пазыйлетлериниң бири. Ҳак кеўил адам баскалардың ығбал-бахтына, олардың хызметине хәм оның жеке өмириндеги жеңислерине өзиниң табысы, өзиниң жемиси ретинде карап, оған куўанады. Ол адам өзгелердиң бахтында жәмийеттиң бахтын сәўлелендиретуғын инсан. Ол адам хәммениң иси жүриссин, мениң хызметим, мениң табысым кала берди, хәммениң табысы болсын, хәммениң табысы мениң табысым, деп исенеди. Ол биреўдиң көмек сораўын тилетпей-ак, өзиниң хак кеўиллиги менен көмек бериўге таяр турады. Бундай адамды халыкта «хақ жүрек адам» деп атайды. «Ҳақ жүрек ердиң өзи екен». Ол адамлардың уқыплылығын, талапшаңлығын, дәўлетлилигин, бир-биреў менен досласып катнасыўын, жәрдемин, сыйласығын тәбийий деп есаплайды. Ҳақ кеўил адам ақ көкирек, кеўлинде кир жоқ, өтирик айтыўды, алдаўды билмейди. Оның руўхый дүньясында атакка кумарлык, мактаншаклык, кисини менсинбеўшилик, тәкаббырлық болмайды.

Ҳак кеўиллик—көкиреги кара, «менде жоқ нәрсе сенде не ушын болыўы керек», «мен жаман тураман, сен неге жаксы турыўың керек» деген кызғаншаклыктың карама-карсысы кәсийети.

Ислам дини кызғаншаклыкты катты каралайды. Себеби, кызғаншаклық кисилердиң ортасында мехрибанлыкты жок

қылады. Ондай адам өз-ара жәрдемди, меҳир-мириўбетти жек көреди. Бийшара, камбағал адамларға жәрдем бериўди ойламайды. «Қайсы халықта, қызғаншақлық болған болса, ол халықта өз-ара жәрдем болмайды» дейди ислам дини. «Болар елдиң балалары бирин-бири батыр» дейди, «Болмас елдиң балалары бирин-бири қатын дейди» деген бизиң халқымыз.

Сықмар адам-сараң, қытымыр жәнe кеўли тар келеди. Сықмар адам байлыққа беккем жабысып алған менен ол кәмбағаллықта жасайды. Себеби, байлықты топлап, оннан пайдаланбай жүриў де кәмбағаллықтың бир түри. Бәлким, eң жаман түри. Ислам «Сықмар киси хор болады, адамлардың ғарғысына ушырайды» деп насиятлайды.

Демек, кимде-ким кеўлим тыныш, өмирим машақатсыз, деним саў болсын десе, бақыллықтан, яғный иши тарлықтан, көре алмаўшылықтан, қызғаншақлықтан ўаз кешиўи керек. Себеби, ол адамды аздырады, досларын қашырады, абыройын төгеди ҳәм әлбетте, ден-саўлығына тәсир етеди.

Қабуснамада мынадай ҳикаят бар.

Арыслан айтты: —Шахлар сарайына жақын адамлардың иси ҳәмме ўақ патас. Олар бир-биреўин көре алмайды, бир-биреўлеринен қызғанады. Қызғаныў, күншиллик бул сондай бир от, егер ол тутанса ҳәммеси, бәри тең жанады. Қызғаныўдың, күншилликтиң ақыбети сондай, бир-биреўин көрерге көзи болмаған үш адамның қыссасындағыдай, қызғаншақ, күншил өзине де рәўа көрмей қояды.

Арысланның анасы сорады: —үш күншил не қылған екен?

Арыслан айтты: —Бир-биреўине жолдас болып үш адам сапарға шыққан екен дейди. Жасы үлкени қалған екеўине айтыпты: -Сиз не себеп өз ўақтыңыздың рәҳәтинен кешип сапар қыйыншылықларын кәлединиз? Биреўи айтты: —Мен бир жерде жасайтуғын едим. Ойланып-ойланып ақырында аз ғана ўақытқа болса да ўатаннан шығып кетсем, көрип қызғанатуғын нәрселерди көрмей, қызғанбайтуғын болсам деген қарарға келдим.

Екиншиси айтты: —Мен де сол себепли усы жолды таңладым. Ең жасы үлкен уллысы да сол себепли шөлге шығып кеткенин айтып берди.

Бул үш күншил бир-биреўи менен табысқанына қуўанысып жолға раўана болды. Бир күни жолдан бир шыжлан алтын таўып алды. Аўызбиршилик пенен алтынды бөлисип алыўға қарар етти. Бирақ ҳәр қайсысының қызғаныш оты жанып, басқасының алатуғын үлесине көз тиге баслады. Солай етип бир күн, бир түн жазийрама ыссыда, аш, шөллеген, уйқысыз халында жәнжеллести.

Ертеңине сол әтираптың патшасы ауға шыққан еди, мәхремлери менен сол жерден жүрип өтти. Патша үш күншилди көрип аухал сорады. Олар хәмме гәпти айтып берди: —Биз үшеўимиз де қызғаныш отына күйемиз, жанамыз сол себепли ўатаннан жуда болған едик. Мине, енди тауып алған алтынларды бөлистириўде арамызда келиспеўшилик шықты. Бул алтынды бөлип бере алатуғын адамға мүтәж болып турғанымызда мине шахтың өзи ғайыптан келип қалды.

Патша айтты: —хәр қайсыңыз өзлериңиздиң қай дәрежеде қызғаншақ екенлигиңизди сөйлеп бериң, сонда қызғанышыңыздың дәрежесине қарап алтынды бөлип беремен.

Биреўи айтты: —Мениң қызғанышым сонындай күшли, хеш ўақытта биреўге мийрим-шәпәәт қылғанды хәм хеш бир адамның ўақтының хош болғанын қәлемеймен.

Екиншиси айтты: —Сенде қызғаныўдың өзи жоқ екен. Мен болсам биреў-биреўге өз дүнья малынан берсе жаным шығып кетеди.

Үшиншиси айтты: —Сизлер екеўиңиз де қызганыштан бийнесип екенсизлер. Маған биреў жақсылық етсе, басқаларға да жақсылық қылады екен, деп күйип кетемен.

Патша булардың ишиниң қаралығына хайран қалып айтты:

—Сөзлериңизге қарағанда бул алтын сизлерге харам. Сизлердиң хәр қайсыңызға ылайық азап-уқыбет керек. Биреўге мийрим-шөпәәтти қәлемегенниң жазасы сол: оны жаман атлы етип, бул дүньяның жақсы нәрселеринен жуда етиў керек. Биреўгебиреўдиң бергенин көре алмаған адамды өлтирип, оннан қутылған жақсы. Өзгеден де, өзинен де қызғанатуғын адамды дүньядағы барлық азаптың түрлери менен қыйнап-өлтириў керек.

Шахтың буйрығы бойынша, бирinши қызғаншақты басын төмен қаратып асты, екиншисиниң басын кести, үшиншисиниң денесине зәхәр сүртип әптапка қаратып қойды. Солай етип, қызғаншақ үш адамды жазаға гириптар етти. Қызғаныш—даўасыз дәрт. Қызғаныўшы хәмме ўақыт биреўдиң шадлығынан, рәхәтинен қапа болады, иши күйеди. Қызғаныш сонындай бир жаман қәсийет, оның кесиринен адам өзине де жақсылықты рәўа көрмей калады. Шахлар сарайына жақын адамлардың иси бузықлық, қызғаныш, жаманлық, арзагөйлик хәм бир-биреўин жаманлаўдан ибарат. Олар күни-түни бир-бириниң изине түсип, бир-бириниң үстинен өсек айтады. Ким шебер, уқыплы болса, сол туўралы көп мыш-мышлар тарқатады.

Өнер ийелерин хәмме ўақта уқыпсыз, қызғаншақ, күншил, жаман адамлар аяқ асты қылады, олар пәс адамлардың жек

көриуине, ғәзебине ушырайды. Укыпсыз, қызғаншақ, күншил, жауыз, пәс адамлар жақсы адамларды набыт етеди. Ашкөз сақыйды көрсе, надан алым менен мәжилис қылса, ақмақ ақыллы менен сөйлессе, жүреги ойнап, қаны қайнап кетеди. Уқыпсыз адамлар өнер ийелерин жерге урып, оларды гүнакар етип көрсетиуге ҳәрекет етеди. Диянатты жынаят етип көрсетеди. Бахыттың қуралы болған ҳонер ҳәм бахытты бахытсызлық қуралына айландырады.

Сықмарлық қайдан пайда болады? Бул, әлбетте, қан ҳәм жан арқалы адамға келетуғын физиологиялық қубылыс емес. Нәресте туўылғанда болажақ қәсийетлер ата-ананың, шаңарақтың, басқа да ересек адамлардың тәрбиясына байланыслы болады. Олар баланы қадағалап, дурыс тәрбияламаса, мектеп тәрбияшыларына да қыйыншылық туўдырады. Ҳәр бир ата-ана өз баласын жаман болсын деп қарамайды. «Ғарға өз баласын аппағым, кирпи өз баласын жумсағым» деп сүймейме? Оның кемиссиз өсиўин, шаңарақта, өмирде бахытлы болыўын ойлайды. Сол тәбийий арзыў-әрман менен гейпара шаңарақлар, ата-аналар балаларын кишкентайынан баслап қуўыршақтай қылып қояды, қолларын суўық суўға батырмайды, әлпешлейди, еркетай қылып тәрбиялап, тентекти келтирип шығарады. Нәтийжеде бундай балалар иши тар, сықмар, қызғаншақ болып шығады. Буларда барына қанаат етиў, жоққа шыдаў, қайыл болыў қәсийети жетиспейди. Керисинше көўли күсеген нәрселерди ислеп, ҳәр қандай жол менен (гейде харамлық жоллар менен де) болса да мақсетине жетиўге урынады.

Егер усындай жағдайды сезип баланы туўры жолға салмаса, ол бала руўхый жақтан да, физикалық жақтан да майып болады. Бундай балалар ата-анасының абыройынан хаўаланып, хеш кимниң айтқанына қулақ аспайды. Мектепте классласларын, ҳәттеки муғаллимлерин де көзге илмей, жәмәәтте өзин басқалар менен тең тутыўдың орнына писент етпей кетеди. Бундай минезқулық турмыстың қыйыншылықларынан қорқатуғын, «аўырдың үсти менен, жеңилдиң асты менен жүретуғын» айрым адамларға тән болып қалады. Яғный, олар турмыс машақатларынан қорқатуғын болып, қыйын иске баспайтуғын, мийнетти сүймейтуғын болып шығады ҳәм жеңил, аңсат жол менен тиришилик етиўге урынып, өзиниң инсанлық ўазыйпасын, жәмийет алдындағы миннетин умытады. Нәтийжеде майда алаяқ, жалатай, иши тар адамға айланады. Булар өмирден абырой таба алмағаны ушын, дөгеректеги адамлардың ҳүрметине ылайық бола алмағаны ушын, басқалардың өмириндеги, мийнетиндеги табысларына, ел арасындағы тапқан ҳүрметлерине ызаланып, ишлери күйип қарайды.

Булардың ҳәммеси адамгершилик принциплерине туўра келмейтуғын иллетлер болып есапланады.

## 5. Мийримлилик—кеўил философиясының өлшеми

Бизиң елимизге шоралар дәўири мийримсизликтиң тукымын септи. Себепсиз, жипа-жексиз қуўдалаўлар, репрессиялар, ериксизлик, ҳуқықсызлық, бир-биреўдиң үстинен домалақ арзалар, бирин-бирине аңлытыўлар адамлар арасында әкесине де исенбеўшиликти туўдырып қоймастан, биреўдиң тәғдирине итибарсызлықты, бийпәрўалықты, адамның наласына тас баўырлықты, сүрбетликти келтирип шығарды. Басқарыўдағы бюрократизм, административлик усыл, столдың күши адамларды ҳижран отына салыўы, дадының жетпеўи оны қатты кеўилли қылды.

Нәтийжеде, ҳәттеки әке-шешесин де қорлайтуғын, өлсе де қарамайтуғын, оларды қариялар үйине апарып таслайтуғын ямаса туўған балаларын далаға яки туўыў үйине қалдыратуғын тас баўырлар, рейимсизлер пайда болды.

Ғәрезсизлик тийкарында өзлигимизге қайтыўымыз бенен, бурын елимиздиң турмыс көлпине айланып, олардың мураты болған мийрим-шәпәәтлиликти қайта тиклеў ўазыйпасы қойылып, ол миллий ғәрезсизлик идеологиясының тынышлықты, дослықты, әдалатлықты баўрыкеңликти тәриплейтуғын идеясының түп сағасы, философиялық дерегине айланды.

Мийрим-шәпәәт кең философиялық түсиник. Ол инсанның қәдирине жетиў, ҳал сорасыў, адамның аўырын жеңил етиў, қайыр-сақаўатлық көрсетиў, жетим-жесирге сақый болыў сыяқлы пазыйлетлердиң жыйынтығы.

Шынында да мийрим-шәпәәт бул тәрбиялаўшы, жигерлендириўши күш. Сонлықтан халқымыз: «Меҳир тасқыны дәрьядан күшли», «Меҳир темирди еритер, қәҳәр тасты жарар» деп үйреткен.

Демек ҳәр бир адам бир-бири менен мийримли ис алып барып, бир-бирине шарапаты тийсе, кем тәмийинленгенлердиң ғәрийплигиниң себебин ашып, оны жақсылаўдың жолын көрсетип, ҳәлсизлерди жигерлендирсе, руўхландырса, келешегине исендирсе бул әжайып мийрим-шәпәәтлик болады.

Турмыста ақсақлардың футбол ойынларын, ямаса жуўырыўдағы табысларын, шолақлардың машина айдаўларын, гереңлердиң нама шығарыўларын ҳ.т.б. сол сыяқлыларды билемиз ҳәм көрип те отырмыз. Бул әлбетте бир-биреўге мийрим-шәпәәттиң нәтийжеси.

Шынында да, адамларға сақыйлық көрсетип, аўқат бериў, сыйлықлаў мийримлиликтиң белгиси. Лекин оған қоса оларға шын кеўилден қатнас хызметлерин жоқары бахалап, хәттеки ақылласып, мийрибанлық исленсе, оның аўыры жеңиллеседи. дәртине дәрман болады. Соның ушында «Тағамың түске жетпес, меҳрин естен кетпес» деген гәп бар.

Мийрим-шәпәәт бул ең дәслеп туўрылық. Биреўге қатнаста туўры болыў. Адам ҳаслында туўрылық шайдасы. Сәўбетлесиў арқалы өтирикке, өсекке, жалатайшылыққа қарсы пикирлер менен адамларды тәрбиялаў, жолдан шыққан наданларды аяў, жақсы сөз бенен жақсылыққа қайтарыў, жанды семиртиў-мийрим-шәпәәттиң бир түри. Муҳаммед әлайҳиссаламнан бир адам: «Мен наданман, маған динге пайдалы бир нәрсени үйретиңиз» дегенде, ол: «Аллаға исен ҳәм исиңде туўры бол» деген екен. Демек, туўры жол өмир шырағы, инсан парызы. Туўры адам жалған сөйлемейди, биреўди алдамайды, ҳийле қылмайды. Демек, ол адамлар арасында мийримли, итибарлы ҳәм қәдирли инсан.

Мийрим-шәпәәт илаҳий бир туйғы, бабаларымыз дәстүри. Олар тас баўыр қатаң емес, керисинше, меҳрибан, жумсақ кеўилли болған ҳәм оған тәрбиялаған. Ислам пайда болыўдан-ақ мийрим-шәпәәттиң байрағын көтерген. Себеби, әўели араблар залым ҳәм надан болған. Тоқтамайтуғын урыс, бирин-бири өлтириў, қыз балалар туўылса, оларды тирилей жерге көмиў кеңнен таралған ўақытта ислам дини адамларды мийриманлыққа шақырды, тас баўырларды еритти, инсан кеўиллерин жумсартты.

Ата-ананы сыйлаў, ҳүрмет етиў халқымыздың әзелий әдети ҳәм иқтияжы. Шайырлар: «Мийирманың ата-анаң, оннан артық хеш болмады» (Бердақ) деп жырлады. Мен жақында усындай тәрбияны көрген бир яр-досымды ушыратып қалдым. Мени көриўден көзине жас алып: «Әкемнен айрылып, биротала жетим болып қалдым. Үйимди толтырып, төримниң жарасығы, бала-шағамның периштеси болып отырар еди. Ҳәммемизге мийрим-шәпәәтли, қоңсы-қобаларға мүнәсибетте әдил еди, деп қамсықты. Әкең нешеде еди?—деп сорасам: —Еле тәңдар еди, үйден кирип шығып мал-ҳалға да қарар еди, ҳәммемиз ушын айбат еди. Бизлерге мәдеткар еди,—деп қамсығыўын даўам еткенде, мен оннан тағы да өзиң неше жасқа келдиң деп сорадым. Сонда ол буннан еки жыл бурын пайғамбар жасын әкемниң тирисинде белгилегенимде, оның қандай қуўаныш пенен үлкен дәстүрхан жайдырғанын айтпайсаңба» деп көзиниң жасын сүртти.

Сонда мен оған «Әкеңниң ийманын берсин», сениң бундай мийримлигиң балаларыңа өтсин. «Атаңа не қылсаң, алдыңа сол келеди» деген, жүдә бир мийрим-шәпәәтли инсан екенсиз, дегенимде «қудайға шүкир, балаларым да жүдә мийримли, анасы ҳәм маған жанларын үзип турады» деди. Менде ишимнен қандай мийрим-шәпәәт, қандай ҳасыл тәрбия, қандай адамгершилик деп кеўлим толып, арамызда сондай адамлардың бар екенлигине риза болып көтериңкилик пенен хошластым.

Мийрим-шәпәәтлик тек адамлар арасында ғана емес, ал адамлардың ҳайўанатларға қатнасында да көринеди. Зардушлик ҳәм ислам динлеринде ҳайўанларға мийрим-шәпәәтли болыўды, оларды қорғаўды, үй ҳайўанларын аш ямаса суўсыз қалдырмаўды, оларға азап бермеўди тапсырады. Мийрим-шәпәәтликтиң тийкары әдиллик, бир-биреўге әдил қатнас арқасында сыйласық ҳүрмет, исеним пайда болады. Әдилликти қорғаў, заң-нызамды услаўға шақырыў, жынаяттан қайтарыў, бул да үлкен мийирманлық болып есапланады. Әсиресе ҳәзирги базар қатнаслары заманында, мийнет пенен капитал яғный ис бериўшилер менен ислеўшилердиң ара қатнасындағы әдиллик мийрим-шәпәәттиң тийкарында дүзилиўи лазым. Егер жумыс бериўши мийримли болмаса, жумысшының ҳалына немқурайды қарап, оның тәғдирине итибарсыз болса, онда арада қарсылық келип шығып, оннан өндирис те, жәмийет те уттырады. Сонлықтан ҳәр ким өндирис ашып, жумыссызларға жумыс берип, соның арқасында оның бала-шағаларының ырысқы-несийбесине көмек берип атырғанын есапқа алып, оларға мийирманлық ислесе-бул мийрим-шәпәәттиң ең баслысы.

Мийрим-шәпәәтти мәжбүрий түрде, миннет етип ислеў мүмкин емес. «Миннетли пал ашшы болар зәҳәрден» дейди Әжинияз шайыр. Ол шеғара ҳәм өлшемди билмейди. Ол инсанның тилек-қәлеўи, имканияты, ҳүждан ҳәмири! Ол инсанның ислемеўге болмайтуғын туйғысы, инсаный кеңпейиллиги. Демек мийирм-шәпәәтли тулға—бул мәрт, уәдеге опалы, сақый, әдил, пәк ҳәм ҳадал киси. Бундай киси мүтәжлерге жәрдем берсе, оны миннет қылмайды. Әдиллик өлшемин, адамгершилик нормасын бузбай, тилди жаман сөзден, қолды жаман ислерден сақлайды.

Демек, халқымыздың турмыс салты, дәстүриниң тийкары болған мийрим-шәпәәтти биротала тиклей отырып, мийримлиликти турмысымыздың тийкарғы иктияжына айландырыў адамгершиликтиң инабатлы ўазыйпасы.

# 7-ТЕМА. КИШИПЕЙИЛЛИК ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Кишипейиллик, әлпайымлық—әдептиң басы
2. Көрғенлилик-философиясы
3. Тәртиплилик-әдеплилик белгиси

## 1. Кишипейиллик, әлпайымлық—әдептиң басы

Кишипейиллик инсанның руўхый сымбатына туўра келетуғын, мақтаныўды қәлемейтуғын, табысларына марапатланбайтуғын адамлар қәсийети, кисиниң өзине ҳәм әтирапларындағыларға ҳақ кеўиллик мүнәсибетти көрсететуғын әдеплилик сыпат. Ол менменликке қарсы болып, кисиниң айрықша жоқары сыпатларға ийе екенлигинде көринеди. Бул әдеп сөзде де, ҳәмелде де ямаса материаллық байлыққа ийе екенлигине марапатланбаған пайытларда көринеди. Бул әдет сөзде де, исте де сезилип турады. Бул шахстың руўхый дүньясында сабыр-тақат пенен қатар турады. Сабырсыз адам кишипейил бола алмайды. Кишипейил адам басқалардың кемшилигин ақтармайды, өзиниң қәтелерине сын көз бенен қарайды. Кишипейил адам атақ ушын емес, адамлар, шаңарақ, халық ҳәм Ўатан алдында инсаный парызын орынлаў ушын ҳәрекет қылады. Ел-журт ушын, халық ушын бийминнет хызмет ететуғын инсанларды қәдирлейди.

Мәнәўиятсыз, көкирекке ура беретуғын адам кишипейил бола алмайды. «Терек мийўе питкен сайын төменшик» деген нақыл усыған байланыслы айтылған. Кишипейиллик тәлим-тәрбия менен көркем әдебият ҳәм санийат арқалы да қәлиплесиўи мүмкин.

Адамның кишипейил ҳәм әлпайым болыўына тийкарғы себеп: ол тәбийий мақлуқ ретинде өткинши, ал өзиниң адамзат урпағына жетиўи менен социаллық мақлуқ ретинде күшли. Демек, адам өзиниң адамлар алдында, жәмийет алдында, тәбият алдында жуўапкершилигин сезсе ғана ол кишипейил болады. Кишипейил адам өзиниң жағымлы қәсийетлерине өзгеше әҳмийет бермей, оны өзинен өзи болыўы тийис нәрсе деп ойлайды. Бундай адамлар шынында да айрықша артықмашылығы бар адамлар, өзин адамзатқа хызмет етиўге ерки менен келискен адамлар болып келеди. Бул оның өмириндеги барлық исинен, тәртибинен, ис-ҳәрекетинен, сөзинен, ҳәттеки кийген кийимлеринен де көринип турады.

Кишипейил адам басқа адамларды сыйлайды, оларға әлпайым-лық пенен қатнас жасайды, басқалардан айрықша болып турыўға

ҳәрекет етпейди, өзиниң жеке хызметлерин көрсетип марапатланбайды.

Кишипейил адам сөйлескенде сөзге устамлы келеди. Өзиниң сезимин басқаларға билдириўге асықпайды, басқалар менен қарым-қатнасты бузып алыўға урынбайды. Лейкин, ҳәр қандай жағдайда да өз пикирин айтыўдан тайсалмайды. Себеби, ол өзине де, басқаға да жоқары талап қояды.

Кишипейил адам адамгершиликли, меҳрибан болады, өзгелерге ҳәмме ўақыт жәрдем бериўге тайын турады. Кишипейиллик бул әпиўайы нәрсе емес, ол әдет, ол социаллық дәреже болып есапланады. Соның ушын да халық «кишипейиллик-кишилик емес, ал кисилик» деп дурыс айтқан.

Патша Ануширўан өзиниң ақыллы ўәзири Бузургмеҳрден: «Дана деп кимди айтамыз?» деп сорағанда ол: «Өзин басқалардан кишипейил, әпиўайы тутқанды» деп жуўап берипти.

Шынында да кишипейилликте адам гейде қатты сөйлеп, турпайылық еткен адамларға да жақсылық көрсетип, ғәзеби қайнап аўзын ашпайды, зыян көрген адам жазалаўға күши жетсе де, ашыўын ишине салып оған қол жумсамайды.

Ҳәким Улықпан кишипейилликте жети қәсийет бар деп көрсеткен.

1.Зийнетке миясар болыў.
2. Салтанатсыз айбат.
3. Мийнетсиз ибадат.
4. Дийўалсыз қорған.
5. Кеширим сораўдан қутылыў.
6. Периштедей тазалық.
7. Айыплардан азат болмақ.

Демек, кишипейиллик, зийнет көрсетиўге миясарлыққа, салтанатсыз-ақ сизге айбат инам етиўге, мийнетсиз-ақ сизди сыйлап қәстерлеўге дуўшар қылатуғын қәсийет болып есапланады. Сизиң кишипейиллигиңиз сизиң қорғаныңыз, сизге ҳеш ким аўыз аша алмайды. Соның менен қатар сиз өзиңиздиң кишипейиллилигиңиз бенен, әлпайымлылығыңыз бенен ҳеш нәрсени бүлдирмейсиз, ҳеш кимге зыян келтирмейсиз, солай етип сиз ҳеш кимнен кеширим сорамайсыз, себеби сизде айып болмайды, өйткени сиз периштедей пәк адамсыз.

Егер кишипейиллик жасалмалы болса, ол адамды басқадан өзгеше көрсетип, дыққатты тартып турса, онда ол менменликке айланады. Оны шайыр Т.Жумамуратов:

Ҳәмеллиге әпиўайы,
Ҳәмелсизге дым турпайы,—деп сыпатлайды.

Кишипейиллик әлбетте менменликке тиккелей қарама-қарсы қәсийет. Сонлықтан:

Менменге зауал.

Кемликке камал,—дейди халқымыз.

Менменлик жәмийетлик қубылыс ретинде адамлар арасында бөлиниушиликти, ала ауызлықты пайда етеди. Менмен адам өзиниң кемшилигин, айыпларын елестирмей, өзин жоқары санайды, өзин мақтауды жақсы көрип, оннан басқа гәпти еситкиси келмейди, нәсийҳатты алмайды. Солай етип, адам наданлықтың батпағына батады. Қуранда: «Жер бетинде гәрдийип жүрме?! Әлбетте, сен жерди тесип жибере алмайсаң, ямаса өсип кетип таулар менен тең бола алмайсаң» («Исро сүреси, 37-аят») делинеди.

Әлпайымлық-көпшилик қатарынан, басқалардан айрылып турмауды әдетке айландырыу. Халқымыз әлпайымлықты ҳәмме уақыт қәдирлеп келген. Ол жәмийеттеги барлық топар уәкиллерине тән қәсийет. «Үлкен адамлардың уллылығы киши адамлар менен де әлпайымлығында» дейди халқымыз. Себеби кисиниң әлпайымлығына қарап оған баҳа берилген.

Гейпара адамлар әлпайымлықты әпиуайылық ямаса наданлық деп түсиниуи мүмкин. Ол билетуғыныңды өз орнында, бақырмастан, қышқырмастан дауысыңды көтерместен билдириу ҳәм жағымлы жүз көрсетиу. Соның ушын ол инсанның ең жоқары қәсийети. Бийиклик—әлпайымлықтадур деген даналар.

Әлпайымлық пенен кишипейиллик өз-ара тиккелей байланыслы. Кишипейил адам өзиниң әлпайымлығы, жүрис-турысы, кийиниуи, өзин тутыуы менен бирге басқаларды да әлпайымлыққа шақырады. Соның ушында «уллы болсаң киши бол» деп айтылады.

Сулайман Бақырғаний өз қосықларында бул ҳаққында устазы Хожа Ахмед Яссауийдиң былай деген сөзин келтиреди:

Менменликте болма сен,<br>
Менменликте дауа бар,<br>
Мискинликке қой қәдем,<br>
Мискинликте мәни бар.

Ол бул нәсиятты тағы да рауажландырып былай дейди:

Мен атына миндим өзим,<br>
Намаҳремге түсти көзим,<br>
Дәргаҳында қызарып жүзим<br>
Өширди ийман шырағыны.

«Намахремге көзим түсти» деу-бул қанша кишипейиллик, сыпайылық, қанша ҳадаллық, қанша бауры кеңлик, қанша адамгершилик. «Кисиникине көз салма», «Жеке мүлк муқаддес-

Алланың берген несийбеси», оған көздиң қыйығын таслап иймансыз өтесең. Сенде сондай болып ислеп тап, маңлай териң, ҳадал мийнетиң тек сеники деген ўәсиятлар ҳәзирги күнде теңитайы жоқ ақылдың кәни болып есапланады.

Кишипейиллик керисинше адамлардың тәбиятынан ала аўызлықты, қысыўметликти, ғәзеплиликти, яғный сол сықлы әлпайымлылыққа жат әдетлерди таслаўға мүмкиншилик береди.

Кишипейиллик адамлардың бир-бири менен сөйлескениндеги сөзлериниң мәнисинен, берген жуўапларынан көринеди. Биреўлер бирден «яқ, болмайды» деп қайтарып таслайды, ямаса даўысын көтерип миллет етеди, болмаса ҳәкиреңлеп кейип таслайды.

Японияның адамлары бир-бири менен сөйлескенде «жоқ», «билмеймен», «болмайды» деген сөзлерди кейип таслаўға арналған сөзлер сыяқлы түсинип, оларды туўры айтпастан, жатықлық пенен түсиндиреди екен. Егер, бир кесе шайдан кейин екинши кеседен бас тартқанда да «жоқ», «рахмет» деместен, «маған сондай жақсы болып қалды» деп қайтарады екен. Егер танысыңызға мирәт етсеңиз, ол: «мирәтиңизди қабыл етпестен бурын ҳаялым менен ойласайын» десе, сиз оны ҳаялдың ҳуқықын жақлаўшы деп ойлаўыныз қәте болады. Ол сизге олсыз «яқ» деп айтыўдың бир усылы болып есапланады. Егер сиз оған «ертең саат алтыда пресс-клубта ушырасайық» деп мирәт етиңиз, ол: саат алтыда ма? Ҳе пресс-клубта ма?—деп қайтадан сораса онда оған сиз: «сизге қолайсыз болса басқа ўақытта, басқа жерде сөйлесейик» деп айтыўыңыз керек.

Кишипейилликти тәрбиялаў баланың жас гезинен басланады. Англияда ата-ана баланы жөргектен баслап кишипейилликке үйретеди, әлпайым қылып шығарады. Мысалы, дем алыс күни әкеси баласы менен машина жуўып атырып:

—Қайырлы бол, Томм, мәрҳамат, маған жуўатуған шүберек-лерди берип жибер.

—Марҳамат, аға.

—Рахмет қымбатлым, сен жүдә сүйкимлисең.

—Рахмет аға, оның маған хеш қыйыншылығы жоқ,—деп бир-бири менен сыпайылылықта сөйлеседи екен. Бул әлбетте, бизиң балаларымызды тәрбиялаўда үлги алғандай пазыйлет. Баланың турпайылығы оның ата-анасының көргенсизлигинен, жеңиллигинен ҳәм наданлығынан пайда болады. Себеби, «Атаға қарап ул өседи, анаға қарап қыз өседи» дейди халқымыз ямаса «Анасын көр де қызын ал, табағын көр де асын иш» дейди. Булардың ҳәммеси кишипейиллик әдеби, усы исте әлбетте ата-ана балаға қарыздар. Себеби, бул үйдеги тәрбияның нәтийжеси. Ал, мектеп ол тәрбияның даўамын жетилистиреди.

## 2. Көрегенлилик философиясы

Көрегенлилик—бул хәмме әдеплилик түсиниклеринин түйини. Бул өзинде барлық әдеплерди жыйнақлайды хәм онын туўындысы ретинде көринеди. Бул адамнын материаллық хәм руўхый турмыс тараўларындағы ата-бабадан мийрас болып киятырған қылық-қылўаларындағы әдеп-икрамлылык қәделерине тийкарланады.

Егер хәр бир әўлад дүньяға шыққаннан кейин барлық руўхый хәм материаллық байлықларды өзи басынан баслап қайтадан ислеп шыққанда, яғный тек өндирис қуралларын ғана емес, адамлардың социаллық тәжирийбелерин, яғный әдеп-икрамлылық хәм минез-қулық пазыйлетлерин басынан баслағанда, онда жәмийет хеш бир раўажланыўды бастан кеширмеген болар еди. Соның ушын адамлар өзинин еркинен ғәрезсиз өзинин мийнет қуралларын, ис тәжирийбелерин, әдеп-икрамлылық бахалылықларын әўлэдтан-әўладқа берип отырған.

Жас ўақтында көргенин болмаса,

Үлкейгенде кисилиғиң болмайды,—деп дурыс айтады. Ата-ананың тәрбиясын алмаған адам, оны тынламаған хәм иске асырмаған, ретсиз, «бузып ала беретуғын адамды» «көргенсиз» деп атаған, яғный оны:

Атадан тыйыў.

Анадан жыйыў көрмеген—деп қараған.

Бул аўыр сөз болып, ол тек оның өзине ғана тийисли емес, соның менен бирге, ата-ананың атына келетуғын аўыр сөз болып есапланады.

Көргенли адам адамлар менен қатнаста, сәўбетлескенде хәддинен аспайды, сөзи яки иси менен адамның зейнине тиймеўди ойлап, сыпайылықтың шегинен шықпайды. Соның менен бирге ол адамның гейпара кемшилигин байқамаўға әдетленеди. Егер кимде ким адамның қәтелигин көрсетиўге урынып, ол адамды қолайсыз жағдайда қалдырса, бул ис ол адамға көмеклесиў нийетинде болса да адамға жағымсыз тәсир ететуғынын түсинетуғын адам көргенли адам болып есапланады.

Көргенли адам тәрбиялы болады. Ол адамларды сыйлайды, сонлықтан жумсақ, кишипейил, сыпайы көринеди. Ол әйтеўир нәрсеге шаўқым көтермейди. Ол кеширимли, ол биреўге пайдалы жумыс ислеўге пәйк болып, адамға мехрибанлық көрсетеди.

Көргенли адам басқаның мийнетин сыйлайды, хақ жүрек, хадал болып, өтирикке, жалаға, өсекке үйирсек болмайды, ондай адам биреўге миллет етпейди, басқадан бөлинген түрде көринбейди,

басқаға, әсиресе кишилерге турпайылық етпейди. Ол сөзге келгенде мылжыңнан қашады, сорамаса араласпайды, аз сөйлеп көп тыңлайды. Олар нәпсиқаўлықты қаралайды ҳәм оны ис жүзинде өз ҳәрекетинде көрсетеди. Тәлли-пәлли жумыс ислеп, көбирек пайдаланыўға урынбайды. Өзин-өзи көтермелеп, алға шығара бермей, мақтаншақлықты жек көрип, кишипейиллик әдетин бойына сиңиреди, өзин азада, үй-жайларын таза услаўға талпынады.

Улыўма көргенлилик—үлкен адамыйлық. Пазыйлетли адам «уяда не көрсең ушқанда соны ислейсең» деген халық нақылын беккем услап, балаларды көргенли қылып тәрбиялаўға талпыныў зәрүр. Оның ушын жасынан баслап жоқарыда көрсетилген әдеп-икрамлылық түсиниклериниң әҳмийети балалардың санасына сиңирилсе көргенли болып өседи.

## 3. Тәртиплилик-әдеплилик белгиси

Тәртиплилик-бул әдеплиликтиң бир түри. Биз күнделикли турмыста «тәртипли бала», «тәртипли қыз», «тәртиби жақсы» ямаса «тәртипсиз оқыўшы» деген сөзлерди жийи-жийи ушырастырамыз. Себеби, баланың тәртиби оның келешегиниң айнасы болса, адамның тәртиби бул оның екинши келбети болып есапланады.

Тәртиплилик-адамлардың жәмәәт ишинде келисимли ҳәрекетин тәмийинлейтуғын, көрсетилген тәртиплердиң сөзсиз орынланыўы ҳәм бойына сиңирилиўи болып, ол адамлардың күнделикли қылық-қылўаларының үстинен жәмийетлик қадағалаўдың қуралы.

Тәртипти орнатыўдың тийкарғы қураллары: дәстүр, үрп-әдет, ҳәр қыйлы жәмийетлик шешимлер, әдеплилик қағыйдалар, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик шөлкемлердиң тапсырмалары болып есапланады.

«Тәртипли ләшкер жеңилмес» деген мақалда әскерий тәртиптиң қандай әҳмийетли екени қысқа ҳәм әпиўайы баян етилген. Тәртип болмаса жақсы қуралланған көп санлы әскер, тәртипли аз сандағы ләшкерден жеңилип қалыўы мүмкин. Бул тарийхта көплеп ушырасады.

Қатты тәртипке жаслықта үйретилсе бала үлкейгендеде тәртипли болады. Соның ушын тәртипсиз бала атағын алыў ҳәмме ўақыт төмен баҳа есапланады. Тәртипли оқыўшы ямаса талаба сабақты жақсы өзлестиреди. Себеби ол өзин бақлап, дыққатты қарата биледи.

Тәртип инсан искерлигиниң ҳәмме тараўында болыўы лазым.

Ол болмаған шаңарақ, жәмәәт, кәрхана, мекемелерде ис өнимдарлығы, сапасы пәс болады. Ол болмаған жерлерде аркайынлық пайда болады, онысыз ҳешқандай шараларды иске асырып болмайды. Тәртипли адам уақыттан дурыс пайдаланады, өз уақтын туўры бөлистиреди ҳәм мақсетине ериседи. Тәртипли адам сабырлы, қанаатшыл болады. Ол тек ғана өзиниң емес, басқалардың да уақтын тежейди. Тәртипли адам ўәдеге опа қылады. Тәртип белгили бир мәниде адамларды тәрбиялайды.

Ҳәр бир жәмийет белгили бир тәртипке мүтәж болады ҳәм қандай жол менен болса да, тәртип орнатады. Тәртипсизлик-жәмийетти, жәмәәтти, сондай-ақ шаңарақты да ыдыратады.

Турмыста ҳәр бир мәденият, хәр бир өндирис, ҳәр бир ис тәртиптен басланады. Бунда «мен қәлемеймен, яки қәлеймен» деген сөз болмайды. Бул жерде мен тек усылай ислеўге тийислимен, усындай етип ислениўи керек ямаса тек усылай болыўға тийис деген мақсет пенен ислеў керек.

Әпиўайы мысалды алайық. Ҳәзирги заман өндирисинде бир адам қандай да бир затты басынан аяғына дейин өзиниң ислеўи жүдә сийрек ушырасады. Бул затты ислеўге онлаған, жүзлеген адамлар, аралас өндирислер қатнасады, ҳәттеки басқа бир еллердиң де араласыўында бул иске асады. Демек, ол қанша көп шақаланған болса, ол жумыста аз талап қойылатуғын сыяқлы көринеди. Кишкене бир деталь механизмге тәсир ете ме? Оның жумысына зыяны бола ма?

—Ҳақыйқатында солай да болады. Кеўилсиз исленген операция (ҳәттеки механизмди бояў) қандай болмасын механизмниң кеўилдегидей жумыс ислеўине зыянын тийгизеди. Екиншиден ҳәзирги өндирис жағдайында тәртиптен өзинше шығып кетиўге де болмайды. Сениң өзинше ислеген исиң оның талабына жуўап бермейди. Оны тап көрсетилгендей етип ислеў тийис. Себеби, өндирис мәденияты ол өндиристиң тәртибинен басланады. Егер өндиристиң ҳәр бир қатнасыўшысы тәртиптен өзине қолайлы жағын алса, оны өзиниң қәлегениндей етип пайдаланса онда улыўма жумыс мәденияты ҳаққында гәп болыўы мүмкин емес. Онда бул исте ҳәр қыйлы келиспеўшилик, халықты, мәмлекетти алдаў ҳәм озбырлық, менсинбеўшилик орын алады.

Айтайық, турмыста адам орынлы ис етиўи керек, орынсыз ис ерси болады, ол көргенсизлик. Адам мысалы театрға шомылатуғын костюм менен, шомылыўға театрдың кийими менен бармайды. Сиз олай ете алмайсыз. Сизге мүмкин ол қолайлы шығар. Бирақ оған сизиң мәдениятлылығыңызды көрсететуғын тәртибиңиз рухсат етпейди.

Тәртиплилик өзинди өзиң қадағалаўдың, өзинди өзиң басқарыўдың нәтийжеси. Өзинди-өзиң қадағаламасаң, өзинди-өзиң басқармасаң-тәртип сырттан таңылған, жағымсыз бир жүк болады. Керисинше, өзинди-өзиң қадағалап ҳәм өзиңе-өзиң сын нәзер менен қарап жүрсең де, соған сай тәртиплилик болмаса, ол мәзи бир гәп болып қалады.

Тәртипли адам ҳәмме ўақытта, мейли үйинде ме, мектепте ме, жумыста ма, жәмийетлик орынларда ма, ҳәттеки, өзи менен өзи болып бир өзи турғанда да, ҳәмме ўақыт бирдей мәдениятлы болып турады. Оның ушын тәртиплилик оған сырттан таңылған нәрсе емес, ал ишки талап. Тәртипли адам сыпайы ҳәм шөлкемлескен болады. Оның бойына да, ойына да, әндамлы сөзи менен иси туўра келеди. Сизиң досларыңыздың ишинде, танысларыңыздың арасында сырткы көриниси пәжмүрде болған менен, оның менен жолығыў сизге қызық, оның менен танысыў сизди руўхый жақтан байытатуғынлар болады. Сиз оған уқсағыңыз келеди. Ал гейпара досларыңыздың сыртқы көриниси жылтырап, сәтенлигине тән берилсе де, сиз оның менен жолығыўдан қашатуғын болыўыңыз мүмкин. Себеби, ол сизиң ушын аўыр жүк. Оның бослығы, ҳеш нәрсеге турмайтуғын ойлары, оның жағымсыз қылықлары, онда қандай да бир ишки тәртиплиликтиң болмаўы, өзин-өзи қадағалаўдың, өзин-өзи басқарыўдың жоқлығы сизди оннан қашырады. Себеби, оның қылық-қылўалары сизиң тәртиплилик мәдениятыңызға ҳәм оны қадағалаўшы әдебиңизге туўра келмейди.

Демек, тәртиплилик жөнлиликтиң анасы, тәртипсизлик жөнсизликтиң жемиси. Жөнсиз тұқым өсип, көгерип, раўажланып кетсе адамға, жәмәәтке, жәмийетке зыянлы тәсирин тийгизеди. Бул жөнинде даналар былай дейди:

Қыз, анадан үйренбей үлги алмас,
Ул атадан үйренбей сапар шекпес,

*«Қорқыт ата» китабынан.*

Тәрбия-тағаны туўрылайды.
Талап таўды-төңкерер,

*Түрк мақалы.*

Жақсылыққа-үлги көрсетип жетпесе,
Ўаз айтып жетиў қыйын,

*Сенека*

Атасынан ақыл алса,
Тентек ул да дүзелер.

*Махмуд Қашғарий.*

Қатты тәртип көрсе бала күнинде,
Өнер менен қуўандырар түбинде,
Бала нени билсе-жастан уядан,
Өле-өлгенше соны таныр қыядан.

*Жүсип Баласағуний.*

Тәртипти жақсы меңгере билиў хәр бир адамның орталық пенен, басқа журт пенен араласыўының ең зәрүрли қәсийети.

Аристотель: тәрбиялы адам ең дәслеп басқаларды ренжитиўден сақ болады десе, Ал Фарабий: жақсы минез қулық пенен ақыл бирлескенде ғана олар адамшылық қәсийет болып табылады, деген екен.

Буннан 2437 жыл бурын Афинаның атақлы әскер басшысы, тили менен қус услаған дилўар шешен Перикл оба кеселине ушырап көз жумар алдында басын сүйеп, аўзына суў тамызып отырған дослары хәм туўысқанлары бул адамның асқан ерликлери, жақсы қәсийетлери туўралы әңгимелесип, наўқас хеш нәрсени еситип атырмаған шығар деп ойласа, Перикл бирден басын көтерип: Сизлер мени журттың бәриниң ислей алатуғын ийгиликли ислери ушын мақтап отырсызлар, бирақ мениң ислеген уллы хызметимди хеш қайсыңыз айтпадыңыз. Ал шынындада мен өмиримде бирде-бир Афиналыққа тил тийгизип, жәбирледим бе?—депти.

## 8-ТЕМА. ДОСЛЫҚ ХӘМ ТАТЫЎЛЫҚ ФИЛОСОФИЯСЫ

1 Дослық философиясы.
2 Татыўлық—әдеплилик өлшеми.
3 Дослық хәм туўысқанлық қарақалпақ поэзиясында.

### 1. Дослық философиясы

Кешеги тоталитар дүзиминде дослық сезими жасалмалы түс алып, ол шаймаланған еди. Дослықтың жоқары әхмийетин түсинген хәкимият оны жасалма түрде коммунистлик қурылыс ўазыйпаларына байланыстырды хәм жасларды әсирдиң «дослық» қурылысларына шақырды. Ондай дослықтың өмири келте болды. Дүньяға көзқарасы, үрп-әдетлери кеўил кеширмелери туўра

келмеген дослық бузыла берди. Ол дәўирде адамлардан ата-бабаларымыздың көрсеткен, жүрек хәмири менен ерисилген ең жақсы пазыйлет, шын ықлас, мехир-муҳаббат, сезимлеринен пайда болған садықлық пенен суўғарылган жанлы дослық талап етилмеди. Нәтийжеде дослық сезимлери ҳәлсизлиенип, адамлар қалай тез арада дос болса, солай етип тез ажырасып кетти.

Ғәрезсизлик шарапатында өзлигимизге қайтыў арқалы әдеп-икрамлылықты қайта тиклеў мүмкиншилиги пайда болады. Енди инсанлар дослық сезиминде өзиниң түп сағасын излей баслады. Оның өзелий тийкарлары қайталанып, тәрбияның үлгиси ретинде жүзеге келип, дослық сезиминиң қудиретли күшке айланыўына себеп болды.

Адамның кеўли нәзик, жүреги әззи. Ол ҳәмме ўақытта қуўанышларында ҳәм тәшўишлеринде өзиниң қасында болатуғын ҳақ кеўил пикирлес, ғамхор, дәртлес кисиге зәрүрлик сезеди. Ол табылса, оны дос деп атайды. Адам доссыз жасай алмайды. Себеби, дослық—инсанды руўхый тәрептен қоллап-қуўатлаўшы, өмир жолында оның аўыр жүгин жеңиллететуғын, ғам-тәшўишлеринде кеўлин алатуғын, кейиплерин көтеретуғын уллы ғамхорлық. Инсанда ҳәр қыйлы күнлер болады. Ондай жағдайда ата-ана ҳәм туўған-туўысқанлары менен бир қатарда досларыңның да қасында турыўы шадлыққа-шадлық қосады, қайғыны бөлисип, оны азайтады, адамның жанына руўхый күш бағышлайды. Сонлықтан белгили данышпан У.Шекспир:

Не жетеди нағыз доcқа ҳасылға,
Қуўансаң да, қайғырсаң да қасында,
Қыйналады сен қыйналсаң болғаны,
Уйқыламасаң уйқыламайды ол тағы,—

деп көрсетеди. Ал, дослықты адамның табийий қәсийети ретинде баҳалаған Бердақ:

Басыңды қос жақсы досқа,
Дос таппай ҳәм жүрме боска,—деп үйретеди.

Өмирде ҳақыйқый садық дос табыў адам ушын үлкен бахыт. Оған ҳәмме миясар бола бермейди. Ҳақыйқый дос гейде өзиңниң туўған-туўысқанларыңнан мийримли ҳәм итибарлы болады. Доссыз адам жапырақсыз дарақка усайды. Даналар ондай адамларды бир өмир бахытсыз, деп есаплаған.

Солай етип, дослық адамлар арасында мақсетлердиң, идеялық

көзқараслардың бирлиги, инсанның бир-бирине умтылыўы ҳәм мәплеринин жақынлығы, өз-ара бирин-бири түсиниўге тийкарланған қатнаслар системасы болып есапланады. Ол туйғы ең әпиўайы ҳәм ең уллы қәдриятлардан болып, ол бирден жүзеге келмейди, узақ жыллар даўамында қәлиплесип барады. Ол жаслықтан басланады, өмир бойына даўам етеди. Әсиресе жаслық туйғысы менен дослық туйгысы бири-бири менен жүдә байланыслы болады. Сонлықтан «жаслықтан берген кеўил басына бәле болар» деген қосық та жаслықтағы дослықтың өткирлигин ҳәм беккемлигин көрсетеди. «Кийимниң тазасы жақсы, достың ескиси жақсы» деген сөз де усы менен байланыслы. Дослық жолына кирерде адамлар әўели ярым дос болады. Егер бири-биринен жақсылық көре берсе, кейин шын кеўилден дос болып та кетеди. Дос болыў түрли жағдайларда пайда болады. Көп жыллар қоңсы турыў, бирге оқыў, бирге мийнет ислеў, бир пикирлес болыў, армияда бирге хызмет қылыў, бирге сапарда болыў, бирге спорт пенен шуғылланыў жағдайларында адамлар досласады. Лекин дос болыў аңсат, оны саклап қалыў қыйын. Дослықты саклаўдың тийкары әдеплилик, ҳүрмет, иззет, қайырлылық, кеширимлилик, рейимлилик, шийрин сөзлилик, туўрылық, қолдаң келсе кеўилге тиймеў. Сонлықтан Әжинияз шайыр:

Бир достыңнан кеўлиң қалса,
Ғалет жазған хатқа мегзер,—

деп дослықты қәстерлеў ҳәм оған ихтиятлы болыўды тапсырады. Дослықтың иллети: бақыллық, өсек, екижүзлилик, менменлик ҳәм сатқынлық.

Дослық адамның миллетине, динине, мәнсабына, билимине қарамайды. Ол бири-бирин түсиниў, кеўиллердиң, көзқараслардың туўры келиўи тийкарында жүзеге келеди.

Дослықтың ең әҳмийетли қәсийети опадарлық. Дослықта сондай-ақ муҳаббатта да опаның роли үлкен. Соның ушын да қосықларда «опалы ярды» мурат дәрежесине жеткерип, «опадарың мен болайын» деп жырлайды. Дослыққа опалы адам Ўатанға да опалы болады, ал досқа қыйнет еткен адам, халыққа да қыянет етеди.

Ҳақыйқый дос достының табысларына тап өзиниң жетискенлилери сыяқлы қуўанады, ал ол жеңилиске ушыраса қапа болады. Ол достының кемшилигин бетине айтады. «Дос жылатып, душпан күлдирип айтады» деген сөздиң мәниси де сонда. Душпан қәтени көрсе де, көрмегендей болады «басынан ассын», «шерменде

болсын» деп ойлайды. Абыройы төгилсе, ҳәз етеди. Ал, дос ашытып айтады.

Дослардың ҳалынан хабар алыў, олардың ислери ҳаққында ойлаў, оларды сыйлаў, дослықты беккемлейди. Биреўлер жақсы дос тапса, ески достын тәрк етеди. Ол надурыс, себеби достың көплиги жүдә пайдалы, «мың сомың болмаса да, мың достың болсын» деп дурыс айтқан.

Дослықтың шегарасы болады. Достым деп өзиңниң ишки сырыңды, шаңарақ сырын, хызмет сырын исенип айта бериўге болмайды. Себеби, бүгинги күни ол дос болып, ертең душпаныңа айланыўы да мүмкин. Кешеги сыр-минез достың, сениң күшли тәреплериңди де, ҳәлсиз тәрепиңди де билетуғын адам, бүгинги күни душпан болса—ол бахытсызлық. Соның ушын да «достыңнан тап» деген ғарғыс, аўыр ғарғыс.

Адамлар ишинде ҳақыйқый дос пенен бирге ешейин дос болып жүргенлер де ушрасады. Олар жеке мәпти, белгили бир мақсетти гөзлеп өзлерин ҳақыйқый дос сыпатында көрсетиўге ҳәрекет етеди. Ондай адамлар ҳәмелдарлардың ҳәмели ушын, ғейпаралардың байлығы ушын, ақыллы адамлардың ақыллығынан пайдаланыў ушын дос болады. Ондай адамлар мәккарлық, нәмәртлик, еки жүзлилик қылып, өзине исенген кисиниң сырын ҳәммеге жаяды.

Сонлықтан Бердақ шайыр:

Достың сырын душпанға айтып
Ел бузыўшы боладурсаң,

—деп нәмәртликти қатты қаралаған. Нәмәртлер достың шадлы күнлеринде, оның қазан табағына дейин араласып, оннан айрылмайды. Ал оның басына ис түскенде өзин шетке тутады, ямаса мәнсаптан түссе өзиниң еткен хызметин жасырыў ушын оны өрде де, ықта да жаманлап жүреди. Ол азғынлар, сынаптай жылысып, бир сөзинде турмайтуғын кимселер, ҳәр қыйлы ҳийлекерлик жоллар менен, екинши биреўлердиң исенимине ерисип, достын сатқанлықтан оның әлле кимлердиң жарылқаўына ийе болып, мәртебе, ҳүрмет-иззет излейди. Ондай адамлардың ҳеш кимге пайны болмайды. Ақырында ҳәммеден айырылып, ел халық алдында жүзи қара атанып, жәмәәттен, қол жуўып шығады. Демек, ешейин қәўпеки, еки жүзли дос душпаннан да бетер қәўипли.

Тарийхтың көрсетиўинше, «надан достан, дана душпан жақсы». Достың наданлығы, қыянеткерлиги душпан қылышынан да өткир болады. Өткен әсирдиң биринши шерегинде түркмен

баскыншылары каракалпакларға, шабыуыл жасап мал-мүлкин талап турған. Сондай шабыуылдың биринде шымбайлылар қала сыртында түркменлер менен атысып жатқанда, бир надан шымбайлы «достымыз», атка минип алып, еки ортада шауып жүрип: «түркменлер, қарақалпақлар сизлерди жийде менен атып атыр» деп бақырып жүрип, елди қорғауға қыянет етип, душпаннан да жаман ис қылған.

Сонлықтан ҳақыйқат дос ким, душпан ким оны билип барыу турмыс талабы. Достың ҳақыйқыйлығы ҳәм кәупекилиги инсан басына ауыр күнлер түскенде белгили болады. Табыслы, кеуилли күнлерде ҳәмме бирдей шадықоррам болады, лекин «садық дос мийнетте бирге, кәупеки дос рәҳәтте бирге» деп дурыс айтылады. Демек, турақсыз, пазыйлетсиз, еки жүзли адамлар менен дос болыудың ақыбети жақсылыққа алып келмейди, себеби онда қәсийет болмайды. Оларды «нан дослары» дәрежесинде баҳалауға туура келеди. Себеби, олар тек дастурхан, рәҳәт, нанның дослары ғана болып, «ар намыс дослары» бола алмайды. Ҳақыйқый дос достың намысы, ары ушын жанын бериуге де тайын болады.

Жақсы, жаман адамларды анықлап билиу менен бирге олардың екеуи менен де досласыуға умтылыу жүдә әҳмийетли. Себеби, турмыста сениң исиң тек досларға түсе бермейди, гейде өмир зәрүрлигинде жаманларға да исиң түседи. Оны жаман дегениң менен, оның жақсы жақлары да болыуы сөзсиз. Лекин ақылсыз адамлар менен дос болыудан бас тартыу керек. Себеби, оның қылған ислерин ақыллы душпан да ислемейди. Даналардың көрсетиуинше: мүриубетли, опалы, илимли кисилер менен дос болған абзал. Себеби оның жақсы пазыйлети саған да жуғады. Сонлықтан да Әжинияз:

Жаман адам менен отырма-турма,
Ҳасла накас пенен ҳәм жолдас болма,
Қәдирдан достыңнан жүзиңди бурма,
Басына көтерип таж етер сени,—

деп дурыс ақыл береди. Сондай-ақ даналар: Егер сен жарлы болсаң, байлардың арасынан дос излеме, өзиңе ылайық «дос тап»—деген екен. Соның ушын да «Тең теңи менен, тезек қабы менен» деген сөз жүдә туўры айтылған. Усыған байланыслы белгили данышпан Аль-Фарабий былай депти:

Өрге жүрген үлгили исинен,

Таңла ҳадал дос-өз теңиңниң ишинен, ямаса данышпан Жүсип Баласуғуни:

Өзиңе қарай дос таңла,

Күшиңе қарай жүк көтер—деп үйретеди.

Лекин ақыллы адам—надан адам менен, сықмар—сақый менен, батыр—қорқақ пенен, искер—жалқаў менен дос бола алмайды. Сонлықтан «Достың ким екенин маған айт, мен сениң ким екенлигиңди айтып берейин» деп айтылады екен. Себеби дос-досқа айна болып есапланады. Досларыңның дослары да сениң досларың. Бирақ, егерде достың сениң душпаныңыңды жақсы көрип қалса, оннан сақланыў керек. Ол душпан тәрепин алып, саған жаманлық етиўи мүмкин. Сондай-ақ, сениң достан да душпан болған достан кәўетерлениўиң дурыс болады.

Егер достың ҳеш бир себепсиз саған гийне тутса, оның дослығынан дәмелениўге болмайды. Себебсиз дослықтан бас тартыўдан артық жеркенишли, пәслик болмайды. Егерде дослар арасында сәл ғана түсинбеўшилик жүз берсе, пикирлер қайшы келсе, дослар бир-бирине кеширимли болады. Өкпе-гийнесиз қатнас жасап, кек сақламайды. Ал керисинше, «түймедей нәрсени түйедей етип» көпшиликтиң көзинше кемшилигиңди бетиңе басыў кеўил қалдырады. Әсиресе дослар арасында өтирик-өсек гәплер, сырттан сайыўлар, көпшилик алдында мысқыллап күлиў, достан пүткиллей түңилдиреди.

Досты-дос, душпанды-душпан қылатуғын адамның өзи. Даналар: ләззетли турмыста жасаў ушын шийрин сөзлилик, әндийшелик, кеширимлилик, қолынан келгенше душпанды арттырмаўға ҳәрекет қылыў керек, деп үйретеди. Набада биреў душпан болып қалса, оннан ҳеш те қорықпастан ашық ҳәм жасырын ислеринен өз ўақтында хабардар болып, шарасын излеп таўып, душпан менен гүресиў имканияты болмаса, душпанға душпанлық қылыўдан өзин ириккен мақул. Соның менен бирге күшсизбен деп душпан алдында дизе бүгиў де ақыллылық емес. Душпанға ҳәмме ўақыт өзиниң жақсы жағын да көрсетип, ақыл-ой, даналық пенен, исбилерменлик пенен оны жеңип, өзиниң ҳәлсиз емеслигиңди билдириў керек.

Улыўма душпаны жоқ инсан бахытлы инсан. Дүньяда айыпсыз адам жоқ. Лекин сен уқыплы, әдалатлы-мүриўбетли, әдеп-икрамлы, мийрим-шәпәәтли, қайыр-сақаўатлы ҳәм тәрбиялы болсаң, сенде айып аз болады, досларың көп болады.

Қабуснамада былай делинген: Дослардың иси туўралы ойла, оларға саўғалар жибер ҳәм мүриўбет қыл, себеби ҳәр ким өз досларын ядта тутпаса, дослары оны ядында сақламайды, ақыбетинде ол адам ҳәмме ўақытта доссыз қалатуғын болады. Ҳәмме ўақыт дос тутыўды әдет қыл, себеби ҳәр бир адамның

досты көп болса, айыплары да билинбейди, жақсы қәсийетлери көбейеди. Бирақ, жаңа дос тапқанында ески достыңнан кешпе, олардан жүзиңди бурма, сонда ҳәмме ўақыт достың көп болады.

Искендерден: «азғана пул арқалы соншама көп мәмлекетти қандай жол менен өзиңе караттың» деп сорапты. Искендер: «Жақсы қатнас, мәмиле менен душпанларды өзиме қараттым, келисим жолы менен досларды жолға салдым, сол себепли көп мәмлекетти ийеледим» деп жуўап берипти.

Дүньяда кемшиликсиз адам болмайтуғынын бил, бирақ сен сақаўатлы, мийрим-шәпәәтли бол, себеби сақаўатлы, мийрим-шәпәәтли адамларда кемшилик кемирек болады. Мүриўбетсиз, пазыйлетсиз дос тутпа, бундай адамның қәсийети болмайды.

Жақсы менен жаман адамды билгил, екеўине де дослық қыл, жақсыларға кеўил менен, жаманларға тил менен дослық қыл. Сонда бул тайпа саған дослық пенен қарайды. Себеби, адамның қәжети тек досқа ғана түспейди, адамның жумысы зәрүрликтен жаманларға да түсип қалатуғын ўақыт болады. Сонлықтан бул еки тайпаның да дослығын өзиңе қаратып ал.

Мәрт кеңпейилли, мүриўбетли, илимли, опалы адамлар менен дос болғыл, мириўбетсиз, мийрим-шәпәәтсиз, илимсиз адамлар менен отырмағыл, бундай адамлар менен отырыўдан жалғызлық жақсы. Достым көп деп ҳәммесине үмит етип, кеўил бере берме, алдыңа ҳәм артыңа қарағыл. Досларыңның көзқарасынан пикиринен ғапыл болмағыл. Егер сениң мың достың болса, сырттан қарағанда ҳәммесине садық сеннен досырақ адам болмағандай болсын. Бир достың сениң душпаның менен душпан болмаса оны дос демегил, ашна (таныс) дегил. Достыңа дослық ўағында бир нәрсе үйретпегил, себеби ўақыт келип достың саған душпан болып қалса, үйреткениңе пушайман жерсең. Биреўди көре алмайтуғын қызғаншақ адамлар менен дос болмағыл, өкпе гийнешил, иши тар, дослыққа ылайық емес қызғаншақтың қызғанышы ҳасла кетпейди ҳәм ҳәмме ўақыт сеннен наразы болып жүреди.

## 2. Татыўлық—әдепли өмир

Татыўлық адамлар, шаңарақ, аўыл, яки топар ағзалары арасындағы өз-ара руўхый, материаллық қатнасықлар болып, пухаралардың әдеп-икрамлылық өлшемлеринен есапланады. «Ағайин татыў болса, ат көп, абысын татыў болса, ас көп» дейди халқымыз. Татыўлық тек туўысқанлар арасында емес, ал үлкен көлемде, халықлар, миллетлер арасындағы қатнас болып

адамзаттың, жәмийеттиң рауажланыўының тийкары есапланады. Ол қызғаншақлықтың душпаны. Оның мысалын халқымыз былай сүўретлейди: «Олар сондай татыў, биреўиниң аўзындағысын биреўи алып жейди».

Татыўлық социаллық рауажланыўда жүдә үлкен әҳмийетке ийе болып, өз-ара бирлик, тынышлықты тәмийнлеўде, мәпке қурылған бирликти иске асырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Татыўлыққа ерискен жәмийетте кисилер ортасында ҳақ кеўилли меҳир ақыбет, өз-ара жәрдем, ғамхорлық сыяқлы мүнәсибетлер үстемлик етеди.

Мәмлекетти басқарыўда барлық пуқаралардың мәплерин қоллап-қуўатлап ис апарыў социаллық турмыста татыўлықты қарар таптырыўдың әҳмийетли факторларының бири.

Татыўлық, жақынлық, аўызбиршилик, бир мақсет жолында миллий бирлесиўдиң ең әҳмийетли шәрти болып есапланады. Президент И.Каримовтың «Ўатан биреў, усы әзиз Ўатан бәршемиздики», «Ўатан сәжде киби муқаддесдур», «Бизден азат ҳәм абат Ўатан қалсын» деген ҳикметли шақырықлары татыўлыққа қаратылған нәсият сөзлер. Түрли дин ҳәм исенимдеги адамлардың бир-бирине байланыслы мүнәсибетлериниң белгили бир нормада болыўы татыўлықты тәмийинлейди. Дүньяда урыс жәнжеллердиң, жеккөриўшиликлердиң алаўызлықтың себеплери көбинесе динлераралық қарама-қарсылықлардан келип шығады. Ҳәзир демократия принциплери динлер арасындағы келиспеўшиликлерди жойып, инсанлар арасында татыўлықты орнатыўдың шәртин тәмийинлеп береди.

Миллетаралық татыўлық Өзбекстан жәмийетинде миллий идеяның тийкарғы принциплери ретинде тастыйықланған.

Жер жүзиндеги 1600 ден артық миллетлердиң бар-жоғы 200 ге жақыны мәмлекетке бириккени де белгили. Дүньяда миллетаралық татыўлықты тәмийнлеў барлық миллетлердиң мәплерин, руўхыятын алға умтылыўларын тиккелей үйренип барыў, сиясий ҳәм социаллық турмыста оларға ҳәмме ўақыт итибарлы болыў менен иске асады. Жәҳән тәжрийбеси миллетлераралық татыўлықты тәмийнлеўге бир жақлама жүзеки жантасыў миллий мәселелерди келтирип шығаратуғынын көрсетпекте. 2010-жылғы июнь айындағы Қырғызстандағы ўақыя бунын айқын мысалы болды.

Өзбекстан аймағында ертеден-ақ көп миллеттиң халықлардың ўәкиллери жасайды. Олардың саны 140 қа жақын, булар ортасында әсирлер даўамында миллий татыўлықтың сақланып киятырғанлығы халықларымыздың әзелден баўыры кенлигиниң нәтийжеси болып есапланады

### 3. Дослық хәм туўысқанлық қарақалпақ поэзиясында

Ибрайым Юсупов шығармалары дослықтың қудиретли күш екенлигин хәр сапар сыпатлап турады. Оның поэзиясында дослықтың тийкары—опадарлық, бийғәрез жүрек хәмиринен пайда болған шын ықлас, мехир-мухаббат, бирдемлик сезимлеринде көринеди. Өмир өткинши, оның ишинде опалы дос пенен жасаған шағлар ең бахытлы, хеш нәрсеге тең келмейтуғын демлер—өмирдиң ең жақсы мәўритлери. Ол өзиниң «Төк таўындағы ойлар» деген қосығында:

«Өмир» деген хошадағлы әрмандай,
Көрген қызық, сүрген дәўран жалғандай,
Ялғаншының Төк таўына бир түнеп,
Мәңгиликке сапар шеккен кәрўандай,
Опалы дос пенен өткен күнлериң,
Санаўсыз, ол асқабақ жеп турғандай»

деп, бул өмирде дослықтың абзаллығын хәм ондағы қатнаслардың басқа шағлардан артықмашылығын, ўақтының санаўсыз екенлигин әжайып теңеўлер менен сүўретлейди.

Дослықтың әхмийетин хәм зәрүрлигин И.Юсупов өзиниң «Бир достың болсын» деген қосығында:

Ақыл парасатлы, ғошшақ азамат,
Болсын өзиңнен де бир қәдем зият,
Ол хәм сеннен алсын йош пенен қуўат,
Асқар таў айбатың—бир достың болсын.

Қайнап кетсең тартып қойсын отыңды,
Шаршап қалсаң мешеўлесин атыңды,
Ақыл-ойы асқатықтай татымлы,
Жигиттиң жөн билер, бир досты болсын

деп, достың руўхый тәрептен қоллап-қуўатлаўшы, өмир жолында аўыр жүгинди жеңиллетиўши, ғам-тәшўиш шеккенде кеўлиңди алатуғын қәдирдан екенлигин көрсетеди.

Шайыр дослықтың әхмийети оның мийримлилиги менен, опадарлығы екенин көрсетип:

«Жанымды берейин демесин саған,
Берсе айтпай берер бир достың болсын»

деп достың беккемлик шәртин келтирип, «анаў қыламан, мынаў қыламан» деп жәриялап, кейнинде миннет ететуғын дослықты жаратпайды. Соның менен қатар ол дослықтың әҳмийетин:

«Өмирде не ләззет бар, дос-яраның болмаса,

Бир душпан көплик етер досларың мың болса да» деп жоқары баҳалайды. Ол қарақалпақ халқының дослыққа талпыныў ҳәўесин жоқары көрсетип:

«Дослық десе жулдыз таўып алғандай,
Халқымның ақ көкирегин сүйемен»

деп көрсетсе, дослықтың қәдирине жетиў, бир-биреўге кеширимли болыў, биреўге биреў өкпе-гийне қылып, кек сақламай жасаўдың зәрүрлигин:

Жыйнап-жыйнап гийнени,
Досларыңа өкпелеп,
Түйе қылма түймени,—

деп нәсиятлайды. Ол дослыққа мәлел келетуғын нәрсе дослар арасында өтирик өсеклер, сырттан сайыўлар екенлигин көрсетип:

Сайып-сайып сыртынан,
Күлме оның артынан,
Зар боласаң достыңның,
Көшип кеткен журтына,—

деп дослықтың қәдирин тәриплейди.

Улыўма шайыр ҳақыйқый дос тап өзиңдей мақсетли, өзиңдей көзқараста, мәплери жақын, өз-ара түсиниўи бирдей болыў кереклигин жоқары баҳалап:

Сен деп қалсын журт көргенде төбесин,
Тартсын салдаўласып ақыл кемесин,
Сен не айтсаң бәрин «мақул» демесин,
Адассаң абайлап алдыңды шолсын,—

деп оның саған ҳәр тәрепләме уқсаслығын халық билсин, ақыллы, еркин ойлы, өзинше пикирлейтуғын, адасып баратырсаң алдыңды шолып туўры жол көрсететуғын бир достың болсын, деп үйретеди.

Ибрайым шайыр өз шығармаларында дослық пенен бир қатарда туўысқанлық мәселесин тереңнен қозғайды. Ол туўыс-

қанлықта қаналас-туўыслық қатнасты нәзерде тутпай, улыўма адамлар туўысқанлығын жырлады.

Тарийхларда гуўалы сөз,
Ҳәр бир дәртке дуўалы сөз,
Кийели сөз, даўалы сөз,
Туўысқанлық, туўысқанлық.

Ямаса, оның тарийхы мәселе екенлигин айта келип:

Бир тандырға нан жаптырган,
Мүтәж затыңды таптырған,
Биймезгил есик қақтырған,
Туўысқанлық, туўысқанлық, —деп билдиреди.

Ол туўысқанлықты дослықтың тийкары ретинде тәриплеп:

Өзбекти өз ағам еткен,
Уллы бахыт инам еткен,
Бир қазанда ас демлеткен,
Баўыр басқан туўысқанлық,—

деп туўысқанлықтың инсаный ҳәм жәмийетлик әҳмийетин жоқары көтереди. Шайыр туўысқанлық татыўлықтың тийкары, ал татыўлық болса тынышлықтың себепшиси екенлигин баянлап, оннан философиялық жуўмақ шығарады:

«Көп халықлар арасат азабын шегер,
Президенттен тартып дийқанға қәдер,
Уйқысын урлаўшы не десең егер,
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз»

деп тынышлық, татыўлық ҳәзирги прогрессив адамзаттың тийкарғы ураны екенлигин, ғәрезсизлигимиз дәўиринде мийнеткеш халқымыздың ҳәм ҳүкиметимиздиң тилеги ҳәм арзыўәрманы тынышлық, татыўлық екенин:

Ҳақ жол мустақыллық кәрўанымызға,
Даналық тилеймиз журтбасшымызға,
Мәңги несип етсин дәўранымызға,
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз,—

деген сөзлер менен жуўмақлайды.

Шайыр тынышлық, дослықтың планетаның барлық жерлеринде болыўын күсеп, урыстың ақыбетин көрсетип, оның хәўирине қолын жылығатуғынларға нәлет айтады:

Усласса палўанлар жаға услассын,
Тасласса қошқарлар гелле таслассын,
Урысса қоразлар ғана урыссын
Адам урысқан жерлер ўайрана болар.

Отлар жанса жансын ошақта гүрлеп,
Атлар шабар болсын байраққа терлеп,
Ким қолын жылытса урыс отын үрлеп,
Ғарғысқа ушырап гиряна болар,

деген шайыр ойлары дүньяда парахатшылықты, татыўлықты қәстерлеўдиң үлгиси. Ол халықлар арасындағы дослықтың әҳмийетин «Уллы қытай мақалы» деген қосығында:

Дүньяның барлық халқы аяқ қосып,
Бир ўақта жерди тепсе, жер силкинер,
Дүньяның барлық халқы урт толтырып,
Үплесе даўыл турып, күн гүркирер,—

деген дуўалы сөзлерди айтады. Ол халықлардың азатлық ҳәм бахыт ушын бирликте жүргизген гүреслеринде туўылған, дәўирлердиң қатал сынағынан өткен, дослықтың бийбаҳа байлық, қүдиретли күш, әжайып қуўат екенлигин нәсиятлап, оны қәстерлеп саклаўға шақырады.

Ғәрезсизлик шарапатында өзлигимизди қайтарыў арқалы әдеп-икрамлылықты қайта тиклеў мүмкиншилиги пайда болды. Енди инсанлардың дослық сезими де өзиниң түп сағасын излей баслады. Оның әзелий тийкарлары бизге қайта оралып, тәрбияның үлгиси ретинде жүзеге келип, дослық сезиминиң қудиретли күшке айланыўына тийкар салды. Мине енди И.Юсуповтың поэзиясы халқымыздың санасына дослық сезимлерин жайып, елимиздиң бирлигине табыслы хызмет етпекте.

## 9-ТЕМА. САҚЫЙЛЫҚ, САБЫРЛЫҚ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Сақыйлық—инсанпәрўарлық.
2. «Сабыр түби—сары алтын».
3. «Аманат аман саклайды».

## 1. Сақыйлық—инсанпәрўарлық

Адамның ең жоқары социаллық ўазыйпасын белгилейтуғын ҳәм тастыйықлайтуғын инсанпәрўарлық идеяларының бири—сақыйлық. Бул гөззал сыпат, инсанға хызмет қылыўға бел байлаған үлкен келешекли кисиниң қәсийети.

Ҳәким Улықпанның, Ануширўан патшаның ўәзири Бузургмеҳрге берген саўалларын келтиргенде мынандай жуўапларға айтарлықтай кеўил бөледи:

«Дүньяда ең бахытлы адам ким?» дегенде ўәзир: «Өзиң әдиллилик пенен, сақыйлық пенен безеген адам» деп жуўап берген. Сақыйлық—жақсылық басқаларға да болсын, деп ойлаў ҳәм солай болыўға жәрдемлесиў арқалы адамларға шадлық бағышлаў. Бул ҳәммеси өзимде болсын, «Мениң атым жүре турсын, кисиниң аты тура турсын» деген қәсийетке қарама-қарсы болып, адамды уллы мәртебелерге умтылдырады. Сақыйлық—жәмийет ағзаларының өз-ара мийирманлығын беккемлеўде үлкен хызмет атқарады. Ал, керсинше сықмарлық адамды қолайсыз жағдайда қалдырады.

Ҳәзирги заман психологиясының көрсетиўи бойынша адам басқаларға жақсылық ислеўге урынбаса, өзи дәўлетли болыўы мүмкин емес. Басқаларға жақсылық етиўге урыныў өзине дос көбейтиў дегенди билдиреди. Сақыйлардың досты көп болады. Соның ушын халық:

Сақый—дос көбейтеди,
Бақыл мал көбейтеди, деген.

Ислам дини сақыйлыққа үлкен итибар берген. «Өзлери жарлы болса да, посқанлар пайдасын өз пайдасынан артық көреди. Нәпсилерин тыйып, дүнья-мал қуўыўшылықтан аўлақ жүргенлер өз мақсетине жетеди» («Хашр» сүреси, 9-аят). Усы аяттың шығыў себеби туўралы Әбиў Хурайра деген саҳаба гүрриң етип мынандай дейди: «Бир киси пайғамбарымыздың алдына барып: «Мен қыйын аўҳалда қалдым», деди. Пайғамбарымыз ҳаялларының алдына адам жиберип, «бул кисиге бериў ушын аўқат барма екен?» дегенде, ҳеш нәрсе табылмапты. Сонда Пайғамбарымыз мына ер кисини бир кеше мийман қылып, «Алланың рахметине сазаўар боламан деген киси бар ма?» депти. Сонда Әбиў Талла деген саҳаба: «Мине, мен барман, ҳәй Расулаллаҳ»—депти де кисини үйине алып барып ҳаялларына: «Алланың расулысының мийманына зияпат қылың» депти. Сонда ҳаяллар «үйде балалардың аўқатынан басқа ҳеш нәрсе жоқ» депти. Әбиў Талла: «Балалар аўқатланбақшы болса, оларды әмеллеп уйқылатып қой, шыраны өширип аўқатты алып

кел. Бул кеште пайғамбарымыздың мийманын разы қылайық» депти. Ҳаяллары тап сондай ислепти. Ертеңине азанда сол киси пайғамбар алайҳиссаламның алдына барыпты. Пайғамбар: «Алла таала Әбиу Талла ҳәм оның ҳаялларын ырзалық қылды ҳәм олар ҳаққында мына аятты түсирди» деп жоқарыдағы айтылған аятты оқып берген екен.

Бул уақыя ислам дининиң мусылманлардың қәлбине қуйған сақыйлық әдетиниң тереқ екенлигин ҳәм жәмийеттиң жасаўында жүдә әҳмийетлилигин көрсетеди. Белгили данышпан Абдрахман Жәмий: «Егер үйинен шығарып берсе, барыў-жоғы ярым нанын ғеда, Ярым ғәзийнени берген шахтан сақыйлық бабыда сол ғеда ағла» деп сыпатлайды.

Араб елинде пүткил мусылман дүньясына сақыйлық пенен аты шыққан, Нажд ўалаяттай қәуиминиң басшысы, шайыр, жүдә сақый Хотам Тай деген адам болған. Ол үлкен гүмбез түринде имарат салдырған ҳәм оның жетпис әйнеги болған. Тиленшилер ҳәр күни сол гүмбез дөгерегинде жыйылып ҳәр әйнекке қолын созар екен. Хотам оларға садақа берер екен. Араб елинде оннан өткен сақый болмаған. Оннан биреў бир сапары өзиңнен артық сақыйырақ адамды өмиринде ушраттың ба? —деп сорағанда, ол ушыраттым деп гүрриң етипти:

Саҳрада сапарға кетип баратырсам, узақтан бир көрениш жай, оның алдында бир ешки көринди. Ол жерге жетип барғанымызда аттың дүсирлисин еситип, иштен бир камбағал адам шығып, аттан түсиўге жәрдем берди. Бираздан кейин оның улы келип ашық жүз бенен сәлемлесип, ҳал-аўҳал сорасты, әкеси улына қарап:

Балам, ешкини сойып тағам таярла, мийманға зыяпат бериў керек, —деди. Улы мақуллап, әўели барып отын терип келейин, деди. Әкеси: сол шөлге барып отын алып келгенше бираз ўақыт өтеди. Мийманды ашырқатып қойыў әдептен емес, —деди. Әкесиниң еки найзасы бар екен. Сол найзаларды сындырды ешкини сойды, ҳәм аўқат таярлап дастурханға алып келди. Оның ояқбуяғына қарасам оның бар дүньясы усы ешки ҳәм найзасы екен, ол оларды мийманның ҳүрметине жумсап жиберди. Ол адамнан «Мени таныйсаң ба?» деп сорасам, ол «танымайман» деди. Мен Хотам Тайы баламан, сарайыма кел, бул қылған жақсылығыңның ҳақысынан шығайын, дедим. Ғарры: «Биз мийманнан зыяпат пулын алмаймыз» деди ҳәм сонша айтсам да меннен ҳеш нәрсе қабыл етпеди. Мине сол кисини өзимнен көре сақыйырақ билемен, депти.

Демек, сиз өзиңиздиң барыңызды, кеўлиңиз бенен бөлиссеңиз, ол—сақыйлық. Ол үлкен байлық, бул байлық пенен адам туўылған,

оның болмысы—оның байлығы. Барың менен бөлиссең, басқаға жәрдем қолыңды созсаң, жүректен шыққан қалыслық пенен қатнас қылсаң, сен сақыйсың.

Сақыйлық қайыр-сақаўат пенен байланыслы. Сақаўат өз малынан жетим бийшараларға бермек. Сақаўаттың кериси-бақыллық. Бақыллық қылықлардың ең жаманы. Сараң адам өзиниң қолындағы малларынан өзи де пайдаланбай қалады. Басқаларға да пайдасы болмайды. Сараңның малы өзинен соң орынсыз жерлерге сарып болып, тезлик пенен тамамланады. Сараң адамды китап артқан ҳайўанға уқсатқан. Үстиндеги жүгинен өзине пайда жоқ. Сақаўат жалғыз малда емес, илимде де болады. Илимли кисилер илимсиз кисилерге илимди билдирсе сақыйлық. Егер билдирмекти қәлемесе, ол Аллатаала алдында жуўапкер ҳәм жазаланыўшы.

Бир жәмийетте түрли адамлар жасайды. Олардың ҳәммеси бир қыйлы емес. Араларында күшлилер бар, ҳәлсизлер бар, алымлар, наданлар бар. Инсан әлемде қаншалық бай, қаншалық күш-қудретли болса да бир өзи жасай алмайды. Ол басқа кисилерге де мүтәж. Соның ушын өз-ара жәрдем, сақыйлық қәдирленип сараңлық қараланады. Пайғамбарымыз «Адамның ҳәр ислериндеги сақыйлық шақалары, дүньяларға жайылып турған жәннет дарақларының биридур. Ким бул дарақлардың шақаларынан биринши усласа, ол шақа ол адамды жәннетке жетелейди. Сараңлық шақалары бул дүньяға түсип турған жәҳәннем шақаларыдур. Ким бул дарақтың шақаларын усласа, ол адамды жәҳәннемғе жетелейди» деген екен.

Сен жүдә бай адам болыўың мүмкин, бирақ ҳеш ким менен ҳеш нәрсени бөлиспесең сен сықмарсаң. Онда сениң балаларың саған жат, онда сениң ҳаялың саған бийтаныс. Себеби, сықмар адам жабық адам. Сен оған жақынласаң ол қашады. Себеби, сениң менен бир нәрселерди бөлисиў керек болады. Ҳәттеки, қол қысыспа да сықмарды тәшўишлендиреди. Ол адамларды бир қашықлықта услайды. Оған қарап мыйық тартыў да қәўипли. Бир манат ушын өзин тамнан таслайын деп атырған сықмарға: «Бир манат ушын көз жумбасаң не қылады дегенде: «Не ушын мен бир күн, бир ҳәпте, бир ай, бир жыл, бир өмирге жететуғын малымнан ўаз кешер екенмен?» депти. Бул не дегениң деп сорағанда: «Егер бир манатқа дуз алсам бир күнге жетеди, моншаға барсам—бир ҳәптеге, кир жуўыўға берсем бир айға, сипсе алсам бир жылға жетеди. Егер мыйық алып дийўалға қақсам бир өмирге жетеди. Сонша күниме жарайтуғын нәрсени неге енди иқтият қылмай, қәдирине жетпес екенмен» деп жуўап берипти.

Демек, сақый болыў ушын бай болыў керек деп ойлаўға болмайды. Керисинше, сиз бай болғыңыз келсе, сақый болыўыңыз керек, онда сиз өмирде көп сыйлықларды алып жүресиз, рахметнамалар еситесиз. Көп адамлар менен кеўиллерди бөлисесиз, таза боласыз. Сақый адам таза, сықмар адам патас болады. Ол ақпай қалған ҳаўыздың суўына уқсайды. Оған ҳеш ким келмейди, ол ҳеш кимге суўын бермейди. Оннан ҳеш ким суў алмайды. Оны бөҳәр, суўға толтырмайды, суў патаслана береди. Ақырында қурыйды. Көпшилик адамлар тап усындай болады. Адамларды өзиңиздеги бар нәрселер менен бөлисиўге шақырып, сақый болыў үлкен бахыт болып есапланады.

Сақый кисиниң қәтелерин кешириңлер, себеби Аллатаала оны ҳәр бир сүрингенинде қолынан тутып турады. (Мың бир ҳәдис, 161).

Сақый—ер халықтың ҳүрметлиси
Сараң—уятсыз, малдың гүзетиўшиси.

(*Ахмед Югнакий*)

Бақылда бар болса да—жоқ,
Сақыйда жоқ болса да—тоқ.

(*халық нақылы*)

Басқаларды бахытлы етиўге тырыса отырып,
бахытымызды да табамыз.

(*Платон*)

Сақый бергенин айтпас,
Ер айтқанынан қайтпас.
Қолы ашықтың-жолы ашық.

(*Нақыл*)

Сараң—пайғамбардың жийени болса да, бейишке бармайды.

(*Ә. Наўайы*).

Қабуснамада былай делинген: Әй перзент, егер сен жомарт киби ҳәрекет қылғың келсе, әўел жомартлықтың не екенин ҳәм оның қаяқтан келип шыққанлығын билгил. Адамның қәсийетинде үш нәрсе бардур. Бул үш нәрсениң бири—ақыл, бири—туўрылық, бири—жомартлық.

Жомартлықтың тийкары үш нәрседур: бири—айтқан сөзиңди өзиң орынласаң, екиншиси—туўрылыққа қылаплық қылмасаң, үшиншиси—қайырлықты есиңде тутсаң, умытпасаң.

Билгил, жомартлық бир неше өнери болған адамға ылайық. Бул өнерлерден бири-қорықпас мәрт, сабырлы, шыдамлы, ўәдеге опа қылыўшы, сап жүрекли, дурыс сөзли болыўдур. Және бири-өз мәпин гөзлеп қулларға азап бермеў, оларды қоллап-қуўатлаў, әззилерге мәдет бериў, жаманлардың жаманлығынан жақсыларды қорғаў, туўры сөз сөйлеў ҳәм әдил болыў, жақсыға жаманлық қылмаў ҳәм зыян бермеў, яғный адамларға зыян ҳәм зәлел жеткизбеў.

Егер мәртлик-жомартлық жолында жүрмекши болсаң, ҳәмме ўақыт үш нәрседен сақланғыл: көзди жаман нәзерден, қолды жаман истен, тилди жаман сөзден.

Ҳеш жалған сөйлеме, нәмәрт жалған сөйлейди. Егер ҳәр бир адам сениң мәртлигиңе-жомартлығыңа исенсе, егер ол әзиз, ҳүрметли адам болса да саған өзин тәслим еткени ҳәм бәрше халықтың алдында сениң мәртлигиңе-жомартлығыңа исенер болар. Жаның барынша ҳәрекет етип, мәртлик-жомартлықты ийелигил. Ҳәргиз еткен ис бойынша өш алмағыл, қыянет қылыўды ойламағыл: себеби, қыянет қылыў—мәртлик, жомартлық емес.

Билгил, мәрт-жомартлықтың жетилискени соннан болады: ол өз мал-мүлкин өзиники, басқаның мал-мүлкин басқаники, деп биледи. Халықтың мал-мүлкинен дәме етпегил. Өз қолың менен қоймаған нәрсени алмағыл. Халыққа жақсылық қыла алмасаң да жаманлық қылмағыл.

Булардан бизиң халықларымыздың өз санасында әзелден сақыйлықтың муқаддес екенлигин жоқары баҳаланғанын көремиз.

## 2. «Сабыр түби—сары алтын»

Сабыр—шыдамлы болыў. Аўыр жағдайлар дус келгенде оларға шыдап, өзимизди жоғалтпаўымыз, керексиз сөзлерден, орынсыз ҳәрекетлерден өзимизди тартыў.

Дүнья—сынаўлар әлеми. Инсан өмиринде түрли жағдайларға дус келеди. Гейпара ҳәдиселер кисини шадландырса, басқаларды қапа қылады. Шадлық ўақытта шүкир қылыў, қайғылы демлерде сабыр қылыў әдеплилик белгиси.

Пайғамбарымыз: «Мусылман киси кеўли хош ўақтында шүкир қылар. Бул оның өзи ушын жақсы ҳәм саўап. Қайғылы демлерде сабыр қылар, бул оның өзи ушын жақсы» деген.

Сабыр—мусылманның қуралы, дейди. Лекин оны өз орнында қолланыў зәрүр. Миннет қылмай, қолайлыққа разы болсақ, «Аллатаала маңлайымызға соны жазған екен» деп мүтәжлик

алдында бас ийсек, бул сабыр деп саналмайды. Ҳақ ҳәм ҳақыйқат алдында аўзымызды ашпастан, сөйлеместен жүриўди сабырлық деп болмайды. Пайғамбарымыз айтқан: «Ҳақыйқат алдында аўзын жаўып алған киси тилсиз шайтандур».

Сабырлылық—адамның өзин-өзи бийлеўи, алдына қойған мақсетине жетиўге өз ҳәрекетин бағындырыўы, қыйыншылықларды жеңип өзиниң сезимлериниң үстинен қадағалаўды иске асырыўы, өзин басыўы, дөгеректиң қарсылығына ушрасқанда түнилиўшилик, яки авантюристлик қатнастан иркилиў болып есапланады.

Сабырлылық әдеп-икрамлылықта жоқары баҳаланып, ушқалақлыққа, шыдамсызлыққа қарсы түсиник. Буның тәрбиялық сыпаты сонда, адам бирден қызып кетпестен ҳәр истиң соңына бағып, ойланып ис қылады. Себеби, «ашыў алдында, ақыл кейнинде келеди» деген халқымыз. Ашыўланып, қызып кетип ис қылмастан, сабырлылық ислеў адамыйлық қәсийет.

Сабырлы жетер муратқа,<br>Бийсабыр қалар уятқа, ямаса<br>Сабыр түби—сары алтын,<br>Сарғайған жетер муратқа,—

деп көрсетип, халқымыз адам мурадына сабырлылық пенен, избеизлик пенен жетеди, деп дурыс нәсийхат берген.

Мақтымқулы шүкир әйлеғил қудаға,<br>Өлим бара-бардур шаху-гадаға.<br>Бийсабыр қул тез жолығар бәлеге,<br>Сабырлы қул бара-бара шад әйлер,—

дейди Мақтымқулы.

Адам өмиринде нелер болмайды. Айырым пайытларда қуўанышың қойнына сыймай кетсе, гейде көзиңе әлем зимистан болып көринеди. Бундай жағдайда әсиресе жаслар өзин ҳәлсиз, шарасыз көрип, гейде дүньядан кешиўди ойлайды.

Әлбетте, инсан өмири бир тегисликте, раўан болып өте бермеўи мүмкин екенлигин еске алып, қайсы күнлерде де машақатлар болатуғынлығын ҳәм бахтияр күнлердиң де келетуғынлығын ядта тутыў ҳәм соған байланыслы сабыр-тақат қылыў, шүкирлик етиў бул әҳмийетли қәсийет болып есапланады.

Сабыр әдеп-икрамлылықтың руўхый таянышының бири. Сабырды киси қыйыншылықларды мәртлик пенен жеңип қабыл етеди. Ал жеңил, киси қапа-қәсте болады, өзин отқа таслайды, қайғы-ғамға бөленеди.

Егер сабыр-тақат болмаса, инсан көрген қыйыншылықлардан кәлби кәсте болып, рауажланыўдан артта қалады. Ал, сабырлы киси болған исти изертлеп, байқастырып, себебин табыўға тырысады. Соның ушын қуранда сабырға қатты әхмийет берген. Сабырлы кисилерди жүдә әжайып кисилер деп атаған ҳәм «Сабыр қылыңлар, әлбетте, Алла сабыр қылыўшылар менен бириғеди» дейди («Анфал» сүреси, 46-аят).

Адам арзыў-үмит пенен жасайды. Қандай қыйыншылықлардың да олардың жүрегиндеги үмит отын сөндире алмаўы, сабырлылық пенен байланыслы. Сонлықтан ислам да сабыр-тақат барлық пазыйлетлердиң анасы, деп есаплайды.

Сабырлылық адамның өз минез-қулқын қадағалап билиўи, ашыўлы ўақытларында, ызаланған пайытта, өмирдиң қыйын мәселелерин шешкен гезде, аўырған жағдайда өзин-өзи басқарып, соңына бағыўшылық болады. «Устамлылығы ямаса сабырлылығы жоқ адам тормозсыз машинаға уқсайды» дейди даналар.

Адамның мий қабыршағында қоздырыў ҳәм тежеў процесслери болып, сабырлы адамда бул процесслер бир қәлипте болады. Ал ашыўлы, жеңил, ойланбай ис тутатуғын адамларда қоздырыў, тежеўден басым келип, адам айырым ўақытларда өзин баса алмай қалады. Лекин бул тәрбия арқалы шешилип, шынығыўлар нәтийжесинде жөнге түседи.

Айтайық, балаларды кишкене ўақтынан баслап сабырлылыққа үйретиў керек. Мысалы, ыссыға, суўыққа шыдамлы етиў, орынсыз еркелетпеў, аўырыўға шыдаў, күтиў уқыплылығын өсириў, баслаған исин шала етпеўге үйретиў ҳәм тағы басқалар.

Сабырлылық, бул жуўапкершилик сезимин тәрбиялайды. Ол зәрүрий емес жағдайда адамның еркин-ықтыярын, өз ҳәўесин ирке билиў болып есапланады.

Сонлықтан да сабырлы адам жәмийетте үлкен абыройға ийе болып, оны ҳәмме мойынлайды, адамлар оның тәсирине өз ерки менен берилип, оның сөзлерин ықласы, ықтыяры ҳәм бар интасы менен орынлайды.

Сабырлылық—минездиң негизи.

(*О. Бальзак*)

Сабын—кирди ашады,
Сабырсыз—сырды ашады.
Жақсылықтан үмитленсең, сабыр ет.

(*Ахмед Югнакий*)

Ийманның абзалы—сабыр ҳәм ҳақыйқатдур.

(*Мың бир ҳәдис 145*)

Сабыр хәм тақат—алладандур
Сасқалақлық—шайтаннандур.

(*Мың бир ҳәдис 324*)

Сабыр етсең рәҳәт бар,
Бийсабырға нәлет бар.

(*Қарақалпақ халық мақалы*)

**3. «Аманат аман сақлайды»**

Кисиге сыр сыпатында айтылған сөзлер де аманат. Пайғамбарымыз: «Бир киси саған бир сөз сөйлегенде жан-жағына қарап сөйлесе, бул сөз «Сизге аманат екенлигин билип қой. Ол сөзлерди басқаларға айтпа» деген екен. Ол тағыда «отырыспадағы сәўбетлер кисилер алдында аманатдур. Кисиниң сәўбетлесиўине қәўип туўдыратуғын сөздиң биреўге айтылыўы ҳарамдур» деген.

Биреўдиң сыры аманат, биреўдиң биреўге тапсырып қойған мал-мүлки, пулы, берген қарызы, гәпи аманатқа киреди.

Аманаттың кериси қыянет, қыянет қылыў Алла алдында есапланады. Халық бундай адамнан ҳақылы түрде жеркенеди, ҳазарланады.

Буннан тысқары адамның жаны да инсанға пәрўардигардың берген бир аманаты. Себеби, жан бериўши Алла ўақты, сааты келгенде бул аманатты қайтарып алады. Соның ушын «аманат жанымды аман сақла» деген гәп бар. Өзлерин өзи өлтирген кисилер Алланың аманатына қиянет қылған болады. Бул күтә гүна болып динимизде ҳарам есапланған ҳәм бундай қыянаткерлер ақыретте қатты жазаға тартылады. Соның ушын өзин-өзи өлтирген адамды жерлеў мәресиминде намаз оқытылмайды ҳәм дүньяда ҳарам қылынған ҳайўан-доңыз қәўимине кетеди.

Мусылман дүньясына мәмлекет ҳәм миллет малы аманат. Оларға зыян жеткизиў ҳәм өз пайдасына жаратыў қадаған етиледи.

Ҳәзирети Омар бир кешеси ҳүкимет үйинде, миллет ислери менен шуғылланып отырғанда оның Абдурахман бен Авор деген досты келипти. Сәлемлесип хал аўхал сорасқаннан кейин ҳәзирети Омар бир шамды алып жақты да бурынғы шамды өширип қойған. Досты оның: шамның биреўин жақтыңыз, екиншисин өшırдиңиз, олардың екеўи де бир қыйлы емес пе неге бундай қылдыңыз? дегенде, ҳәзирети Омар: «Сен келген ўақытта мәмлекет иси менен шуғылланып атыр едим, соның ушын мәмлекеттиң шамын

жаққанман. Сен келгеннен кейин исимди қалдырып, сениң менен сөйлесе басладым. Сен менен сөйлескен ўақытта мәмлекеттиң шамын жағыўға ҳақым жоқ. Соның ушын өз пулыма сатып алған шамымды жақтым» депти.

Аманат түсиниги халық әдебинде жүдә шарапатлы түсиник. Ең жақсы мәртлик пазыйлет—аманатты аман саклаў, аман ийесине қуўыстырыў. Олай болмағанша ҳеш ким, қудай да, ата бабаның әр-уаклары да, ҳеш бир адам да разы болмайды. Олай болса аманатқа қыянет ете көрмеңиз деп тапсырыў бул кийели. Мысалы, «Алпамыс» дәстанында Алпамыстың: «Атты саған, сени ҳаққа тапсырдым», деп Каражанға Байшубарды байраққа шабыўға жибериўи соны көрсетеди. «Аманат жаным аман болсын» деген сөз де адамның өлимге қайсы ўақыт болса да, дуўшар болатуғынлығын көрсете отыра, соның тийкарында оның минезин жумсартатуғын қәсийетли түсиник екенлигин билдиреди. Ҳәзирги замандағы «Кеўил кеўиллерге болсын аманат» деген қосық қатарлары да қосылыўдың беккемлигиниң тийкары ҳаққында болып, ол кеўилди бериў ҳәм оның кеўлинен шыққан ўәдени қәстерлеп саклаўға қаратылған тилек, шешим ҳәм арзыў болып есапланады.

Аманлық-саўлық бизиң халықларымыздағы ең жақсы ҳәм жоқары тилек. Сонлықтан адамлардың атлары да Аман, Аманбай, Аманлық, Амантай, Амангүл деген, аман менен байланыслы болып, турмыста көп ушрасады. Биринши сөз аманласыўдан басланады, яғный, «амансыз ба», «тегис амансыз ба», «аман отырсыз ба», деген сөзлер кийели ҳәм шарапатлы тилеклер менен танысыўлардың басы. Олай болса аманат сөзи де усындай шарапатлы сөз.

Тоталитар дүзим админстративлик система дәўириндеги бизге үйреткен моралльқ режелерде аманат түсиниги болмады, керисинше, ол талап етилмеди де. Соның нәтийжесинде тапсырылған аманатлар орынланбады яки адамлар аманат алмады, алса да, оған ашкөзлик қатнаста болды. Тапсырған аманатларды өзине сиңирип қойған, ағайын туўысқанлардың аразласып жүргенлерин бизде ҳәр бир адам биледи. Бул, әлбетте, елдеги әдеп-икрамлылықтың бузылғанлығын көрсетер еди. Соның менен бирге, адам менен адам арасындағы қатнаслардың қатайып кеткенлигин, кисиге болсын деген пикирди алыслатып, ҳәр кимге жақсылық етип, сауапты арттырайын ҳәм өзим де жақсылыққа өзгерейин, деген үмитлердиң жоқ болып кеткенлигин көрсетеди.

Қабуснамада: Әй перзент, егер саған бир адам аманат тапсырса, мүмкин болғанынша оны қабыл етпегил, себеби аманатты қабыл етиў, жүдә қыйын исдур. Адамгершиликтиң ҳәм мәртликтиң жолы

сондай: аманатты қабыл етсең, жақсы сақлағыл сонда ийесине аман тапсырасаң.

Ҳикаят. Мен булай еситкенмен: бир адам түнде сәҳәр ўақтында үйинен шығып кетип, моншаға бармақшы болды. Өз досларының бирине: «Мениң менен жолдас болып моншаға жүр, деди. Ол айтты: Сениң менен барамандағы, бирақ моншаға түспеймен, себеби мениң зәрүр жумысым бар». Ол адам жолдасы менен монша бетке жүрди. Еки жол айырылысқан жерге барғанда жолдасы моншаға барыўшы достына билдирместен басқа жол менен кетти. Жолдасы жалғыз өзи моншаға кете берди. Тосаттан бир уры ол адамның изинен бара берди, ол болса буны достым деп пәмледи. Оның қойнында жүз тилласы бар еди. Моншаның есигиниң қасында тилланы қойнынан шығарып түн қараңғысында танымай жаңағы урыға берди ҳәм былай деди: «Әй бирадар, мен моншаға түсип шыққанша бул тилла сенде турсын, моншадан шыққаннан кейин маған тапсырарсаң». Уры тилланы алып сол жерде отырды. Ол киси моншадан шығып кийимлерин кийип кете берди. Уры оның кейнинен шақырып айтты: «Әй мәрт, кел меннен алтынларыңды ал. Бүгин мен сениң аманатыңды сақлап өз жумысымнан қалдым». Ол адам айтты: «Сен кимсең, бул алтын қандай алтын?». Уры айтты: «Мен бир урыман, бул алтынларды сен тапсырғансаң».

Ол адам былай деди: Егер сен уры болсаң не ушын бул алтынларды алып кетпедиң? Уры айтты: Егер мың тилла болса да, ойламай-ақ алып кеткен болар едим, бирақ сен бул алтынды маған аманатқа тапсырған едиң. Аманатқа қыянет қылыў мәртликтен емес.

«Әй балам, аманатты қабыл етип алып ийесине тапсырғаныңша сен ҳәм азап шегесең. Аманат ийеси сеннен ҳеш ўақта миннетдар болмайды ҳәм тапсырған затымды алдым, оған не зыян болыпты» деп қоя қояды. Сениң шеккен азап-ақыбетлериң босқа кетеди. Егер аманатқа бир апат тийип жоқ болса, сениң сөзиңе ҳеш ким исенбейди ҳәм сен халықтың ортасында қыянетши деген ат пенен белгили боласаң. Әне, сондай дөҳметти мойныңа алыў жақсы емесдур. Егер мойныңа алмасаң, сеннен жәбир зорлық пенен өндирип алады. Соннан кейин саған ҳеш ким исеним менен қарамайды.

Аманатқа қыянет қылмағыл. Егер дурыс сөзли болсаң ҳәмме байлық дурыс сөзли адамға тийислидур. Биреўден алданбаўға ҳәрекет ет ҳәм биреўди алдаўды қатты аўыр гүна деп бил.

«Аманат аман сақлайды» деген халқымыздың бир ибаралы сөзи бар.

Ертеде бир патшалықтың елинде жол жүрейин деп атырған кәрўан басының алдына кишкене бир бала келип:

—Ата, мына қой терини сатып, пулына келгендей зат әкелип бер, деп бир қой тери берипти.

—Балам, бир териге не берер дейсең, —депти кәрўан басы.

—Мен бул пулға келген затқа ыразыман.

Солай етип, кәрўан жол жүрип, өзлериниң дийдилеген жерине келип, затларын түсирип болған соң, баяғы баланың берип жиберген аманаты ядына түсипти. Терини ширкетке әкелип бир тийинға сатыпты. Бир тийинға базарда келгендей ҳеш нәрсе табылмапты. Бир ўақытлары алдынан пышық көтерип баратырған бир бала шығыпты.

—Балам, мына пышығыңды бир тийинға сатасаң ба? —депти кәрўан басы.

—Сатаман, —депти бала.

Кәрўан басы пышықты алып, саўдаларын питкергеннен кейин түйелерин жегип жолға раўана болыпты. Күнлердиң күнинде кәрўанлар бир патшалықтың елине келип, сол жерде бир ақшам қоныпты. Азанда турып қараса, пышық кәрўан жатырған жердиң дөгерегине тышқанларды үйин-үйин етип таслаған екен. Буны көрип көрўан тартқан саўдагерлер ҳайран қалыпты. Кейин билсе, бул елде тышқанлар соншелли көбейип кетип, адамлардың жайын тесип қулатып дөгерегин жеп, хөтте уйқылап атырғанда қулағын кемиретуғын халға дейин келипти. Соның арасынша пышықтың хабары патшаға жетипти. Патша саўдагерлерге адам жиберипти, «Сол ҳайўанды бизге сатсын, орнына сораған нәрсесин бизден алсын» депти. Бул елдегилер пышық дегенди билмейди екен. Патшаның шабарманы келип, кәрўән басыға сәлемнаманы жеткерипти.

Бул ҳайўанның аты «жаўды қырған» деп аталады, пайғамбардың дууасын алған мақлуқ, оны саўдаласыўға болмайды, патшаңызға айтып барың, бергенин бере ғойсын, депти. Патша оларға қырық нар түйе берипти. Кәрўанлар қонып жатып, жүрисин даўам етипти. Күнлердиң биринде булардың изине жол тосыўшы урылар түсипти.

Олар хәптеге дейин анлыпты, бирақ күндиз де, түнде де ҳештеңени ала алмапты. Урылар кәдем қойғаннан кәрўанның қыр дөгерегинде қорғаншалар пайда болып, оларды өткермепти.

Бир күни кәрўан басыға оның кеңесшиси келип:

—Усы бир териге қырық нар түйени апарып бермекшимисиз деп сорапты.

—Аўа, —депти кәрўан басы.

—Бир териге қырық нар түйе келеди деп хеш ким де ойламайды. Оннанша балаға көйлек шыққандай бөз тауар берейик те, қырық түйени жигирма-жигирмадан бөлисип алайық, —депти.

Кәрўан басыны шайтан азғырып, буған разы болыпты. Сол күни түнде оларды урылар тонапты, олар кейнинен кәрўан басыға келип:

—Бизлер бир хәптеден бери сизлерди тонаўдың жолындамыз. Бирақ, жаңа топылысқа өткенде сизлерди орап алған қорғанлар пайда болады да, биз өте алмай қалатуғын едик. Бунық сыры неде? —деп сорапты.

—Жолға шыққанда бизге нәресте аманат тапсырған еди. Дүньясы қурысын, сол аманатқа бүгин қыянет етиўди ойлап едик. Кисиниң аманаты ийесине жеткенше қорған болған жоқ, —депти кәрўан басы.

Урылар бул гәпти еситип «қой, онда аманат бизди де аман қоймас» деп урлаған мүлклериниң хәммесин қайтарып берип, жолға шығарып салыпты. Кишкене баланың аманаты кәрўанды елге аман-саў жеткерипти. «Аманат аман сақлайды» деген гәп соннан қалған болса керек.

## 10-ТЕМА. АР-НАМЫС ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Ар-уят инсан безеги.
2. Ийбе ар-уяттың басламасы.
3. Намыс, абырой қәдир-қымбаттың қорғаны.

### 1. Ар-уят инсан безеги

Ар-уят өзин хәм өзгелерди қәдирлеп билиў. Ар-уят инсанның ис-хәрекетинде, өзин тутыўында көринеди. Инсанның ар-уяты өзиниң, шаңарақтың, пүткил миллеттиң ар-уятын көрсетеди. «Журттан уятты», «журт не дейди». Өзгениң қәдир-қымбатын, абыройын, өз қәдир қымбатын хәм абыройын хүрметлеп билетуғын инсан ар-уятлы болады. Ар-уят кисини натуўры, пәслик ислерден сақлайды. Себеби, буған оның хүжданы жол қоймайды. Ар-уятлы инсан сәтсизликке ушыраса да хеш қашан түскинликке берилмейди. Мақсетке жетиў ушын барлық қыйыншылықларды жеңип алыўға тырысады.

Тарийхта түрли типтеги адамлар өз ислерин «ар-уятымыз бойынша хәрекет еттик» деп түсиндиреди. Конфуций менен Сократ, Заратуштра менен Платон, Ийса менен Мухаммед адамларды рууҳыйлыққа, ар-уят пенен хүждан сестине қулақ

салыуға шақырса, инквизаторлар менен тиранлар, фашистлер менен террористлер ҳәр сапар өз ар- uяты бойынша ҳәрекет еттик, деп есаплайды.

Белгили философ Сенеканың пикиринше, өз әдеплилик қәсийетлеримизге байланыслы бизиң қылық-қылуаларымызды сынайтуғын ямаса қорғайтуғын ишки дауыс-ар-уятты билдиреди.

Ар-уяттың өзгешелиги оның тилсимлиги, пинҳамылығы, қупыялығы ҳәм таңлаушылығы. Ол ишки монолог, гейде онда диалог, көп дауыслы дискуссияда жүзеге келеди. Латын даналығында мынадай делинген: Ар-намыс дегениң мыңлаған гүуалар, адам бойында мәңги оппонент пенен мәңги қорғаушылардың, руухқа уйқы бермей пикирлесип отырыуы. Ол адамдағы жәмийетлик пикирден жасырынып жатқан нәрселерди көрип, ойлап ҳәм сезип отыратуғын мәңги төреши.

Күнделикли өмирде ар-уят сезими-адамның қылық-қылуасы әдеттеги үлгиден шығып кеткенде көринетуғын өзгеше адамгершиликтиң бағдарлаушы компасы ретинде хызмет атқарады.

Әлбетте, ар-уят ҳәммесин қамтыйтуғын қудиретлилик емес. Адамгершилик компромисслик жағдайында ямаса адамгершиликке жатпайтуғын мотивлер басым болған жағдайларда, еркин таңлау бар гезинде, ар-уят өз бойына басқа қәсийетти сиңирип, өзин-өзи жоққа шығарыу үрдисин де қабыллайды. Ар-уяттың өзин-өзи мүжиуи, әдетте адамгершиликке жатпайтуғын қылықты сезиуден басланады. Уақыттың өтиуи менен шахстың өзи насаз болып, адамгершиликтиң азғырыуына түсип, өз қылығын әдеплилик пенен ретлеу шеңберинен сыртта қалады.

Еркинлик ҳәм демократия жойылып, бюрократлық кейиплер үстемлиги жағдайда индивид миннетли түрде қуурыршақ сыяқлы көринеди. Мәдений артта қалыушылық, жәмийеттиң жарлыланыуы жағдайында, оның ағзаларының ар-уяты мүлгип кеткен сыяқлы көринеди.

Улыума ар-уят—бул бизиң өзимизге-өзимиз беретуғын жууабымыз. Бул бизден жемисли өмир сүриуди, толық және үйлесимли рауажланыуды талап ететуғын бизиң нағыз «Менимиздиң» дауысы. Бул бизиң ҳадаллығымыздың қорғаны.

Эрик Фромм былай дейди: «Жеке ар-уятымыздың дауысын еситиу ушын биз өзимизди тыңлауымыз керек. Ал бул биздеги адамлардың көпшилиги ушын қыйын болмақта. Биз өзимиздиң дауысымыздан көре басқа дауыслардың қандайына болса да қулақ түрип, удайы кино, газета, радио арқалы бос мылжың сөзлер менен толтырылған пикирлер менен идеялар қоршауындамыз.

Көбинесе биз өз-өзимиз бенен жеке қалыўға қорқамыз. Биз ең жарамсыз көпшилик пенен, мәниссиз-мағанасыз ўақыт өткизиўди кәлеймиз. Биз өз-өзимиз бенен бетпе-бет келиў келешегинен қорқатуғын сыяқлымыз. Өзиң менен жеке қалыўдан қорқыў— бул шамасы бас айланыў сезими шығар. Бир ўақытта өзиңе сондай таныс, сондай бөтен адамды көриўден туўатуғын қабыллаў күйине уқсас шатасыўдан аўлаққа қашамыз»[1]

Ар-ят түсинги, егер беккем өмирлик исеним болмаған жагдайда, бай хәм ийгиликли адамларда жүдә тайғанақ болыўы мүмкин. Дәўлети енди қурала баслаған адам менен байлыққа тойынған адамның ар-ят туўралы угымы хәр түрли болыўы итимал. Әлбетте адамның ар-уятлығының маңызлы элементи бала ўақтынан басланған тәрбияға байланыслы. Оны қоршаған орталық, сол орталықтың психологиясы менен баҳалылық бағдары зор ықпал етеди. Айтайық Америкада индеецлердиң қызлары жалаңаш-жалпы жүриўден уялмаса да биреў оның аўқат жеп атырғанын көрип қойса қатты уялады. қарақалпақ қызлары бурынлары жигитлер менен шай узатып, кесе алыўға уялмайды. Ал олар менен жеке сөйлесиўден қатты уялатуғын еди.

Улыўма шығыс халықларына тән ар-уятлылық батыс еллери халықларының ислери менен хәмме ўақыт сай келе бермейди. Сонлықтанда адамгершиликли қатнасларда бул факторларды есапқа алып үрп-әдетке хүрмет пенен қараў әхмийетли. Сондай-ақ искер адамлар өзлерине керекли қәнигелерди танлағанда адамның ар-уятына тәсир ететуғын факторларды да билиўи зәрүр.

Уят деп исте, сөзде әдепке бойсыныўды айтады. Уят кеўилди рәўшан қылатуғын нур болып, инсан хәр ўақыт сол мәнәўий нурдың шәшмелерине мүтәж. Адамлар жек көретуғын ислерди ислеў, ғыйбат, масқара, сөгис, адамлардың арына тийетуғын сөзлерди сөйлеў уятсызлық.

Соның ушын хәр бир хәрекетимизде, сөзимизде уятты естен шығармаў керек Ибн Сино: «Уятсыз жүз жансыз дене сыяқлы» деген.

Уят адамгершиликтиң бир мийўеси, соның менен қатар ар-намыстың қосшысы. Уятлы ис арыңды келтиреди, арсызлық намысқа тийеди. Уятсызлық аўызбиршиликти бузады, инсаныйлыққа нуқсан келтиреди.

Уят, уятлы, уятсыз түсиниги де хәр бир жәмийетте, хәр бир халықта хәр қыйлы. Олар дүнья халықларында көплеп ушырасады.

---

[1] Эрик Фромм («Человек для себя» Москва 1992 ж 156-бет)

Мысалы, ҳаял-еркеклердиң якутларда араласып моншада жууўыныўы уят емес ҳәм әдеп-икрамлықтың бузылыўына да тәсири жоқ.

Лейкин, бизиң елде халқымызда, «Сорамай кирген уят, сорамай шыққан айып». Сәлемлесип, сөйлеспеў уят, пинҳамы қатнасларды кисиге көрсетиў уят. Аўқатқа мирәт етпеў уят. Кисиниң затын өзиңдики деп есаплаў уят. Жала жабыў уят. Нәпсиқаўлық, гөрқаўлық уят. қонақ келгенде баланы урыў, ҳаялы менен жәнжеллесиў уят ҳ.т.б.

Уяты бар адамды жөнли адам деп есаплайды. Ал уяты жоқ адам өтирикши болады. «Бети былш етпей өтирик айтты» дейди. Ал, «өтирикши түбинде хор болады», «Намыссыз адам жалахор болады. Жалахор менен сәўбетлес болма» дейди Ҳ.Улықпан. Соның ушын да бизиң бабаларымыз «От бәлесинен, суў бәлесинен, жала бәлесинен сақла» деп жаланы суў тасқыны, өрт апатшылығы менен тең қараған.

Ҳәр бир адамға керек ең әҳмийетли нәрселердиң бири уятлылық. Егер адамларда уят болмаса, оған жәмийетлик қадағалаў болмаса, дүньяда тәртип бузылып кетер. Ҳәр бир киси қылған қәте ҳәм гүналарынан уялмаса, адамлардан тартынбаса, онда жаман ҳәм патас ислерди тоқтатып болмас еди. Әдепли киси өз абыройын төгетуғын ислерден узақта болады, журттан уялады. Егер сондай бир ис болып қалса, уялып, жүзи қызарады, ҳүждановы азапланады. «Қызыл жүзли жигиттиң қызарғаны өлгени» деген нақыл бар халықта. Сондай кәсийетке ийе болған киси әдепли ҳәм ҳүрметли инсан болып есапланады.

Гейпара кисилер өзлери билмеген ямаса бийхабар жағдайда бир қәте ис қылып қойса, уяттан басларын көтере алмайды: «өлимнен уят күшли» Басқа бир кисилер болса қәте қылып қойса да пәруайы пансери. Ондай адамлар әдептен-уяттан, ҳүждан туйғысынан жуда болған кимселер. Ал әдеп-уят адамларды патас ислерден сақлаўшы бир қалқан, қорғаўшысы хызметин атқарады.

Егер бир киси қәтеге жол қойса, бул басқа кисилерге өрнек болмаўы ушын адамлардан уялып, оны пинҳамы тутыўы керек. Ҳәдислерде: «Адамлардан уялмаған Алладан да уялмайды» деген екен.

Беттиң қаралығы уят емес,
Жүз қаралық уят, —дейди халқымыз.

## 2. Ийбе ар-уяттың басламасы

Ийбе сөзи терең мәнили, жүдә тәсирли, қәсийетли сөз болыўына қарамастан турмыста кем қолланып жүрген түсиник. Буның себеплеринин бири биз өткендеги шоралар дәўиринде ҳәммесин коммунистлик әдепке байлап, өзимиздиң өзлигимиздеги әдеп-икрамлылық қәдириятларды умытып баратырған едик. Және де ол дәўирдеги сиясий көрсетпелер бойынша ийбеге талап болмады. Сонлықтан биз бул сөздиң шын мәнисине толық түсинип, оның атқаратуғын сөзлик қәсийетин орнына қоя алмай, оның тәрбиялық мүмкиншилигин пайдаланбай атырғанымыз, бул бизиң кемшилигимиз еди. Ийбеге терең түсиник болмағанлықтан, бизиң илимпазларымыз оны әдеп-икрамлықтың өзи деп шатастырды. Мысалы, қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинде «Ийбе-әдеп-икрамлылық» (2-т, 258-б) деп тасыйықлайды. Онда шайырдың:

Кел сәўдигим салланып,
Ашыўланба күле кел,
Ийбе әйлеп назланып,
Қолың сала-сала кел,

деген қатарларын толық түсиниў қыйынырақ сыяқлы көринеди.

Ҳақыйқатында да ийбе әдеп-икрамлылық сыяқлы гөззаллықтың бир тәрепи. Ертедеги даналар «гөззаллық бир мисли дарақ, оның тамыры-ишки дүнья, жапырағы әдеп-икрамлылық, мийўеси-жақсы пазыйлетлер» деген. Демек, ийбе бул жақсы пазыйлет, жарасықлы қылық-қылўа, яғный ҳаял-қызлардың унамлы әдети.

Соның менен қатар ийбеликти түсиндиргенде де бизлер, айтарлықтай қәте-кемшиликке жол қойып атырған сыяқлымыз. Мысалы, сол сөзликте «Ийбелениў-тартыныў, қысылыў, уялыў, сескениў» деп анықлап, ийбеликтиң шын мәнисине қайшы келетуғын пикирди билдиреди. Егер ийбелениў усындай болса, ийбеликтиң эталонын көрсеткен «Алпамыс» дәстанындағы Гулпаршынның мынадай пазыйлетин қалай түсинемиз. Ол ханнан, бийден келген жаўшыларға қатнасында: «Жилўа менен қасын қағып, аяқларын қыя бағып, нартекедей керилип, жүрерине еринип, еки бети гүл-гүл жанып, қаршығадай қыялланып, қалмақлардың ақылын алып, бир қолы ақ сийнесинде, бир қолы оң дизесинде, қаймығып шықты майданға». Бунда тартыныў, қысыныў, уялыў, сескениў бар ма? Олардың ҳеш бирин таба алмайсаң. Керисинше, бунда қыз қәдирин, қымбатын, ким екенлигин, қыз-патшалық

ындеги басқадан артықмашылығын, өзиниң илбиреген иғин, кишипейиллигин ҳәм солардың тийкарында бойына ийбелигин көрсетип турған жоқ па?

ретте, ийбени әдеп-икрамлылық пенен байланыслы әдет раса да болады. Егер ғөззаллық нур шашқан әдеплилик ийбелилик әдеплиликтиң нуры ретинде қыз баланың ына питкен шырайлы ҳәрекети, ҳасыл әдети, тәғдирдиң сауғасы.

бениң әдеплиликтен айырмашылығы мынада: Мысалы, ге қатты барып, турпайы сөйлеп, қараметлеў ямаса дың киндигин ашып жүриўи, үлкенлердиң бетинен алыўы-злик болса, өзиниң ким екенлигин умытпаў, «қызлар барған шырай-сән болатуғынлығын» еслемеў- ийбесизлик.

ыс, уялыў бул әдеплилик. Лекин, ийбе уялып қалыўға алып ітуын жол, уяттың қорғаўшысы десе тууры болады.

бени тереӊ түсинғенде, оны сүйкимлилик, нәзиклик, ейиллик, сабырлылық, жағымлылық, өзин-өзи билиўшилик, ын, ким екенлиғин түсиниўшилиғиниң қанында бар игин билдирип турған аристократиялығы деген баҳаға ықлық қәсийети, жарасатуғын әдети.

селен, ийбели қыздың, жигитти қанша қәлеп турыўына, оны үйиўине қарамастан, ийбе саклаўы қандай жарасықлы ҳәм ы. Бул жиғиттиң жүрегин елжирететуғын қубылыс. Ал, ызлик етип, «сени қатты сүйип қалдым» деп жигиттиң на бирден асыла кетиўи-корениш жағдай.

бе-өзин-өзи иркиў, айтыў, тийисли болған жерде де илик саклаў, күле шырай менен, күлимлеў менен ойынды ип, пәкизелик көрсетиў, «ким күле шырай менен қараса, хә женисти ийелейди» дейди орыслар. Ийбелилик пенен тартыў ҳәр бир адамға жағады. Сонлықтан Әжинияз: «бир ум етсеӊ кеулимниң көтерилиўи пайда болады» деп еди. Шынында да ийбе шырайлы әдет ретинде өзинен нур ды. Дөгеректи кеўилли қылып, жарық дүньяны жаңартып . Сонлықтан Сократ ҳаял-қызлардың еӊ гөззалы уят ҳәм ердесине оралғанларыдур» деп көрсетсе», Әжинияз:

«Шақырмаған мерекеге,  
Кәткудалар барып болмас,  
Уятсыз, ийбесиз қызды  
Малды берип алып болмас» деп баҳа береди.

иек, ийбесиз қыз-биймәни қыз, қылық-қылўалары турпайы,

сөзлери түйеден постын таслағандай, өзиниң орнын, ўазыйпасын, хызметин түсинбейтуғын жан. Ондай ҳаяллларды Мақтумкулы былай сыпатлайды:

Бир пара ҳаяллар ақыл-пәми жоқ,
Тамағының дузы кемис, дәми жоқ,
Бир сөз айтсаң шаўлаўынан кеми жоқ,
Кийген саллы балағынан беллиди.

Әлбетте, егер қыздың тәрбиясы төмен болса, көрегенли болмаса, пәмсиз болып, турпайылық ис көрсетсе, бир сөз айтсаң шаўлап бетиңнен алып, ақыл жарыстырса, буны ийбесизлик деп айтыў мүмкин.

Ийбелилик мәлҳамлық, жумсақлық, ийкемге келмейтуғын такаббырлықтың қарама-қарсысы. Ол мүмкин «ийкемли», «ийилгиш» деген сөзлерден шыққан да болар. Себеби, ийкемге келмей, ийилмейтуғын адамды «терис путақ» деп айтамыз.

Демек, ийкемлилик ҳаял-қызлардың жоқары пазыйлетлерине қолланылатуғын түсиник ҳәм олардың қымбатлығы. Сонлықтан, Авлоний «Ийбе ҳаяллар ушын брилианттан қымбат, инжиден қәдирли зийнет ҳәм пазыйлетдур» деген.

Демек, қыз баланың ең жоқары баҳасы оның ийбелилигинде, ол оның өнимли мийўеси, яғный мийўели бағы. Егер биз адамды мийўели дегенде оның қылық-қылўаларын, көринисин түсинсек, онда ийбели қыз көз алдмызға мийўели қыз болып туйылады. Себеби, «дарақты мийўесинен, адамды қылўасынан таныйды». Ол басқаларға өзиниң ийбелигинде сәўлеленген мийўесин берип турады.

Ийбели қыз таза ашылған нәзик гүлге усайды. Ол мудамы кишипейиллиги, әдеп-икрамлығы, орасан ақыллылығы менен өзиниң гүлдей келбетин, ананың сүтиндей пәклигин, булақтың суўындай тазалығын, пахтадай жумсақлығын билдирип турады. Бул оның қыз екенлигин билдирип, сүйкимлилигин көрсетип туратуғын қәсийет. Сонлықтан даналарда «қызлар жақсылығы менен сүйкимли емес, ал сүйкимлилиги менен жақсы» деген сөз ийбели қыздың адамгершилигин, меҳрибанлылығының, басқаларды да ҳүрметлеў арқасында дөгерегине жағымлы тәсириниң нәтийжесинде сүйкимли болатуғынын көрсетеди.

Демек, ийбелилик уят-абырой сыяқлы унамлы түсиник ҳәм адам қатнасларын шырайлы, жумсақ ҳәм өнимли қылыўға халқымыздың әзелден қолланып ҳәм пайдаланып киятырған тәрбиялық қуралы. Бул түсиникти кең қолланыў миллий

:излик идеясын жаслардың санасына сиңириуде үлкен іетке ийе.

### 3. Намыс, абырой—қәдир-қымбаттың қорғаны

ырой инсаный этикалық сыпатлардың бири болып, оның :т искерлиги, нәсили, билими, яки кәсиплик табысы бойынша ıар тәрепинен берилетуғын баҳа. Басқаша айтқанда абырой ıның руўхый-психологиялық интеллектуал ҳәм әмелий :етлериниң көпшилик тәрепинен ибратқа алыныўы. эйдың өсиўине ҳәм пәсейиўине көп нәрселер тәсир етеди. ликли мәселелерди гөзлеп әмелге асырылған ислер эйыңның өсиўине, бузғыншы, жаўыз мақсетлер болса йдың пәсейиўине тийкар туўдырады.

рай инсан хызметин тән алатуғын оны көрсетиўши өзине ıқ өлшем.

«Ким шаппаса туўған елдиң арына,
Найза суғыў керек оның баўрына,
Қосылмай-ақ қойсын адам санына,
Олардың барынан жоғы яранлар».

(*А.Дабылов*)

«Елдиң арын арламаған.
Барды жоқты барламаған,
Аш ҳәм тоққа қарамаған,
Аўан, басшы неге керек».

(*Бердақ*)

л қосық қатарлары ар-намыстың ең жоқарғы әдеплилик г екенлигин көрсетип, оның халық арасында жоқары ығын билдиреди. Ар-намыс абыройға уқсап, оның өзине әмийет тәрепинен оған қатнасты ашып береди. Адам абырой ı ислейди, кейин абырой адам ушын ислейди. Абырой аллап жыйналады, қасықлап төгиледи. Соның ушын бизде ти абырой, абыройдан айырмағай бир қудай» деп пәтия ıы ҳәм абыройды төкпеўге урынады. Абыройы төгилсе :сы келеди. Демек, ар-намыс адамның ишки сезими, эйды қорғайтуғын қуралы. Абырой адамның жәмийетлик ына байланыслы оған нуқсан келсе, ол адам ҳазарланады, :еледи.

«Қоянды қамыс өлтирер.
Ерди намыс өлтирер» десе халық,

Қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкили С.Мәжитов:

«Намыс ушын жан қыяр,
Туўған жигит болымлы,
Намыстан өтер нәрсе жоқ,
Намысың жаннан қәдирли» дейди.

Шынында тарийх қарақалпақ батырларының намыс ушын жан бергенлерин де биледи. Бул ҳаққында Бердақ шайыр «Шежиресинде» қарақалпақтың белгили батыры түркменниң сардарын тутқынға алып, оған алмастырып, мың баланы қайтып алған Хожаназар батырды бир урыста жаў қолынан алып шығалмаған Нуртай батырдың намыстан өлгенин былай сүўретлейди.

Хожаназарды таслап кетип,
Қашқанына ар етип,
Үйинде бир хәпте жатып,
Нуртай батыр өлген екен.

Егер абырой уят бул адамлардың инсаныйлығынан келип шыққан әдеп-икрамлық болса, ар-намыс адамлардың жеке жәмийетлик баҳасын сәўлелендиреди. Ол жеке адамыйлықты баҳалаў, оның өзиниң ата-анасына, туўған-туўысқанларына, Ўатанына тийисли мәселелерге де қатнасына байланыслы.

«Қарақалпақстаным намысым-арым,
Келсем перзентим деп күтип аларым».
(*Г.Есемуратов*).

Ар-намыс ушын адамлар жан берген. Рыцарлар дуэльге шыққан, ер жигитлер малы дүньясын сарып еткен. Намысты қолдан бермеўге тырысқан. Демек жәмийеттиң абыройын қорғаў да абырой менен, намыс пенен байланыслы.

Адамның ең үлкен кемшилиги биреўдиң намысына тийиў. Адамды урыў, қатты сөз айтыў мүмкин, лейкин намысына тийиў оның адамгершилигин масқара етиў кеширилмейтуғын әдепсизлик. Ол тек намысына тийген адамға қатты зақым келтирсе, Ўатанды, халықты кемситиў ол елдиң ер азаматларының хәммесиниң намысына тийип арын келтирип урыс-жәнжеллерди,

испелерди келтирип шығарыуы мүмкин. Бул мәселеде хеш
ң намысына тиймеу, әсиресе адамлардың миллетин
п тәсир етиу әдепсизлик болады. Миллетке бөлиниушилик
иниң аты менен хәй... деп сөйлеу ойын дәлкек пенен болса
ілеттиң атына нуқсан келтириу адамлардың намысына
хәм қатты қараланады. Ол адамда ар-намыс жоқлығын,
ының бузықлығын көрсетеди. Ал жақсы адам ар-намыслы
ı. Соның ушын халық:

ıқау жарлы болады,
қсы арлы болады
ıым жанымның садақасы,
ıым арымның садақасы, деп тастыйықлаған.

бир адамлар өзиниң абыройына нуқсанға қарамай, сол исин
ıп кете береди, айтылған, айтылмаған жайларға суғылысып
ретуғын сүрбет болады. Оны адамлар «нахал» деп баҳалап
зликтиң барған басы дейди.

ıыстың тасы ауыр. Ол социаллық қәсийетке ийе кең
ıк. Адамлардың өз намысы, шаңарақ намысы, миллет
ı ушын қатты гүресиуи оның қанында болады.

ıыссызлық кисини пәскеш, алдамшы, жалатай кисиге
ырып қояды. Ондай адамлар атасын да сатады. Олардан
г, ағайин-туўғанлар ды жийркенеди. Сол себептен өзин анлап
шахс хеш қашан намыссызлыққа жол коймайды.

тте намыслы адам материаллық байлыққа руўхый
ıтларды алмастырыўды өзине миясар көрмейди. Демек
кең хәм терең мәнисте әдеплилик, социаллық түсиник
кисиниң туўрылық, әдалат, ҳаққанийлық қәдир-қымббат
ı ислерине берилетуғын баҳадан шығады.

## 11-ТЕМА. ИЙМАН ФИЛОСОФИЯСЫ

Ийман—философиялық мәселе.
Инсап—берекет басы.
Нәпси хәм қанаат—иманлылықтың хақыйқый белгилери.

### 1. Ийман—философиялық мәселе

ман (арабша исеним) 1.Исеним-инаным, кеўилде исениў
іде ықрар қылыў. 2. Улыўма исеним. 3. Белгили пикир жоқары
ың хақыйқатлығына шын исениў хәм сол исенимди
мға айландырыў.

ың ушын ийман сөзи «итихат» сөзи менен катара келип,

ийман-итихат (инаным) түринде ислетиледи. Ийман инсанның санасы хәм руухыятына синген, оннан беккем орын алған дүньяға көзқарас сыпатында құдретли, хәрекетлендириўши күш, инсанның еркин беккемлеўши қурал. Ийман арқалы адам руўхый көтериңкиликке қарай умтылады, социаллық-сиясий өмирдиң инсаныйласыўында үлкен әхмийетти ийелейди. хәрқандай идея хәм дүньяға көзқарас инсанның инанымына айланғанда ғана хәрекетке келтириўши хәм материаллық күшке айланады. Ол улыўма инсаный қәдириятлар есапланып, сөз бенен ис (хамал), тил—менен кеўил бирлиги, инсап, диянат, хадаллык, пәклик, садықлық, муҳаббат, ўатанды сүйиўшилик, сондай-ақ шаңарақ, жәмийетте, халық хәм пүткил инсаният алдында миннетин ақлаў сыяклы пазыйлетлер ийманлылық шәртлери болып табылады.

Ҳәзирги дәўирде пүткил дүньяда диний көзқарас пенен бирге илимий-философиялық көзқараслар бар. Айрым адамларда диний сана үстин болып, оларда ийман диний инанымлардың хақлығына исениў тийкарында қәлиплеседи. Гейпара кисилерде болса, илимий ҳақыйқатларға исениў үстем болғаны себепли, оларда ийман дүньялық билим, философиялық дүнья қарас тийкарында жүзеге келеди. Өзбекстан ғәрезсизлик шарапаты менен әлемге белгили болып, оны дүнья мақуллап, коллап-қуўатлап атырған дәўирде республикада жасап атырған хәр бир адамға жүдә үлкен руўхый жуўапкершилик жүкленбекте. Бул хәр бир адамның өмирде ийманлы болыў мәселеси. Себеби, бүгинги мектеп оқыўшысы, жоқары оқыў орынларының талабасы ертеңги социаллық-экономикалық турмыстың қоспалы майданына белди беккем бууып, билекти сыбанып түсетуғын жигербентлер. Олар ертең сиясатқа араласады, белгили бир сиясий жолды әмелге асырыўға кириседи. Жасларымыздың елде, дүньяда итибарлы болыўы көп жағдайда, олардың ийман-итихат түсиниклерине мүнәсибетлери менен белгиленеди. Егер биз сондай ийманлы жасларды, ийманы пүтин кисилерди тәрбиялай алсақ, дүньяға танылған бабаларымыздың дүстүрлерине садық боламыз. Себеби, бабаларымыздың руўхый шешимлери жаңа әўлад руўхияты менен уйғынласқанда ғана раўажланыў болады, жоқары руўхыйлық қарар табады.

Өткен дәўирдиң философиясында ийман түсиниги дурыслы итибарға алынбады. Ҳәзирге дейин бизиң заман философиясында да оның әдеп-икрамлылықтағы салмағы изертлеў объектине айланбады. Оны үйретиў, түсиндириў хәзирги күнниң жүдә бир әҳмийетли мәселеси.

Дин менен ийманның байланысы хаққында сөз етсек, гейпара

лар оның екеўин бир, деп қарайды. Белгили иләхиятшы Әбиу ид ал-Ғаззалий ийман менен дин түсинигиниң улыўмалық илери менен бирге, парқының бар екенлигин де көрсеткен. иның пикиринше тауаккул (қудайға таяныш) ийманның арғы бөлими деп есапланып улыўма онда илим, ҳалат ҳәм кет барлығын көрсетеди. «Илим,—дейди ол,—әҳмийети, арлығына бола ийман ҳәмдур. Себеби, ийман—қәлибтиң ати, бул илимдур». Ҳәдиси шарифлерде де илим алыў анлылықтың тийкарғы белгиси сыпатында талқыланады, й «бир саат илим менен шуғылланыў бир кеше ибадат ыўдан абзалдур» делинген.

ураны каримде ийманлы адамлардың белгилери мынадай: мөмин, райшыл, жуўас, қурғақ сөзден қашыўшы, пәкликке лыўшы, өз ўәделеринде, гәпинде турыўшылар. Улыўма «ислам» «салам» сөзиниң синоними сыпатында тынышлық, өз-ара сиўди улығлаўшы ҳәм ийманлы адам дегенди аңлатады. Ал гершилиги жоқ адам ийمансыз. «Бетинде қаны жоқ ғилең ансыз» (Бердақ).

Философиялық мәнисте ийман бул өз ара шешимге арланған индивид ҳәм социаллық топар ҳәм жәмәәтлердиң или мәнәуий-руўхый жағдайы мәнисине ийе. Ийман белгили жеде дүньяға көзқараслар менен, байланыслы болған ивидтиң ишки дүнясы, «Мен»и.

дамның инсанға айланыўы барысында ийманлылыққа лыўың роли өзгеше. Бул тараўда барлық динлер жүдә үлкен йхый тәжрийбе топлаған. Барлық динлердиң тийкарғы ети, ибадатлар, дәстүрге айланған мәресим, қудай ҳәм оның ддес китапларында баян етилген рухсат ҳәм кадаған етилген елерге сөзсиз исениў, оған калима келтириў, сөз бенен ықрар ге каратылған. Адам қудайға исениўди ҳәр сапар дуўалар лы ықрар қылып барады ҳәм өз ўәдесине садық болыў ушын елей ант ишеди, оған руўхый жағдай пайда етип, оны ийман менен баян етеди.

Философиялық дүнья қарас ҳақыйқатларға исенген, оған ас қойған адамларда арнаўлы мәнәуий-руўхый жағдай пайда ди. Егер инсан қабыл еткен философиялық ағымда гершилик идеялары оған жетекшилик етсе, онда әжайып ный пазыйлетлер қәлиплеседи. Ол өмир мәнисин туўры аңлап, ерлигинде ийманды қабыл етип, «ийманым кәмил» деп ндиреди.

Себеби, пән ҳәм философия исениўди талап етеди. Себеби, ниң аксиомаларына исенбесе, адам изертлеў тараўына кәдем

қоймаған болар еди. Улыўма адам белгили бир ҳақыйқат ҳәм қәдриятқа исенбей жасай алмайды. Көплеген алымлар күнделикли турмыста ислеп шығарыў ҳәм социаллық искерликте адамлар ортасында исениўди иймanға теңлестирип, оны билиў қуралы деп есаплаған. Мысалы, Платон билиўди биринши орынға, ақылды, парасатты екинши, исенимди үшинши орынға, уқсатыўды, қыяслаўды төринши орынға қойған.

Ҳақыйқатында да ийман жәмийетте руўхыйлықты қарар таптыратуғын, адамды инсанға айландырыў ушын қудиретли руўхый қурал. Өйткени ол адамларды миллети, дини, расасына қарамай бири-бирине жақынластыратуғын бир үнлес нәрсе болып, өз-ара исеним менен жасаўға имканият беретуғын тартымлы түсиник. Соның менен қатар иймanлылықтың қурам бөлеклери ретинде оған инсап, тәўбе, нәпси, қанаат түсиниклерин бириктирсе философиялық көзқарастан дурыс болады.

Философия ҳәзирги дәўирге сай дүнья қарасты, ол менен байланыслы болған ийман-итихатты қәлиплестириўди өз алдына мақсет етип қойыўы лазым. Себеби, ийман арқалы ғана философиялық көзқарас массалық санада қарар таўып, ол адамларда руўхый гөззаллық ҳәм әдеп-икрамлылық пәкликке қаратылған сезимлерди тәрбиялаўы мүмкин.

«Ийман дегенимиз—исенбеклик кеўил менен, ықрар қылмақлық тил менен» делинген ислам désinде. Ийман—бул исеним. Иймансыз деген исенимсиз дегенди билдирип, ол бизиң халқымызда жүдә жаман сөз. Шынында да ҳеш нәрсеге исенбейтуғын, яғный сыйынбайтуғын, ҳеш бир шарапатлықты, ҳасыллықты мойынламайтуғын адам қәўипли адам. Адамға тек ишиў, жеў ғана зәрүр емес, ол сондай етип жаратылған, ол, қандайда болса бир исеним менен жасаўы керек. Адам қарыўлы, ғайратлы ҳәм қүдиретли болса да, санасы оны қыйнайды, ойландырады, алдында не боларын ойлаўға мәжбүрлейди. Сонда ол өз ҳәлсизлигин исеним менен толықтырады. Исеним менен жүрген адам өзин жеңил сезеди. Соның ушын адамлардың исенимин қорлаў—әдепсизлик болып есапланады, оның менен пикир тартысы болыўы мүмкин, лекин оның исенимине тийиўге болмайды.

Адам, үмитсиз, қыялсыз жасай алмайды. Адамның ой-өриси, ақылы, қыялы жүдә алысты шарлайды. Сонлықтан да адамға дурыс исеним, тийкарлы көзқарас керек. Адамға ҳүждан еркинлиги берилген. Бизиң халқымызда гейде ийманды ҳүждан менен алмастырыўшылық ушырасып турады. Себеби, иймансыз уятсыз, ҳүждансыз деп те түсиниледи. Ийман жүзли адам дегенде қайыр-

ıўатлы, туўры сөзли, мийримли адамды айтады. Бул жерде ниң хәм әдеп-икрамлылық түсиниклерининң араласып кенин көриуге болады. Ҳүждан дегенимиз адамның өз ўаларын өзи иштен сынап, басқалар алдында әдеп-икрамлы ыў жуўапкершилигин сезиўи хәм өз хәрекетлерининң дурыс, ıса надурыслығын жәмийетлик көзқарас мақсетлери қарында баҳалаўы болып табылады. Ал, ҳүждан еркинлиги болса мның әдеп-икрамлық категориялары ҳаққында өзининң ıнигинен шыға отырып ислейтуғын қылық-қылўалары.

Демек адам неге исениўи керек? Адамлар ертеде таўға, тасқа, ıға, хайўанларға, сыйқырлыққа, жулдызларга, бултларға, қанларға, дууаханларға, әўлийелерге, көп қудайларға исенди, ир көпшилиги бир Аллаға исенбекте.

Булардың қайсысы дурыс, қайсысы надурыс. Өз дәўири ушын ıмеси де дурыс. Ал, ҳәзир диний инанымлар адамлардың ıшилигининң қәлбинен орын алған гезде, илимий-материалист-: көзқарасты ийелеўдиң жагдайы қандай болмақшы?

Бизлерди кеңес ҳәкимияты жылларында коммунизм идеясына ндирди. Шынында ол да инаным еди. Себеби, динде «исле мин бейишке барасаң» десе, бунда «исле мөмин, коммунизмге асаң» деп үгитледи. Дин бул жарыста алға шықты, себеби ол ıишти өлгеннен кейин ўәде еткенликтен оның қашан ıатуғынлыгын хеш ким билмеди. Ал, комунизм болса, қанша қын деген менен адамлардың көзин талдырды.

Лекин диний инаным, мейли ол мазалы қыял ма, ямаса ıықты тәрбиялаўдың қуралы ма, бул адамлардың тәғдирин ңиллетеди, минез-қулқын жумсартады, меҳрийбанлығын тырып, бирлесикке жәмлейди, әдеплиликке шарлайды. Демек, ıмға бундай исеним де керек. Айтайық, қанаат исеними, инсап, псини тыйыўға исеним—бул адамды тәрбиялайды.

Илимий материалистлик көзқарас бул адамның өз ɔмысындағы барлық қыйыншылықлар менен гүресиўи, ıайдың бергенине қайыл болып отыра бермей, жәмийеттен, ɔмыстан керегиңди алыў, аўырыўды емлетиў, өмирди узайтыў, ɔмысты күннен-күнге жақсылаў ушын гүресиў керек, деп ретеди. Усы тәлиймат бойынша өлгеннен кейин өмир жоқ. амның өмири менен бирликте оның санасы да («жаны да») еди. Бул аўыр нәрсе, бирақ факт. Өмир хәм өлим бир-бири нен байланыслы, ол нызамлы тәбияттың қатал қубылысы, оны гертиў мүмкин емес. Сонлықтан өмирди босқа өткермей, турмыс гиликлеринен дурыс пайдаланыў, жәмийетке, халыққа хызмет иў, дурыс көзқараста болыў, турмыста раўажланыўға кесент

келтиретуғын пикирлерден иркилиў керек. Демек, адамға исеним керек?

Егер илимпаз дөретиўшилик мақсетине жетиў ушын өзиниң изертлеўшилик уқыплылығына, илимий ақылына, өзинен бурынғы илимий жетискенликлерге исенбесе, оның жумысы табыслы болмас еди. Айтайық, химик синтетикалық материалды табыўда ямаса астроном аспан әлемин гезип жүрген үлкен кометаның өтиў жолларын көрип шығып, келешектеги орнын ҳәм оған қайсы ўақытта келетуғынлығын анықлаўда адамның ақылы усы мәселени шешиўге уқыплы екенлигине исенсе, ол мәселениң ақылға муўапық шешилетуғынлығына исенеди. Бул исенимде хеш бир тәбияттан тыс жасайтуғын күшке сыйыныўшылықтың изи, ямаса диний жалбарыныўшылықтың белгиси болмайды, ал керисинше, тыянақлы илимий исеним бар.

Бизиң көрнекли агрономларымыз ҳәр гектар пахта атызларынан қырық центнерден зүрәәт жетистиремиз деп исеним билдиреди, өйткени олар өз уқыплылығына, пахта атызының өнимдарлығына, химия ҳәм агротехника илимлериниң күшине исенеди, соның менен жасайды, оны турмыста басшылыққа алады. Демек, илимий исеним адамды дөретиўши мийнетке, үлкен иске руўхландырады, физикалық ҳәм руўхый хызметин жеделестиреди. Жәмийеттиң раўажланыўының илимий нызамлығына, билимге ҳәм реаллыққа тийкарланған исеним адамлардың қол қанатына айланып, билиўдиң барысын дурыс түсиниўге жол көрсетеди, өзиниң күшине, дүньяны билиўдиң шексизлигине, адамзаттың қудретлилигине исеним туўдырады.

Қайсы бир инженер, врач, муғаллим, рационализатор, рабочий ямаса исбилермен болмасын, өзиниң ислеп атырған исиниң пайдалы, ийгиликли ҳәм зәрүрлигине исенбесе, оған түсинип, оны сезип қабыл етпесе, ол исти барлық күш-жигери менен, дөретиўшилик руўх пенен ислей алмайды, ол исенимсиз жумысты әпиўайы орынлаўшы болып қалады.

Ҳәр бир адам адамзат турмысын басқарыўшы социаллық экономикалық нызамлар тийкарында гөззал жәмийет ушын ис алып барыўдың зәрүрлигине исенеди. Оның ушын пүткил адамзат тарийхын басшылыққа алады, илимий раўажланыўында барлық нызамларды үйренеди ҳәм адамлардың өндиристеги тәжрийбесиниң нәтийжесинде өзиниң тутқан жолының ҳақыйқатлығын түсинеди.

Исеним билимнен шығады, исеним билимниң қанаты. Ал билимсиз исеним әпиўайы қыял болып табылады. Адамлардың талўаслары тек қыял менен пәрўазлап ушыўы мүмкин емес.

имге тийкарланған исеним қубылыслардың сөзсиз солай туғыны ҳаққында тәбият ҳәм жәмийет нызамларынан, илимий шүден, турмыстағы тәжрийбелерди басшылық алып, илимий иу арқалы тәбият пенен жәмийет қубылысларының тап ындай болып раўажланыўына исеним туўады.

Исенимнен үмит келип шығады. Үмитсиз жасаў мүмкин емес. :р аўырыў өзиниң жазылып кететуғынлығына үмитленбесе ҳәм өмири ушын гүреспесе, емлеўге болатуғын аўырыўды да ıчлардың кеселден айырыўы қыйын болады. Ол адам ууайым нен организмниң кеселликке қарсылық етиў уқыплылығын йтады. Табысқа жетиўге үмитленбеген спортшының жарыста эиншиликти алыўы қыйын болады. Жеңиске үмитленбеген ıдаттың урыста душпанына қарсы турыўы мүмкин емес. Үмит нша жоқары болса, адам да соңша дәрежеде руўхланады.

Жаңа турмыстың дөретиўшиси болған адам ҳақыйқат турмысң мәнисине түсинип, реаль үмитти басшылыққа алыўы керек. ынында да белгили ерте заман философы Вергилийдиң сөзи нен айтқанда:

«Жеңиске исенген адам ғана жеңеди». Соңлықтан да бизлер ıмларды илимий исеним руўхында, руўхый турақлылықта, қытша қыйыншылықтан қорқып» үмитсизленбеўшиликке эбиялаўымыз керек.

Улыўма жуўмаққа келсек, адамға исениў де диний исеним де, имий материалистлик исеним де керек. Булар бирин-бири ıықтырады ҳәм әжайып әдилликти ҳәм әдеплиликти туўдырады. ıлай етип диний ийманлылық ҳәм илимий исенимлер биририне қайшы келмейди. Бул ҳаққында белгили иләҳиятшы суўпы лаяр былай дейди:

Анық билкий, ийман болмағай кем,
Зыят та емесдур бирдейдур ҳәр дем.
...Хызметтиң баҳасы ийман менен дур,
Мудам екисин тең тутпақ керекдур...

Шынында да ийманлылық, ҳәр тәреплеме илимниң, тәжиıбениң тәсиринен қуўат алыўы керек. Ол ҳаққында даналар ıлай дейди:

«Қуўатлылық пенен қуралланбаған ҳүждан қуўатлылық көрткен ийимансызлықтың алдында қорғанышсыз, ҳәлсиз болады». 'илекке қарсы, ҳүждансызлық ҳүждан сыяқлы мәңги өлмейди. ıар арасындағы гүрес болмыстың баслы мәниси. Бул динниң

қудай ҳәм шайтан арасындағы гүреси деп аталатуғынның дәл өзи».

Шайтан ҳәм адам мәселеси тарийхый мәселе болып булардың қатнасы барлық динлерде ушырасады ҳәм ҳүждан менен байланыслы болады. Жақсылық қудайдан болса, жаманлықты «шайтанның иси» деп есаплап, адамлар оны шайтаннан көреди. Алдайтуғын адамды «пәленше шайтан» деп атап, оны жек көрсе, биреўлер ол «ақыллылық» деп оны қоллап-қуўатлайды. Қылық-қылўасына қарай, әсиресе, оның зыянына қарап баҳалаў бурыннан-ақ ушырап «Әззазул болып шайтандай тартып алдың елимди» («Қырыққыз»). «Шайтанға уқсар Хийуа ханы, алдап-сууўлап алған екен» (Бердақ) деп бурын гейпара адамларды шайтанға уқсатса, Ибрайым Юсуповтың «Шайтанның шағымы» деген қосығында ол гейпара адамлардың шайтаннан да өтип кеткенин сүўретлеп, философиялық ой салады.

Шайтан ол қосықта көрсетилгениндей, Алланың оттан жаратқан өними болғанлықтан, «топырақтан жаратылған, бәрше жанзатлардың гүлтажы» болған адамзатқа табынбағанлығын келтирип, оның айтыўынша сол маклуқтың қылўасы шайтаннан өтип кеткенлигин олардың мәпине тийип кетсең оның ийманы, инсабы кететуғынын ҳәм ҳийлеликти шайтаннан да өткеретуғынын:

Жеке адам менен ислесер шайтан,
Ал адамлар түрли мафия дүзип,
Жынаятлар ислеп, салады ойқан,
Шайтанды жийрендирер қылўасы, бузық.
Сумлық, алдаў, илим, зулым төртеўи,
Тил табысса, жаўыз мақсет жолында,
Ийесиз ормандай дүньяны өртеп,
Я жарып жибериў солар қолында

—деп адамзат жүдә ҳийлели ҳәм зулым болып баратырғанлығын билдиреди, Себеби өзи гүна ислеп болып, оның жаласын шайтанға жабатуғын әдетти шығарды, дейди.

Кеше бир наркоман-гиябент заңғар,
Сөйлесип атырып айтқан сөзи бар,
«Мени шайтан азғырды» деп жылайды,
Анасын өлтирген ол қудабийзар.
Ол ийтти танысам екен сирәда,
Қараң өз қылмысын кимнен көреди,

Ызғыған наркоман ҳәзир дүньяда,
Бузықлықтың жаўызлықтың дәреги

еп жағдайды дурыс келтиреди. Ең ақырында шайыр:

Лекин бенделер көп саған сыйынған,
Тәңрини бир билер халық деген киси,
Мен шығып атырман енди ойыннан,
Адамларға қалды шайтанның иси, деп билдиреди.

Бул образ бенен сүўретлеў—астарлы, ҳәзил түринде болса да, дүньяда расгөйликти орнатыў зәрүрлигин мафия, коррупция ıқлы иллетлерге қарсы шаралар ушын, елди әдеп-икрамлылық ıында тазалаў ушын ҳәм ҳуқықбузыўшылар менен кескин есиў ушын әҳмийетли.

Шынында да адамлар ислам дини талап еткендей интизамлы ı қайыр сақаўатлы, мийрим-шәпәәтли, ийман-инсаплы болғанда йтанның дүньяның исине араласыўына орын жоқ еди. Елде п-икрамлылық бузылды. Адамлар арасында мунафиклик раўаж ıы. Демек шайтанның азғырыўы ушын жумыс табылды. Лекин мзат шайтаннан да асып кетиўине байланыслы бул мәселеде ци оған орын қалмады.

Жуўмақлап айтқанда, егер биз жасларымызды балалықтан :лап интизамлы ҳәм жоқары дүнья көзқарас тийкарында иплестире алсақ, олар руўхый бай, жетик пикирли ҳәм жоқары ртебели шахслар болып камалға келеди.

Бул мәселеде Президентимиздиң төмендеги: «Қайырлы адам енде, әўели ҳүжданлы, ҳадал менен ҳарамның парқына ɔатуғын, биреўдиң ҳақына ҳазарланатуғын, биреўге наҳақ азап ɔмейтуғын инсанларды көз алдыма келтиремен» деген сөзлери ıна келеди.

### 2. Инсап—берекет басы

«Инсап—динниң жартысы» дейди халқымыз. Жаман адамды сапсыз дейди. Инсаплылық бул қудайды писент етиў. Себеби, ам туўылғанда көкреги ҳақ, пәк болып туўылады ҳәм әдалатшыл лып хызмет етиўге тырысады.

Инсап әдеп-икрамлылықтың ең әҳмийетли талапларының ри. Ол өз ишине ҳақыйқатлықты, татыўлықты, алынган ннетлемесине садықлықты, исленип атырған истиң туўры-ғына исенип, адам өзиниң ҳәм басқалардың алдында расгөй-

лигин, басқа адамлардың ҳуқықларын мойынлаў ҳәм ҳүрметлеўди қамтыйды. Инсаплылық адамлардың искерлиги менен байланыслы болып, олардың күнделикли турмысындағы талабын ҳәм ҳәрекетин өз-ара қадағалап байланыстырып отырыўдан келип шығады. Адамлар арасындағы қайырқомлық ҳәне жаўызлықты баҳалаў да инсапқа байланыслы. Сондай-ақ, адамлардың жәмийеттеги роли менен оның социаллық аўҳалының үйлесиўин, кисилиги менен оны баҳалаўдың, ҳуқықый ҳәм уазыйпалы қатнасларын көрсететуғын улыўма инсаныйлық пикирлерге муўапық келетуғын турмыс тәртиби. Соның ушын адамлар қандай да биреўдиң ислеринде надурыслықты байқаса, әдилликтиң бузылғанын көрсе, ҳәмелинен пайдаланып жаманлық ислесе, өтирик-өсек көбейсе «я инсап» деп елди әдепке, мийирим- шәпәәтке шақырады:

Алынбай адам есапқа,
Шыдай алмай бул азапқа,
Нәлет айтып бийинсапқа,
Халық шуўлап посқан екен.

(*Бердақ*)

Сонлықтан, инсапсыз кимселер өтирик, урлық, екижүзлилик, басқыншылық, әдепсизлик еткенде адамлар: «астапыралла» деп жағасын услап, тәўбе қылады.

Инсаплы адам адамларға қатнаста кисини қорламайды, зорламайды, кисиниң ҳақысын жемейди рәҳимли болады, адамға мехрибан адамгершиликли қатнас жасайды. Жаўызлыққа қарама-қарсы айтылған: «Раҳимлик пақырларға тилегеним» деген сөздиң дурыслығы усында. Адамзат тарийхында халықтың жаўызлықтан азап көрмегени жоқ. Күши жеткенниң заманы—жаўызлық еди. Жаўызлық мәдениятты, адамыйлықты, гөззалықты қыйратты, ҳеш нәрсеге раҳими келмеди. Әдалатсызлықтан қутылыў ушын халық гүрес жүргизди, өзлериниң әдеп-икрамлылық қағыйдаларын ислеп шықты. Раҳимлиликтиң жаслар пазыйлетинде беккем орын алыўын әрман еткен халық өз балаларының атын` Раҳим, Рейим ҳәм тағы басқа усындай исимлер менен атаўды үрдис етти.

Инсаплы адам өзиниң парызлы уазыйпаларын ислеўинде, сайлап алған бағдарына садықлығында, әдеп-икрамлылық мураты на берилгенлигинде таныллады. Инсаплы адам ислеген исиниң туўрылығына исенген, қыйыншылыққа шыдаған, әдеплиликке шын берилген, өзин пида етиўге таяр адам. Ол ҳәр кимге ермейди, мәселени шешкенде инсапты, ҳүжданды ойлайды. Мәлим бир

эсени ислесе шын жүректен ислейди. Жалатайшылыққа жаны : болады:

Сөйледим хәр уақ анықты,
Еткеним жоқ жалақ-жулақ,

(*Бердақ*)

Инсаплылық бул ҳақыйқатшыллық, ол адам өзине шынлықты ғыўды миннет етип, ҳақыйқатлықты өзинен ҳәм басқалардан сырмайтуғын қәсийетке ийе. Ҳақыйқатлық—бул улыўма ıмзаттың әдеп-икрамлылық талабы. Ол адамлардың өзлери ир сүретуғын жәмийети ҳаққында, олар баҳа бериўге тийисли лған өзлериниң дөгерегиндегилердиң қылўа-қылықлары, сайтуғын турмыс жағдайлары ҳаққында, ҳақыйқат түсиниклерди іап етиўден келип шығады. Усының нәтийжесинде ҳақый-гшылық адамлар арасында әдеп-икрамлылық талғамларында липлеседи.

Инсаплы адам белгили бир идеяға, исенимге садық болады м ол идеяны өзиниң жүрис-турысында избе-из қолланыўға ıын турады. Бул ҳаққында даналар былай дейди:

Ҳарамлыққа қул болма ҳадал болсаң,
Ҳәлсизлерди қыйнама адам болсаң.

(*Насыр Хысраў*)

Инсаплы-асын жер,
Инсапсыз басын жер.
Инсапсызға ерик берсең,
Елди талар.
Зулым есиктен кирсе, инсап түнликтен шығады

(*Махмуд Қашқарий*)

Инсап араб сөзи болып, әдиллик, яғный ҳүждан менен ис арыў туйғысы, турмыста, исте, басқаларға мүнәсибетте ҳадал-ıқты, туўрылықты аңлататуғын түсиник.

Инсаплылық—ашыққеўиллилик, ҳаққеўиллилик. «Жоқары ıнаўият жеңилмес күш» атлы шығармасында ҳүрметли Прези-нтимиздиң инсаплылық өмирдиң ҳасыл мазмунын аңлаўға эрдем береди, басқалар менен өзин бир қатарда тутыў, олар ўралы ғамхорлық етиў кәмил инсанның ең әҳмийетли қәс-іетлериниң бири екенлигин уғындырыўы инсапқа байланыслы.

Инсаплы адам алыс-бериcте хәрдайым ҳадал, туўры сөзли

тәртипли, яғный ҳүжданлы болады. Сонлықтан инсап инсанлар ортасында меҳрибанлықты беккемлейди. Инсаплы адамның иси алға жүреди, ел арасында абыройы артады. Сол ушын инсап берекеттиң басламасы ямаса берекеттиң басы инсап делинеди.

Инсап пуқаралардың жәмийет ортасында инсаныйлық, адамгершилик мүнәсибетлерин миллий қәдрият дәрежесине көтерген әдеплилик өлшеми де болып есапланады. Ол жәмийетте меҳир-ақыбет, өз-ара ҳүрмет ҳәм ауызбиршиликли орталықты беккемлеуде, адамгершилик руухының күшейиуине ҳәм миллеттиң келбетин сақлап қалыуға хызмет етеди. Бул әдеплилик тийкарынан кисиниң өзин-өзи жетилистириуиниң бир түри, яғный адамның өзиниң ислемеуге тийисли қылығына өзинен-өзи пушайман жеп, оның изин дүзетиу арқалы келешекте ислемеуге тиккелей шешим табыуы болып табылады.

Тәубеге келиу әдеплиликте үлкен роль ойнайды. Ол биреулердиң жаман ислерин көрип «я тоба» деп инсапқа киреди. Егер биреу жаман иске жол қойса, «оны көрип турған адам жоқ, несине уайымлайсаң» деп әдепсизлик етсе, «тутылмаған уры емес» деген тәкаббырлықты тастыйықлауға урынса буған қарсы адамда ҳүждан оянады, ол адамды қадағалайды, тәртипке шақырады, қыйнайды. Соның ушын адамлар: «Сыбырлағаныңды қудай еситпей ме» деп, қандай да бир күш адамның қылық-қылуаларының әдеплилик яки әдепсизлиги жөнинде екенлигин ескертип турады, бул күштиң-инсан қәлбинде жасайтуғын ҳүждан екенин биз билемиз. Сонлықтан адамлар ҳүждан азабына шыдамай тәубеге келеди, қылған әдепсизлигине өзинен-өзи кеширим сорайды ямаса кейнине қайтады.

Ислам growth динде: «Ким қудайға әси болса, тууры жолдан шықса, кейин бул қәтелерден, гүналардан қайтса, оны қудай кеширеди» деп айтылады. «Ким зулымлық қылғаннан кейин тәубе қылып, жақсы ислерди ислесе әлбетте, Алла оның тәубесин қабыл қылады. Алла гүналарды кешириуши ҳәм реҳимлидур». (Қуран. «Мойда» сүреси 39-аят).

Тәубе қылғанда жаман ислерин билместен, тезден тәубе қылыу халықтың әдебинде ақылға туура келеди. Соның ушын да ислам growth нинде: «Жаманлықларды қылып жүрип, әжел жақынлағанда енди тәубе қылдым» дегенлердиң, яғный кәпир ҳалында өлип кеткенлердиң тәубеси қабылланбайды. Ондай кисилерге о дүньяда азапларды таярлап қойғанбыз (Қуран, «Нисо» сүреси 18-аят) деп Қуран тәубеге үлкен әҳмийет бериу менен бирге, тәубеге кеш келгенлерди о дүньядағы азаплар менен қорқытады.

Қуран Алланың жарылқауына ушырау ушын тәубе менен

рге жақсы ислер ислеўдиң кереклигин де адамлардың есине ıады. Әлбетте, Мен ким тәўбе қылса, ийман келтирсе, жақсы ıерди қылса, кейин тәртипли жүрсе оны жарылқайман. (Қуран, оҳо» сүреси, 72-аят).

Демек, тәўбе ең әҳмийетли әдеп-икрамлылық ис болып, ол ːр кейинге қалдырылса инсан бузыла береди ҳәм өзиниң ҳәм зиниң әҳмийетли пазыйлетлеринен айырылып барады. ›нлықтан:

Жаслығында тәўбе қылсаң,
Қартайғанша көнлигерсең,
Қартайғанда тәўбе қылсаң,
Көнликкенше көмилерсең,—деген халқымыз.

Солай етип жаман әдет үйреншикли болып кетпестен бурын ўбеге келип, оннан ўаз кешиўдиң, көнлигиўдиң кереклиги жүдә мийетли. Ким тәўбе қылыўға асықса, өзин-өзи тазалағаны ҳәм ıманлықты жойыўда үлкен күшке ийе болғаны. Ал, жаманлықты ›йыў ҳәр бир жәмийетке, мейли ол ислам жәмийети ме, мейли ı христиан дүньясы ма, будда ели ме, ҳәммеге керек. Себеби, ›мийет жаман әдетлер менен гүреседи, жаман ислерди қаралайды. ːкин тек қаралаў, қаталлық пенен жәмийет толық дүзелмейди. Қайырлылық пенен ала алмағанды қаталлық пенен ала майсаң» (А.П. Чехов). Соның ушын үгит-нәсият, адамның өзине лыў, оның ҳүжданнын оятыў, екинши рет қайталамаўға, тәўбе иўге бет бурғызыў жүдә тийимли тәрбиялық усыллардан апланады.

Тәўбе қылыў өзин-өзи тәрбиялаў жолы болып, әдеплиликтиң ўралы хызметин атқарып, онда жаманлық өзгерип, жақсылыққа ˈип отырады. Соңлықтан адам балалық етип натуўры жолға түсип ıлса, дәрҳал өзинен-өзи кеширим сораўы, адамыйлыққа қарай үриўге бел байлаўы, бойын тиклеп алып, хужданы алдында пәк ›лыўы керек. Сонда инсан «мениң хужданым таза» деп бахтыяр ıир кеширеди.

Тәўбеге келиў ҳаққында бир қанша рәўиятлар, нақыл-мақаллар ıлқымыз арасында кең тарқалған. Солардан бири Рабгузийдиң Қарунбай ҳаққындағы ҳикаяты». Ҳәзирети Муўсаның жетик әкиртлеринен бири Харунбай дүнья қуўып, нәпсиқаўлыққа ːрилип, ақыр аяғында Муса алайҳиссаламға душпан болды.

Тәңирден саза келди: «Әй, Муўса, Харунбайға айт, малыў-үньясынан тең жартысын дәрўишлерге берсин-ол зәкатдур».

Харунбай бул сөзлерге қулақ аспады. Көзи жер көрмей, дүнья

қуўып, көзине ет питкенликтен Алланы яд етиўди умытты. қулакларын ғәплет басты, оған дарғазап болған Муўса:

-Әй, қара жер, Харунбайды тарт баўырыңа,—деди. Аспаныў-зәмин ләрземге келип, Харунбай ақыл есинен айрылды. Тобығына дейин жерге синди. Бирақ ол тәўбеге келмеди, тағы дизесине дейин жерғе кирди, тәўбеғе келмеди, алқымға дейин жерге синди. Әне сонда барып Харунбай: «Тәўбеге келдим»—деди.

—Енди оны жердиң үстине шығарыңлар,—деди Муўса алаиҳиссалам. Солай етип Харунбайды жердиң жарығынан суўырып алып босатып жиберген екен.

Әлбетте, бүгинги күни де биз жоқарыда айтып өткенимиздей меҳир-муҳаббат, мүриўбет пенен ис тутыўды, өз қәтесин мойынлап тәўбеге келиў арқалы ишки руўхый дүньясы гөззал әўладларды тәрбиялаўға ерисиўимиз ҳәм сол арқалы елди абат етпегимиз дәркар.

Кимде ким гүнә қылса, оның ийманы ушады,
Тәўбе қылса Алла таала кеширеди.

*Мың бир ҳәдис. 840*

«Гүнакар пушайман болса ҳәм тәўбе буйрықдур»

*Сонда 913*

Түйеге жүк азап береди, адамға ҳүждан,
Гүнасыз адам сөзге батыр болады.

*Саадий Шеразий*

Бир тислем нан ушын шүкирлик әйле,
Бир жутым суў ушын шүкир ет тәкрар.
Себеп жасап турың мына өмирде,
Буларды да саған көп көрғенлер бар.
Уллылар ығбалын ҳәўес қыл, лекин,
Инсанлығың ушын шүкирлик дәркар,
Себеп бул дүньядан Сен ушын бүгин,
Инсан деген атты ҳәм көп көргенлер бар.

(*Абдулла Орипов*)

### 3. Нәпси ҳәм қанаат ийманлылықтың ҳақыйқый белгилери

Инсан тәбияты рәҳәтти, ҳәзликти, атақ-абыройды күсеп жасайды ҳәм тегин-шашыңлықта болыўды әрман етеди. Бул талап ҳәм мүтәжлик, материаллық, руўхый мәплерди келтирип шығарады.

Ол жүдә үлкен күш-қуўат болып, олар жәрдеминде өмирдиң егершиги айланып турады. Оның ушын инсан үзликсиз ҳәрекетте зин отқа -сууға урады, мийнет қылады материаллық байлықлар қаратады, дүньяны абаданластырады.

Мине сол итияжларды, мүтәжликти, материаллық ҳәм руўхый әплерди шәртли рәўиште «нәпси» деп атайды. Инсан әне сондай ыпатлардан пайда еткен нәпсини қандырыў жолында ҳәр қандай қыйыншылықлар ҳәм машақатлардан қайтпайды. Керек болса ҳәр қандай жалатайшылыққа барады, қылмыс қылады, биреўлердиң ақын жеўге, мүлкин өзлестириўге ҳәрекет етеди. Урлық ислейди, алайды, басқыншылық етип, адам өлтиреди, зинаға жол қояды, мыңлап- миллионлап инсанларды өлтириўге апаратуғын урыслар ылып барады.

Бундай нәпси бәлесин тыйыў адамлардың әдепли ҳәрекетлери арқалы әмелге асады. Жәҳәнде әдиллик тымсалы болған Анушируон атасы өлгеннен кейин оның орнына өзи отырғанда мәмлекеттеги барлық уламаларды топлап оларға: «Дүньяда ҳәмме нәрседен не жақсырақ» деп саўал берген екен.

Олардың бири—анаў, бири—мынаў, деп түрли-түрли жуўаплар айтқан. Бирақ олардың жуўаплары патшаны қанаатландырмаған. Сонда олардың ишинде отырған кәмбағал, мүсәпир бир адам орнынан турып: Әй, әлем патшасы дүньяда ҳәмме нәрседен үш нәрсе жақсырақ. Олардың биринши—ҳаял, екиншиси—өлим, үшиншиси—мүтәжлық,—деген. Анушируон оған қарап: бул әжайып екен, дүньяда ҳәммеден де жаманырақ нәрсе усы үш нәрсе сыяқлы еди. Сен қалай дәлиллейсең, деп сорағанда: Ол: патшайым егер дүньяда ҳаял болмаса сиздей алғыр адам туўылмас еди. Егер өлим болмаса, атаңыз өлмесе, сиз патша болып тажы-тахтқа, салтанатқа ийе болмас едиңиз. Егер дүньяда мүтәжлик болмаса, мәпдарлық болмаса, мен ҳәм мен сыяқлылар сизиң хызметиңизге келмес еди, бул жерлерде отырмас еди. Сизиң бундай бахыт-тахтқа ийе болыўыңыздың, себеби усылар дегенде, бул сөзлер Анушируонға жүдә мақул түскен ҳәм оған мың тилла берген екен.

Әне енди усы мүтәжлик, мәпдарлық нәпсиниң тийкарғы дәреклери есапланады. Гейпара адамлар бир нәрсе қылайын десе, тек өзи ушын қылады, тек өзин ойлайды. Исленген ис, мейли ол жаман ба, өзи ушын пайдалы болса болды. Ондай адамлар пайдакүнем делинеди. Пайдакүнем, ҳәр бир нәрседен, ҳәр жағдайдан пайдаланыўға урынатуғын адамды—нәпсиқаў, деп атайды. Нәпсиқаўлық нәпсини тыймаўда, нәпсини ашыўда, яғный

хәмме нәрсеге нәзер таслаўда, ийелеўде, солай етип басқаларға зыян келтириўде көринеди.

Дурыс, нәпси адам денесиниң, руўхының талапларын қандырыўға қаратылған, хәўеслениў. Инсан жасап турғанда өз денесиниң саламатлығы, туўры ислеп турыўы ушын тәбияттан өзине керек затларды алады. Хаўа, суў, аўқат, ишимликлер, миййелер, палыз-өнимлерин пайдаланады. Өз ўақтында уйқылаў, денени шынықтырыў, дем алыў, мийнет етиў, руўхый талапларды қанаатландырыў ушын саз-сәўбет тыңлаў, газета-журналлар оқыў, телевизор көриў, киноға барыў зәрүрлиги, сондай-ақ кийиниў, липасларға ийе болыў, үй-жай, тағыншақлар хәм тағы басқалардың кереклиғин түсинеди. Бул зәрүрликлер ақыл хәм нәпси менен басқарылады. Егер ақыл нәпсиден үстем келсе, ол инсанға бахыт алып келеди. Егер нәпси ақылдан үстем келсе, ол әдепсизликке, бахытсызлыққа апарады.

«Нәпсиң айтар «жутсам» дер,
«Кәрамат ис етсем» дер.
«Ишсем, жесем, жатсам» дер,
Салқын сарай ишинде»,—

деп нәпсиниң адамды бузыўға қарап жол силтейтуғыны белгили. (Мақтымқулы). Себеби нәпсини инстинкт басқарады. Соның ушын хайўан нәпсини тыя алмайды. Ал, адам болса ақыллы болғаны ушын нәпсини иркип жүриў мүмкиншилигине ийе болады. Соның ушын Хожа Ахмед Яссаўий «Нәпсиге берилген патша—қул, нәпсини басқарған қул—патша» деген екен.

Нәпсиқаў адамлар хәмме ўақыт өз нәпсин қандырыў ушын әўере болады. Соның нәтийжесинде көпшиликтиң, жәмәәттиң мәплерин умытып қояды. Хәзир жәмийетте көринип атырған арақхорлық, нәшебентлик, гиябентлик, парахорлық, урлық, зорлық нәпсини ирке алмайтуғын кисилердиң қылмыслары болып есапланады. Демек, инсанның өз нәпсин өзи тыйыў уқыплылығын тәрбиялаў жәмийет ушын үлкен әхмийетке ийе. Адамзат, бизиң бабаларымыз инсанды нәпсиге берилиўшиликтен сақлаўға тәрбиялаўды биринши орынларға қойған. Буның ушын адамлардың тәбийий талапларын әдиллик пенен орынлап барыўға жол излеген. Лекин нәпси адамлардың талапларына көтерилип, оны тәшиўишге салып, тәбийий жолдан шығарыўға хәрекет етип отырған.

Егер, адам нәпсиге берилсе, оның қуўаты бир нәрсеге—нәпсиге кетип, басқа талапларды умытып кетеди. Бул әсиресе басшылар

ıын зыянлы. Олар әдиллик жолын орнатыўдың орнына үшлилерди хошаметлеп, күшсизлерге жәбир көрсетип, нәпсини ıнаатландырады. Соннан жәмийетте наразылық шығады. Тарийх эпсиқаўлықтың себебинен нешше түрли бахытсызлықтың да үз бергенин биледи. Сонлықтан нәпсиге берилиў өмирдеги ıқыйқый талаптан шетлетилип, ақылдан адастырады. Қуран: Әлбетте көп адамлар илимсизлигинен хәўеий-нәпсиге берилип олдан адасады». (Анъом сүреси, 119-аят) дейди.

Сонлықтанда «Нәпсиқаў хайтта өлер» деген халықтың сөзинде ан бар екенлигин көремиз. Нәпсиқаўды гейде халық гөрқаў деп : атайды.

Гөрқаў бар нәпсини тыймаған,
Ишсе тамаққа тоймаған,
Өз қолы менен жыймаған,
Дүньяның қәдирин билмес

(*А. Дабылов*)

Нәпсиқаўлық қалай пайда болады? Бул көбинесе жас ақыттағы тәрбияға байланыслы. Адам туўылғаннан сыртқы үньяға деген талап пенен туўылады. Нәресте қолына не түссе оны аўзына салады. Кейин, еси кире баслағаннан, ол ашшыны ушшыдан, ыссыны-суўықтан ажыратып биледи. Соң пайдалыны ıайдасыздан айырады. Усы дәўирден баслап баладағы ақыл менен ıәпси арасында гүрес басланады. Қайсысы үстемлик етеди? Ол аланың усы жасқа дейин алған тәрбиясына байланыслы. Ол ıала өз тәрбиясын дурыс алды ма, мәселе усында болып сапланады.

Мазалы аўқатлар, гөззал жананлар, жағымлы ишимликлер, ıырайлы липаслар, мийнетсиз байлықлар мәселесинде нәпси өзин көрсетеди. Мөселен, баланы жасынан хәмме нәрсеге еркли етип әрбия бермеў керек. Рухсат не? Рухсатсыз не? Соны үйретиў ;ерек? хәммесин оған берип басқаларды көзге илмеў, баланы ›узады. Өзин, семьясын басқалардан артық деп есапласа, қыйын қағдайға алып келеди. Соның ушын «мынаны жубатып аламыз» ıеп басқаның ойыншығын, яки затын алып бериў, ямаса аўқатын ıўзына тығып, «жемесең пәленше жеп қояды» деп үйретиў ıәпсиниң ашылыўына алып келеди. Сондай-ақ, дастурхан ıөгерегинде де балаға өз пайын көрсетип, хәмме аўқатқа асылдыра ›ермеў, үлкен тәрбиялылыққа ийе.

Мысалы, буннан мың жыл бурын жасаған Жүсип Баласағуний өзиниң «Қутадғу билик» китабында:

«Нәпси деген бәледур, жанған отқа саладур» деп насиятлаған болса, Әжинияз шайыр нәпсиге берилген адам көзи жер көрмей ҳеш кимди танымай, тек нәпсиге берилип, дос яранларынан жуда болады, деп көрсетеди:

Қасқалдаққа бир ағары май питсе,
Ғарқылдасып қонар көлин танымас,
Патшаның дәўлети қайтайын десе,
Көзине май питип елин танымас.

Сондай-ақ даналар нәпсини жөнлеў ҳаққында мынадай нәсиятлар береди:

Өзиңди бийлеў—ең жоқары бийлик,
Нәпсиқаўлықтың қулына айланыў—ең қорқынышлы қуллық
(*Сенека*)

Ақыллы адам нәпсисин тыяр болар әўели,
Тикенектен ажыратып алыў ушын мийўени.
(*Муслиҳадин Саади*)

«Байлық малы дүньяның көплиги менен емес,
Бәлки нәпсиниң толығы менен белгилидур».
(*Мың бир ҳәдис, 678*)

Қуяш жарығын булттың бүркеп турғанындай, гейде ақыл нурын нәпси бүркейди
(*Пифагор*)

Демек нәпсиниң изинен жуўыратуғын Адам оның қулына айланады. Инсан нәпсини ўақтында жылаўлай алмаса, материаллық ҳәм руўхый қәтелерге жол қояды, ақырында аянышлы жағдайға ушырап қалады. Нәпсини тыйыўдың тийкары руўхый тәрбия болып, ол ҳаққында И.А.Каримов былай дейди. «Мәнәўият ҳаққында сөз жүритер екенбиз, бул мәселени ҳәр тәреплеме ҳәм шуқыр тексериўимиз, оның тек өзимизге мақул, жағымлы, тәреплери менен шекленип қалмастан, сондай қыйын тәреплери де нәзерден шетте қалмаслығы лазым. Әпиўайы қылып айтқанда, бул орында бир-бирине қарама-қарсы болған еки көзқарас ҳаққында гәп болып отыр. Биринши—өз нанын ҳадал мийнет пенен табатуғын, қалыс ҳәм ийгиликли ислер менен ел журтын ырза қылатуғын, тиришилик мазмунын терең аңлап, тек бүгинги өмир ләззетлери менен емес, ал ақырет ҳаққында, оның абат

элыўы ҳаққында ойлап жасайтуғын инсанларға тән өмирге өзқараслар. Екинши—буған тиккелей қарама-қарсы болған антасыў, яғный өмирдиң мәнис-мазмуны ҳаққында бас атырмастан, бундай саўаллар менен өзин қыйнамастан тек нәпси айғысы ҳәм өткинши ҳәўеске, ҳәзликке берилип жеңил-желпи урмыс кешиқретуғын, өзиниң ата-ана ҳәм перзент, ел журт лдындағы миннетине улыўма парықсыз болып жасайтуғын адамлардың пикир-қараслары. Мине сондай еки қыйлы дүньяға өзқарас тийкарында пайда болатуғын аўыр сораўлар адамзат аналы жасай баслаған заманлардан бери оны ойландырып, ыйнап киятыр»[1].

Дана халқымыз нәпси қулына айланған, өз мәплерине басқалар сабынан ерисиўди мақул көретуғын, тек өзин ойлайтуғын кисиден удайдың өзи сақласын, дейди. Кең пейил, ҳадал, ҳүжданлы меҳир-шириўбетли, ел-журттың тәшўишлери менен жасайтуғын кисилерди басына көтереди.

Нәпсини жөнлейтуғын бир әдепли қәсийет бул—қанаат. қанаат деплиликтиң баслы түсиниги ҳәм оның тийкары. Ол адамның ана-сезиминдеги ҳәм искерлигиндеги жақсы әдет. Оны әдетке йландырған адам өмиринше бахытлы болады. Себеби, ол туўры жолдан тайдырмайды, азғантайға да қанаат еттиреди. Ол шкөзликке берилмейди, кисиниң затына нәзер тасламайды, аяғын ған қарап, қыя баспайды. Сонлықтан қанаатшыл адам жумсақ әм әлпайым болып, ол журттың ҳүрметине миясар болады. Соның ушын халқымыз:

«Қудайым ҳәр не берсе қыл қанаат,
Жүректен қылма миннет ҳәм жарақат» деген.

Инсаплы адам қанаатшыл болады. қанаат бул жетискен абысларына, қолда барына разы болыў. Бул ҳәмме ушын айрықша өззал сыпат. Ол ғәзийне хеш ўақыт орта түспейди. Гейпаралар онша байлығы болса да, канаатсыз келеди. қанаатсыз адам «болған сайын болсам, алған сайын алсам» деп алатуғын нәрсеси көп болғанлықтан ашкөзлиги шексиз болып, ақырында өз мурадына жетиў ушын жалған сөйлеп, жалатайлық қылады.

Егер адам баласы ҳәр ўақытта өзинен бийшара жағдайдағы адамды көрип, өзиниң де бийшара ҳалға түсип қалыўының мүмкин екенлигин еске түсирсе, ол барына қанаат етеди.

---

[1] Ислом Каримов «Юксак маънавият—енгилмас куч» Т.Маънавият 2008 й. 3-б.

Қолындағы бар малын тийисли нәрсеге сарп етип, өзиниң тиришилигине рыйза болса ҳәм шүкирлик етсе, «саўлығың— байлығың» деген сөзди умытпаса, қанаатшыл болады.

Ашкөзлик әсиресе аўқат мәселесинде көбирек көринеди. Ол өзиниң мүмкиншилигин билмей, тамаққа умтылыў, ямаса «жақсы аўқат қалғаннан, жаман қарын жарылсын», «өлтирсе палаў өлтирсин» деген сыяқлы түсиниклерден де көринеди.

Бул туристлик саяхатларда, ямаса ресторандағы швед әдисинде аўқатланыўда жүдә анық көринеди. Ол столдың үстинде турған түрли-түрли тағамлардан өзиниң қәлеўинше алыўына рухсат етилгенде гейпаралары ҳәмме аўқаттың түрлерине қызығып көп алып жейбереди де, кейнинен оны таўыса алмай таслап кетеди. Оның уяты болса, пушайман жейди. Себеби, оның сыртынан бақлап, сынап турған адамлар тек оның өзине ғана емес, оның туўған елине де, оның тәрбиясына да баҳа берип турады. Ашкөзлик кисиниң зийнетин пәсейтеди, руухый жетилистириўден алжастырып, барлық пикир аўқатқа, байлыққа берилип, дос-яранлардан айырылыўға, солай етип пәсликке қарай жол салады.

Қанаатсызлық бул жастан алынған тәрбия менен байланыслы. Жаслар еркинлик психологиясында әке-шешесиниң тапқанын бас-көз демей, оңлы-солы шашып үйренсе, ол байлық тағы да мийнетсиз табылған болса, онда ол бала, әлбетте, ашкөз болып өседи. Себеби, ол ҳәмме нәрсени «меники болсын» деп ойлайды. Соңлықтан да балаларға ҳәр бир материаллық байлықтың қунын, оның қандай мийнет пенен өндирилетуғынын, адам қанаатшыл болыўы кереклигин түсиндирип барыў жүдә әҳмийетли.

Бизиң халқымыз ҳәм уллы алымлар қанаат ҳаққында мынадай нәсиятлар береди:

«Қанаат қарын тойдырады,
Бий қанаат ат сойдырады».

(*халық нақылы*)

Аз нәрсеге жоқлықта қанаат қыла билгениң,
Өз еркиңе ийе болып патшалық өмир сүргениң.

(*Хорезмий*)

Қанаат ғөзлеген инсаплы инсан,
Ғалы ҳәўес етпес, шыпта-шал тапса,
Кимлер дүнья қуўып болар сергиздан,
Және тапсам дейди артық мал тапса.

*(Мақтымқулы)*

*Хәким Улықпанның нәсиятынан:*

Әй улым, сен мудамы сабыр тақат пенен қанаатты өзиңе жолдас ылып ал хәм соған қарап жумыс исле. Нәпсиңниң айтқанын ылма. Нәпси бәлесинен аўлақ жүриўди ең уллы жол, деп бил. апқаныңа қанаат ет. Дүньяның изинен қуўыўшы болма, өйткени л барып-барып хәр бәлеге гириптар етеди.

Ақыллы адамлар айтқан: хәрекет қылың, абат боласызлар хәм зға қанаат қылың, дәўлетли (бай) боласыз, кишипейил болың, остыңыз көп болады. Соның ушын да көп мийнет пенен абылған дәўлетти ғәплетлик хәм босаңлық пенен қолдан қиберип қойыў, ақыллы адамның иси емес, жарлы болып қалсаң, ушайман қылыў бийпайдадур.

Бар дүнья малыңа қанаат ет, қанаат—питпес таўсылмас айлықдур хәм сен қандай аўхалда болсаң да ырысқыңа ийе юласаң.

## 12-ТЕМА. ӘДАЛАТ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Әдалат хәм оның жәмийеттеги орны
2. Әдалат тарийхы-арзыўлар тарийхы
3. Әдалатлық хәм оның Өзбекстанда пуқаралық демократиялық кәмийет қурыўдағы әхмийети

### 1. Әдалат хәм оның жәмийеттеги орны

Әдалат, әдалатлық адамзаттың хайўанлардан артықмашы- лығын көрсететуғын өзгеше қәсийети. Оны әдеп-икрамлылықтың асы деп қараўға болады. Ол тек әдеп-икрамлылық ғана емес, ол кәмийеттеги сиясаттың тийкары болып та есапланады. Соның ушын қайсы елдиң әдебият шеберлерин алмаңыз, хәммеси әдалатлықты жырлаған, әдил патша излеген, әдилликти әлпешлеген хәм көтермелеген.

Қураны Карим де әдилликти әлпешлеп әдалатлыққа шақырады. Мухаммед пайғамбарымыз мынадай деген: «Әдалатлық Алланың жердеги тәрезиси, хәр ким әдалатлы болса, онда ол тәрези оны бейишке баслайды. Ким әдалатлықтан алысласа, онда ол дозаққа түседи». Сондай-ақ Мухаммед пайғамбарымыздың мынадай сөзлери де белгили. Ол айтқан: «Алла аспанды күн менен, ай менен, жулдызлар менен безеди. Ал, жерди, билимпазлар менен, жаўын менен хәм әдалатлы хәкимлер пенен безеди».

Сондай-ақ белгили аль-Газалий өзиниң «Хүкимдарларға таза алтындай насийхат» деген китабында: «Мәмлекет исенбеўшиликтиң

(купыр) тийкарында да турыўы мүмкин, лекин әдалатсызлықтың тийкарында тура алмайды» деп жүдә айрықша пикир айтқан. Шынында да И.А. Каримовтың айтқанындай: «Халық ашаршылыққа шыдаўы мүмкин, лекин әдалатсызлыққа шыдай алмайды».

Әдалатлық түсиниги—мусылманлардың барлық урпақларының ой-пикирине, оның дүньяға көзқарасына, әдалатлық өлшемине кирип, қанына сиңип кеткен әдеплик. Сонлықтан да қарақалпақларда: «Тең атаның баллары теңликке турса да, кемликке турмайды» деп атап көрсетилген.

Мусылман дүньясында тири ўақтында пайғамбар дәрежесине айланған Аятолла Рухолла Хомейни өзиниң жумыс орнының төрине көркем коллиграфиялық жазыўда «Әдалатлық ҳәкимияттың тийкары» деген сөзлерди илдирип қойған екен.

Әдалатлы адам парасатлы, кемтар ҳәм опалы адам. Ол ҳәр бир истиң ҳақыйқат ҳәм дурыс өлшемин табады. Соның ушын да өдалатлықты төрези менен дурыс салыстырған. Мусылман әдеплилигинде әдалатлық—фундаменталь ҳәм универсал жақсылық қәсийети. Шын мәнисинде әдалатлы болыў деген сөз барлық тараўда әдил болыў дегенди аңлатады. Әдил адам ҳәмме исте, соның ишинде турмыста да, сиясатта да әдалатлы шешимге келеди. Бул елди басқарыўшының қайсы дәрежеде болмасын зәрүрли иси. Шығыста «Әдалатлы Султан бәҳәрде жаўған, жерге жаўатуғын жаўыннан да жақсы». «Әдалатлы Султан қунарлы жерден де жақсырақ» делинген. Шынында Араб дүньясының сахраларында жаўынның, қунарлы жердиң әҳмийетин билетуғын адам, бул нақылдың қандай дәрежеде баҳалылығын жақсы түсинеди. Соның менен қатар, мусылман идеяларының ғәзийнесинде мынадай деген де мақал бар: «Сизлер қандай болсаңлар, сизиң басқарыўшыларыңыз да сондай» деп адамлардың өзлериндеги әдалатлыққа қатнас дәрежеси менен басшылардың да әдалатлығының сыпатын көрсетеди.

Әдил сөзи тиккелей конкрет ҳәрекетлерге байланыслы. Әдиллик сондай қәсийетлилик, соның ушын халқымыз балаларының атларын оған байланыстырып Әдилбай, Әдилбек деп атаған. Сондай-ақ белгили, әдалатлы шахслардың исми шарипиниң артына «әдил» деген сөзди тиркеген.

Әдилликти конкрет исте мынадай етип түсиндириў мүмкин. 1. Судта инсап ҳәм әдалат жүзесинен ҳүким шығарыў. 2. Туўрынынатуўрыдан, расты-өтириктен ажрата билиў, бир таманға болыспаўлық. 3. Зулымды жойып, инсап тийкарында ис жүритиў, ҳақыйқатты жақлаў.

Әдиллик жәмийет турмысында ҳәдислердиң, тәртип

ıғыйдалардың ҳасыл инсаный идеялардың ҳақыйқат өлшем-
:рине сай екенлигин анықлаўшы, ҳәмме заманларда да тийкарғы
'ухый өлшем болып хызмет етеди.

Әдалат түсиниги жәмийетте тийкарынан алты ўазыйпаны
қарады. Биринишиден, жәмийеттеги социаллық мүнәсибетлерди
ақсетке муўапық шөлкемлестиреди. Екиншиден, түрли
)циаллық топар ҳәм класслардың мәплерин қорғаўды
эмийинлейди. Олар арасында бирликти сақлап турады.
шиншиден, жәмийетте мүлкшилик мүнәсибетлерин ислеп шығыў
стивлигин асырады. Төртиншиден, пуқаралардың ҳуқық ҳәм
)кинликлерин қорғаўшы қуралы сыпатында хызмет қылады.
есиншиден, ҳақыйқатлыққа кең урқан атқан, лекин социаллық
рогресске тосық болатуғын мүнәсибетлерди жойыўға урынады.
лтыншыдан, адамлардың келешекке исениў туйғыларын оятады
эм күшейтеди.

Әдалат инсанлар ортасында өз-ара мүнәсибетлердиң өлшеми
олғанлықтан ҳәмме ўақыт социаллық әҳмийетке ийе болады.
:ол себепли социаллық әдалат деген түсиник келип шығып,
кәмийеттеги демократияның барлығын-жоқлығын, инсанның
оциаллық жақтан қорғалыўын, ҳәмменин заң алдында теңлиги,
ондай-ақ пуқаралардың жумыс пенен тәмийнлениўи
едициналық хызмет, турақ жай, тәлим, мәдений тараўына
ийислилигин билдиретуғын социаллық дизим болып есапланады.
Социаллық әдалат реал қәдрият болып ҳәзирги күнде ол
уқаралық жәмийеттиң тийкарғы бөлеги хызметин атқарады.

Оны белгили дәрежеде әдеп-икрамлылық тараўындағы муғдар
лшеми деп қараў лазым. Ол бар жерде социаллық зулымлыққа,
ийбастақлыққа орын жоқ. Аристотель әдалат туўралы былай
ейди: «Еки қыйлы әдалат бар. Бири нызамға муўапықлылық.
аңның буйырғанын ислеў әдалатлы ис болып есапланады. Нызам
дамлардан мәрт, ҳәм пәк болыўды талап етеди. Соның ушында
диллик ең жетик пазыйлет болып саналады. Демек әдиллилик
ызамға бойсынып жасаў екен, нызам болса ҳәммеден әдил, инсап
енен жасаўды талап етер екен, ең ҳадал адамлар нызам
ийкарында ис тутатуғын кисилер есапланады.

Әдалат өлшемлериниң, нызам қағыйдаларының бузылыўы
уўхый принциплерди мойынламаўшылық, әдепсизлик қылўалар
дадатсызлықты келтирип шығарады. Әдалатсызлық социаллық,
экономикалық, сиясий, ҳуқықый ҳәм басқа формаларда да
көринеди. Ол гейде пүткил жәмийетти, гейде шахслар яки топар,
сласс, партия, миллет, мәмлекетте де болыўы мүмкин. Тарийхта
эдалатсызлықтың ҳәр қыйлы көринислери ушырасады. Олар

баскыншылық урыслар, колониализм, халықларды өз журтынан зорлық пенен көшириў, белгили бир халық яки миллетке байланыслы геноцит шөлкемлестириў, миллий мәдениятынан жуда қылыўға урыныў, әдалатсызлық болып есапланады.

Сондай-ақ әдалатсызлықтың жеке турмыста бир қанша түрлери ушырасады. Бириншиден: Протекционизм (латынша-қорғаў) социаллық өмирде қәўипли болған иллет. Арнаўлы әдебиятларда ол жоқары лаўазымдағы кисилердиң басқа кисилердиң мәселелерин шешиў ушын оны нызамсыз қорғайтуғынын көрсететуғын түсиник. Екиншиден: Бюрократизм (грек сөзи күш-қуўат) ҳәкимиятты өз мәпине пайдаланыў, расмиятшылық жолы менен мәселениң шешимин атайлап бейимлестириў. Оның жәмийетти демократияластырыўы тосқынлықтың өткир түри. Ол көбинше өзи ушын белгили жеңилликлерди заңсыз болса да дурыс деп кәрсетиўге урыныўшылық. Үшинши, мәҳәллешилик (аўылласлық). Ол белгили бир аймаққа тийкарланған жағымсыз жағдайлар. Төртинши, баққымандалық. Ол өзин өзи минасип баҳалай алмаўлық, өзиниң қәбилетин ҳәм жәмийеттеги орнын надурыс түсиндириўдиң ақыбетлери. Бул ең төмен адам психологиясы. Ондай адамлар өмири бойынша «мәмлекет, яки басқалар мени бағыўы керек» деген кейипте күн кеширеди.

### 2. Әдалат тарийхы-арзыўлар тарийхы.

Әдалатлық түсиниги гейде салыстырмалы болып, өзиниң ҳақыйқат тарийхына ийе екенлигин көриўге болады. Әийемғи общиналық жәмийетте руў турмысы кудайлардан мәңгиге берилген заңларының ғамқорлығында болды. Әдиллик усы тәртипте берилген қәсийетли дәстүрлерге дурыс қатнас пенен сыпатланды. Оны бузғанлар жазаға тартылды. Мысалы, патша өлсе, оның хызметкерлерин қосып көмиў дәстүри.

Руўлық системадан цивилизацияға өтиўге байланыслы әдалатлық түсиниги тереңлести. Алдыңғы орынға әдалатлық-теңлик шықты. «Ҳәммеге бирдей болыў» идеясы менен бирге «көбирек жырып қалыўға умтылыў», адамзатты кейинги мораллық раўажланыўына ығбал туўдырды. Сондай-ақ халықлардын материаллық-турмыс жағдайлары әдалатлыққа өзинше түс берди. Мысалы, шариаттың төрт ҳаял алыўға ерлерге рухсат етиўи де жағдайдан келип шықты.

Сонлықтан әдалатлықты ҳәр халық ҳәр түрли түсинеди. Мысалы, чукчилер ҳүрметли қонақтың қойнына ҳаялын салып,

ейин конақтың үйинне барғанда, оның ҳаялын қашырып ибергенин әдалатсызлық деп атады.

Бул тәсирлер тек әдеп-икрамлылықтың рауажланыыуына ағымлы жағдайлар менен бир қатарда әдиллик ҳәм теңлик айрағы астында бүлгиншиликлерге де алып келди. Мысалы, ольшевиклер «жәмийетлик әдиллик» ураны менен төңкерис асап Россия империясының байларын ҳәм искерлерин, зыялыарын қырып жойды. Россияның колониясына айландырған ллерде де сол сиясатты қолланды. Жетпис жыл дауамында оменклатурадағы шахслар СССР дағы бөлинетуғын қорларды олында услады. Жәмийетлик өнимлерди орталықтан бөлистирип ерғиликли жерлерге тек буйыртпа берди ҳәм өзинше ислеуге ол қоймады. Бул жөнсизликлер адамлардың орасан зор байлық өлшерининң жойылыуына ҳәм көпшиликтиң гедейшиликте алыуына алып келди. «Жәмийетлик әдалатлық», «ҳәмменин ңлиги» деген гәп бос сөз болып қалды. Бөлистириудеги «теңлик деясы ҳәр бир адамның өз адамгершилик абыройына сай алыуы ийис» деген идея адамзат арасында өз әҳмийетлерин жойтты.

Улыума тарийхта әдалатлы дәуири жүдә аз болған. Соңлықтан ердақ:

Бул дүнья дүнья болғалы
Патша әдил болған емес
«Әдалат жоқ байыу-патша ханларда» дейди.

Пайғамбардың ҳәдислеринде кимге адамларды басқарыу сеними жүкленген болса, олардың ҳәммесин Алла хызметине арай баҳалайды. Ҳәдисте: «Ақыр заманда қудайдың алдында айлаулы қолы менен турмайтуғын ҳеш бир басқарыушы олмайды. Оны өзининң жеке әдалатлығы қутқарады, оны өзининң еке әдалатсызлығы азаплайды» деп көрсетилген.

Шығыста мынадай сөз бар: Алты нәрсе өзининң турақсызлығы енен сыпатланады: «булттың көлеңкеси, гәззаптың дослығы аялдың муҳаббаты, жалған даңқпаразлық, әдалатсыз ҳәкимият, лкен байлық». Шынында да бул түсиниклердиң гейпараларының урыслығы бойынша басекейлесиуге де болар еди. Ал тийкарынан лардың көпшилигининң дурыс екенлигин турмыс көрсетпекте.

Бизиң бабаларымыз ең дәслеп әдалатлықты байрақ етип, далатлы кәсийетлерди әдалатлы өмирдиң тийкары деп есаплаған. Науайы, Фурхат, Әжинияз, Бердақ ҳ.т. басқа да көп бизиң өткендеги ойшылларымыз өз шығармаларында жоқары идеяны әдалатлық нурынан дөретип, халқымыздың көзин ашып оны байрақ етип

келген. Халық «қара қылды как жарып», төрелик еткен бийлерди әлпешлеген. Әдалатлық ҳаққында даналар мынадай дейди:

Кимде-кимниң әдалаты жоқ болса, оның уяты да жоқ.

*Абай.*

Инсан туўрылық пенен уллылыққа жетеди.

*Абдулкадр Нурий*

Үш тайпадағы адамды көрмей турып та сыйлаў мүмкин, алымды, сахыйды ҳәм әдил кисини.

*Хинд ҳәкиминиң нәсияты*

Не әдил болса, сол мәңгилик.

*Д. Феррари*

Мийримли болыў аңсат, әдил болыў қыйын.

*В. Гюго*

Әдил жол мақсетке жетелейди.

*Сайф Сарай*

Кекти тайдыр жолыңнан,
Әдилликти саяла.

*Махмуд қашқари*

Әдилликтиң еки қайнар көзи бар: ҳешкимге зиян шектирмеў ҳәм жәмийетке пайда келтириў.

*Цицерон.*

Әдалатлық пенен бириксе, ол сөздиң күшинен асып түсетуғын ҳеш нәрсе болмаса керек.

*Эсхил.*

### 3. Әдалатлық ҳәм оның Өзбекстанда пуқаралық демократиялық жәмийет қурыўдағы әҳмийети

1991-жыл 31-августтан буяғында ғәрезсиз раўажланыў жолы менен мардана баратырған жәмийетимиз кем-кемнен тиккелей демократияласып, мәмлекет, жәмийет шахс мүнәсибетлеринде әдалат ҳәм гуманизм идеяларына тийкарланбақта. Халық өз жери, мүлки, өз журты, өз қәдриятларына өзи ийе болып, өз келешегин

з қолы менен иске асырып атырғанлығы, ол жолда қолға қиризген уллы ислердиң нәтийжеси бул әдалат принциплери барлық тарауларда әмелий тастыйықланыўын таўып атырғанлығының анық көриниси болып есапланады. Президентимиз Ислам Каримов көрсеткениндей: Биз тек ғана демократиялық мәмлекет емес, ал әдилликти сүйиўши демократиялық мәмлекет қурыўға умтылмақтамыз. Әдалатқа умтылыў халқымыздың руўхый дүньясына тән ең әҳмийетли қәсийетдур. Әдилликти сүйиў идеясы пүткил экономикалық ҳәм социаллық мүнәсибетлер дизимине сиңип кетиўи, социаллық көмеклесиў, механизиминде де өз орнын табыўы лазым.

Бүгинги күнде әдиллик ҳәммениң нызам алдына теңлиги ҳәм нының бәршеге тең тийисли екенлигин аңлатады. Яғный, әдалат-нызам үстемлиги деген принцип тийкарында социаллық мүнәсибетлердиң ҳуқықый негизде раўажланыўы мәмлекетимизде И.Каримов тәрепинен әмелге асырып атырған әдалатлы жәмийет қурыўға қаратылған барлық өзгерис ҳәм реформалардың мәнис мазмунын шөлкемлестиреди.

Ҳәзир бизиң елимизде өткен әдил инсанларды ҳүрметлеп оны ад етиў мүмкиншилиги туўылды. Буны бизиң ғәрезсизлигимиз берген дәўирде өзлигимизди қәстерлеп оның руўхый маржанларын турмысқа қолланыў бабалардың үрдисин қылып нызамға бағыныў, оны ҳүрметлеў ҳәммениң нызам алдында теңлигин мойынлаў, нызамның бузылмаўына ҳәмме мәпдар болыў, әдалатлықтың иске асыўы ҳәм беккемлениўиниң тийкары болады. Сонлықтан да бизиң президентимиз И. А. Каримов өзиниң «Өзбекстанның жаңаланыў ҳәм раўажланыў өз жолы» деген китабында: «қай жерде әдалатлық болмаса ол жерде сөзсиз қарсылық, қарсы турыўшылық, келиспеўшилик келип шығады» деп дурыс келтиреди».

Инсандағы әжайып қылўалардың бири туўрылық болып, ол әдилликтен нәр алады. Ол дөгеректеги ҳәмме ислердиң тәртип ҳәм орынлы болыўын тәмийинлейди. Қандай үлкен ислерде яки кишкене жумыслар болмасын, егер дыққат пенен қарасаң, оларда туўрылық болмаса, ҳәммеси бүлинеди. Себеби, барлық дурыслы ислер туўрылық пенен байланыслы ҳәм оның иске асыўлары әдиллик арқалы ғана болады.

Ата-бабамыз «баланы жастан» деп бийкарға айтпағанындай, айырым раўажланған еллерде ҳуқықый тәлим баслаўыш класслардан, ҳәтте балалар бақшасынан жүдә әпиўайы формада басланады екен. Бақша ҳәм мектепте полиция, суд хызметкерлери сабақ-сәўбетлер өткерип, бул иске үлкен жәрдем береди.

Деген менен ҳуқықый тәлимди үйретиу ата-ананың муқәддес ўазыйпасы болып есапланады. Әлбетте, перзентиңиздиң тек ғана өзиниң емес, соның менен бирге басқалардың да ҳуқуқларын билиўи, ҳүрмет етиўи қандай жақсы.

## 13-ТЕМА. ЭКОЛОГИЯЛЫҚ ӘДЕП ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Тәбият—адамның үлкен үйи
2. Тәбият—гөззаллық тымсалы
3. Инсан ҳәм тәбияттың өз-ара байланысы
4. Тәбиятты қорғаў—әдеплилик

### 1. Тәбият—адамның үлкен үйи

Адам тәбияттың бир бөлеги. Соның ушын оған ҳүрмет ҳәм мийирманлық қатнас ҳәр бир инсанның ўазыйпасы. Тәбиятта ҳәр бир нәрсениң орны бар, ҳәр бир ҳайўан ҳәм өсимлик тәбияттың тең салмақлығын сақлап турыўға тийисли. Тәбияттағы дәрья, теңиз, көллер, таўлар, тоғайлар оған көрик бериў ушын ғана емес, ол сол жер жүзин асырап-абайлап сақлаўда үлкен хызмет атқарады. Бурынғы кеңес ҳүкимети дәўиринде «Биз тәбияттан реҳим күтип отыра алмаймыз. Оны өзгертиў бизиң уазыйпамыз деген сүрен менен тәбиятқа итибар кем болды, ҳайўанатларға азар берилди, өсимликлер сийрекленди, оның орны өзлестирилди. Тәбиятқа өндиристиң шығындылары, химиялық таслaндылар үлкен зыян берди. Нәтийжеде соңғы жылларда ҳәр күни дүньядағы ҳайўанатлардың ҳәм өсимликлердиң гейпара түрлери жойылып баратырғанлығы сезилди. Енди адамлар өзлериниң қылған исине өзи пушайман жеп, олардың тәбияттағы тең салмақлықты қайта тиклеў тилегинен экология пәни пайда болды.

Адам инсан сыпатында басқа мақлуқлардан ажыралып турады. Тәбияттағы жыл мәўсимлеринде болатуғын өзгерислер адам баласының да басынан өтетуғынлығы белгили. Адам барлық шырайлылықты, көрикти усы тәбияттан үйренеди. Тәбият түрленген гезде адам да түрленеди. Тәбиятқа жан енген гезде адам да жанланады.

Тәбият бул тиришилик ийеси,
Қорлағанға болар ғарғыс кийеси,
Олдур адамзаттың хаўа енеси,
Қалай өз ананды қорлағың келер»

—деп атақлы шайыр И.Юсупов дурыс айтқан.

Бүгинги инсан ақылының қудиретин надурыс пайдаланыў нәтийжесинде тәбияттың «шаршап» қалғанлығы улыўма жәҳән мәселесине айланды. Бунын тийкары тәбиятқа байланыслы руўхыйлықтың төменлеўи. Тәбият—билимлер ғәзийнеси, ал билимлер эгоизм менен, нәпсиқаўлық пенен бирлессе, руўхыйлықтан алыс қалып, жақсылыққа алып келмейтуғынлығы белгили болды.

Тәбиятта ҳәмме нәрсе бир-бири менен байланыслы. Илим ҳәм билим табысларын дурыс пайдаланбаўдың нәтийжесинде усы байланыс бузылса, мийримсизликке алып келеди. Тәбийий байлықлардан: жерден, суўдан, тоғайлардан орынсыз пайдаланыў экологияны өзгертеди. Мысалы, Кеңес ҳүкимети дәўиринде Өзбекстанда пахташылық ҳәм салыгершилик майданларының аса көбейтилиўи, оларда химиялық төгинлерди ҳәдден тыс қолланыў, жердиң өнимдарлығына ҳәм инсан саламатлығына жаман тәсир етип қоймастан, атызлардан ағып шыққан зәҳәрли суўлар көбейип, олар ишимлик суўларға араласып, тек адамларға ғана емес, ҳайўанларға ҳәм өсимликлер дүньясына үлкен зыян келтирди.

Усындай экологияның өзгериўи биздеги Арал кризисине алып келди. Соңғы 40 жылдың ишинде адам тәсири арқалы Арал теңизи жоқ болыўға келди. Нәтийжеде бирнеше балықлардың, өсимликлердиң, ҳайўанатлардың түрлери жойылып, орнына үшинши шөлистан—«Арал қумы» пайда болды. Суўсыз теңиз түбиндеги химиялық қоспалар, дузлар қатты самал арқалы шаң-тозаң болып көтерилип, алыс еллерге дейин ушып барды. Арал теңизи аймағынан дөгерегине жылына 150 млн тонна шамасында дуз-тозанлар көтерилип, жерди патаслады, адамларды зәҳәрледи, өсимликлерди, ҳайўанларды азайтты. Бир сөз бенен айтқанда белгили алым, космонавтиканың атасы К.Циолковскийдиң өз ўақтында: «Адам тәбият үстинен зорлық қылды, ал енди тәбияттың өзиниң үстинен зорлық қылыўын күтиўи керек» деп ескерткени дурыслыққа келди.

Арал дегенде теңиздиң толы жағысы, оның асаў толқынларының, өўпилдеген сеслери, ысырапыл даўыл, сел-сел жаўын, қалың қарлар, ызғырық самал, қақаман суўықлар менен жүзлесип, өзиниң характерин шынлаған балықшылар, ғайратлы, қорықпас теңизшилер, қайтқан ғазларды ушардан түсирген мергенлер, нәрўан қамыслар арасынан жол салып, жағыс шығарған мәртлер, қалың қопа арасынан ондатра уяларына баратуғын көшелер жасап, көл арасындағы қыябанларды түсинер едик. Теңиз жағысына салынған санаторийлер имаратлары, алтын қумлы

жағыс пляжлары, жанға рәҳәт балықлар, шыпалы суулар көз алдыңа елеслейди. Бул ҳаққында И.Юсупов «Арал элегиялары» атлы шығармасында:

Муз түсерде туўлап ол ҳасыл балық,
Қызыл суў теңизге гүўлеп жеткенде,
Дәрьяның көп узақ өңирине барып,
Уўылдырық шашар еди көклемде,—

деп келтирип, теңиз бойындағы жәннет бағыш курортларды да еске түсиреди:

Шөлдиң саратаны ҳәзирги ўакта
Не адамлар келер еди қонаққа
Көк толқын еркелеп аппақ аяққа
Бейиштиң бул да бир тымсалы еди.

Хрусталь жамларда шайқалып шарап,
Салқын шардарадан теңизге қарап,
Ханымлар шөллесе, «Баржоми» сорап,
Ханның қызынан да өткерер еди,

деп Аралдың гөззал келбетин толық сүўретледи.

Ҳәзир булардың бәри жоқ. Арал кетип қалды. Ол адамларға өкпеледи. Себеби, шайыр айтқандай, бир адам өмири тусында Арал қурыды.

Теңиздиң суўының кескин кемейип баратырғанлығы ҳаққында мәселелер көтерилип, оған дүнья мәмлекетлериниң дыққаты аўдарылды. И.А.Каримов 1993-жылы 28-сентябрьдеги Бирлескен миллетлер шөлкеминиң Бас Ассамблеясының 48-сессиясында сөйлеген сөзинде: «Арал мәселеси ҳәзирги күнде шын мәнисинде улыўма планетарлық, жер жүзлик машқалаға айланып, ҳәзирдиң өзинде биологиялық баланстың бузылыўына, үлкен территориядағы халықтың ғенофондына жүдә жаман тәсир етип атыр» деп барлық дүнья жүзи ҳәм жәмийетиниң дыққатын қаратты.

### 2. Тәбият—гөззаллық тымсалы

Тәбият ҳәмме ўақыт ҳақыйқатшыл, соған байланыслы оған қатты барып болмайды.Ол өзине «сен» деп емес «сиз» деп қатнас жасаўды талап етеди. Сонлықтан ҳәзирги заманның жетик инсаны

ушын экологиялық мәдениияттың тәртиплерин түсинип, тәбиятқа мийримли қатнасларды қәлиплестириў хәм оның гөззаллығын түсиниў заман талабы болып есапланады. Тәбиятсыз гөззаллық жоқ. Ал, экологиялық мәденият болса оның барлық гөззаллықларын сезиўден хәм оны сүйиўден турады. Тәбиятқа болған мехир туйғысы адамның Ўатан туйғысы менен ушласады. «Қурбақа бүлбилим, жекеним бағым» деген Әжинияз Қосыбай улының сөзинде тәбиятты Ўатан менен теңлестириў туйғысы көринип, тәбиятқа хүрмет хәм мухаббат белгилери сезиледи.

Адам тәбияттың хәм хожасы хәм хызметкери. Оған мухаббат пенен қатнас оның гөззаллығына мақтаныўдан, оның жағдайын байқаўдан хәм оған қайырлы хызмет етиўден басланады. Ол өз гезегинде адамға өмир нызамларын үйретеди. Инсан тәбияттан тек заўықланыўды емес, оны жақсы түсиниўди де үйренеди, өзлигиниң ким екенлигин сездирип, инсаный туйғыларын оятады. Тәбият адамды мийнет хәм қахарманлыққа шақырады. Сонлықтан мәдениятлы адам ушын ўатанның тәбиятын қорғаў өз өмириниң хәм искерлигиниң хызметине айланып қалады.

Хәзир Өзбекстан Республикасы нызам шығарыўшы палатасына экологияны қорғаў бойынша жигирма еки депутат—экологлардың сайланыўы бул бизиң елимиздеги экология мәселелерине үлкен итибарлықты көрсетеди.

Хайўанатларға мийримли қатнас адамларды жумсартып, оның сезимлерин оятады. Тек ғана хайўанлар емес, өсимликлердиң де жаны бар. Олар да сезеди, қәўипленеди, хәттеки топылады, жақсы сөзге ереди, музыкаларды тыңлайды. Илимпазлар, жапырағы менен насекомаларды услайтуғын, музыка менен өсетуғын өсимликлерди биледи. Гейпара илимпазлар ультра-сесли аппарат арқалы өсимликтиң жапырағын услаған ўақытта өсимлик сескенип «енди не қыламан» дегендей болып туратуғынлығын байқаған. Гвоздика деген гүллердиң үстинен жас сулыў қызлар үңилсе, гүллер ашылып қуўанғандай болатуғынлығы, ал ишкен, көп шегетуғын адам оған жақынласа дәрриў жабылып қалатуғыны байқалған.

Тәбиятсыз өмир жоқ. Тәбият адамды асырайды, бағады, кеўлин көтереди, шаршағанын шығарады. Себеби, ол—ана-тәбият. Адам бул хаўадан дем алады. Оған өнип өсиўи керек. Оның ушын азық-аўқат суў, қуяш керек, оны бул тәбияттан алады. Адам анадан туўылады. Лекин ол тәбиятта өседи. Соның ушын оны «ана-тәбият» деймиз. Адамның саламат болыўы ушын, оны қоршап турған тәбият саламат болыўы керек. Айтайық, адам хәр бир дем алғанда оның өкпесине ярым литрге дейин хаўа киреди. Ол минутына 8-9 литр хаўа болады. Ал ол бир күнде 11 мың литр

ҳауа жутады. Демек ҳауа адам ушын ең керекли шараят. Ҳаўадағы патаслық, ондағы газ, шаң өкпениң ислеўине зәлел береди, саўлығына тәсир етип, түрли аўырыўларды пайда етеди.

Жер жүзиндеги жанлы ҳайўанлар дем алыўды кислородты жутып карбонат ангидридине (углекислый газ) айландырады. Буннан басқа да өндирислерде көмир жанғанда, автотранспорт жүргенде, самолётлар ушқанда оннан сол карбонат ангидриди ҳәм түрли газлар бөлинип шығады. Бунық көбейип кетиўи адам саламатлыгына тәсир етеди.

Ал, өсимликлер болса ол карбонат ангидридлерин кислородқа айландырады. Демек өсимликлер карбонат ангидридинен тазалаўшы кәрханаларға уқсайды. Соның менен бирге ыссы ҳаўаны суўытқыш қәсийетке ийе, егер бир гектар жердеги таллар, тереклер 90 тоннан шаңды жутып қойса, үйдиң қасындағы бир терек бир кондиционердиң суўытқышлық жумысын атқарады.

Демек адам өсимлик дүньясын көздиң қарашығындай саклап ғана қоймай, оны көбейтиўи зәрүр. Қолдан келгенше көбирек терек егиўге әдетлениў керек. Лекин гейпара мектеплердиң дөгереги қуў далаға уқсап турғанын көрип, тәсийн қаласаң. Ҳәр бир классқа ҳәр жылы еки теректен өсириўди тапсырып, оған хызмет етиўди шөлкемлестиргенде сөзсиз мектеп дөгереги көгилдир терекликке айланар еди.

Тәбиятқа мийирманлық қатнас ҳәр бир адамның уазыйпасы. Бул мектепте, семьяда тәрбияланады. Муғаллим балаларды мектеп дөгерегиндеги қыйтақлардағы егинлерге, ҳайўанларға қараўды, ата-ана семьядағы малға, қой-жанлыққа, таўықларға қараўды үйретиўи керек. Оқыўшылардың зоопарклерде сабақлар өтиўи, ҳайўанлардың қәсийетлерин билиўи, өсимликлердиң түрлерин айырыўы керек. Мектеп дөгерегинде терек егиў ҳәм ол теректи көпшилик болып тәрбиялаў жүдә әҳмийетли. Әсиресе мийўели агашларды егиў ҳәм оның өнимлерин жыйнаў жүдә пайдалы.

Ҳәр бир мектеп тәбиятты саклаў бойынша көп нәрселер ислеўи мүмкин. Мысалы мектепте «Тәбият бизин үйимиз» атлы дөгерек дүзип ҳайўанларға , қусларға қараў, шабақларды бөлинип қалған суўлардан алып агын суўларға жибериў, үйде, топар ҳәм пән ханаларында ыдысларға гүллер егиў, дөгерек ағзалары арасында көрик таңлаў өткериў жүдә әҳмийетли.

Буннан басқа да ҳәр бир турақ жайларда, мәҳәлледе, суўды тежеў, электр энергиясын ақылға уғрас пайдаланыў, кархана ҳәм үй шығындыларының адамларға, тәбиятқа зыян келтирмеўин бақлаў, аўылдын, шаңарақтың тазалығын саклаў да экологиялық әдеплиликке тийисли. Улыўма айтқанда, тәбиятты иззет қылған

адам, оның жемисин көреди. Демек экологияны қорғаў, инсаниятты қорғаў, болып есапланады.

Тәбият ҳаққында даналар былай деген:

Тәбиятты сүйемен, сулыўлығына бас ийемен.

(*Байрон*).

Тәбият адамды туўдырған болса—адам тәбиятты жаңғыртады.

(*А.Френс*).

Тәбият ҳәр бир терең мәниске толы бирден-бир китап

(*Э.Гете*).

Тәбият тилсимин түсине билген адам—тиришиликте ҳасыл жан.

(*Л.М.Ленов*).

Адам тәбиятсыз тиришилик ете алмайды. Ол ден саўлықтың, шаққанлықтың ҳәм дөретиўшиликтиң булағы.

(*П.И.Мориковский*).

### 3. Инсан ҳәм тәбияттың өз-ара байланысы

Ҳәзирги дәўирде илим-техника раўажы менен әтрапымыз, жәмийет пенен экология арасында үйлеспеўшилилик пайда болды. Булардың ҳәммеси экологиялық мәдениятты ҳәм оның бир қурамы болған экологиялық әдеплиликти жәнеде жақсылаў мәселесин жүзеге шығармақта. Оның ушын адамларды «тәбияттағы жанлы-жаныўарларға тийменлер» деп шақырғаннан пайда аз. Бул мәселеде адамларда барлық тиришиликке қайырлы қатнас сезимлерин, оларға жәрдем бериў ҳәм жағдайын жақсылаў тилегин қәлиплестириў керек.

Кешеги шоралар дәўиринде адамлардың бир-бирине меҳир-муҳаббаты кемейип кеткен еди. Бул бир тәрептен ҳәкимлик қысыўмет дүзиминиң елди басқарыўындағы өз басымшылығы болса, екинши тәрептен сол дүзимнен шыққан адамлардың мийримсиз болып өсиўинде еди. Олар тек өзлерине ғана емес, ҳайўанларға да, өсимликлерге де мийримсиз болды. Адамлар дийқаншылықтан, шарўашылықтан жатырқады. Себеби, бунда өзлериниң мәпдарлығы раўажланбады. Ал, жәмийетлик мәпке олар бийпәрўа болды. Меншикте жери болмады. Өриси болса да, ҳүкимет малды услатпады.

«Ҳасыл тууған түйени,
Қуланлаған бийени,
Егизлеген ешкини,
Көлик болған ешекти,
Услама деп Хрущев
Бизге тәртип берип тур»

—деп жазды алпысыншы жыллардың ақырында ҳәуескер шайыр Төреғалий Дүйсенғалиев. Бул уақытлары «халықты мал өнимлери менен ҳүкимет тәмийнлейди» деген иләҳий қыял менен ат, түйе, ешки, ешеклерди қурытып жибериу сиясаты, тек олардан өнетуғын өнимлердиң ғана азайып кетиуине алып келместен, әуладлардың үй ҳайўанларына қатнасы да өзгерип кетти. Ауылларда адамлар малдан пүткиллей безди, алыслады, малсыз жасайтуғын ауыл турғынларының саны күннен күнге көбейип барды.

Соның нәтийжесинде адамлар қатал болды, себеби олар ең дәслеп өзин қоршаған дөгерегиндеги тәбияттан бөлекленди, оннан айрылып қалды. Оның үстине санааттың өсиуи, транспрот ҳәм техниканың көбейиуиниң нәтийжесинде түрли қалғындылар, зәҳәрли газлар ҳауаны ипласлады. Орайдың «пахта бер, пахта бер» деген буйрықпазлығының нәтийжесинде егислик монокультураға айланып, жер истен шыға баслады, суу қурыды, теңиз қашты.

Енди XXI әсирде жасайтуғын урпақлар—бул елдиң турғынлары экологиялық тәлимнен хабардар болыуы, экологиялық тәрбияға үйрениуи, экологиялық әдеплиликти қатты услауы зәрүр болды.

Экологиялық әдеплилик мәселеси бизиң бабаларымыздың ҳайўанларға мийримли қатнаста болыуға шақырыуы, адамларда инсаныйлықты қәлиплестириуге де тәсирин тийгизген.

Мухаммед пайғамбарымыздың ҳәдислеринде: «Қой берекетдур, түйе әзизиндур, атты қыямет күнине дейин жақсылыққа байлап қойыңлар. Олар бирадарларыңыз, хызметкерлериңиздур. Оларға жақсылық қылыңлар. Егер олар қыйыншылық көрсе, жәрдемлесип жибериңлер» деп көрсетилген.

Шынында да үй маллары адамның дослары, жәрдемшилери. Өзлериниң гөшлерин берип ғана қоймай, қара күшлерин де адамның хызметине жумсайды. Олар адамның досты. Жығылып баратырған адамға «түйе жалын төсейди, ат қуйрығын төсейди». «Ат дегенше қанат десеңши» дейди халқымыз.

Ана тәбият—адамның аукатының дәреги. Дәслепки адамлар тәбияттағы тайын аукатлардан күн көрсе, ҳәзир адамлар тәбият

пенен келисимде, өз мийнетин жумсап, тәбияттан өнимлер алып өзин асырайды. Соның ушын ол тәбиятқа ақыллы қатнас жасап, оны таза усласа, өзиниң де жағдайы жақсы болады. Егер тәбиятты ренжитсе, өзи де сөзсиз ренжийди. Ҳайуанларға мийримли қатнас, адамларды жумсартып оның сезимлерин оятады.

Адам инсан сыпатында басқа мақлуқлардан ажыралып турғаны менен тәбияттағы барлық жанзатлар, өсимликлер ушын жуўапкер. И.Юсупов: «Тийме оған» деген қосығында хайуанатларға мийримли қатнас адамларды жумсартатуғынын билдирип, хәр бир ҳайўанның жерге шерик жасаўға ҳуқықының бар екенлигин:

Тийме бала жыланға,
Ийреңлеп баратырған,
Жасаў ушын бул манда,
Олдағы жаратылған

деп жыланның да бул жер ўатаны, усы жерде туўылған усы жере өледи, жерге жылан да керек деген жуўмақ шығарады.

## 4. Тәбиятты қорғаў әдеплиликтиң айнасы

Экологиялық мәдeният дегенимиз адамның өз әтирапы ҳаққында терең билимге ийе болыўы. Өсимлик ҳәм барлық мақлуқатларға ғамқорлық көрсетиў, оны сақлаў туйғысына ийе болыў, тәбият байлықларынан, хожалық затларынан ақылға уғрас пайдаланыў, оларды көбейтип барыўға қаратылған адам искерлигиниң көриниси.

1992-жылы 9-декабрьде Өзбекстан Республикасының «Тәбиятты қорғаў туўралы» нызамы қабыл етилди. Өзбекстанда «Саламат әўлад мәмлекетлик бағдарламасы» ҳәм «Экосан» фонды дүзилди ҳәм тағы басқада экологиялық жумыслардың ҳуқықый тийкарлары пайда болып, елимизде экологиялық мәдениаттың раўажланыўына үлкен кеўил бөлинди.

Экологиялық талаплар—суўдың тазалығы, транспорт шығындыларын азайтыў, химиялық төгинлерден аз пайдаланыў, коллектор суўларынан дәрьяны тазартыў халықтың ден-саўлығынының гиреўи. Ал «халықтың саламатлығы елдиң байлығы» болып есапланады.

Адамзат өзин қоршаған орталықты патаслаўдан бас тартса, буны болдырмаў шараларын иске асырса бул үлкен адамгершилик. Бул мәселеде орталықты патаслайтуғын энергия ресурсларының орнына, агроэнерияны, биотехнологияны, күнниң нурын, самалдың.

теңиздиң толқынларынан, дәрьяның ағысынан алынатуғын энергияны халық хызметине қойса, әжайып инсаныйлық болады. Бизиң бабаларымыздың бағ-бақшаларға хүрмети, өз дөгерегин хәм үйин азадалық жақтан таза услаў әдебин, әдеплилик өлшемлери болған «ҳарам», «ҳадал», «ғүна», «сауап», «обал» х.т.басқада сол сыяқлы дәстүр, үрп-әдетлерин услаўы экологиялық әдеплиликке жатады.

Адамлардың тәбиятқа саналы қатнасын қәлиплестириў жаңа типтеги, әдалатлы меҳрибан, жумсақ кисилерди тәрбиялаў менен, яғный әдеп-икрамлылық тәрбия менен байланыслы. Әдеп-икрамлылық тәрбия адамларда экологиялық мәдениятты қәлиплестириўдиң әҳмийетли факторы болып есапланады.

Тәбиятта ҳеш бир артық нәрсе жоқ. Я бир ҳайўанат, я бир қус, я бир өсимлик артық емес. Биз қасқырларды қырыў арқалы қойлардың ауырыўларын, ал қытайлылардың шымшықларды қуртыў арқалы өсимликлердиң зыянкеслерин көбейтип алғанын тарийхтан билемиз.

Шет еллерде «Көклер партиясы» деген адамлар жөмәәти дүзилип, олар тәбиятты қорғаўда үлкен интальлық көрсетип, ҳүкиметлердиң түрли қарарларына тәсир етип, сиясатқа араласып атыр. Ш.Айтматовтың айтыўынша Швейцарияда бир жигит ылапышты аквариумда сақлап, оны бағып атырғаны ушын судта айыпланған.

Экологиялық әдеплиликти нәсиятлаўда шайырдың шығармаларын пайдаланыў ушын нәтийже береди.

Мысалы, тәбиятқа надурыс қатнаслар менен адамзат өзине әжел қурығын дүзип алғанлығын И.Юсупов «Плаха излеп» деген қосығында терең философиялық ой менен тәриплейди. Бунда шайыр өзи соққан «әжел қурығына»қарай адамлар өзин өзи айдауын былай сүўетлейди:

> «Пахтадан ақ алтын» алыў қастында,
> Зәҳәр шашқан самолеттың астында,
> Баўры шаншып ыңырсыйды балалар,
> Жолда өлип атқан торғайлар қалар,
> Динамит жарылар, лайнерлер жанар,
> Терророрлар, мафийлер жаўыз ҳайўанлар,
> Плахаға қарап айдап бир бирин,
> Яғный өзин өзи қыйнар адамлар».

Бул адамзаттың өз өмирине қастыянлығы ҳаққында поэма дәрежесине көтерилген шығарма, ол реаллықты сүўретлеў

тийимлиги, әҳмийети менен романнан да өтип кеткен. Шайыр дүңке (плаха) ның пайда болыўы тарийхын орынлы сәўлелендирген, оны соғыўда адамзат әдеўир тәшўишлерге түскен. Ол дүнкени адамлар бетоннан соқса да болар еди, деп былай келтиреди шайыр: «Басы шабылыўда адам ҳәр қашан, тәбияттан бөлек сезбесин өзин» деп бул әжел қурығының тәбият пенен байланыслығын еске түсирип, ол дүнке ағашының қалай өзине адамларды тартып атырғанын баянлайды:

Әйдик еменлерди қыйратып шықтық,
Түбине зәҳәрли изей суў айдап,
Саялы гүжимди қуўратып жықтық,
Мине таяр болды?
Планетаның
Орнаттық халық барар кең майданына».

Сол кең майдан—адамзат турмысы. Себеби: «Ҳәр ким алып барып оған душпанын. Айбалтаны жуўсам дейди қанына. Сөйтип исеним көпирин белинен қыйратып»:

«Уяға таласқан еки лашындай,

Адамлар аяўсыз бир бирин жулар» деп адам шахсиятлығы плахаға апаратырған жол болса, екинши жол адамлардағы нәпси бәлеси екенлигин көрсетип:

«Ашкөзлер шанағы тереӊ қурдымдай,
Байлық үстемликти аңсар бир тынбай,
Жуўҳаланып теңиз суўын симирер,
Нәпси ол бир шегирткениң қуртындай
Жағысларын таслап қашады Арал,
Чернобльде таллар дир-дир қалтырар,
Әжел қыснағына вертолет қуўған.
Қашып барар сайғақ ҳәм кенгурулар».

Мине усы ўақыялар адамларды дүңке ағашын апаратуғын жол. Ал буларды «көрген» Ийса пайғамбардың ағашты сыйпап атырып ойға шүмиўи де бул мәселениң жүдә әҳмийетли екенлигин көрсетеди:

Азап пенен шегеленип крестке,
Асықпай өлгеннен мынаўың абзал,
Шаўып үзилип түскен гелленди көрип,
Есинди жыйғанша кетерсең өлип,

Героиннен тартсаң оның үстине,
Өлеринде жаның ауырмас және,
Не деген инсанлық, мийрим-шәпәәт,
Өсип кеткен екенғой бул адамзат.

Мине бул пүткил дүньядағы хәр бир адамға дөнген қәуип:

Ал дәрья бойында адамлар барар,
Өзи соққан мүликке хәўлирип қарар,
Хәр қайсысы өз басынан қәуип етип,
Билдирмей өз мойнын сыйпалап қояр.

Қандай салыстырыў, адам өмири аққан дарья, өмирде инсан өзи соққан әжел қурығына жүреги хәўлирип қарайды хәм бул барыстан хәмменин әжел қурығына түсип қалатуғынын билип, мойнын сыйпалап қояды.

Мине бул экологиялық мәдениятқа деген итибар болмағанлығының, әдеплилик өлшемлеринен шығып кетиўдиң ақыбети. Сонлықтан И.Юсуповтың:

«Жасап инсан хүждан ар уят пенен
Сыйлассалар қызғын мухаббет пенен
Адам тил табысса тәбият пенен,
Нағыз инсан сол деп сыйлағың келер»

деген қатарлары экологиялық философиясының тийкарғы түйини десе болады.

## 14-ТЕМА. ГӨЗЗАЛЛЫҚ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Сәният-ғәззаллық әлеми
2. Гөззаллық хәм әдеплилик диалектикасы

### 1. Сәният-гөззаллық әлеми

Өмиримиздеги күнделикли мүнәсибетлерде хәр қыйлы түсиниклер менен турмысқа араласамыз. Мысалы руўхыят-руўх, шерият-қосық, әмелият- иске асырыў, әдебият-әдеплилик, (тилекке қарсы, бизлерде ғейпара шығармаларда бул ўазыйпаны мисе тутпаўшылықлар да ушырасады), сәният-сән, шырайлылық хаққында билиў мәселелерин қозғайды.

Сәният (искусство) гөззаллық хаққында илим болып, ол

ıүткил дүньялық қәдрият. Себеби ол қайсы адамды болмасын үллендириўдиң, жетилистириўдиң, рууҳландырыўдың қуралы эетинде, оның өмириниң жолдасы болып есапланады.

Сәнияттың гөззаллық тымсалы екенлигиниң бир белгиси, бизиң халқымызда «сәнин келтирип» яғный «шырайлы қылып», «сән-сымбаты келискен» деген сөзлер ушырасыўынан да көринеди. Соның менен қатар: Сәним, Сәнимхан, кейин сөйлеў тилинде «Сәнем» деп өзгерилип айтылған атлар-гөззал деген мәнисти беретуғын сөзлер. «Шасәнем» яғный «Шасәним», патшаның гөззалы дегенди аңлатса, белгили Әжинияз бабамыз «сәнимлер (сәнемлер емес) қолында тиллә саз едим, ҳәўижге келтирер жанан болмады» деп әжайып қосық қатарларында, бул түсиникти тағы да айқынластырған.

Инсанның рууҳиятын қәлиплестириўде ҳәм байытыўда, өмирин мазмунлы етиўде, қатты кеўилди жумсартыўда, гөззалықтың роли оғада уллы. Дүньяға белгили философ Аристотель: «Сәният инсанларды жетелейтуғын тәрбия қуралы» болып есапланады деп көрсетеди. Шынында да сәният гөззаллық идеяларын таратып, адамның сезим туйғыларын оятады. Дөретиўшилик қәбилетин раўажландырады ҳәм ийгиликли иске баслайды. Кисиниң қайғы-ғамын азайтып өмиринде көмекши, жәрдемши болады.

Гөззаллық адамды жас гезинен-ақ өзине тартады. Балалар кишкентайынан-ақ сүўрет салыўға, қосық айтыўға талпынады. Жас өспирим гезинен баслап адамның музыка тыңлаўға, кино, театрға барыўға, китап оқыўға, қол өнерине ҳәўеси артып барады, оннан алған әдеплилик ҳәм эстетикалық тәсирлерден ол өзиниң рууҳыйлығын қәлиплестириўге тийкар алады.

Бара-бара сәният инсанды дуўалайды, өзине айландырады, меҳир-муҳаббатқа, реҳимлиликке, татлы қыялларға шарлайды, жаман жолдан қайтарады, ойландырады, жылатады, күлдиреди. Сәнияттын әжайып қәсийетин шам-шыраққа яки жол көрсетиўши жулдызға уқсатыў мүмкин.

Биз бунда сәнияттың көп санлы түрлерине тоқтамай, оның тийкарғы мураты болған адам гөззаллығын түсиниў мәселесине кеўил аўдарамыз.

Даналар, «гөззал жүз дүнья саламатлығының себепшиси, егер гөззал жүз жақсы қылықлар менен үйлессе, онда ол бахыт-саадаттың ең жоқары дәрежеси» деп есаплаған. Себеби адамның сыртқы көриниси ҳәм тәбияты жақсы болса, ол қудай ушын да бенде ушын да сүйкимли болады.

Гөззал жүз адамларды қайырлы қылады, ашық кеўилли мырза

етеди, байлықты көбейтип, жоқары лаўазымға ерисиўине жәрдем берип, исенимди арттырады. «Келбети келиспегеннен кеңес сорама» дейди халқымыз. Шынында да тән гөззалығы, ишки гөззалықтың қорғаны, ягный жасаўының дереги, мәртебесиниң тийеги. Соның ушын да «Сулыўды адам жаны қыймайды екен, Ериксиз еске түсип қыйнайды екен» деп шайырлар зинхар әйлейди.

Солай етип, турмыста гөззаллық ҳаққында айтылғанда, көбирек адамның сыртқы келбети, шырайлы қылўасы ҳаққында сөз етиледи. Онда дене сулыўлығының өлшеми ҳәр халықта ҳәр түрли түсиникте болып, үлкен айырмашылықларда көринеди. Мысалы, қарақалпақларда сулыўлық қара көз, қара шаш, узын мойын, қыйылған қас, қыпша бел, узын бойлы, кең қушақлы деп сыпатланады. Ал, Алпамыс дәстанында Гүлпаршынның сулыўлығы былайша: «Көргенниң ақылын алған, қаршығадай қыялланған, еки бети гүл-гүл жанған, аппақ, юпқа додақ, шашбаўлары шашақлы, шашағы толған моншақлы, узын бойлы, кең қушақлы, он еки муқам, қырық-қылықлы, омыраўында мойны гез, он төрт жасар, мүнаққат пенен сөз қатқан, қайрыла берип наз еткен, ҳәр назының өзинде қыс тоқсанды жаз еткен, қамшы янлы бармағы, гүмис янлы тырнағы, устаға барсаң сандал бар, сандалды көрде шашын көр, моллаға барсаң қәлем бар, қәлемди көрде қасын көр, шершиге барсаң ҳинжи бар, ҳинжини көрде тисин көр, қар үстине қан тамар, қарды көрде етин көр, қанды көрде бетин көр, қумнан қашқан порсықтай, ҳәр емшеғи торсықтай» деп сүўретленген.

Шынында да дүньядағы сулыўлық түсиниклерине көз жиберсек, оның ҳәр елде ҳәр түрли екенин көремиз. Мысалы: бурынғы греклерде булшық етлери жақсы жетилискен, спорт үлгилерин ийелеген қызларды гөззал деп, ал аристократларының арасында дене пишими кишкентай ҳаялларды сулыў деген.

—Орта әсирде бет-әлпети жүдеўлеў, бирақ көзи үлкен ҳаялларды, соң қайта ояныў дәўиринде толық ҳаяллар сулыў деп есапланған.

Испанияда белгили жазыўшы Мерименин көрсетиўинше, испанлар сулыў болыў ушын мынадай белгилер зәрүр дейди:

1. Үш қара-көз, қас, кирпик,

2. Үш ақ-тери, тис, қол,

3. Үш қызыл-ерин, бет, тырнақ,

4. Үш узын-денеси, шашы, қолы.

5. Үш кең- геўде, маңлай, еки қастың арасы. «Кирпик, маңлай, еки қастың арасы, керилген төрт бармақ Бийбисәнемниң» (А. Дабылов) деген сөзге тәқәббил.

6. Үш кишкентай-тис, қулақ, тырнақ,
7. Үш жиңишке-саўсақ, ыйық, табан,

Орысларда ҳәзирги дәўирде қыздың денеси 90-60-90 нтиметрдеги өлшемге келсе, ямаса аўзы жүдә үлкен, көкиреги расан толық болса, сулыў деп есаплайды.

Узақ Шығыстағы халықлар жүдә кишкентай көзди жоқары ҳалаған. Қытай елшилери Россияға келип, император Елизавета етровнаны көргенде, өзлеринше: «оның көзи сәл киширек олғанда, барлық жигитлердиң жүрегин жаўлап алар еди» деген ен.

Қытайда аяғы жалпақ болып кетпеў ушын, қызлардың табанын ңып таслайтуғын болған. Ал Мексикада «Маң» деген тайпада өзлери қыйсық қызларды сулыў деп есаплайды. Оның ушын ишкене қызлардың шашына каучук шар байлап, көзине дейин сирип қояды. Шардың қозғалыўын үзликсиз қадағалаған өрестелердиң көзлери еки жаққа қыйсайып кетсе, ол оғада сулыў п есапланар екен.

Колумбия елиндеги химирлер, ҳаялдың бойында қанша ыртық», яғный таяқтың изи болса сонша сулыў деп есаплап, ы күйеўи гез келген қурал менен ура берер екен.

Африканың гейпара қәўимлеринде мойны узын, гейпара-рында көкиреги үлкен ямаса жүдә семиз ҳаялларды сулыў ямаса лақты өсирип салпаң қулақлы қылыўды сулыўлық деп синеди.

Тарийхта сулыў болыў ушын саналы түрде аяқты қысқартыў, лаққа, бетке белгилер салыў көплеп ушырасады. Араб еллеринде, ысалы Египет ҳәм Сирияларда ул балалардың жас ўақтынан тин ямаса маңлайын тилиўди, үлкейгенде сулыў, айбатлы лыўдың шәрти деп есаплайды.

Улыўма сулыўлықтың бундай салыстырмалылығына, ҳәрқый-лылығына қарамастан қай елде болмасын, ол адамларды табын-ратуғын, сүйсиндиретуғын ҳәм ҳүрметлейтуғын күшке ийе лып, оның жилўасы алдында ҳәмменин бас ийиўи табийийлық яқлы көринеди.

Қалай болғанда да бул дүньяның сәни, шырайы, гөззалығы-амда. Адам тәбияттың ең гөззал мүсини. Сонлықтан да «Бул ньяның көрки адам баласы» дейди Әжинияз.

Ал енди гөззаллық ҳәм оны түсиниў мәселесине келсек, онда лыўлықтың абсолютлик болмайтуғынын есте сақлаған дурыс лады. Сулыўлық диалектикасы салыстырмалы, өйткени лыўлық пенен ажарсызлықтың, көриклилик пенен сықыл-зылықтың шегарасы ҳәр қыйлы.

Адамның сулыўлығы-табият ҳәм жәмийеттиң ең жоқарғы жемиси. Оның сулыўлығын сапа жағынан айырыў еки жағдайда көринеди. Яғный сырткы дене ямаса субъективлик сулыўлық ҳәм руўхый ишки ямаса объективлик сулыўлық.

Сыртқы дене сулыў болып, адам анадан туўылыўы мүмкин, ал ишки дүньясы сулыў болып, ол-жәмийетте, өзиниң иси, қылўасы, басқа адамларға қатнасы арқалы қәлиплеседи.

Әдеттегише, биз жигит яки қыздың сулыўлығын айтқанда, оның келбетлилигине, бойы-сынына, улыўма көркине, өзине тартымлылығына, нәзиклигине, жағымлы назына, шашының түсине, көзине, бетиниң аклығы ҳәм тазалығына ҳәм т.б. белгилерине сыпатлама беремиз. Мине булардың бәри адамлардың кеўлин ҳәм жүрегин бенде ететуғын сыртқы сулыўлық.

Бирақ сулыў көзлерди сулыў адам менен алжастырмаған ақылға муўапық. Сондай-ақ бой, сынының ҳәм шаш тараўдың сулыўлығын, бир пүтин, ҳәр тәреплеме раўажланған, басқа да қайталанбайтуғын жеке, өзгеше қәсийетли тулға менен шатастырмаў керек. Демек, адамның сулыўлық қунын оның сыртқы кориниси менен сыпатламай, соның менен бирге оның ишки руўхый дүньясын да өз ишине алатуғын, адамыйлық өзгешелиги менен, басқаға тең келмейтуғын индивидуаллығы менен аныклаў зәрүр. Себеби ким болса да, мейли-ол еркеклер болсын, барлық ҳаялларды бирдей сүймейди, керисинше, ҳаяллар да барлық еркеклерди сүйе бермейди. Ал, бир ғана адамды, яғный өзиниң түсиниғинше ҳеш кимге тең келмес инсанды сүйеди. Ол оған тап өзи болып көринеди ҳәм қабыл етиледи. Ажарсыз адам деп сәниятта өзиниң индивидуаллығынан айрылған адамды айтады.

Булай деўимиздиң себеби сулыўлық-эстетикалық мураттың тийкарғы бир тәрепи болып, этикалық мурат пенен байланыслы қәлиплеседи. Оның эстетикалық баҳасы этикалық баҳа арқалы өтип отырады. Адам тек сыртқы сулыўлыққа ҳәўес болып қоймастан, оның ишки дүньясына мазмунына да айрықша мәнис береди. Ол адамлардың көриклилигин, оның ис-ҳәрекетин тәбиятқа ҳәм басқа адамларға қатнасын, өз дөгерегиндеги адамлардың бойында қәлиплескен әдеплилик пенен салыстырып қарайды. Демек, адам сыртқы объективлик сулыўлық пенен ишки руўхый сулыўлықты мойынлай отырып, олардың өз-ара қатнасын аныклаўға келгенде ишки руўхый көркемлиликке көбирек кеўил аўдарып, мазмун көркемлилигин абзалырақ көреди. Сонлықтан «Көркин алма, минезин ал» деп үйретип жүриўшиликтиң мәниси

де усыннан болады. Бундай деўдиң де жөни бар. Өмирде гейде сыртқы сулыўлықты бетке тутқанда, онда зулымлық ҳәрекеттиң жүз бериўи де мүмкин. Ал әдепли көринис сырттан қарағанда көзге әпиўайы болып көрингени менен, оның астында үлкен адамгершилик, шексиз мийрманшылық жатқан болады. Сыртқы шырай көз тартқан, көркем болғаны менен ис жүзинде ҳеш бир мәниссиз, бос сымбат болыўы да итимал. Ол адамды ҳеш ўақытта сулыў, деп айтыўға болмайды. Руўхый көркемлилик пенен денелик сулыўлық сәйкес келсе, бул жоқары эстетикалық мурат пенен этикалық мураттың айрықша иске асқаны болады.

Усылар менен бир қатарда адамның руўхый сулыўлығына толығырақ тоқтағанда, ол өз ишине әдеплиликке тийисли әдилликти, еркинликти, адамды сүйиўшиликти, адамнан қуўаныштың, шадлықтың дерегин табыўға белсене түрде умтылыўшылықты алатуғынлығын да көрсетип өтиў зәрүр. Адам сыртқы көриклилик пенен бир қатарда әдиллик ушын гүрессе, барлық тайсалыўшылықты гуманлылықты жеңип алып, мақсетке, муратқа муўапық еркликти басшылыққа алса, сол гөззал. Әдиллик ушын шешиўши ҳәм избе-изли ҳәрекетте уқыпсызлық көрсетип, тайсалақлаған адам, жәмийеттиң алдында жоқары баҳаға ийе болмайды. Ол тек күлкиге ылайық. Тарийхта бир адамның еркиниң топаслығы, оның тартыншақлығы адамларға уллы қайғыларды алып келгенлиги Муҳаммед Хорезм Шах ҳәм т.б. өмиринде көплеп ушрасқан. Керисинше тайсалмайтуғын исеним, ийилмейтуғын ерк Жалаладдин Мангуберди тымсалында көринип үлкен шырайлылықтың белгилерине мысал бола алады. Бул сәйкесликлер ақыллылықтың, билимлиликтиң нуры менен органикалық түрде бириктирилсе, онда бул ҳақыйқат гөззалыққа айланады.

## 2. Гөззаллық ҳәм әдеплилик диалектикасы

Адамлар ертеден-ақ өз-ара қатнасықларында әдеплилик пенен көркемлиликтиң принципал бирлигин халықтың нақыл сөзине айландырып, поэзия ҳәм аўызеки әдебият арқалы урпақтан-урпаққа жеткизип отырған. Мысалы, «сулыў сулыў емес, сүйген сулыў» деген бизиң халқымыз. «Адамның ишки дүньясы сулыў болсын, жылтыраған сыртына қызықла» дейди шығыс мақалында. Демек эстетикалық көркемлик, этикалық көркемлик пенен тиккелей байланыслы болып, адамдағы этикалық мураттың категориясы әдеплиликти көтермелейди. Сонлықтан Платон сулыўлықты «нур сәўлели әдеплилик» деп атаған.

Бул ҳаққында адам баласының өмиринде әсирлер даўамында қәлиплескен ҳасыл мурат ретинде әдеплиликти шығыс поэзиясы жырлап келеди. Мысалы, шығыс әдебиятындағы Ләйли Мажнунның гиршиксиз муҳаббаты әдеплилик пенен көркемлиликтиң бирлиги идеясын өзинше ылайықлы жырлап, бизди тек жылтырағанға қызықлай, әўеле жан сулыўлығын көрип, оны баҳалай билиўге үйретеди.

Мысалы, Саади өзиниң «Гүлистан» поэмасында усы идеяны былайынша раўажландырды: Араб патшасына биреў келип, жас талантлы шайыр жигиттиң, ашықлықтың дәртинен ел журтынан безип шөл гезип кеткенин, сөйтип ақылдан адасып мәжгүн болғанын айтып келеди. Патша Мәжнүнди өзине шақыртып көркин көриў ушын Ләйлини де алдыртады. Оны алып келгенде патша таң қалып, оның журттан асқан ҳеш нәрсеси жоқ, арықтан келген қара торы қыз екенлигин көрип, қызды көриксиз деп табады. Патшаның қызға кеўли толмағанын сезген Мәжнун, «Ләйлиниң сулыўлығын көриў ушын оған Мажнунның көзи менен ғана қараў керек», деген екен.

Этикалық мурат пенен эстетикалық мураттың қосылыўы мүмкиншиликтен шығып, зәрүрликке айланады. Оны алдын ала болжаған М.Горький «Эстетика—келешектиң этикасы» деген еди. Яғный, ҳасыл мураттың ийеси бола билиў уқыплылығы эстетикалық талғамға талпыныў, шырайлылықты түсинип, баҳалай билиў ҳәм сол көркемлиликти түсине билиў, усының ҳәммеси сулыўлык, өдеплилик сапасы болады. Тек усындай адамлар ғана қызықлы турмыс қурыўға уқыплы болып, пүткил адамзат ҳәм келешек урпақлар алдында өзлериниң әдеп-икрамлылық ўазыйпасын орынлап шыға алады.

Соның менен бирге бизиң күнлеримизде эстетикалық ҳәм этикалық қатнас жаңа адамды тәрбиялаў ушын гүрестиң алдынғы позициясы болып қоймастан, бул мuратлардың байланысының бийик дәрежеси де. Мине соңлықтанда даналар адамның тулғасы ушын еки ийни қанша зәрүр болса этикалық ҳәм эстетикалық тәрбия да сонша зәрүр деп дурыс көрсеткен.

Адамлардың сулыўлығын баҳалаўды биз жеке инсанның өмирдин жәмийетлик мәнисин қалай түсиниўи менен байланыстырамыз. Жеке инсанның денелик жетилисиўи, оның мораллық тазалығынан, улыўма халықлық хызмет ушын саналы дөретиўшилик искерлигинен бөлекленбейди. Адам ҳәммесинен бурын өзиниң жақсы қылўалары ҳәм жарасықлы ислери менен, соның менен қатар жанының жоқары әдеп-икрамлылығы менен гөззал.

Шын мәнисинде әдеп-икрамлылықты гөззаллықтан бөлип

алып қарауға болмайды. Егер олай болса, әдепсиз гөззаллық болады, деген пикирдиң жасаўына мүмкиншилик туўылып, онда гөззаллық түсиниги формаль түрде көринип қалады. Белинский ғөззаллықтың хәмме уақыт әдеп-икрамлылық пенен бирликте жасаған алдыңғы жәмийетлик тәжрийбени жуўмақлай отырып: «сулыўлық шынлыққа хәм әдеп-икрамлылыққа туўысқан қарындас есапланады. Егер шығарма көркемлик баҳаға ийе болды десек, онда ол сөзсиз әдеп-икрамлылық бойынша қунлы болады» деген еди.

Жасалма безелиўдиң жәмийетлик хәм эстетикалық мәнисине келсек, ол өз тамырын жүдә ертеден алады. Ең дәслепки шығысында безелиў тек әмелий мақсетке қаратылған сыяқлы. Онда денеге салынған сүўретлер, ямаса айырықша белгилер ненидур аңлатады. Әййемги общиналық жәмийеттеги көсемлерди басқалардан айырыў хәм оған хүрметте болыў ушын жығалар хәм әшекейлер менен безеген. Ал аңшылар арасында өзиниң көргишлиги, мерғенлиги, серлилиги шаққанлығы менен белгили жаўынгерди көпшиликтен айырыў ушын оны айрықша безейтуғын болған. Сондай-ақ айрықшалықты көрсетиў көсемлердиң, патшалардың арнаўлы белгилеринде берилген.

Кейин ала класслық жәмийеттиң пайда болыўына байланыслы басқалардан айрылып турыў мақсети—денеге хызмет етиў менен ушласқан. Жәмийеттеги белгили шаңарақлардың өзлериниң ғерблери, айрықша әшекейлери болған. Ал олардың семья ағзалары журттан тек байлығы менен айырылып туратуғынлығын ғана емес, ал «сулыўлығын» көрсетиў ушын алтын, гүмис, гәўҳарлар менен безелген. Демек бул безеўшилик символлық характерге ийе болып, аз сандағы ақ сүйеклердиң халық массасы үстинен үстемлигине хызмет етип олардың езиўшилик, зулымлық келбетин бүркейтуғын, денелик хәм руўхый майыплығын жасыратуғын перде болып, жәмийет алдында айрылып турыў усылы арқалы ким екенлигин көрсетиўге тийкар берген.

Бизиң күнлеримизде, әлбетте, безеўшилик басқаша түр хәм мақсетке ийе. Әсиресе, ол адамның өз денесиниң сулыўлыққа умтылыўшылығына хызмет етиўден тийкар алды. Адамның өзин-өзи әлпешлеўи, өз денесин сүйиўи тәбийий нәрсе. Демек, адам өзин сүйкимли хәм пәкизе қылып көрсетиўи ушын үсти басын хәр түрли кийим хәм затлар менен безейди. Өзин пардозлайды, бет аўзын бояйды. Буған беттиң сыланыўы, ериннниң, кирпиктин боялыўы, қымбат бахалы затларды тағыўлар киреди. Булардын гейпаралары өзиниң мөлшеринде болса, адамды пәкизе етип көрсетиўде жәрдемлеседи, ал шеннен шығып кетсе тәбийий сулыўлықты, яғный бет пишинди өзгертип жибереди. Басқа биреўлери

(жүзик, билезик, сырға, моншақ) әдеплиликтиң шеңберинде турса, шырайға-шырай қосып жарасады ҳәм гейде символлық сулыўлықты да билдиреди. Айтайық, неке жүзиги семья бахтының символын, арзыўлығын билдирип, жүзик дөңгелегиниң шегарасы жоқ сыяқлы, муҳаббаттың да шеги жоқ, деген кеўилди аңлататуғындай көринеди. Ал, енди сийрек те болса, арамызда ушырасатуғын, артықмаш аттың тағасындай төрт-бес алтын жүзиклер әдеплиликтен дерек бермей, өзин айрықша ҳәм зыят етип көрсетиўге тырысыўшылықтан хабар берип турғандай сезиледи.

Адамды сулыўлық жақтан жетилистириўдиң дөретиўшилик усылына келсек, ол адамнан басқа да қайталанбайтуғын, индивидуал өзгешеликти талап ететуғын дөретиўшилик мийнет. Адам өндирис қуралларын дөреткенде сулыўлықтың заңы менен ҳәрекет етеди. Адамның сулыўлығы мийнеттеги белсендилиги менен қәлиплеседи. Себеби, ол мийнетте өзиниң барлық дене ҳәм руўхый байлығын жетилистирип, ишки ҳәм сыртқы сулыўлығын ашып береди.

Бизиң жоқарыда келтирип өткен пикирлеримиздиң адам турмысының барлық тәрепинде қатнасы бар. Мысалы, бизиң өзимиз кийетуғын кийимниң шырайлылығы ҳәм кийине билиў ҳаққындағы мәселени алайық. Мода журналларында кийим тигиўдиң жалпы бағыты менен бир неше кийимлердиң үлгиси ғана усынылады. Егер усы үлги менен ғана қанаатланып, өзимизге не жарасады, бир кийимимиз бенен екинши кийимимиз қалай үйлеседи, қандай түс қонымлы ҳәм тағы басқа да көплеген сораўларға жуўап излемей, усынылған кийимниң үлгисин қалай болса солай қабыллап алсақ, онда биз жақсы да, көрикли де кийине алмас едик. Ал енди гейпара талғамы жақсы адамлар удайы жарасықлы кийинеди, кийген кийимлери бири-бирин қайталамайды, ал үстиндеги липаслары бир-бирине үйлесимли болып, бой-сынға түсимли келеди. Бунның өзи өнер, адамның бийик талғамлығын сыпатлайды, жақсы кийине билетуғынлығын көрсетеди. Оның ушын талғамы бийик адам модадағы ҳәммеге ортақ үлгини өз талғамына, өз өзгешелигине сай (яғный турпатына, бойына, сымбатына, жасына ҳ.т.б) таңлай биледи ҳәм ылайықлап тиктиреди. Соның менен қатар сол кийимди қандай жерде, қай жағдайда кийиўи кереклигин де есте тутады. Усының өзи үйлесимли, жарасықлы келип, адамның қайталанбайтуғын жеке сыртқы келбетин анықлайды.

Ал, талғамсызлыққа мысал ретинде жеке айырмашылығын билмей, жалған сәтенликке еликлеймен деп, өзиниң бар көркин, мәнисин жойылтып алатуғын кимселерди келтирсе болады. Ҳақыйқатына келгенде усы еликлеўде ертели кеш талғам менен

әдепсизлик ушласып, олар адамның санасындағы «олқылыққа» алып келеди. Адамның кийген кийими де шаш тараўы да, түр-түси де тәбийий тулғаның өзине тән қайталанбас өзгешелиғин анықлап турыўы тийис. Ол болмағанда адам өзиниң жеке индивидуаль өзғешелигин жоғалтып алады. Ҳақыйқатында да гейде жәмийетлик орынларда ушрасып қалатуғын гейпара жиғитлердиң ҳәм қызлардың шаш қойыўы ҳәм қылық-қылўалары, қыз ҳәм жигитти бир биринен айырып болмайтуғын дәрежеге дейин барып жетеди. Бунда, әлбетте, олардың жеке тулғасы пүткиллей жойылып, модаға еликлеў нәтийжесинде ерси жағдай көзге тасланады. Ал, көркем ҳәм жарасықлы кийим, жатық минез ҳәм тағы басқа да қылўалар адамның рууҳый раўажланыўы менен дәрежесин көрсетеди. Талғам ҳаққында сөз еткенде, оның мода менен байланысы ҳаққындағы мәселеге иркилмей кетиўге болмайды. Ол ҳәзирғи дәўирде гейпара адамлардың тәртип-қылўаларын қозғаўшы ҳәрекетке айланбақта. «Моданың ҳәўири», оның буйырыўшылық қәсийети адамларға жайларын өзгертиўге, мебеллерин алмастырыўға, кийим кеншеклерди жаңалаўға ҳәм басқа бир қылўаларды ислеўге ийтермелейди.

Көп адамлар модаға дыққат пенен қарайды, бирақ оған үлкен әҳмийет бермейди, ал биреўлер сөз жүзинде модаға наразылық билдирсе де, ис жүзинде соған ереди, үшинши биреўлер оған пүткиллей берилип кетеди.

Моданың күши неде? Оның күши көпшиликти өзине тартыўда, өзине жақынластырыўда, буйырыўда. Өйткени модаға берилиў аңсат, бул хеш ойланыўды, билимди, тәжирийбени талап етпейди. Қала берди бир моданың екинши бир өзинен бурынғы моданы арадан шығарыў жолы тез өтеди.

Модадан әпиўайы түрде бас тартыў мүмкин емес, себеби ол сулыўлықтың таралыўындығы занлылық ушын таласады. Шынын айтқанда, бул таласта ол әдеўир табысларға ериседи, тәсирин иске асырады. Адамлар моданы бул заманагөйлик, сулыўырақ болыўдың тийкарғы жолы дегенге исенип ғана қоймастан, өзин «артта қалған адам» демесин деп, басқалардан кем болмаўы ушын моданың жетеғине ереди. Оған қосымша олардың алдында мынандай мәселе де турады. Егер биреў маған қандай костюм, ботинка кийиўди, қандай галстук тағыўды шашты қалай тараўды, сөз сөйлеўдиң қандай манерасын услаўды, мениң ушын қашшан-ақ шешип қойса, бул жаман ба ямаса жақсы ма?

Бул мәселеғе «аўа» ямаса «жоқ» дей бериў де қыйын. Мәселе биз жоқарыда келтирип өткенимиздей, мынандай жағдайларда болса керек: Айтайық, биринщиден ол қандай түрдеги мода, ол

қандай етип ийкемлеседи, нелер менен байланыслы, я рауажланған, талғамға канша дәрежеде туура келеди? Қулласы, мода мәселесинде турақлы, жақсы, қайырлы ҳәм өткир талғам керек. Сонда ғана ол, моданы баҳалауда басшылық рольди атқарып, моданы танлаудың өлшемин береди. Соны айтыу керек, модада талғам бар, бирақ ол массалық талғам, яғный жеке анықлықтан айрылған талғам. Ал енди бул модаға ҳәр бир адамның қатнасы, оның жеке талғамының эстетикалық муратына мууапықлықты танлай ҳәм сайлай билиуинен келип шығады. Демек, биз моданың сырғыялылығына ҳәм ҳүкимлик пенен тартыушылығына көнип, ашыуланбастан, назырқанбастан, бирден бассалмастан, өзимиздиң жеке талғамымызды оған шыдамлылық пенен ҳәм турақлылық пенен қарсы қойыумыз керек. Егер ол арзымайтуғын болса, онда бас тартыу ямаса өзгерис киргизиуимиз тийис, егер қабыл етиуге турарлық болса, оны да көриумиз керек. Модада өз нызамлылығына ийе, бирақ ол еле изертленбеген. Сонлықтан модадағы жағымсыз тәсирлерди сапластырыуға қаратылған, ҳәммени миннетли түрде бойсындыратуғын қарар шығарыу, ямаса оны артта қалған ҳәм рауажланбаған талғамға табыныушылық деп айыплау жеткиликсиз. Оның тәсирин ҳәм пайда болыуының себебин билиу керек.

Биз гейде адамларды сулыу адам, гөззал адам деп бөлип сөйлеймиз. Сулыу адам дегенимиз оның сыртқы түри-түси шырайлы екенлигин, ал гөззал адам дегенде оның ишки дүньясының да әжайып екенлигин түсинемиз. Адам баласындағы гөззаллық тәбият берген айдай жамалындағы сулыулық пенен қоса ең жақсы минезқулықты ҳәм инсаный пазыйлетлерди жәмлестирген адамыйлық болып есапланады. Соның менен бирге адамды көрикли етип көрсететуғын оның липасы: «Кийими бойынша қабыл етип, ақылы бойынша узатып салады» дейди орыслар. «Терек көрки—жапырақ, адам көрки—шүберек», «Танылған жерде ой сыйлы, танымаған жерде тон сыйлы» деген бизиң халқымыз, демек кийинип билиу керек. Кийим миллий ҳәм заманға сай болыуы тийис. Мода да болыуы шәрт. Лекин моданы қууа бериу әдепке жатпайды. Адам үйде, жумыста, көшеде, той мерекеде, мийманда, дем алыуда, қыдырспада, жыл мәусимлерине сәйкес келетуғын кийимлерди кийе билсе, бул оны шырайлы ҳәм әпиуайы қылып көрсетди. Әсиресе жумыс түрлерине байланыслы арнаулы кийимлер, мектепте мектеп оқыушыларын өзиниң фомасын кийип жүргени дурыс.

Бул әсиресе жоқарғы класс оқыушыларына түсиндирилип қойылатуғын нәрсе. Балалар ҳәм қызлар кисиликке, үлкенлердей болыуға талпынады. Лекин оқыушылық дәуир үлкен сыйласық бағышланатуғын, ҳүрметке миясар дәуир. Оның үстине жоқары

класс оқыўшылары хәр қыйлы кийинип кетсе, қызлар хасыл тағыншақларды тақса, оқыўдың сапалы өтиўине зыян тийгизеди, дыққат бөлинеди. Бунын үстине ата-аналардың мүмкиншилигиниң айырмашылықлары бул мектепке, тәрбияға, балалардың ой-пикирине тәсир жасап, оларда менменлик, қызғаншақлық, әдилсизлик хәўиж алып кетиўи мүмкин.

Артықша бояныў, модаларды қуўыўшылық нақолай ис болып есапланса, керисинше, өзине қарамаўшылық олпы-солпы кийиниўшилик, сақал-шашты өсирип жибериўшилик те жараспайтуғын қылық.

Айып емес хеш уақ хаялға,
Бояўларға бояныў түрли.
Жалтыраған сол бояўларға
Боямаса болды өмирди.

*Т.Сейтжанов*

Оқыўшылардың арасында жуўыныў, азадалық кийиниў, өзине-өзи қараў мәселесин сөз ектенде, көбирек муғаллимлердиң өзлери де дыққат берип, усы пазыйлетлерге ийе болыўы керек.

Әзелден халқымыз алтын қабақ аттырып, той берип перзентли болғанда оған азан айтып исим қойған. Олардың көпшилиги дерлик миллий түсиниклерден, талғамнан келип шыққан. Өтмиштеги ата-бабаларымыздың руўхын яд етип, олардың исин жаңалаў мақсетинде де атлар қойылған. Дерлик жыл мәўсимлерине де байланыслы исимлер таңланған. Адамгершилик пазыйлетлерди қамтыйтуғын, жақсылыққа шақыратуғын, гөззаллықты қәдирлейтуғын, кәсипке байланыслы күнделикли турмыс руўзыгершилигине сабақлас исимлерди ислеткен. «Ат қойып, айдар тағыў» дегенниң мәниси мине усындай уллы нийеттен келип шыққан. Бүгинги күни айырым адам атлары өзгериске ушырап, Боранбай-Боря, Сәрсенбай-Саша, Гүлистан-Гуля, Серегүл-Света х.т.б. қәлпинде қолланылып келгенлиги де модаға тән берип, өзликти умытыўдың нәтийжеси.

Исимлердиң өзгертилиўи әлбетте әдептен емес. Оны жасларға түсиндирип ата-ана қойған атты өз басымшалық пенен өзгертиўдиң инсаныйлық нуқсан келтиретуғынлығы белгили. Өйткени инсаныйлықты қәлиплестириўде, гөззаллықты қабыл етиўде хәм оны түсиниўде адам исимлери де үлкен әхмийетке ийе екенлигин илимниң әлле қашан-ақ дәлиллегени хеш кимге сыр емес. Дүньяда адамның өз атынан артық хеш қандай музыка жоқ.

Сонлықтан өз перзентлеримизге исим таңлауда да талғамлық көзқарастан ис тутыуымыз керек болады.

Талғам бул эстетикалық ар-намыс, демек әдеплиликтиң гүли. Биз хәр дайым жаңа әўладты тәрбиялауда гөззаллық түсинигиниң уллылығын айтыу менен бирге өзимизди де талғамлылықта қәлиплестирип барыўымыз керек болады.

## 15-ТЕМА. МИЙНЕТ, ҲАЛАЛЛЫҚ—ӘДЕПЛИЛИКТИҢ АТАСЫ

1. Мийнет наны—өмирлик
2. Ҳадаллық, пәклик хәм оның сырлары.

### 1. Мийнет наны—өмирлик

«Мийнет байлықтың атасы, жер оның анасы» дейди ертедеги ойшыллар. Адамның адам болыўында да мийнет биринши орынды атқарған. Адам мийнетти, мийнет қуралларын жетистириў арқалы өсип, өзгерип, рауажланып жетилисип отырған. Сонлықтан да жәмийеттиң өзгериў тарийхын мийнеттиң хәм мийнет қуралларының өзгериўиниң тарийхы десе де болар еди. Себеби, ертеде мийнеттиң түрлери аз болған. Олар «Тек бир тамақ деп жорытқан» (Бердақ). Мийнеттиң бөлинисиниң нәтийжеси биринши талапты қанаатландыратуғын мийнеттен босаў мүмкиншилигин берди. Ол өз ретинде артық қулқынды тыйыў сыяқлы дәстүрлердиң әмелге асыўына алып келди. Себеби, адам басқалар ушын да өндириўди үйренди.

Өндириўши күшлердиң тағыда алға рауажландырылыўына байланыслы мийнеттиң бөлиниси де тереңлести. Бул мийнеттиң түрлериниң көбейиўине алып келди. Ҳәзир дүньяда 40 мыңнан аслам мийнеттиң түрлери бар. Бул сан турақлы емес. Мысалы, соңғы жылларда өзинде мийнеттиң бес мыңға жақын түрлери қосылып, гейпара ески түрлери бул саннан шығып қалды.

Адамның инсан сыпатындағы минезиниң қәлиплесиўи оның өзин-өзи бийлеўи хәм турмыста тақ турыў уқыплылығының рауажланыўы менен байланыслы.

Усы сапалық жақтан қәлиплесиўдиң рауажланыўындағы шешиўши фактор мийнет болып есапланады. Пидәкерлик мийнет адамға өз мүмкиншилигиниң шексизлигин билдириўде хәм оны иске асырыўда әхмийетли түртки болады.

Адамға жәмийетлик мийнеттиң ийгиликли тәсири зор. Себеби, мийнеттиң әдеплилик, икрамлылық, тәрбиялық күши үлкен.

Жәмийетте мийнет улыўма социаллық, жәмәәтлик топарлық ҳәм индивидуаллық искерликтиң көриниси есапланып, жәмийетлик мураттың турмыста иске асыўының бирден бир усылы, кисиниң өзин көрсетиўи, тастыйықлаўының бирден бир жолы.

Адам өзиниң өндирислик искерлигинде тәбият берген уқыплылықларды иске салып пайдаға асырыў менен қатар, билимлендириўден ҳәм кәсиплик таярлықтан алған түсиник-тәжрийбелерин де иске асырады. Бул мәнисте мийнет тәрбияның жуўмақлаўшы ҳәм оның нәтийжелилигин тексериўши басқыш ретинде баҳалы. Мийнетте шаңарақтың, мектептиң, балалар ҳәм жаслардың жәмийетлик шөлкемлериниң әдеп-икрамлылықты раўажландырыўдағы жағымлы тәсирлери беккемленеди. Соның менен қатар мийнет барысында адамның өмириндеги қәте-кемшиликлери өткен дәўрдеги оны тәрбиялаўдағы жиберилген олқылықлар жөнлестириледи.

Мийнеттиң адамның социаллық әдеп-икрамлылық ҳәм биологиялық тәбиятына айрықша тәсир етиўи ҳаққында белгили илимпаз, академик Амосов Н.М. былай дейди: «Тәбият ҳәр бир адам ушын белгили бир хазметке зәрүрли мүмкиншилик дәрежесин береди. Сол дәрежеден төмен түсиў мүмкин емес. Егер биз төмен адамлардың дәрежесиндеги бахытлылыққа бағдар алсақ (олар «азырақ» бахытлылыққа қайыл, тек ғана жумыс «жеңилирек» болсын деп ойлайды) биз басқалардың да мүмкиншилик дәрежесин төменлетип жиберемиз. Демек, биз жәмийетимиздиң өсиў ҳәм раўажланыў мүмкиншилигин төменлетип қоймайық. Бул жүдә қәўипли. Адам психологиясына тән бир нәрсе: олар өзлерине жақпайтуғынлардың узақ ўақыт болмай турыўынан барлық жағымлылықты сезип, оның қәдир-қымбатын баҳалап турыўды умытады. Бул ҳәзирги күнде де жаслар арасынан сезиледи, яғный олар бизиң жәмийет тәрепинен дүзилген турмыс қолайлықларын елестирмейди, оның менен қызықлайды да. Ол ушын жедел түрде гүреспей де қояды. Олардың ғейпаралары тыныш өмир, бийпәрўалық ҳәм бийғамлық бахытлылық, деп есаплайды. Лекин, бул керисинше болып, мийнетсиз жетилискен бахыт ыдырап, ол адамның қолынан шығып кетеди».

Булардан шығатуғын жуўмақ: мийнет адамларды жеделлестириўдиң қуралы, биреў-биреўден тек қалмаў ушын ғана емес, ал озып кетиўдиң мүмкиншилик майданы. Соның менен қатар ол жәмийеттиң абыройын, байлығын тәмийнлеўши адамның психико-физиологиялық салмағының көрсеткиши болып есапланатуғын терең түсиниги. Әсиресе мийнетте искерлик пенен

уқыплылық кәсиптеги жеке тулғаның алдына қойған уазыйпа менен, оның өзиниң жеке мүмкиншилиги (оның дәрежеси хәр кимде хәр түрли) өз-ара көбирек сәйкес болса, кисиниң өзин көрсетиўи соншелли күшли болады .

Мийнет хәр бир кисиниң өзине, жәмийетке хызмет етиўиниң баслы шәрти, соның менен бирге адамлар арасындағы байланыстың түри, адамның азамат ретиндеги өзин-өзи тастыйықлаў усылы болып есапланады. Демек, хәр бир адам өзиниң жәмийетиниң зәрүрлиги бойынша мийнет етип, қандай да пайдалы исти әмелге асырыўы керек. Ал өзиниң зәрүрлиги ушын басқалардың мийнетинен пайдаланып, мийнет етпей жасаўы бул бийәдеплик, тегинхорлық, олардың «таярға хәзир» болып мийнеттен қашыўы, оның келешегин өлтиреди. Оны харамтамақ, деп атайды. Себеби: «жаўын менен жер көгерер, мийнет пенен ер көгерер» деп дурыс айтқан. «Аўырдың үстине шығып, жеңилдиң астында жүретуғын адамды да жәмийетимиз жақтырмай оны «хош жақпас» деп атайды.

Соңлықтан белгили данышпан Әл-Фараби айтқанындай:

Жәмийет өндиристиң дәрежелигин көтериў ушын адамның мийнет пенен, әсиресе өзиниң уқыплылығына муўапық келетуғын мийнет пенен шуғылланыўды талап етеди. Жигитке жетпис өнер де аз, деген халқымыз. Шынында да жигит уқыплы хәм уста болып шығыўы керек. Ол мийнеткеш, билимдан, оның үстине ағаш устасы, бағманлық, аўқат таярлаўшы жақсы аспаз, шофер, сазенде, қурылысшы, сыбаўшы хәм сол сыяқлы өнерлерди билсе, жүдә жақсы. Соның ушын халқымыз «Өнерди үйренде жийрен» деп нәсиятлаған.

Исте шалағайлыққа жол қойыўға болмайды. Әйтеўир, итибарсыз, дыққатсыз исленген ис жақсы шықпайды. Мийнетти табыслы ислеп, жаңалықты киргизиў, ойлап табыўға үйрениў, биреўдиң мийнетин жеңиллестириўге әдетлениў адамның ең айрықша хасыл қәсийети.

Хәр бир исти ақырына дейин апарыў, хадал орынлаў: «меннен кеткенше, ийесине жеткенше» дегеннен аўлақ болыў—әдеплилик белгиси.

«Шымшық сойса да қассап сойсын» деген халықтың сөзине қулақ салып, қолдан келмейтуғын иске асылмаў, көпшилик пенен мийнет қылғанда өзиңди кейинге тасламай, қатарда болыў керек, ғәрремлик қылмаў тәрбиялық нәтийжеси.

Мийнет пенен табылған нан берекетли болады. Соның ушын халқымыз берекет хаққында түсиниклерди мийнет пенен хәм нәпси менен байланыстырады. «Хәрекетке берекет», ямаса «Берекет

дарысын», «Берекет берсин көп берсин, есесин Алла жеткерсин», «Берекет тап» сыяклы сөзлер шарапатлы сөзлер болып, бир тәрептен тилек болса, екинши жағынан пәтия хызметин аткарып, адамлардың бир-бирине қатнасында қайырлылық, пәкликти көрсетеди. Мийнет малын ҳадал жол менен тауып көзге түскен адамларға, ямаса жасларға «бәрекелла» деп, ямаса «бәрекелла балам» деп хошаметлеў де ҳақ нийетлиликти көрсетеди. Солай екен «берекет», «бәрекелла» деген сөз бенен тиккелей байланысып «Алла берекет берсин» деген тилек пенен ушласып барады. Ал берекетли үй, берекетли ис, бул кеўилдегидей затлар болып, адамлар оны үлгиге қойған хәм оның аўызбиршиликтеги, өнимлиликтеги әҳмийетин жоқары баҳалаған.

Ким мийнет ете билмесе ямаса ислейтуғын исин жақсы менгере алмаса, ис орында да, жумыста да, шаңаракта да хүрметке ийе болмайды. Мийнет—бахыт, оны қәдирлеў керек, оны сүйиў керек хәм оннын ләззет алыў керек.

Адамның адам болыўында мийнеттиң орны гиреўли. Хәр бир адам мийнетсүйер болыўы, яғный исшең, мийнеткеш, ислеўди де хош көриўи зәрүр. Себеби оның нәтийжелери адамды улығлайды, абырой береди.

Мийнеттиң қарама-қарсысы—жалқаўлық, ериншек, дәңгесерлик, баққымандалық болып, ол әдеплилик тәрептен төмен баҳаға ийе болады.

«Ериншекке ис буйырсаң, саған ақыл үйретеди», «Ериншектиң ертеңи таўсылмайды» деген халқымыз. Ериншек адам көп ўақытты жойтады. Ол креслода ямаса төсекте отырып еснеп, ҳәзир бирнәрсе ислеўге ўақыт жоқ деп исендиреди, кейин ислеймен деп ўәде береди. «Бүгинги исти ертеңге қалдырма» «Қалған иске кар жаўар» деген нәсиятты алмайды.

Сонлықтан ҳәрқандай жәмийетте жасларды мийнет сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўға хәрекет етеди. Себеби, мийнет қылмайтуғын адам басқалар есабынан күн көреди. Ол шаңарақ, жәмәәт, жәмийеттиң раўажланыўына кесент береди. Онда баққымандалық ҳәўиж алып, мәмлекетти кризиске апарыўы мүмкин. Демек әдеплиликтиң қәлиплесиўи де көп тәрептен мийнет сүйиўшиликке байланыслы. Мийнет болмағанда әдеплилик те, жоқары руўхыйлық та болмаған болар еди.

Еріншек болсаң бахытсыз боласаң. «Бир исти ислеўге шыққан адам шара излейди. Ҳеш нәрсе ислегиси келмеген адам сылтаў табады».

Инсанның өмирин безейтуғын, оған бахыт, дәўлет келтиретуғын байлық хәм абаданлық бағышлайтуғын күш—

мийнет. Инсан мийнетте, тек мийнетте бийик көринеди. Мийнетке мухаббат қанша қызғын болса, ол сонша өнимли ҳәм шырайлы болады. Мийнет пенен жасап, өмирди мийнет пенен жайнатып жүрген адамларға ҳүрмет қылыў, оларды басқа көтериў бул үлкен адамыйлық қәсийет.

Талаплы елге нур жаўар.

Мийнети аздың мийўасы аз.

Мийнет етсең еринбей,
Тояды қарның тиленбей.

Өнери жоқ кисиниң,
Берекети жоқ исиниң.

Жигитке қырық өнер аз.

Өнерли қол ҳарымас,
Өнерсиз қол жарымас.

Ис буйырса жақлаған,
Өзин саяда сақлаған,
Мийнет пенен от жақпаған,
Ас-нанның қәдирин билмес.

(*А.Дабылов*)

## 2. Ҳадаллық, пәклик ҳәм оның сырлары

Бизиң халқымызда «ҳадал адам» деп жақсы адамды, «ҳадал болсын» деп жақсы табыслы мийнетти қәстерлесе, екинши биреўлерди «ҳарам адам», яғный жаман адам, «жыйнағаны ҳарамға айланды» деп айтады.

Әлбетте, адам тиришилик етиў ушын өмиринде ҳадал мийнет етеди. Мийнети менен атақ алады, өзиниң ырысқы-несийбесин табады, даңқын шығарады. Оның өз мийнети менен табыс таўып жасаўы ата-бабаларымыздың тастыйықлағанындай ҳадал деп аталады.

Ҳадал деген сөз араб сөзи болып, «рухсат етилген, таза» дегенди аңлатады. Яғный мусылманлар ушын рухсат етилген қылық-қылўалар ҳәм ислер, соның менен қатар таза ҳөм пәк есапланған азық-аўқатлар.

Ҳадаллық—шариат ҳүкимине муўапық жеў, ишиў, кисиниң

өз мийнети, маңлай тери менен тапқанына, қыянет, ғәремлик сыяқлы иллетлерден азат, қыңыр жолға бармайтуғын, биреўди алдамайтуғын, туўры, сап, пәкизе болыўды талап қылатуғын түсиник.

Ҳадал менен ҳарамның парқына барыў дәслеп тек өз мийнетиниң нәтийжеси менен тиришилик қылыў, ҳарамлықтан жийиркениў, парахорлықты ең үлкен гүна ҳәм әдепсизлик деп билиў, ҳүждан, әдиллик ҳәм минет сыяқлы әдеп-икрамлылық түсиниклер менен байланыслы түсиник сыпатында пайда болған. Кейнинен ҳадал өзине байланыслы әсте-әсте терең руўхыйлықты ийелеген, күнделикли турмыстағы инсаныйлықты белгилейтуғын улыўма инсаныйлық шәртлерди қосып алған.

Ҳәмме уақыт ҳадал жасаўы, тек рас сөйлеўи, сөз бенен ис бирлигине ерисиўге байланыслы ҳадал инсан жәмәәт ортасында абырой-итибарға ийе, ҳүрметке миясар болған.

Шоралар дүзими дәўиринде жалған, алдаў, нәпәклик, ҳарамлылық, жағымпазлық сыяқлы иллетлер халқымыздың санасына усталық пенен сиңирилди. Оның тәсирлери ҳәзир де сезилип турады. Соған байланыслы ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен-ақ елимизде бул иллетке қарсы гүрес басланды. Ҳәзирги күнде ҳүкиметимиз миллий-мәнәўиятлы, ҳадал, инсаплы, болыўға тәрбиялаўы өзиниң ишки сиясатының әҳмийетли бөлеги деп ис алып бармақта.

Ҳәзирги ҳадал, расгөй инсанлардан ибарат болған пуқаралар жәмийетин қурыў тек әдеп-икрамлылық мәселе ғана емес, ал келешеги уллы мәмлекетимиздиң әҳмийетин аңлатыўшы социаллық-сиясий жаңаланыў есапланады. Ҳадаллық инсанның ишки ҳәм сыртқы дүньясының бирлиги.

Сөзи менен ис ҳәркетиниң туўры келиўи, дөгерегиндеги адамларға ҳақ кеўил, мүнәсибетин көрсетиў әдеплилик пазыйлетлерден есапланады. Мал-дәўлет, маңлай тери менен табылған табыс—ҳадал. Ҳадал-расгөйлик, туўрылық, әдеп-икрамлылық, ҳақ кеўиллилик сыяқлы инсаный пазыйлетлердиң жыйындысы. Қайсы жәмийетте ҳадал пуқаралар көп болса, сол жерде бахыт ҳәм пәраўанлық болады.

Мийнетсиз тиришилик жоқ. Егер адам мийнет қылмаса, адам болмас та еди. Ал, мийнетсиз тиришилик—ол урлық, басқыншылық, тилемшилик, бул ҳарам болып есапланады.

Ҳарам—араб сөзи бийкарланған қылық-қылўалар, ислер, соның менен қатар, ишип-жеўге қадаған етилген азық-аўқатлар.

Тәбиятта ҳәмме ҳайўанлар, ҳәтте өсимликлер де жасаў ушын гүреседи. Өзи таўып жейди, өседи, нәсил қалдырады, өз жолы менен

кетеди. Ал, адамның тиришилигинде адамлардың ҳәммеси бирдей болмаўы себепли, бир-бирине мәлел бериў мүмкиншилигиниң үлкенлигине байланыслы оларға қойылатуғын саналы талаплар келип шыққан. Олардың қылатуғын ислерине, жеп ишиўлерине, қылық-қылўаларына жоқары адамыйлық талаплар қойылып, олардың шегарасы анықланған. Себеби, ҳәр бир адам ойына не келсе соны ислей берсе, онда жәмийетте ойраншылық пайда болып, адамлар бузылып, онда өсип раўажланыў шатасар еди. Динлер усыны түсинип адамларды, жәмәәтти услаў ушын ҳадал, ҳарам тәртиплерин шығарған.

Буннан шыққан идея—ырысқыны ҳадаллап жеў. Ата-бабаларымыз биреўдиң малына, биреўдиң пулына жаман көзи менен қараўды, көздиң қыйығын таслаўды қадаған еткен. Кисиниң ҳаялына көз салыўды да ҳарам деген. Олар кисиниң ҳақы кетпесин деп ескертип отырған. Әсиресе «жетимниң ҳақын жеўди» қатты қаралаған. Мийнетсиз табылған малларды, урлықты ҳарам деген. Олар «ҳарам бар жерде—саткынлық, әдалатсызлық бар жерде—жәбир, жалған бар жерде—дөҳмет болады» деп келтирсе, Әжинияз:

«Өмир бойы жыйнағаның жоқ болар,
Ҳарам сүйген жигит пенен дос болма»—деп ескерткен.

Мудам ҳадалға садық болған бабаларымыз затларды бөлистиргенде де бири-биреўине қыянет қылмаған, «өзи жоқтың көзи жоқ» деп ойламаған. Ҳарамлардың тек бул дүньясы емес, о дүньясы да күйеди, о дүньяда дозаққа барады, деп инанған. Кисиниң затына тиймеў адамлардың санасына сиңген. Ҳәттеки тәрезиге салынған затты аўырырақ қылып тартып бериў ҳадаллықтың белгиси деп түсиндирилген. Солай етип бизиң бабаларымыз әдетинде ишип-жеген аўқатларды ғана ҳарам ҳәм ҳадалға бөлип қоймастан, олардың қылықлары, тәртиби, ислеп атырған ислери де ҳадал ҳәм ҳарамға ажратылған.

Адамлардың искерлигине байланыслы ҳарам-ҳадал түсинигине келсек, онда халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўшилердиң төлли-пәлли хызмети ушын оның пулы ҳарам, ямаса сапасыз өнимлерди алдап сатып пайдаланыў, малларды сатыўда оның кемшилигин айтпай сатыў арқалы, зорлық пенен тартып алынған, пара яки алдаў арқалы табылған пуллар, өнимлер, затлар, ҳарам болып есапланады.

Залымлар умытып зикри Алланы,
Арзан алып қымбат сатар ғәллени,

Сүтхор бийинсаплар ҳадал тилләни,
Ҳарам пайдасына берисин көриң.
(*Мактумқулы*).

Ҳадаллыққа тәрбиялаў балалықтан оны ҳадал мийнетке, әдеплиликке тәрбиялаўдан басланады. Бала өз несийбесин ҳадал мийнети менен шөплейтуғын адамның халықтың алдында ҳүрметке миясар болатуғынлығын түсиниўи керек. Балалар таўып алған затын, ямаса пулын ийесине бериўге ҳәрекет етиўге, дөгерегинде ҳеш ким болмаса да журтқа билдириўге урыныўы керек.

Ҳадаллыққа, пәкликке берилген адам оны өзиниң қәсийети деп есаплап, биреўдиң буйымына, затына ҳеш қашан сорамастан, рухсатын алмастан тиймейди. Ҳарам-ҳадал ерли-зайыплылардың өз-ара қатнасларына да тийисли болып, бир-бирине қыянет қылмаўшылық әдети менен байланыслы. Сондай-ақ, некесиз ҳаяллар менен, танымайтуғын ҳаяллар менен байланыс халқымыздың әдеплигинде қаралапған.

Демек инсан адамлар арасында ҳүрметке ийе болайын десе, ырысқы-несийбесин мийнет арқалы таўып, нанын ҳадаллап жеўи керек екен.

Соның менен қатар, ҳадаллық қарыйдарларды ренжитпеўде исленген өнимниң талапқа жуўап берип, халықтың алғысына миясар болыўында көринеди. Дурыс сататуғын затты барынша көрсетип, оны реклама қылыў, қунын анықлап, пайдасын көрсетип бериў, оның сапасын, ийгилиги ушын хызмет етиў мүмкиншилигин көрсетиў саўаплы ис. Лекин «алдамасаң сата алмайсаң» деген жеңилликти әдеплилик, деп есаплаўға болмайды, тәрезиден урып қалыў арқалы тапқан нан да ҳарам болады. Биреўдиң затын сорамай алып, өзине сиңириў де, ҳеш ким көрмейди, деп ойлаў да надурыс. Ҳеш ким көрмегени менен ҳүждан көрип тур. Ийеси сеннен көриўи де итимал, артыңнан сөз таратыўы мүмкин. Жойылған затты таўып берип, ийесин қуўантыў адамға үлкен жақсылық болып, оннан алган сүйинши ҳадал болып есапланады.

«Адамның өз ҳүжданы алдында ҳадал, ҳақыйқатшыл болыўы өзине өзи қәтерли болыўынан, жүрис-турысының үлгили болыўынан ғана туўылады», дейди Әл Фараби.

# 16-ТЕМА: МУҲАББАТ ФИЛОСОФИЯСЫ

1. Муҳаббат—әдеплиликтиң төреси.
2. Үй болыў философиясы.
3. Опадарлық ҳәм полигамия мәселелери.
4. Муҳаббат мәргиясы қарақалпақ поэзиясында

## 1. Муҳаббат—әдеплиликтиң төреси

Муҳаббат—дослықтың, татыўлықтың, хүрметтиң ең бәлент шыңы. Ертедеги хиндлердиң трактатының биреўинде мынадай делинген: «Адамның бир-бирине ҳәўесин келтиретуғын үш дәрек бар: Оның жанының сулыўлығы, яғный ҳақ кеўиллилиги, оның ақыл-парасаты, оның сын-сымбаты. Жанның сулыўлығы оған деген дослықты, ақыл-парасаты оған деген хүрметти, сын-сымбаты оған деген ышқыны пайда етеди. Усы үш нәрсе қосылып адамның ҳәўесин келтиретуғын муҳаббатты пайда етеди» Муҳаббат конкрет ҳәм маккарлы. Ол қашан келсе ойланбастан келе береди ҳәм ескертпестен кетеди.

«Бай, жарлыма, кимлигине қарамас,
Қайсы аўылдың қызысаң деп сорамас,
Аяғына сени жығар муҳаббат»

(*И.Юсупов*).

Мине, усы муҳаббат—адам өмириниң уллы жарасығы, адамды гүллендириўши. Муҳаббат пенен адамның барлық турмысы байланыслы. Муҳаббат адамның ишки дүньясындағы илаҳийда руўхый сезимлеринен бинә болған жан ҳалаты. Себеби, адам биреўди сүйгенлигинен яки биреўдиң сүйетуғынлығын сезгенликтен ямаса биреў сүйип-қалар-аў, деп үмитленгенликтен жүзеге келеди, умтылыўшылық пенен жасайды. Онысыз ҳәмме нәрсе өли ҳәм кеўилсиз болады. Сонлықтан данышпан Абай «Муҳаббатсыз дүнья бос» деген. Сондай-ақ муҳаббат екинши адам ушын жасаў. Екинши адамның қуўанышына да, қайғысына да ортақ болыў. Жекке өзиниң иске асыра алмайтуғын, мақсетке жетиўдеги қыйыншылықлар менен гүресте аўыр жүкти бирге қолласыў болып есапланады.

Сонлықтан белгили орыс жазыўшысы Л.Н.Толстой: «Сүйиў деген өз сүйгениниң өмири менен жасаў деген сөз. Ҳақыйқый қуштар бир-бири ушын қурбан болыўға тайын дәрежеге барған, муҳаббат бөлип болмайтуғын бир тутас бирликли ерли-

зайыплыларды қурайды»—деген еди. Олай болса муҳаббат еки адамның бир адамға айланыўы, бир пүтин болыўы. Жиптиң еки тынындай бирге есилиўи дегенниң де мәниси усында. Оны шайырлар былай баҳалайды:

Бир дуўтардың еки тары,
Бири сенсең, бири мен,
Бир алманың еки жүзи,
Бири сенсең, бири мен

*Е.Вохидов.*

«Егер сен эгоист болсаң, онда сен шаңарақ қурмай-ақ қойсаң да болады,-бахытлы муҳаббаттың мәниси сонда, ол өзинен бере алмайды. Ол тек алады. Солай етип, ол муҳаббаттың барлық гөззаллығын зәҳәрлейди» дейди даналар

«Адам ҳайўан да емес, периште де емес. Оның сүйиспеншилиги ҳайўанларша ямаса платоншада да адамларша болыўы керек» деген еди Белинский. Демек, адамдағы муҳаббат—жынысый ышқы менен байланыслы болған социаллық қубылыс. Бирақ, муҳаббатты тек жынысый жақтан қанаатланыўшылық, деп қараўға болмайды. Ол сезим—көп қуўаныш әкелиўши сезим, ол идеялық жақтан жақынлық, бир мақсетке умтылыўшылық пенен, улыўма иске бирге күш салыў менен ғөззал. Демек, хакыйкый муҳаббат дослықтан шығады. Егер ышқы дослық пенен беккемленбесе, онда кеўил бостанында көз жарған муҳаббат уркан атпайды ҳәм оның үстине оған ақыл-парасат, ҳүрмет қосылмаса, ол тезден ғайып болады. Демек, шын дослықсыз адам бир биреўдиң жақсы ҳәм жаман тәреплерин билмей турып, турақлы ҳәм терең муҳаббатқа ийе болыўы, яғный беккем саў, бахытлы шаңарақ болыўы мүмкин емес. «Қыз ўақтында бәри жақсы, жаман қатын қайдан шығады» дейди халқымыз.

Муҳаббат таң қаларлық әжайыпларды дөретеди. Адамзаттың тарийхын мәдениияттың ҳәм муҳаббаттың тарийхы деўге болады. Биринши художниктиң қәлемин жондырған, биринши шайырдың кеўлине йош берип, қосық жаздырған усы муҳаббат. Тарийхта әжайып шығармалардың авторлары өзлериниң ең күшли дөретпелерин муҳаббат сезиминиң тәсиринде жазған. Әжайып композитор Глинканың «Руслан ҳәм Людмила» операсы, Екатерина Кернге муҳаббатынан дөреген. Руже де Миль деген жас капитан бир гөззалға жолығып оған ашық болғанлығы сонша, 1792-жылы 25-апрельден 26-апрельге қараған түнде үлкен руўхланыўшылық пенен Рейн армиясы ушын марш қосығының

сөзин ҳәм музыкасын жазған, ол елеге дейин жасап киятырған «марсельеза» еди.

Белгили илимпаз Сеченов өзиниң «Бас мийиниң рефлекси» деген даналық шығармасын қалыңлығы—Мария Александровнаға муҳаббатының күшейген ўақтында жазған. Белгили Гете өзиниң 74 жасында он тоғызға шыққан Ульрикаға ашық болып, «Мариенбадлық элеғия» циклиндеги әжайып қосықларын дөреткен.

Әлбетте, ҳәмме адам бундай әжайып нәрселерди дөрете алмаўы мүмкин. Бирақ, адам муҳаббатта бахытлы, ғайратлы ҳәм қудиретли. Мысалы, қустың ушыў ушын жаратылғаны сыяқлы, адам бахыт ушын жаратылған. Демек, бахыт, муҳаббат инсанның жаратылыстағы тәбийий уазыйпасы, егер олай болмаса адамның да, дүньяның да сыйқы-сыяғы қалмас еди. Себеби, муҳаббат ҳәмме адамгершиликтиң, пәкликтиң ҳәм ғамхорлықтың, әжайыпты қәстерлеўшиликтиң, ҳақ кеўиллиликтиң, жыллы жүзлиликтиң ийеси. Сонлықтан да оны өмирдиң мәңги жолдасы деп айтыўға да болады.

Демек, адамдағы ҳақыйқат адамгершиликти жоқары баҳалаған инсан хеш бир нәрсеге берилмей, тек муҳаббат сезиминиң тийкарында өз зайыбын таңлайды жүреги сүймеген, ишки дүньясын толық түсинбеген адам менен өмирликке жолдас болыўға тәўекел етпейди. Ҳақыйқый мухаббатты хызмет орны менен, ақшаға қызықтырыўшылық пенсн, лаўазымлы абыройы менен ийелеп алыў мүмкин емес.

Улыўма айтқанда адамзат тарийхы—муҳаббат тарийхы. Ҳәр бир әўлад муҳаббатын өзине тән өмириниң көрки етип, хешкимге усамайтуғын өз жолын таўып алады. Себеби, муҳаббат өмирди жаңартыўшы, байытыўшы, алға бағдарлаўшы әдиўли қәдирият сықлы дәлилленеди.

Муҳаббаттың қәдир-қымбатын даналар былай жырлады:

Егер бир күлип қараса сол Шыраз қаласының жананы.
Жолына мен кешер едим Самарқанд ҳәм Бухараны.
Ашықта көз соқыр, бирақ муҳаббат,
Ол жол көрсетер жулдыз ҳақыйқат
Муҳаббатсыз өмир қараңғы қәпес...

(*Низамий*)

Шын ашық адамның жүзи белгили,
Сөйлегенде пинхам сөзи белғили,
Рас өтириғин билгиң келсе егер,
Саған тикке баққан көзи белгили.

*Жүсип Баласағуний*

Муҳаббетте болмайды мəкан,
Муҳаббетте болмайды мəусим,
Муҳаббеттиң тəртиби қатаң,
Ҳəр бир жүрек соқлағын таусын,

Муҳаббетте көз—болар жүрек,
Муҳаббетте сөз болар сезим,
Қудай болмас өзиңнен бөлек,
Муҳаббеттиң қудайы өзиң.

(*Т.Матмуратов*).

Ҳəр кимниң минген аты өзине тулпар,
Ҳəр кимниң сүйген яры өзине суңкар.

(*Халық нақылы*)

Ашықлық-қуўаныш,
Жаслықтың сыйы бар,
Жалғыз сен жубаныш,
Пиримсең сыйынар.

(*И.Гете*).

Муҳаббетке жетпейди намалардың өреси,
Муҳаббеттиң өзи ғой намалардың төреси

(*А.С.Пушкин*)

Ҳақыйқый муҳаббат үнсиз келеди, өйткени шын сезим,
Ең дəслеп сөз бенен емес, ис пенен билдириледи.

(*В.Шекспир*).

Муҳаббет тəғдирдиң ҳəр қандай соққысына да төтепки бере алады.

(*М.Сервантес*).

—Муҳаббеттиң шын мəниси өз басыңның ғамын ойлаўдан бас тартыўда, сол арқалы өзиңди өзиң бийлеўде.

(*Гегель*)

## 2. Үй болыў философиясы

Шаңарақ жəмийеттиң бирден бир тийкары. Сонлықтан шаңарақ беккем болса мəмлекет те беккем, шаңарақ қурғын турса, мəмлекет те қурғын болады. Шаңарақта тəртиплилик орнаса, жəмийетте де татыўлық салтанат қурады.

Адамның бахытының төрттен үш бөлеги шаңараққа байланыслы (Н.Островский). Әлбетте бул бурыннан түсиникли мәселелер. Демек, шаңарақ қурыўда асықлай-сүйгенин таўып үй болыў нәсиятланады. Лекин барлық адамлар усы көзқарастан шаңарақ дүзсе де олардың арасында ыдыраўшылық жийи-жийи ушырасып турады. Бунның себеби неде?

—Үйлениў қуўанышлы ҳәм аз да болса қапалы. Себеби, бурынғы ата-ананың, қанатының астындағы, қызықлы ҳәм ууайымсыз күнлер артта қалады. Кешеги қыз-жигит, бүгинги келиншек-күйеў, өзлери дүзген шаңарақтың татыўлығы, дәўлети, бахты ушын жуўапты мойнына алады.

—Той ҳәм оның қуўанышлары узақ ядта сақланып қалады. Енди шаңарақтың ғалмағалшылығы аўызбиршилиги менен байланыслы мәселе биринши орынға шығады.

Яғный, некеге дейинги ҳәмме нәрсениң нышаны болған муҳаббат тағы бир мәртебе жүреклерде шешек атып, өмирдиң жаңа, бийтаныс, қулшындырарлық бетлери ашылады. Сүйгениң менен ҳеш қашанда бөлекленбеў мүмкиншилигиниң өзи, сол адамның өмир бахый сеники болыўы бул бахыттың төркини. Лекин қаншама шын сүйгенлер де, ыссы қушақларда, шийрин ләблер де, адам өмириниң, толық мазмунын жарата алмайды. Сонлықтан шын муҳаббат ислери ҳәр сапары муҳаббаттың әпсанаўий патшасы турмыста дийдар көрисип, оның мөлдир булағынан суў ишеди. Яғный, шаңарақлы өмирде муҳаббат, қумарлылық теренлеседи, толысады әҳмийети артады. Шаңарақлы турмыстың, дәслепки дәўиринде, ол жаңа мазмун менен байып бармаса, муҳаббат өткинши сезимге айланады ҳәм таңғы думандай тарқап кетеди. Бул шынлықты түсиниў ҳәм мойынлаўға туўра келеди. Себеби, аўыр ҳәм қызықлы турмыс, сынаўлар пайда болды:

Күнниң де кешлетип батып жүргени,
Түнниң де асығыс атып жүргени,
Сениң жаңа түскен күнлериң еди.

(*Г.Сарсенбаев*)

Демек, шаңарақлы қатнастың тийкары қай дәрежеде болыўы олардың жүрек мехри, көз-нуры менен әдиўли әрман сезимлеринен көз жарған бахыт дарағына тәрбия бериўине,байланыслы. Сонлықтан жас жубайлар өз муҳаббатына садық, турмыс қыйыншылықларына шыдамлы болып, ҳадал мийнети арқалы «түби бир, шақасы мың» болып, оған жаңа өмир бериўи керек болады.

—Төзимлилик, шыдамлылық, өзин услап билиў, опадарлық, сағыныў, сарғайыў, шаңарақтағы татыўлықтың тийкарғы өлшемлеринин бири.

Ерли зайыплылардың бирге турған биринши айлары бул үлкен сынақ. «Жаңа түскен келиншектей, сынақтан өтип атырман» деген гәп усыннан шыққан. Бул ўақытта олардың бир-бирине ҳәм басқа жақын жуўықларына қатнасының дәрежеси анықланып, ол шаңарақ өмирининң қәлибин қурайды. Жаслардың минезлери шынланады, татыўлықтың тийкары дүзиледи, ерли зайыплылардың бир-бирине ҳәм ағайын-туўғанларға қарай сөйлеўининң усылы, әдети қәлиплесип шығылады, мийнетлер бөлистириледи, үйдиң материаллық байлығының тийкары қурылады. Екеўи бирин-бири тереңирек биледи, бир-бирине көнлигеди, шаңарақлы өмирдиң әлипбесин үйренип, еки «мен» «биз» деген қурамды дүзип, жаңа ўазыйпаны атқарыўға кириседи. Ол биринши рет ер, «бай» болады. Ол биринши ҳаял-қатын атанады. («ердиң атын қатын шығарады»). Бул жағдайда олардың алдында көп түрли жаңалықлар ашылады. Қалынлық ҳәм күйеў болып жүргенде бәри аңсат еди. Енди шаңарақ олардың алдына көп санлы жаңа миннетлемелерди қояды. Ол, тек күнделикли руўзыгершилик пенен ғана байланыслы емес, ал оның менен қатар өзинди биринши рет белгили бир дәрежеде шеклеў менен де гәрезли. Бурын тез-тез қурдасыңнын үйине барып, ўақыт пенен есапласпай сөйлесип отырып қайтыўың мүмкин еди. Ямаса жораларың менен қыдырып жүре бериўге болар еди. Енди өзиңниң қылатуғын исинди, шешиминди өзиңниң «ярымың», яғный «ярың» менен келисиўиңе туўра келеди.-Бурын ушырасарда таярланып кеўилди көтерип кийинип, жуўынып барар един. Енди ҳәмме ўақыт бирге болғаннан кейин, олпы-солпы болып та жүре бересен.

Бул дәўирде жас семья қобалжыўдың конфликттиң, силкиниўдиң жоқары шегарасында жасайды.

Буннан бахытлылық пенен шығыўдың жолы ол адамдағы бурынғы сен билмеген белгилерге кеширимлилик пенен қараў, кеширимли болыў өзиңе де сын көзқараста қарап қойыў.

Егер кимде-ким өзиндеги кемшиликлерин жойылтыў ушын бәнт болса, басқалардың кемшилигин аз көреди. Өзин тутыў, мәселени салқын қанлық пенен шешиў, өкпеге гийнеге әкелмеў, конфликтти жойып, қобалжыўды тоқтатады.

Шаңарақта жақсы мәмиле жасаў ушын ең дәслеп адам өзин өзи басқарыўы керек. Ашыўы келгенде ашыўды басыў мүмкиншилигине ийе болыўы дурыс. Бир сөзден қалып үндемеў



әдеплилик болып есапланады. Еркектиң қәҳәрине ҳаял, ҳаялдың ашыўына еркек шыдам бериўи керек.

Муҳаббат сезими қысыныспаны да туўдырады. Адамның ҳәмме нәрседен шаршайтуғыны сыяқлы муҳаббаттың да шаршаўы итимал. Сүйген ярың болған менен, оның кеўлин барқулла есапқа алыўға үзликсиз умтылыў, оның кемшилигин бәрқулла сезбеўге тырысыў, гейде зериктирип те жибериўи мүмкин. Себеби, бахытлылық жанға ҳәмме ўақытқа берилген аўҳал емес. Ол бахыт қолда турғанда толық баҳаланбай қалыўы да мүмкин. «Алтынның қолда барда қәдири жоқ» деп өкиниўшиликтиң де усындай тийкары бар. Өмир толыў-қайтыў, көтерилиў-баслыўы сыяқлы толқынлар тербелисине мегзейди. Адамның ишки сезимлеринде де сондай тербелислер болады. Ол да толады, ол да шайқалады, ондай қәсийетлер ҳаққында А.Н. Толстойдың мынадай пикири дыққатқа муўапық:

Ярым мени қайғы-гәплет басқанда,
Сени сүйемен деп салсам инанба,
Даўыл менен теңиз толқып тассада
Сүйги менен қайтып келер орнына.

(*Автордың еркин аўдармасы*)

Еки жастағы турмысқа деген мүмкиншиликлердиң теңдейлиги, мәплериниң бирлиги, идеяларының сәйкеслиги, өз-ара ҳүрмет, ҳаял менен ердиң дослық қатнасықлары ҳәм өз-ара түсиниўиниң тийкары. Лекин шын муҳаббат ушын еле бул жеткиликсиз. Сүйикли адам тек жақын ҳәм түсиникли емес, ал ол ҳәмме ўақыт ҳеш кимге салыстырып болмайтуғын өзгеше ҳәм уқсамаслыққа ийе болады. Шамасы шаңарақтағы өкпе-гийнелердиң себеби биреўининң исине екиншисиниң араласыўынан, ким шаңараққа басшы болыўы керек, дегендей мәселе бойынша иштей гүреслердиң нәтийжесинен болса керек.

Ҳақыйқатында да ерли-зайыплылардың шаңарақ басшылығының қәлиплесиўи әзелий мәселе. Ерли- зайыплылардың биреўи шаңараққа турмыс стилин енгизиўде баслаўшы болып шығады. Бул басшылық урыс-жәнжелсиз тәбийий жол менен қәлиплесип, ер менен ҳаялдың бирлигин беккемлеўге жәрдем берсе, сол ўақытта татыўлыққа ҳеш нәрсе кесент етпейди.

Ҳәзирги заманда шаңараққа еркектиң дәстүрли басшылық етиўининң орнына гейпара ерли-зайыплылардың шаңарақ руўзыгершилигин уқыплылық пенен басқарыўға қаратылған қос ҳәкимлилиги пайда болды. Бул мәселеде: «Өзи жуўас, айтқаннан

шықпайтуғын, ата-анасынан дәрҳал бөлинетуғын жигит болса, бирден күйеуге шығып алар едим» дейди гейпара қызлар

Ал, ҳақыйқатында басқаларда ҳәр ким өзиниң уқыплылығының аз екенлигин сезген тарауында екиншиге жол бериўи керек. Шамасы жаслардың да жасаў шараятын дүзиўде әрман ететуғын усылы усы болыўы керек.

Тәбият сондай етип жаратқан ҳаял ҳәм ерлер қубылысы ҳәр түрли етип түсиниўи арқалы бирин-бири толықтырады. Ердиң шешиўши ҳәрекети тәўекелге бейимлилиги, ҳаялдың ықтыят болыў қәсийетлери менен еркектиң қатаңлығы, ҳаялдың үй исине жоқары талғамы, уқыплылығы— бул өзгешеликлер тек тәбийий ғана емес тарийх пенен, тәбият пенен, дәстүр менен, үрп-әдетлер менен беккемленген. Егер еркек шаңарақтан тыс жумысларға жуўап берсе, тәмийинлеўши қорғаўшы ролин атқарса, ҳаял шаңарақтың ишки ислерин тындырыўы өзиниң жумсақлығы, дыққатлылығы, баўырманлығы, азадалығы менен оның орнын толықтырады.

Муҳаббат күшли ҳәм беккем болыўы ушын ер өзиниң ярының нәзиклигин сезип, оған жағыныўға тырысыўы: уқыбын билип, оны еркелетиўге ҳәўеслигиниң, ҳүрметлеп, инанғышлығын, нашарлығын сыйлаў ҳәм қоллап қуўатлаўы керек. Ал, ҳаял өмиринде ериниң руўхландырыўшысы болса, ондағы өзиниң күшине исенимин беккемлесе, оның устамлылығын, ғайратын ҳәм күшин жоқары баҳаласа, ол үлкен абырой-дәўлет.

Ҳаялдың гөззаллығы, жарқын жүзлиги, ҳақ кеўиллиги, өзин қурбан етиўге тайынлығы, сезимлериниң нәзиклиги—ҳәр бир ердиң жүрек тары. Сондай-ақ еркектиң исенимлилиги, руўхый бәлентлиги, ғайратлылығы, шыдамлығы ҳәм ерлиги алдын ала ғамланыўшылығы, исшеңлиги, күш-қуўаты—ҳәр бир келиншектиң әрманы. Сонлықтан «бир ҳәптелигин ойламаған қатыннан сақла бир айлығын ойламаған еркектен сақла» деп айтылады. Бир сөз бенен айтқанда ҳәр кимниң орны басқа, ҳаял еркек сықлы, ал еркек ҳаял сықлы болмағаны дурыс.

Ердиң жумысы—ҳаялдағы оған тән нашарлық қәсийетин қоллап-қуўатлаў, яғный оның ҳәмме ўақыт унамлы болыўға ҳәўесин, нәзик ҳәм ерке қылўасына, сезимталлық уқыплылығына дыққатлы болыў.

Ҳаялдың иси—ердиң ерлиги, өзине-өзиниң исенимлигин, ҳәлсизге жәрдем бериўдеги рыцарлық қәсийетин, шаңарақтың, жәмийеттиң алдындағы парызын сезиўлерин дурыс баҳалай билиў.

Ҳаял жумысында ғәрезсиз, жигерли, абыройлы болыўына

карамастан үйинде жәрдем күтеди, исин қуўатлаўды күсейди. Демек оны түсинетуғын күшли дос, қайырқом жуўбатыўшы керек. Улыўма еркектен ҳаял өзин қорғаўды күтеди. Бундай үмиттиң бузылыўы некеге қанаатланбаўшылыққа алып келип, ерли-зайыплылар арасындағы қатнасты кескинлестиреди.

Сондай-ақ еркеклердиң де өзиниң ҳаялынан күткени болады: Ол ҳаялдың ҳәмме ўақыт нашарлық нәзикликте көриниўи, елбиреп турыўы, өзине тартымлылығы.

Кескин исшең, өзиниң ғәрезсизлигин айрықша көрсетиўши ҳаял алдында еркек әпиўайы түрде албырап қалады. Оның ағымына ерип кетеди ямаса оның менен бирден қарсыласып қалады.

Ҳаяллар сол нәрсени есапқа алыўы керек: мақтаныўдың, атаққумаршылықтың белгили бир бөлеги ерлердиң санасында ҳәм тәбиятында беккемленеди. Сол ерлердиң дөретиўшилик мүмкиншилигин бағдарлаўшы, оған жәрдем беретуғын ҳаялдан артық дос, қостар жоқ. Мүмкин ҳәмме ҳаял рууҳландырыўшы бола алмас. Мүмкин буның ҳәмме ўақыт зәрүрлиги де жоқ шығар, лекин ерлердиң өзиниң өзине баҳасы жоқары саналады, оған итибарсыз караў, оның үстинен күлиў, кемситиў жағдайлары оның есинде узақ сақланады. Ердиң жекке инсаныйлыгын ойлаған ең сүйкимли ҳаял бундай етсе, көп нәрсени жойтып алыўы мүмкин.

Әлбетте абыройға мийнет пенен ерисиў керек. Лекин күйеўиниң умтылыўына ҳаялының жәрдем бериўи оған ҳәмме ўақыт «сен еле жетиспегенсең» деп мийин жеўден гөре мың мәртебе артық.

Социологлар үйинде басшылық етиўден айрылған ерлер өзин толық баҳалы адам емес деген пикир менен, ақырында алкаголиклер топарын көбейтетуғынлығын дәлиллейди. Турмыс тәжрийбелерине қарағанда ҳаяллардың гөззал минез-қулқы олардың күйеўине өтип, шаңарақты абат етеди екен, керисинше, «абыйға-бабый» түсип, «сен қылғанға мен қылдым, сеннен артық не қылдым» усылында қатнас жасаған ҳаяллардың ерлери де өзи тақлетте болып қәлиплеседи.

«Белгили араб шайыры өз ҳаялына былай депти: Мениң ашыўым келген ўақытта кешире бил, өзиңди тый, үстем боламан деп ойлама, өзиң билесең мен сени мудамы унатаман. Егер өшегисип ашыўымды келтирсең саған деген муҳаббатымды сөндиресең: муҳаббат пенен ғәзеп бир кеўилге сыймайды. Ғәзеп орын ийелеген жерде муҳаббат турмайды».

Усындай сыйласық бизиң ойымызша шаңарақтан беккем болыўының тийкарғы гиреўи болып, оны услаў, үйлениў

дәстүриниң жоқары гөззаллығын, адамгершилик баҳалылығын арттыра береди ҳәм келиншеклер қыз ўақтындағы сыяқлы жақсы, тартымлы болып, сүйген кеўиллерди қабартпайды, әдеплиликтиң әжайып көриниси болады.

Бир рәўият бар: Илажсыздан ажырасыўға мәжбүр болған кисиден қатынының айыбын сорағанда «биреўдиң айыбын сорап не қыласаң», егер мен, оның менен қайтадан дуз несип тартып жарасып кетсем, өз ҳаялымның айыбын басқаларға паш қылған боламан. Егер олай болмағанда да дуз-дәм татысып бирге болған күнлеримиз бар. Сонлықтан ол ҳәм бул ҳәм әдеплилик емес» депти.

Қыз болып туўылғаннан кейин адам, өзиниң гөззаллығы, сезгирлигиниң тереңлиги, мулайым әжайыплылығы, кеширимлилик қәсийети, нәзиклик сапасы, опалылығы ҳәм садықлығы менен ерлерден айрылып туратуғынлығы ушын тәғдирге рахметлер айтыўы керек. Жазылмаған нызам бойынша ерлер бирдейине оған жол беретуғынлығына, жәрдемлесетуғынлығына, қорғайтуғынлығына баҳалайтуғынлығына, сыйлайтуғынлығына қуўаныўы ҳәм шадланыўы, кеўли толыўы зәрүр. Сонлықтан ҳаял тек ғана сулыў болып қалмастан, өз халқының руўхый байлығын бойына сиңдирген дәстүрлерди, үрп-әдетлерди, өзликти, тарийхты ийелеп, абыройлырақ болыўға умтылыў тийис. Ҳаялдың ҳәрекетлеринде қылық-қылўаларында қуўаныў, ғамланыў, күлиў, күйиниў, жақын-жуўықлары, өз таныс адамлары менен сөйлесиў усылында, ҳәттеки ашыўланыў жағдайында да, ҳаялдың миллий мәденияты ҳәм нәзиклиги, әлпайымлылығы биринши орында турыўы ақылға муўапық болады. Ҳаял өзин сүйетуғын ярының оны өзине тартыўы, ҳүрметин услап турыў ушын, үзликсиз изелениўде ҳәм ҳәрекетте жүреди. «Еркектиң муҳаббаты оның асқазаны арқалы өтеди» деген ужыбатлы сөзди де умытпаўға туўра келеди. Демек ҳақыйқат ҳаял болыў дәрежесине жетиў шын мәнисинде қыйын. Бирақ, басқа илаж жоқ. Оның ҳәр бир сөзи сыннан өтип, ҳәр бир иси көринип турады. Бул сынақлардан табыслы өтиў кеўил өнерин ийелеў арқалы болады. Демек ҳаял өзиндеги ғамхорлық, садықлық, дыққатлылық ҳәм меҳрибанлық қәсийетлериниң бийикликке көтерилип баҳаланыўын мөртебе деп есаплаўы тийис. Соның менен қатар ер үйдиң хожасы болса, ҳаял үй бийкеси, ери шаңарақтың басшысы болса, ҳаял исти алып барыўшысы, егер шаңарақ кеме болса, ери ескекши, ҳаялы бағдарлаўшы болып бирлесип турмыс қурғанда, кемениң аўдарылмаўы ушын ҳаялдың көргенлилиги, шаққанлығы ҳәм билимлилиги үлкен әҳмийетке ийе болады. Әсиресе, оның тәрбиялылығы улыўма халықты тәрбиялаўда үлкен орынды

ийелейди. Сонлықтан «Қызларды тәрбиялаған халық миллетти тәрбиялайды, жигитлерди тәрбиялаған халық жауынгерди тәрбиялайды» деп дурыс айтылған.

«Ҳаяллары тәрбиялы болған халық—тәрбиялы, ҳаяллары тәрбиясыз болған халық-тәрбиясыз: ҳаяллары тырысқақ, ис билермен, ерки қатал болған халық-бай, ҳаяллары жалқаў ҳәм ысырапшыл болған халық—пақыр болып қалады» деген даналар.

Ҳаял адам баласында болған минез-қулықларды гөззалластырыўы менен, қатты кеўиллерди жумсартады, адамларды ҳайуаныйлық қылўаларынан айырып, оларды инсан қатарына қосады, Ол ериниң шадлығын да, ғам-қайғысын да ҳәр бир жақсы—жаңа күнлеринде де сүйениш болып жанына рәҳәт бағышлайтуғын сырласы есапланады. Ол ериниң мал дүньясын сақлайды, ерине келетуғын бәлелерди қайтарады. Нағыз ақыллы ҳаял шаңарақ аўҳалын жақсылаўда тыным таппайды, ҳәр исти орны менен ислейди. Ол ериниң ата-анасы менен туўғантуўысқанларына қатар-қурбыларына ҳүрмет-иззет көрсетеди. Ериниң душпанлары менен ашшыласпайды, достының ийтин де жақсы көреди.

Ҳәзир заман әшкаралық заманы деп, өзиңнен үлкен көпти көрген адамлардың бетинен алыў, оған ҳүрметсизлик болады. Сиз деп сөйлеп, олардың кеўлин табыў арқалы ата-ананың ҳүрметине ийе болады. «Бир кескен нанды бириктире алмайсан» дегендей, айрылыў—аңсат, қосылыў—қыйын. Адамның бахыты оның әдеплилигинде. Себеби әдеби жақсы адам сүйкимли болады.

—Үйлениў дегенимиз өз ҳуқықының ярымын азайтып, ўазыйпанды еки есе көбейтиў деген сөз.

(*А.Шопенгауер*)

Сүйиў деген бир-бирине қарап отырыў емес, екеўи қосылып бир бағытқа қараў.

(*Сент-Экзюпери*)

Егер ерли-зайыплылар баслары қосылғанша бир-бириниң минез-қулқын, әдетлерин билип алмаса некениң бахытлы болыўы мүмкин емес.

(*О.Бальзак*)

Ҳадаллық ерли-зайыплардың аўызбиршилигиниң айқын белгиси.

(*Ц.Фонвизин*)

Бир күн урысқанның қырық күн несийбеси қырқылады.
(*Халық нақылы*)

Басың екеў болмай,
Малың екеў болмайды,
(*Халық нақылы*)

### 3. Опадарлық ҳәм полигамия мәселелери

Муҳаббат қүдиретли күш, оның тартым күши пәтли ҳәм қуўанышлы. Ол бир таманнан адамға ләззет бағышлаўы менен жағымлы, екинши таманнан өзиниң сырлылығы менен қорқынышлы.

Опадарлық ең жоқары әдеплиликтиң бири. Ол өзиниң ақылы пайманында, сөзде ўәдеде қатты турыўды аңлатады. Опаның инсан ушын жүдә бийик қәдрият екени тарийхтан белгили. Опа адамды жалған, ғыйбат, өсек сөзлерден сақлайды. Опадар киси уллы мәртебели болып, адамларды жақсылыққа шақырады, инсаныйлық жолын мақсет етеди. Опалы инсанлар қандай жағдай болмасын бир-бирине садық қалады, бир-бири ушын жанын пидә етиўге тайын турады. Соньлықтан «Ўәдеге опа, опасызға жапа», «Ўәде опасы менен гөззал» дейди халқымыз.

Опасызлық инсанды диниў-диянатлықтан, яру-дослардан ҳәм ақыр-ақыбет өзлигинен айырыўшы жаман қәсийет.

Инсан ушын ең әзиз нәрсе шаңарақ. Айрықша, қарақалпақ халқы ушын шаңарақ муқаддес түсиник. Шаңарақтың таянышын опа шөлкемлестиреди, яғный муҳаббат оның ирге тасы болса, опа оның сүтини. Опасызлық шаңарақты бузады. Опасызлық-ҳөзликке, нәпсиге жол бериў болып, ол инсанның липасы болған уят-абыройға қарсы келеди. Опасызлық адамды досларынан да айырады. Соның ушын «жаман достан таяқ жақсы», «Бийопа гүлден жапырақ жақсы» дейди халқымыз. Платон «Ҳаяллардын опасы—әдеп ҳөм намысын сақлаў, ерлердиң опасы пүткил инсанийят әдеплерине тийисли» деген еди. Шынында ер жигит тек шаңарақтың таяньшы ғана емес, ал журттың қорғаўшысы деген сөз.

Көп ҳаяллылық, яғный бирнешше ҳаял алыў мәселеси тарийхта көп сүўретленген. Ислам шараятында ерлер төрт ҳаял алыўға болады деп жазылған. Егер ол азлық етсе, кәнизеклерден де пайдаланыў мүмкин делинген. Бунда инсан ҳуқықлары ҳаққында шешимлер есапқа алынбай гейпара мусылман еллеринде тек идея ретинде қалған.

Түркистанды ҳәм басқа мусылман еллерин бағындырған большевиклер бул мәселеге тыйым салып, жынаятлы ислер деп қараған. Совет ҳүкимети қулатылғаннан кейин, бул мәселеде еркинлесе баслады. Мысалы ҳәзир Ингушетияда көп ҳаял алыў нызам менен рухсат етилген. Лекин бул көпшилик еллер тәрепинен мақулланбай гейпара халықларда да жекке сийрек ушырасып турған қубылыс ретинде белгили. Мысалы АиФ газетасы 2009-жылы №40 санның 29-бетинде. «Муҳаббат тарийхы» деген мақалада «Москвадағы көп тажик рабочийлери еки шаңараққа ийе. Өз елинде ҳәм Москвада да шаңарақ қурғанын, тәжиклердиң орыс ҳаяллары буны биледи. Ҳәттеки ериниң елине барып-келип қатнасады» деп жазады.

Улыўма бул мәселеге ислам ҳәм оның әмелиятлары да екиленип қарайды. Олардың бир қызығы, мусылман еркеги жубайлық жақынлық мәселесинде барлық ҳаялларына бирдей бола бермейди, деп тастыйықлайды ҳәм буған Пайғамбарымыздан өз ҳаялларына әдил ҳәм тең болыў ҳаққында мынадай пикирин келтиреди. «О, Алла, Мен, маған тийисли дүньяны ғана, тең бөле аламан. Ал саған ғана тән нәрсени тең бөле алмасам мени айыпқа буйырмағайсаң». Мусылман дәстүри бул пикирдиң екинши ярымын, күйеўи өз муҳаббаты менен, жүрегин ҳаялларының бәрине бирдей тең бөлип бериўи мүмкин емес деген деп түсиндиреди. Қуранда усыған уқсас мынадай пикир бар. «Сизлер қанша тырысқаныңыз бенен ҳаялларыңыздың бәрине бирдей әдалатлы бола алмайсыз». Сонлықтан ҳаялларға бирдей ўақыт бөлиў, бәрине бирдей тең болыў дегенимиз-оларды бәрине бирдей ыссы, интизарлық көрсетиў деген сөз емес. Жүрек сезимин ҳеш ким менен, тамақ сыяқлы төрт ҳаялға бирдей бөлип бериў мүмкин емес. Бир сөз бенен тастыйықланса бул мәселеде ҳаялларға муҳаббаттан басқаның бәрин теңдей бөлиў керек деп түсиндириледи.

«Бул дүньяны услап турған муҳаббат, егер ол болмаса адам да болмас еди» дегендей теңдей болмаған муҳаббаттың тийкарында. Мақтумқулы айтқанындай:

Ҳәр кисиниң екеў болса ҳаялы
Кеше күндиз иси қыйлы ҳал бар
Ол еркек қосылмас адам санына
Еки қатын бир еркек үш ҳаял болар.
Күндеслик майданы саўаш қурысып,
Ел ҳәз етер тамашаға күлисип,

Жер тоқлаклап, гә жарасып, жулысып,
Үш бүлбүлге бир гүлистан тар болар.

Кеўил куяшын қыздырыўда ҳаял затының хызмети адамгершиликтиң үлгиси ретинде философиялық талқылаўға турарлық.

Себеби, ҳаял гөззаллық тымсалы, өмирдиң ғүли, үйдиң жарасығы, миллеттиң тәрбияшысы, муҳаббаттың дереги ҳәм қәстерлиўшиси, ерлердиң руўхландырыўшысы. Тарийхта ерлери өлсе, оның менен бирге қосып көмилиўге өз ыразышылығы менен қайыл болатуғын тек ҳаяллар. Олардың муҳаббаты ерлерден жоқары. Олар шын сүйсе ҳеш нәрсе алдында тайсалмайды, дүньяны төңкереди, сүйиклисине қосылыў ушын жанын да аямайды. Соның менен бирге даналар айтқанындай «Ҳаял болыў уллы қәдем, оның еркти ақылдан адастырыўы—қаҳарманлық». Әлбетте бул уллы қәдем, екинши туўылыў, ер таңлаў, жигитти өз жолында шайда етиў, өзине қаратыў бул—қаҳарманлық. Мине усы қәдем атқан, турмыс қурыў деген уллы жолды ҳаял ҳәмме ўақыт өзине қарап, өзин жетилистирип, гөззаллыққа умтылдырып, ердиң муҳаббатын суўытпай, өзиниң де муҳаббатын услап турыў ҳәм шаңарақты уқып ҳәмде ҳийле менен басқарып барыў бул ҳәм өнер, ҳәм илим болып есапланады. Ондай жағдайда еркеклер екинши қатын туўралы ойламайды да.

## 4. Муҳаббат мәргиясы қарақалпақ поэзиясында

Муҳаббат қүдиретли күш, оның тартым күши пәтли ҳәм қуўанышлы. Ол бир тамannан адамға ләззет бағышлаўы менен жағымлы, екинши тамannан өзиниң сырлылығы менен қорқынышлы.

Бул мәселеде белгили данышпан шайыр И.Юсупов өз поэзиясында муҳаббат, сүйиспеншилик, сезим темасын өзиниң пүкил шығармашылығына арқаў еткен, үзбей, тоқтамай жырлаған, өмиринше сулыўлыққа, әдепликке ашық болған. Ол өмирден тазалық, мөлдирликти излеген. Сүйискен кеўиллердиң мәңгилик сол қәлпинде қалыўын аңсаған. Журтты соған тәрбиялаған.

Ол әатанды, адамды сүйиў ҳәм оған муҳаббаты менен бир қатарда ышқы, ерли-зайыплар муҳаббатына үлкен кеуил бөледи. Оның кәз карасларында шын муҳаббат бул жүрек ҳәмири. Оның қарары кескин, лаўлаған жалын. Шайырда муҳаббатты қәстерлеў сүйген ярға ҳадал болыў, оны гиршиксиз таза ҳалда услаў, сол жолда неге болса да, бас тигиўшилик шайырдың алға тутар нышаны. Сонлықтан ол муҳаббаттың күшин:

Бир әжайып от бар жердиң жүзинде,
Қупыя күш бар деседи өзинде,
Ышқы муҳаббат дер ол оттың атын,
Сен де сынап көргенсеңди қуўатын

деп оның ләззетине қуштар болсаң, оның өмир бағышлайтуғын бағларында сайранлап, тәнди ҳәўижлендирип кеўилди нурландырасаң, деп улығлайды.

Ол белгили данышпан В.Шекспирдиң «Муҳаббат күшли нәрсе дүньяда оның қәҳәрине дуўшар болыўдан артық мүсийбет ҳәм оған хызмет қылып рәҳәтлениўден көре абзал бахыт жоқ» деген сөзине тақаббил:

Ашықлық пенен көп ойнама бала,
Ақыл-ҳуўшың бийлеп алар муҳаббат,
Қурғақ тамызыққа ушқын түскендей,
Түтинсиз, жалынсыз, жанар муҳаббат.
Абайсызда алтын тахтқа миндирип,
Ҳүкимсиз-ақ айтқанына көндирип,
Ақмакларды ақылына ендирип,
Ақыллыны мәжнүн қылар муҳаббат, дейди

Муҳаббат өмирдиң уллы шырайы. Ол кеуилди жибитеди, тәбиятты гүллендиреди, жер-аспанның қайылшылығын пайда етеди. Ол ҳаққында шайыр өз ярына болған муҳаббатын тәриплеп:

Қыстың күни қар гүллер ярым сен жүрген жерде,
Жупар ийис шашар гүллер, ярым сен жүрген жерде,
Бостанға дөнер шөллер, ярым сен жүрген жерде,
Өзгеше сайрар бүлбүллер, ярым сен жүрген жерде,
Қәдемиңе қайыл жер ярым сен жүрген жерде,

деп муҳаббаттың пинҳамы сезимлерин сүйген ярды, соншა бийикке көтерип, оны жүдә көркемлик пенен сүўретлейди.

Муҳаббаттан жоқары дәрежеде ләззет алмаған адамнан үмитлениўге болмайтуғынлығын, ол тири сыяқлы болып көринген менен шынында ол өли адамдай, деп қарап шайыр:

Муҳаббат! Булақ болып ағыл, әрман!
Өмирдиң шырағысаң жағып алған,
Ышқында бир күймеген адам сирә,
Ағаш ғой бар жемисин қағып алған,

Шайырда тән сулыўлығы менен жан сулыўлығы ышқы муҳаббатының тийкарғы дәреги ҳәм жағдайы, ҳүрметтиң тийкары. Сонлықтан шайыр «ҳаял сулыўлығы—шырай ҳәм ақыл» деп тастыйықлайды.

Ибрайымның шығармаларында адам өзи ғана сүйип қоймастан өзин де сүйгизе алыў мәселесине үлкен кеўил бөлинеди. Оның қосықларында муҳаббат еки тәрептиң лаўлап жаныўы. Егер сениң муҳаббатың жуўапсыз болса ондай муҳаббат дәрмансыз. Муҳаббатта тек «тап өзи» болып еки жүрек бир бири менен үйлесиўи, үнлесиуи зәрүр. Шайыр:

Тауда гүл көп бири-биринен тәуир,

Бөри бир қушаққа сыймас ҳәм аўыр деп оның сайландылық характерин көрсетип.

Ярының көзине шөп салған ярдың,

Көкирегинде гүдикли гүманы болар деп муҳаббат сезимине анықлық киргизип қояды. Улыўма шайыр муҳаббаттың шаймаланбаўының тәрепдары, оның турақлылығының пидайысы. Ол:

Таза жүрек таза тәлим себеди,
Муҳаббатты алдай алмас сыйлар жас,
Сүйсек, усылай шын сүйейик, себеби,
Шынтлап сүйген кеўил ҳасла айнымас,

деп тужырымлайды.

Гөззаллық муҳаббаттың дәреклеринин тийкарғысы, ол әзелден-ақ бабаларымыз тәрепинен кәстерленген. Гөззаллық барлық тиллерде улығланады ҳәм ҳәммеге хош келеди. Дүньяда жақсы нәрселер көп оларды көрип оған қайыл қалыў адамларды шадландырады, тәбиятын пәкизе қылады, пейлин кеңейтеди. Лекин ҳеш нәрсе гөззал жүзди баса алмайды. Себеби, ол инсанға сондай қуўаныш бағыш етеди, басқа ҳешқандай қуўаныш оған тең келмейди. Сонлықтан да шайыр:

Сулыўлық деген бәлени,
Саған бергенин айтсаңо,
Муҳаббат деген бәлени,
Маған бергенин айтсаңо, дейди.

Шайыр ышқы муҳаббат дәртин, жалынлы заўық ҳәўижли толқынланыў екенин көрсетип:

Қыя-қыя бақған Хийуалы гөззал,
Ышқында жанбаған, жанғанда жаман,
Пәруаналар өзин отларға урған,
Дөртиң жанып турған шамнан да жаман,

деп муҳаббат отының азаплы ҳәуирин, сүйген жүректиң дүпилин баянлайды.

Шайыр ушын муҳаббат басқа ушын жасаў ҳәм оған жан аямай хызмет етиў, екеўдиң биреў болып жасаўы. Ол:

Муҳаббат ҳәм қосық — азаплы арман,
Сол еки есикте өлиўге барман,
Жол шаршатқан жас уйқыңды гүзетип,
Таң атқанша қосық ойлап шығарман,

деп пәлекли қоста түнегендеги муҳаббат ләззетлерин, шадлы ҳәм бахытлы дәўранды сүўретлейди

Шайыр лирикасында шын муҳаббатта ҳешқандай саўда болмайды, «Шын муҳаббат—бул жүрек ҳәмири», ол өзгеше бир сырлы күш, лапылдап жанып турған от, оны ҳешқандай есап пенен, ямаса дүнья-мал менен жығып ала алмайсаң.

Әзелден дүньяның иси арасат,
Патша патшаларға келтирер апат,
Тек сени әййемги алтын тахтыңнан,
Тайдырарлық күш жоқ, гөззал муҳаббат

деп жырлайды.

Соның менен қатар муҳаббаттың ураны мәртлик, өзиңди қурбан қылыў, қорқақлық, тайсалыўшылық оның жини. Соның ушын шайыр:

Муҳаббат ол аркан емес атпаға,
Байтал емес қурық таслап тутпаға,
Қыздың жаны жақсы көрер мәртликти,
Әдетленбе сыр алдырып буқпаға,

деп нәсиятлайды.

Ибрайым ушын муҳаббат мәңгиден киятырған адамзаттың жолдасы. Адамзат тарийхы—муҳаббат тарийхы. Ҳәрбир әўлад, ҳәрбир инсан муҳаббатты өзине тән өмириниң көрки ҳәм жарасығы етип алып, ҳешкимге усамайтуғын жолын таўып

жасайды. Себеби, ол өмирди жаңартыўшы, байытыўшы, алға бағдарлаўшы әдиўли кәдрият сыяқлы дәлилленеди. Сонлықтан шайыр өзиниң қосықларында, поэмаларында хәммени өз муҳаббатын қәстерлеп, кәдирине жетиўге оны, қорғай билиўге шақырады.

## 17-ТЕМА. ИЛИМ ҲӘМ ӘДЕПЛИЛИК ДИАЛЕКТИКАСЫ.

1. Илимниң жәмийет турмысындағы әҳмийети.
2. Илимий ҳәм әдеплилик нормалары.

### 1. Илимниң жәмийет турмысындағы әҳмийети

Илим объектив хақыйқатлықты билиўге ҳәм қайта өзгертиўге қаратылған адамзат ҳәрекетиниң тарийхый қәлиплескен искерлиги. Илим бир ўақытта билимлер системасы болып, оның тийкарында пайда болатуғын рууҳый искерликтиң, әмелий әндиристиң түп сағасы.

Ол көп қырлы қоспалы жәмийетлик қубылыс: Жәмийеттен тыс илим пайда болмайды ҳәм раўажланбайды, лекин илимсиз жәмийет те раўажланбайды. Оның өзиниң раўажланыўының жоқары басқышына шығыўы илимсиз мүмкин емес. Материаллық әндиристиң талабы илимниң раўажланыўын белгилейди ҳәм оны изертлеўдиң бағытын көрсетеди, илим өз нәўбетинде жәмийеттиң раўажланыўына тәсир етеди.

Уллы илимий ашылыўлар оның менен тығыз байланысқан техникалық жаңалықлар, адамзат тәғдирине жүдә үлкен пайда келтирди. Илимниң социаллық мақсети адамлардың өмирин ҳәм мийнетин жеңиллетиў, жәмийеттиң тәбият үстинен ақылға муўапық ҳүкимин көбейтиў, жәмийетлик қатнаслардың жетилисиўине, адамның абадан турмысын қәлиплестириўге жәрдемлесиў. Ҳәзирги илим өзиниң ашқан жаңалықларына байланыслы адамлардың өмирин ҳәм искерлигин жеңиллетиў ушын көп нәрсе иследи. Илимий ашылыўлар ҳәм ойлап табыўлар мийнеттиң өнимдарлығының жоқарылаўына, көп массадағы затлардың көбейиўине алып келди.

Буған қарамастан илимниң байлығы ҳәммеге бирдей өлшемде бахыт алып келмеди. Илим еки тәреплеме өткир қурал еди. Оның кимниң қолында болыўына байланыслы яки бахытлылыққа, адамлардың ийгилигине, яки олардың қырылып кетиўине хызмет етти.

Илим, адам болмаса ҳәлсиз, соның менен бирге илим адамсыз

мақсетке ийе болмайды. Илимниң рауажланыуы оның хәр тәреплеме өз-ара байып барыуы, оның үлкен әмелий әҳмийетинде. Оның жетискенликлери адамның социаллық активлилигин көтериуинде, солай етип социаллық прогресске хызмет етиуинде.

Көпшилик ашылыулар ҳәм ойлап табыулардың еки тәрепи болды. Бириншиден, олар халыққа жемисли хызмет етиу, екинши тәрепи—бүлдириушилик, бузыу мүмкиншилиги, жүдә қәуиплиликти ийелеуи. Оның еки тәрепи де илимий ашылыуды ким ҳәм қалай пайдаланыуына байланыслы болады.

Адамзат соңғы уақытларға шекем өзиниң илимий ашылыуларының драмалық ҳәм трагедиялық ақыбетлери ҳаққында ойланбады. Ҳәр бир илимий билимниң иске асыуын ийгиликли ҳәм өзинен өзи тийисли деп есапланды. Херосима уақыясынан кейин мәселе пүткиллей өзгерип илимий ашылыудың әдеплилик баҳасы ҳаққында мәселе жүзеге келди. Буннан илимий шынлық қайырлылықсыз жасай алмайтуғынын, баҳалылығы әдеплик өлшемисиз болмайтуғыны белгили болды. Ким илимди алға илгерилете отырып, әдеп тәрепинен артта калса, ол алға емес, кейинге кетип баратырғаны тастыйықланды.

Адамзат ҳәзир өзиниң тарийхының сондай шегине келди, онда оның шын мәнисиндеги Гамлеттиң сорауын: «жасау, ямаса жасамау» деген усынысын шешиу өзинен ғәрезли болып қалды. Адамзатты жоқ қылыу мүмкиншилигин берген илимниң атом бомбасын ойлап табыуы, архиглобаллық мәселени—урыс ҳәм парахатшылық мәселесин ортаға шығарды. Сондай-ақ илимниң жеделлик пенен рауажланыуы басқа да көп санлы мәселелерди пайда етти. Енди оларды өмирде пайдаланыу әдеплиликтеги дәрежеси менен баҳаланатуғын болды.

Мысалы, Чернобльдағы атом электростанциясының жарылыуынан кейин, оның дөгерегиндеги ҳайуанатлар ҳәм өсимликлер дүньясы өзгере баслады. Бурын бунда гермофродит ауҳалында жасаған қуртлар ҳәзир бир жынıслыға айланған. 2010-жылғы АиФ газетасының 30 санында: Украинада ҳайуанның жаңа бир түриниң пайда болғанлығын жазады. Ол ҳийлекерлик пенен ҳәулилерге кирип қоянларды, қусларды қырып, көринбестен жоқ болып кетер екен. Бираз илимпазлар бул Черноболь авариясының нәтийжесинде пайда болған, мутант, яғный азғын ҳайуан болыуы мүмкин, деп жобалап атыр.

Илимниң жаңалығы болған, ҳәзир хәттеки киноларда көрстилип атырған клонластырыу әдеплиликтиң өлшемине жата ма, деген сорау туўылды. Әсиресе адамды клонлау әдептен бе? Ол шынында да адамның өзиниң кәдир-қымбатын шаймалау емес

пе?. «Әлемниң гөззалы, барлық тирилердиң тажы» (Шекспир), ямаса «Бул дүньяның көрки—адам баласы» (Әжинияз) қудайдың өзине уқсатып жаратқаны өзин тышқан сыяқлы тәжирийбе жәниўары етип, клонластырыў арқалы өзиниң қайталанбайтуғын қәсийетин биреў менен бөлисиўи әдептен бе? деп ойлап қаласаң. Ол инсан деген муқаддес қәлипке исленген үлкен гүнә болып есапланбай ма?

Сондай-ақ, биохимия илими медиклер менен бирлесе отырып, баланың қайсы жыныста туўылыўын, адамның қәлеўине байланыслы болатуғын, өзимшил жөнлеў усылын тапты дейик. Онда «мен тек ул баланы қәлеймен» ямаса маған тек қызлар керек» деп турып алса, адамлар бул мәселеге пүткиллей араласса кейни неге әкеледи. Ҳәммесинен бурын толық хаос келип шығып, онда гейде балалардың гейде қызлардың санының артып кетиўи жағдайы пайда болады. Тәбияттың даналығы менен жыныслардың тең салмақлылығының қатал сақланыўы ҳайўанатлар дүньясында да, адамзат дүньясында да нызамлы қубылыс. Мысалы, тәбият дүньяға ул балаларды көбирек әкеледи. Ул балалардың бираз сепсиўиниң нәтийжесинде, келешекте еки жыныстың теңлесиўине алып келетуғынлығын есапқа алғанлығы қандай әжайып.

Илимде әдеплилик жақтан дәлилленген, яғный илимниң жетискенлеринен ақылға муўапық пайдаланыў жүдә көплеп ушрасады. Буның ишине генлик инженерияны адамның денсаўлығына жәрдем, мүмкиншилик ишинде оның өмир жасын узайтыў ҳәм тағы көп жаңалықлар пайда болып, ол бир типтеги, «қуўыршақ адамларды» пайда етиўден гөре жүдә абзал ҳәм саўаплы, әдеп-икрамлылықтың шеңберинде болады.

## 2. Илим ҳәм әдеплилик нормалары

Илим ҳәм әдеплилик арасында өз-ара қатнас мәселеси көпшиликтиң дыққатын өзине тартатуғыны тосыннан емес. Ол әҳмийетли ҳәм актуал мәселе. Себеби илимий прогресстиң социаллық ақыбетлери ҳаққындағы машқала адамзаттың ҳақыйқый мәпи болғанлықтан әдеплилик тийкарынан ҳәр түрли баҳаға ийе болады.

Илим өзиниң мазмуны бойынша абсолют ҳәм объектив ис, ол сондай қалыс хызмет. Лекин илимди адамлар дөреткенликтен, олар ҳәр түрли қумарлықтың ийеси ҳәм анаў яки мынаў әдеп-икрамлылық сапаға ийе болғанлықтан, жәмийет, илимпаздың әдеп-икрамлылығының аспектин еске алмай отыра алмайды.

Шынында илимниң рауажланыуында мораллық атмосфера, оның ийелеринин әдеп-икрамлылық сапасы, илимниң социаллық ролинде хәм функциясында соңғы нәтийже хызметин атқарады.

Илим өзиниң барлық қалыс ислерине қарамастан жәмийетке хызмет етпей, оннан ғәрезсиз жасай алмайды. Илимниң хәм техниканың дерлик барлық ашылыулары жақсылыққа жетелеп хәм әскерий иске пайдаланыуда көринеди. Илимпаз қәлесин қәлемесин жәмийеттиң рауажланыуының бул тәреплерин көтериуши ретинде шығады. Бул жағдайда прогрессив илимпазлар өзлериниң илимий искерлигиниң гуманистлик мәселелери үстинде ойланбай отыра алмайды. Олар жәмийетлик прогресс тек адамлардың тәбият күшлери үстинен үстемлиги екенлиги менен бирге, илимди адамлардың мәплерине пайдаланыу зәрүрлиги менен де байланыслы екенлигин түсинеди. Демек илимниң социаллық мәселелери илимпаздың адамзат алдындағы мораллық жууапкершилигиниң, оның адамлардың ийгилигине хызмет етиуинен ибарат.

Илимпаздың жәмийеттиң ағзасы ретинде, илимниң мүмкиншилигин билгенликтен оны жәмийеттиң ийгилиги, яғный адамзаттың игилиги ушын жумсауды қәлеуи үлкен әдеплилик. Егер ол илимди жәмийеттен ғәрезсиз күш, мораллық таянышқа зәрүр емес қурал деп қараса онда бул әдепсизлик.

Бизиң әсиримизде илим илимпаздың «жеке иси» болыудан қалды. Ол хәзир жәмийеттиң байлығының дәрегине киреди. Илим техникаға араласты, технологиялық өндиристи өзлестирди. Адамлардың күнделикли турмысына кирди. Илимниң техниканың табысына адамзаттың цивилизациясы хәм прогреси ғәрезли болды.

Илимниң адамның турмысының барлық тарауына араласыуына байланыслы бурын тек аз сандағы профессионаллықта үлеси болған илимниң гуманистлик мәниси не? Оның адамның бахты хәм ийгилигине қатнасы қандай? Жәмийет илим тәрепинен келтирип шығарылған турмыстағы материаллық хәм руухый күшлери менен есапласыуға уқыплыма? Илим басқарылама? деген сораулар дүнья илимпазларын ойландырып атырған мәселе.

Бул хаққында уллы физик Макс Борн былай дейди: Бизиң дәуиримизде илим социаллық, экономикалық, сиясий функцияларды бастан кеширди. Оның илимий, техникалық революцияларының пайдаларын бийкарламай, соның менен қатар оның әдеплилик принциплерди бузыуға қаратылған революциясы жүдә қәуипли. Техникалық цивилизация менен жәмийеттиң руухый

мәдениятының дәрежеси, адамлардың әдеп-икрамлылық санасында қарама-карсылықты пайда етти деп дурыс көрсетеди.

Бул мәселеде жудә тәшўишленген Ф.Жюли—Кюри мынадай деген: «Илимпазлар илим адамзатқа қанша пайда келтиргенин биледи, егер жер шарында парахатшылық орнаса илимниң жетискенликлериниң қандай болатуғынлығын да биледи. Олар келешек ушын мынадай сөзди қәлемейди. Ол: «илим бизди атом, водород бөлеклери менен өлтириўге әкеледи» деген сөз. Илимпазлар биледи илим гүналы емес, илимниң жетискенликлерин жаман пайдаланатуғын адамлар гүналы».

Ҳақыйқат илимпазды бундай адамыйлық мәселелер ташўишлендирмей қоймайды. Соның ушын илимпаздың мийнетин ҳәм келбетин әдеп-икрамлылық өлшемлери менен де баҳаламаў мүмкин емес.

Илимниң ертеден ҳәм ҳәзирги заман тарийхы илимпазлардың өз искерлигиниң гуманистлик әҳмийетин шын қәлбинен жақлағанларын биледи. Олар өз ис-ҳәрекетлери менен жумыста әдеп-икрамлықтың этолоны ретинде көринип, тарийхта өшпес из қалдырды.

## 18-ТЕМА. АҚЫЛ, БАХЫТ, БАҲАЛЫЛЫҚ—ӘДЕПЛИЛИК ГҮЛИ

1. Ақыл философиясы
2. Баҳалылық философиясы
3. Бахыт философиясы

### 1. Ақыл философиясы

Адамлардың ҳайўанлардан айырмашылығы оның ақыл-парасатында. Себеби ақыл, бахыт ғәзийнесиндеги сақаўат есигиниң гилти болып есапланады. Дүньядагы ең жақсы нәрселерге ийе болыў ақыл ҳәм парасатқа тийисли. Ҳәр бир адам ақыл-ойға ийе болып илим, өнер үйрениўге умтылса, ол өз тилегине жетеди! Ҳәр бир истиң өз себеби болады. Ҳәр себептиң әз себепшиси ҳәм ҳәр бир себепшиниң мәканы ҳәм ўақты бар, оны билиў өмирди узартады, дәўлетти услайды.

Жетпис жылдан аслам ўақыт, бизиң барлық мектебимиз тек оқыў менен айланысты. «Оқы, оқы, және оқы» деген менен, оқыўы шаймаланып, билими жоқары, адамгершилиги төмен адамлар көбейип кеткен еди. Ақылға кеўил бөлинбеди. Белгили грек философы Гераклит: «Көп билимлилик ақылға үйретпейди»

дегениндей, көп билген, ҳәттеки энциклопедиялық билими бар кисини аса ақыллы деў қыйын. Ҳәзир электрон есаплаў машиналары пайда болды. Олардың билимин адам тили менен жеткериў мүмкин емес. Онда елиў томлық энциклопедияны бир шырпы қутысындағыдай машинаға сыйғызады. Оларды жүдә ақыллы деп болмайды: Әлбетте билим күш, адамға хызмет етеди, лекин адамды жоқ қылып та жибереди.

Л.Н.Толстой: «Билим мақсет емес-қарыў» деген еди. Ҳәзирги ўақытта да билимди тек мақсет етип, оның мәнисине түсинбей жүрген адамлар аз емес. Сонлықтан олар шала ийелеген билимге ийе болып, онысы кейин иске аспай, қыйын жағдайларды басынан кешириўде.

Ал, ақыл болса әмелий хызмет пенен байланыслы бола отырып, ҳәр бир адамға дүньяға кең кеўил менен, ҳадал жүрек пенен, ыссы сезим менен қараўға, адамның тәғдирине, жәмийеттиң раўажына барынша нәзер аўдарып, оған үлес қосыўды талап етеди.

Демек ақыл ҳәр бир адамды жәмийеттиң қайнаған қазанына қарай жетелейди ҳәм адам сол қазанның қайнаўына түседи. Оны көрген ҳәм өрнек алған киси ақылға ийе болып, оның мәңгилик жолдасына айланады. Соның ушында орыслар «Липасларына қарап күтип алады, ақылына қарай узатып салады» деп тастыйықлайды.

Демек ақыл күш ҳәм қурал. Лекин ол көрегенликке өсип жетпес алдаўдың усылы болып та кетиўи мүмкин. Белгили гуманист, академик Д.И.Лихачев мынадай дейди: «Көрегенлик (мудрость) бул қайырлылық пенен қосылған ақыл. Ақыл қайырлықсыз ҳийле (хитрость). Ҳийле кем-кемнен шыйқылдап қалады ҳәм ертеме-кешпе сол ҳийлекердиң өзине қайтады. Сонлықтан ҳийлекер жасырыныўға мәжбүр болады. Көрегенлик ҳәмме ўақыт ашық ҳәм исенимли. Ол басқаны алдамайды ҳешкимди сатпайды. Көрегенлик қайырлы ат, беккем бахыт, узақ жас алып келип ғаррылықта ҳәммесинен де баҳалы, аппақ ҳәм қыйнамайтуғын ҳүжданды тәрбиялайды»[1].

Ақыл қызбашылықтың қарсысы. «Ашыў-душпан, ақыл-дос», деп халқымыз дурыс айтады. Ашыў менен ислеген ислерден кейин адам пушайман жейди. Соның ушын «Ашыў алдында, ақыл кейнинде келеди» дейди даналар.

Ашыў ямаса ғәзеплениўшилик руўхый таманнан да ең жаман ҳәм зыянлы тәсир. Себеби ғәзеп адамның қанын қыздырады,

[1] Д.Н.Лихачев (Письма о добром и прекрасном. Москва «Детский мир» 1988-ж. 113-бет)

денени титиркендирип, ериксиз хәрекетке әкеледи. Соның ушын бул қәсийеттен сақланып, болар-болмас нәрселерге ғәзеплене бермеў дурыс болады.

Ашыўланыўы гейде адамның еркинен ғәрезли де емес. Лекин оннан өзин иркиў, оған ерк бермеў өзиңди услап, парасатлы болыўға талпыныў әжайып әдеплилик. Ол адамның саламатлығына пайдалы. Темпераменти басым, жүйкеси ҳәлсиз, күйип-жаныўшы адамлар, ҳәмме ўақыт қуўаты аз аўқатлар жеп, суўыққанлыққа әҳмийет берип, қанды қыздыратуғын өткир нәрселерден бас тартыўы керек, деседи шыпакерлер.

Адам қалай ақыллы болады. Ҳәким Улықпанның нәсиятларында: Егер ақыллы болғың келсе, ҳикмет үйренгил, ақыл ҳикмет пенен ержетип өседи. Аристотель данышпаннан: «Ақылдың күши неден ибарат» деп сорапты. Данышпан: «Бәрше адамның күши аўқаттандур, ақылдың күши болса ҳикметтендур»- деп жуўап берипти.

Адамның ақылы он нәрседе көринеди дейди даналар. Олар бириншиден: адамларға әлпайым ҳәм нәзик қатнаста болыўда, екиншиден: өзиниң ким екенлигин билип соған байланыслы ҳәмел қылыўда, үшиншиден: адам шахларға хызмет етип олардың тилек әрманларын орынлаўда, төртиншиден: өз сырларын досқа билдириў ҳәм билдирмеўди билиўде. Бесиншиден: өзиниң ҳәм басқалардың сырын сақлаўда, алтыншыдан: шахлар сарайында сақ болып, шийрин тил менен сарай адамларын қолға ала билиўде, жетиншиден: тилди тыйып артық сөйлемеўде, сегизиншиси: мәжилислерде тыныш, үндемей отырыўда, әдеп етип соралмаған нәрселерди айтпаў ҳәм пушайман жегизетуғын сөзлерди тилге алыўдан сақланыўда, тоғызыншыдан: қәтеңди бирден мойынлап, кеширим сораўда, оныншы: биреўдиң исине араласпаўда, басына пайдасы жоқ сөз сөйлемеўде.

Ақылдың қарсысы наданлық. Платон былай дейди: «Ҳешнәрсени билмейтуғын және бир нәрсени билгиси келмейтуғын адам жүдә жаман адам, оның бойына усы еки кесел уялаған». Ал, Сократ: «Билмеген масқара емес, билгиси келмеген уятсызлық» десе, бизиң халқымызда соған уқсас аўыр ғарғыс: «Өзиң билмегейсең, билгенниң тилин де алмағайсаң» деп келтиреди.

Белгили философ Жан Дюкло былай дейди: «Наданлықтың үш түри бар, биреўи дым билмеў, екиншиси-журт билетуғынды жаман билиў, яғный билемен деп ғоддаслаў, үшиншиси билиўге кереги жоқ нәрселерди билиў».

Бул мәселеде Платон тағы былай дейди: «Тап-тақыр наданлық

жаманлық емес, шала меңгерилген билимди шаймалай бериу оғада жаман».

Расында да ҳәзир «көп билетуғын» наданлық пенен бирге жалған билимпазлық пайда бола баслады. И.Кант: «Жалған билимпазлық наданлықтан да жаман. Наданлық қуры жер, оны оңлап туқымды себиўге болады. Ал жалған билимпазлық тамырласқан ҳарам шөп басып кеткен дала, оны отап жөнлеў мүмкин емес деўге болады» деген еди.

Демек наданлық пенен бирге жалған билимпазлық ушласса оны философияда «белсенди наданлық» деп атайды ҳәм оны қаралайды. Белгили И.Гёте «Белсенди наданлықтан қорқынышлы ҳеш нәрсе жоқ. Ол жөнсиз сынайды, билемен деп сайрайды, өткен тарихымызда иске асарлық ҳешнәрес жоқ деп даўрық салады» деп дурыс көрсетеди.

Улыўма наданлық тек адамға ғана емес, жәмийетке де зыян. Соңлықтанда А.И.Герцен Россия ҳаққында XIX әсирде былай деген: «Бизиң жарлылығымыз бизиң наданлыгымыздан, бизиң наданлығымыз бизиң жарлылығымыздан». Шынындада халықтың артта қалыўының тийкарғы себеби оның наданлығынан, олақлығынан ҳәм руўхыятының төменлигинен.

Адамлар ақыллы болыўы ушын илимди ийелеўи керек. Күнниң жер жүзин жақтыртқаны ҳәм әлемге мәңги өмир бағышлағаны сыяқлы, илим де жүректи нур менен жақтыртады, кеўилди өсиреди, тәжирийбени асырады. Илим тәжирийбелериниң шыпалы дәри-дәрманлары адамларды аўыр наданлық кеселлигинен қутқарады. Билим ағашының мийўасы ақыл-парасат, адамларға ғамхорлық.

Билимли болыў ҳәммесинен бурын адамның өзи ушын, өз ҳүрметин асырыў, басқаға иззетин көрсетиў ушын керек. Илим тек басқаларға үйретиў ушын ғана үйренилген болса, оннан адамның өзи пайда көрмесе, оның әҳмийети болмайды. Себеби даналардың айтқанындай, адам илим ҳәм дүнья малдан әўеле өзи пайдаланып, кейин басқаларға үлестирип бериўи керек. Жақсы нәтийже берген жаңалықларды, тәжирийбелерди әўеле өзиңе, кейин басқаларға енгизиў зәрүр, сонда оның ақылы артады, абыройы өседи.

Соңлықтан Құраны Кәримде «Алымның уйқысы, наданның ибадатынан артық» делинген. Ақыллы адам қылатуғын истиң кейни не менен аяқланатуғынын көз алдына келтиреди. Яғный ең дәслеп есикке кирместен бурын оннан қалай шығыўды ойлап алыў ақыллылықтың белгиси.

Белгили алым Абдулқәдир Нурий былай дейди: «Ақыл инсан ушын ең жоқары зәрүрликтиң бири. Ақыл менен затлардың

сыры ҳәм негизлери үйренилип, илим ҳәм билим ийеленеди, кәсип пайда болады. Бир ҳәким айтады: «Ақыл жүрек ишиндеги нур, бул нур менен ҳақ ҳәм наҳақ билинип алынады». Басқа ҳәким айтады: «Ақыл өз ийесин дүньяның ҳәр қыйлы апатларынан қутқарады», және бир ҳәким айтады: «Ақыл жанның өмири, ал жан болса, дененин өмири». Тағы бир ҳәким айтыпты: «Кисинин нәпси ақылынан үстем болса, ондай адамның ҳайўаннан парқы жоқ. Демек, дейди ол: Илим ийелеў жолында беккем турыўдан гөре жақсырақ ис жоқ. Себеби илим кисини иззет ҳәм абыройға жеткизетуғын қурал болып есапланады.

Ақыл ҳәр бир халықтың руўхияты менен байланыслы. Руўхият сол атам заманнан бери пайда болып, күни бүгинге дейин өзинин тәсирин саклаған кәдирият. Биз тоталитаризм дәўиринде халқымызға тән усы руўхый өзгешеликлерди жоғалта жазлап, ақылдан да алжаса басладық. Себеби ақыл-ой дегенимиз руўх, руўхият. Белгили Гегель «Руўх философиясы» деген мийнетинде «Руўх ҳақыйқаттың тиккелей өзи болғанлықтан адамлардың адамгершилик өмири. Ол талай заманларды бастан кеширеди. Заманның өзгериўи менен руўхый түскинликлер руўхый көтериңкиликлер бола береди» деген еди.

Бул дурыс пикир еди. Кешеги ҳәкимшилик заман сиясаты бизиң руўхыйлығымызды ойсыратып кетти. Соның ушын биз ҳәзир ақыл-ойдың күшинен шыға отыра, оның ығбалында руўхыятымызды жанландырып қайта тиклеп улыўма прогресске аяқ қосыўымыз керек. Сонлықтан да ҳүрметли Президентимиз И.А.Каримов руўхый тиклениў бул пәкленип, өткен руўхымызды басқан мусаллатлардан қутылып, жоқары руўхиятқа жетиў екенлигин тынбастан тастыйықлайды. Солай етип биз жасларымызды бизден де билимдан, бизден де шаққан болып, ҳәр қандай жағдайларда басқа еллердиң азаматлары менен теңдей турып ўәжлесетуғын етип тәрбиялаў керек, деп үйретеди.

Ата-бабалардың турмысынан ибрат алып, олардын тәжирийбесинен пайдаланған адам ақыллы есапланады. Өзим билемен, дейтуғын адам ҳәмме ўақыт машақаттың ишинде болады. Ҳәр бир зыянлы нәрседен бир пайдалы нәрсе шығады. Лев Толстой былай дейди: «Адам өзиниң ҳәр бир көрген зыянын бахытсызлық, деп есапламасын. Себеби ол оның ҳақыйқат бахтының шын басламасы болыўы да мүмкин». Ең жақсысы басқалардың көрген зыянларын нәзерде тутып, олардан пайдаланыў ҳәм үлги алыў керек. Егер саған тәғдир лимонды инам етсе, сен оны лимонадқа айландырыўың керек. Себеби адамның ең бир әжайып қәсийетлериниң бири минусты плюске, яғный ашшыны душшыға

айландырыў. Бул жолдан бармаған адамлар күннен-күнге жеңилиске ушырайды ҳәм ақырында тәжирийбеден сабақ алып тууры жолға түсип алганша өлим уақты да келип қалады. Кимде ким пурсатты қолдан берсе, ҳәрекет етип бир исти әмелге асырыў орнына жалқаўлық қылса, дурыстан гүманланып ямаса өтирик гәплерди тууры деп есапласа, оларды басқаларға айтып жүрсе, өтирикшиниң өтиригине исенсе, өз тәрепдарларын бузақы адамлардың сөзине ерип ренжитсе, оны ақылсыз адам деўге болады.

Ақыллы адамлар пәс ҳәм жарамас орталыққа түсип қалса, оннан тез қутылып шығыўға ҳәрекет етеди. Кимде ким соқырларша биймәлим жолға атланса, халықтың баратырған жолынан узакласса ҳәм қаншама көп жүрсе соншама адаса береди. Егер бир адамның көзине шөп түссе, оны алып тасламай, әҳмийетсиз бир нәрсе деп есаплап көзин уўқалай берсе, ол пүткиллей соқыр болады. Ақыллы адам көптиң райы менен есапласып, соған исенеди, бирақ соның менен бирге, ақыллы ҳәм тәжирийбелилердиң сөзлерине де қулақ салыўы керек. Ақыллы адам өзине раўа көрмегенди басқаға да раўа көрмеўи зәрүр. Себеби ҳәр истиң өз сыйлығы бар, ўақты келгенде, әлбетте, ақыбети мәлим болады.

Сонлықтан да халқымыз «қыя басқан адымың қырық жылдан кейин де белгили болады», ямаса «қайтар дүнья» деп дурыс айтқан. Олай болса кисиге жаманлық етип, сырттан сатып, өзи атсыз қалып, домалақ хатлар жазыўшылар да түбинде белгили болып, өз исине пушайман жейди. Ақылсызлықтан ислеген «соңғы пушайман, өзиңе душпан» дейди.

Демек, адамның ҳәр бир ислеген иси ақыл-парасат пенен исленген болыўы керек. Өзиң жақсы билмеген ҳәм жақсы түсинбеген затты басқаларға үйретиўге болмайды. Парасатлылық өткен иске салаўат деп қарап, оны түсинип, мойынлаў, бахытсызлықты жеңиў ушын жоқарғы қәдем. Шыдамсызлық, бийтақат сезимлер адамды шаршататуғын жағдай. Болары болып бояўы сиңип кеткен нәрселерди еске қайта-қайта алып пушайман жей берсең ол езбеликке жол қойғанлық болып, ол өзиңниң жүйкеңе тәсир етип коймастан, дөгерегиңе де жағымсыз жағдай туўғызады.

Алымлардың айтыўына қарағанда, гипертония кеселлиги менен аўырған адамлардың ең тийкарғы қәсийети өкпешиллик екен. Бирдейине гийне тутып жүрген адамлардың қан басымы жоқары болады ҳәм жүрек аўырыўына дуўшакер келеди. Халық аўзында ескиден киятырган «ашыўланыўға уқыпсыз адам-ақмақ,

ал ашыўланыўды өзине раўа көрмеген адам дана» деген сөз бар. Сонлықтан да душпан менен есапласыўға да урынбаў керек, себеби ол адамға қымбатқа түседи.

Қайғы-ўайымға берилиў де ақылға туўра келмейди. Керисинше дөгерекке қалай жақсылық ислеўдиң жолын ойлана берген хәм адамларды қуўанта бериўге умтылыў ақыллылықтың көриниси. «Жақсылық ис дегенимиз,-дейди Мухаммед пайғамбарымыз,- бул биреўдиң кеўлин хошлап, мыйық тартатуғын мүмкиншиликти аңлатады». Жақсылық етиўге мақсет адамды өзи туўралы ойлаўдан азат етеди, қайғы-ғамын, бийтақат сезимлерден қорғайды. Биреўлерди бахытлы етиў арқалы өзиниң ақыллылығын көрсетеди.

## 2. Баҳалылық философиясы

Баҳалылық ямаса қунлылық философиясы илимде аксиология деп аталып, улыўма философияның бир тараўы болып есапланады. Ол гректиң «акга» қунлылық, «логос» илим дегенин аңлатады. Аксиология баҳалылықлардың тәбияты туўралы оның ҳақыйқатлықтағы орны хәм қурам бөлеклери, яғный социаллық хәм мәдений факторлар менен шахс арасындағы хәр түрли баҳалардың байланысы туўралы илим.

Баҳалылық әййемнен бери, бүгинге дейин дүнья ойшылларын ойландырып хәм толғандырып келген мәселе. Былайынша қарағанда хәммеси түсиникли сыяқлы: баҳалылықтың өзи баҳалы нәрсе. Солай да адам ушын не нәрсе баҳалы хәм не ушын ол баҳалы? Гейпаралар ушын баҳалы нәрсе басқалар ушын неғе баҳасыз көринеди? Не ушын адам тек өзи ушын баҳалы нәрсени, нағыз баҳалылық деп есаплайды. Мысалы «Бекирениң бел кеспесин жемейтуғын басым, қолаңсыған қой гөшине дуўшакер болдым» дегендей баҳалар.

Жәмийеттиң хәр түрли басқышларында адамзат баҳалылықты хәр түрли түсинген. Айтайық қул ийелеўшилик дәўиринде қулы болмаған хожалыққа төмен баҳа берсе, кейинги аристократиялық жәмийетте үйинде үй хызметкерлери болмаған шаңарақты дөгеректегилер менсинбеген. Ал кешеги шоралар дәўиринде үйине хызметкер жумсағанға төмен баҳа берип, оны айыплаған.

Баҳалылық мәселесинде адамлар ертеден-ақ ҳақыйқаттың, сулыўлықтың, қайырхомлықтың, әдалатлықтың қунын жоқарыға қойған. Лекин бул баҳалылықлар турмыста әмир сүрген менен, адамлар ис-хәрекетинде оларды салыстырып көрип өзинше баҳалар берген.

Хәммеге белгили аксиома: дүньядағы барлық бахалылыклар адамға тийисли хәм оған байланыслы. Ал, ол бахалылыкларды адамлардың хәммеси бирдей тән алама? Бирдей бахалайма? Жоқ деп жууап бериуге туура келеди. Себеби ол бахалылыклар өзиниң тарийхый түсиниклери менен, иске асыуы менен салыстырылып қаралса бул мәселе белгили болады. Буннан сол хақыйқый тарийхый дәуирдеги өмир сүретуғын адамлар хәм социаллық топарлардың зәрүрлигин хәм мүддетлерин өтейтуғын түсиниклер ғана бахалы болғанын көремиз.

Айтайық мәмлекет адамзат ушын оның мәпин, хуқықын қорғайтуғын хәм еркинликке уәде беретуғын бахалылық ретинде белғили болса, XIX әсирдеги француз короли Людвиг «мәмлекет деген мен» деген баха берген.

Бахалылық адамлардың түсиниклеринде хәм халықлардың санасында жағдайға байланыслы хәр түрли көринеди. Айтайық Шығыста адамның бахалылығы әдеплилик пенен бахаланған. Белгили—Хәким Улуқпан мынадай дейди:

—Анушируан әдил (531-579 жж) патша уазири Бузурхмехрге «қашан, қаяққа барса да адамлар жақсы қабыл ететуғын киси ким?—деп сорау береди, ол: «Әдепли адам» деп жууап берипти.

Турмыстың тараулары көп, сондағы хәр қыйлы бахалылықтың бири Шығыс халықларының миймандослығы. Қарақалпақлар «мийман атандай уллы» деп есаплап, «қонаққа жалғыз атын сойып берген». Бул бахалылықты данышпан шайыр И.Юсупов былай көрсетеди:

Бизиң халықтың кеўлин қайсы бир гезде,<br>
Хешқандай хүкимдар,<br>
Хешбир патша, хан<br>
Миймандослық деген дууалы сөзди<br>
Биллахий, хеш қашан жаулап алмаған

Бахалылықтың ғейпара мәселелерде адамлардың көз-қарасларында бир-бирине сәйкес келе бермейтуғынын мынадай пикирлерден де көриуге болады. Мысалы хаяллардың бахалылығын биреулер «бала тапса, нан жапса болды» десе, екинши бир шайырлар: «Сүйғениң алдында салланып турса, мехман күтсе басқа иси болмаса» деп бахалайды. Ал хәзирги күнде гейпара пайдакүнемлер бул мәселеғе утелитаризм тийкарында қарайды. Айтайық: өткен оқыу жылында Нөкистеги жоқарғы оқыу орынларының бирине жоқары баха менен кирип, оқыуды баслаған қызды, оның шырайлылығына қызыққан бир бардамлы адам

малға жығып, баласына келиншек қыларда, қыздың тәрепи оның оқыўын не қыласыз дегенде, ол «бизге оқыўының кереги жоқ ақшаны санаўды билсе болды» деп қызға берген баҳасының гүўасы болғанбыз. Сондай-ақ бул дизимде, яғный ҳаялдың баҳалылығын түсиниўде басқаша да көзқараслар көп. Мысалы: «Сулыў сулыў емес, сүйген сулыў» деген баҳа сүйиспеншиликтиң жоқары қунлылығын көрсетеди. Ал бизиң миллий ғәрезсизлик идеямызды «Меҳир-муҳаббат, гөззаллық ҳәм нәзиклик, өмир мөңгилигиниң тымсалы болған ҳаял заты» жоқары баҳалылық.

Гейде баҳаның қуны адам жасап турған кеўил күйи ҳәм жағдайы менен де байланыслы болады. Бизде дүньяда ҳәмме нәрседен де, денсаўлық үлкен баҳаға ийе. Лекин, гейде И.Юсупов айтқандай:

О денсаўлық, денсаўлық
Сен бир жүрген қол жаўлық
Базарың түсип кеткенде
Баҳаң пияз бир баўлық.

Демек, «алтынның қолда барда қәдири жоқ».

Улыўма өмирде баҳалылық салыстырылады. Лекин баҳалаўдың тийкарында философиялық, яғный диалектикалық терең ойлаў жатыўы зәрүр. Бир адамлар бар, адам менен адам мүнәсибетин дослықты, мехрибанлықты, сыйласықты, сақыйлықты, жоқары баҳалылық ҳәм ғәнийбет деп есаплайды. Соның менен қатар турмыста әшкөз, такаббир адамлар да ушырасады. Олар бир нәрсени басқа биреўлерден сыйлыққа аламан деп үмит етпейди. Ал қәлеген нәрсесин, олардан күш пенен ямаса ҳийле менен тартып алыўды ойлайды. Биреўден тартып алған нәрсе оған удайы өзиникинен жақсы көринеди де турады. «Биреўдики биреўге қыздай көринеди». Баҳалылықтың ол тәрепдарлары ушын ҳәрбир адам пайдаланыў объекти ретинде қаралып, оның жеке пайдасы бойынша баҳаланады.

Гейпара илимпазлар баҳалылықты турмыслық ҳәм мәденийлик деп екиге бөледи. Бириншиси уталитарлық қунлылық, яғный пайдалылықты жоқары баҳалаў.

Екиншиси дүнья таным баҳалылықлары. Олар эстетикалық баҳалылықлар, жәмийетти услап туратуғын адамгершилик қәсийетлер.

XX әсирде философия тарийхында ең алдыңғы орында прагматизм деп аталатуғын, кәсиплерге тийисли баҳалылықларды нәсиятлайтуғын философиялық ағым пайда болды. Ол бур-

жуазиялық философияның көриниси, деп есапланып, өткен шоралар дәуиринде, бизиң елде тән алынбады.

Шынында да прагматизмде өзине мақсет қоя билиў қәбилети менен, оны иске асырыў, жасап турған жағдайға тәсир етиўи менен, басқалар менен бирге отырып, ҳақыйқатлықты өзгертиў. Онда өмир алға қойған ўазыйпаларды шешиў менен, сыпатланатуғын улыўма актив ҳәрекет арқалы инсан ретинде турмыслық мәселени шешиў ҳәм оған қойылатуғын талаплар белгиленеди.

Бул баҳалылық та дыққатқа муўапық. Себеби гейпара ўақытларда пайда менен табысқа бағдарланған сана-сезимди «реалистлик» деп те атайды. Ол реал хызметте белсендилик, инициативлилик, өзиншелик сыяқлы қәсийетлер алға сүриледи. Ол өзге ушын емес, өзим ушын өмир сүргим келеди деген философияны сыпатлайды. Оның тийкары «Бес күним, хош күним», «Биреўге хызмет етип зәрүрли болғым келмейди, өзиме-өзим хожайын болғым келеди».

Бул батыстағы үлкен баҳалылық деп есапланған адамлардың индивидуализминиң көриниси болып, бизиң Шығыстағы жәмәәтшилик, меҳрибанлық сыяқлы баҳалылыққа туўра келмейди.

Демек, прагматизмдеги баҳалылықты да абсолютлестириўге болмайды екен. Себеби прагматизмде күн көриў ушын гейпара баҳалылықлардан бас тартыўға тийисли болады. Онда келешекти ойлаў, социаллық жаңаланыў, руўхый жақсыланыў, мәдений жетискенликке кеўил қойылмай, мақсеттиң ҳәммеси «қалып қоймаў», «жыйнай бериў» «тек өзиң ушын» деген сыяқлы пайда түсириўге қаратылады. И. Юсупов пайдакүнемлик ҳаққында:

Руўхый дүньясы оның болды ноль
Ишип жеў, пайда қуўыў болды талабы,
Гөши қандай екен, деп бул қустың ол
Бүлбүл сайрап турған жаққа қарады, —дейди

Пайдакүнемлик ең баслы баҳалылық болған адамды сүйе билиў қәбилетинен айырады. Сүйиў, унатыў, өзиңди кисиге бағышлаў, сақыйлық деген баҳаны билдиреди. Булар баҳалылықтың екиншисине тийисли болып жәмийеттиң тутқасы болған мәдений баҳалылықлардың көриниўи болады. Ал пайдакүнем өзин, белгили Фаусттың үлгиси бойынша жанын Әзазгүлге бериў арқалы пайданы услаўды нәзерде тутады.

Ҳәзирги замандағы баҳалылық философиясы ҳәрбир адамның өзиниң баҳасына да қолланылатуғын болды. Адамның өзиниң

зат ретинде қунлылығын баҳалаў келип шықты. Оны «шахслық баҳа» деп атайды. Онда да адамды зат баҳасында баҳалаў принципи, нырқы көринеди. Бул базарда шахс өзин сатыўға усынатуғын болды. Бундағы табыс адамның өзин қанша жақсы сата алыўына байланыслы. Онда оның қәўмети қаншалық дәрежеде тартымлы, минез-қулқы қанша дәрежеде жағымлы, ол қанша дәрежеде сергек ҳәм беккем, исенимли, ис шеберлиги менен бир қатарда жасаў жағдайына адамлар менен тил табысыў дәрежесине қарай өтимлилиги белгиленеди. Бул талапларға толық туўра келиў оның нырқын көтереди.

Ал гейпаралардың баҳалылығы белгили данышпан Мақтумқулы айтқанындай: «Гей биреўдиң басындағы ақылы, кийген телпегиниң қунына жетпес».

Гейпара адамлар халқымыз айтқанындай «қырыққа келсе де, нырыққа келмейди». Ал, ҳақыйқый инсан өзиниң өмириниң баҳасы ҳаққында ойлағанда, әлбетте өзиниң өтимли затқа айланыўын көбирек арзыў етеди. Демек, шахс унамлы зат сыяқлы өз базарында шырайлы ҳәм өтимли болыўы тийис. Сонлықтан да «Көп жүрме балам қыз алмай, базарына өзиңди сал» (А. Дабылов) деген көринисте ҳәрбир адамның баҳасы да базар нырқы менен өлшенетуғынлығын көрсетеди. «Шымшық тасына батпан. Ешек озсам дейди аттан» (И. Юсупов) дегендей бул базарда да конкурс болады.

Әлбетте адамның баҳалылығын бул имтихан, ең дәслеп оның әдеп-икрам тийкарындағы баҳалылығынан болатуғынлығын ядта саклаў зәрүр. Баҳалылық бағдарында, оңлы нәтийжелер бериў ушын, оның қатнасыўшыларының белгили бир минез-қулық режелерине сәйкес болыўы талап етиледи. Сонда ғана ол қунлы болады.

Турмыста ҳақыйқат, гөзаллық, мехир-ақыбет, әдалатлылық, еркинлик сыяқлы баҳалылықларды халқымызға тән әдеп-икрамлық дәрежесинде пайдаланса, ол шынындада жоқары баҳалылық болады. Оны өз бойына сиңирген, жәмийет мәпин жеке мәплерден жоқары қойып, социаллық келисим менен сәйкесленип, абрай ушын хызмет еткен шахс жоқары баҳаға ийе болады.

Гейпара баҳалаўларға қарағанда, Қарақалпақстан халқының санасындағы ең жоқары баҳалылық адам өмири, еркинлик, шаңарақ, жеке бахыт, диний иланым, нәсилди қәстерлеў, денсаўлық, қарым-қатнас, мехрибанлық, ғәрезсизлик, суўдың молшылығы, тынышлық, нызам, абырой, муратқа жетиў, бизнес болып булар ушын инсанлар жан тәни менен хызмет ислеп, соның тийкарында еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыўға умтылады. Бул

баҳалылыкларды кәстерлей отырып, олардың иске асыуында халқымыздың санасына орналасқан жоқары мәнәуияттың әҳмийетин көзде тутады.

Халқымыздың бул өлшемлерине байланыслы Өзбекстанда Президентимиздиң пәрманы менен адамның өмирин ең жоқары баҳалылық деп есаплап, елимизде өлим жазасы бийкарланды.

Өзбекстанда ең жоқары баҳалылық хүрметли Президентимиз И.А. Каримовтың тастыйықлағанындай «Мәнәуий тәрбия мәселеси хеш гүмансыз, шексиз әҳмийетке ийе».

Соның менен қатар елимизде ең жоқары баҳалылықтың бири бул ислам дини. Буның себеби И.А. Каримов айтқанындай «Муқаддес динимиздиң ҳақыйқыйлығы ҳәм пәклиги, инсанпарўарлығы ҳәм бауыры кеңлиги адамзатты ҳәмме ўақыт жақсылыққа шақырыўы, өмир сынаўларында өзин аңлаған қәдирият ҳәм дәстүрлерин бабалардан әўладларға жеткериўде шексиз орны ҳәм әҳмийети менен байланыслы».

Халқымызда ертеден-ақ ең жоқары баҳалылықтың бири исбилерменлик болған. Бул ҳаққында Әмир Темур: «Шаққан, өткир исбилермен, сергек, мәрт ҳәм тәўекелши бир киси интасыз, бийпарўа мың кисиден жақсырақ» деген еди.

Улыўма алғанда адам баҳалы болыў ушын жәмийет ҳәм инсанның алға қойған қәдириятларына садық болыўы оның баҳасын көтереди ҳәм ол адамның жоқары әдеплилигиниң көрсеткиши болады.

## 3. Бахыт философиясы

Бахыт философияда ең фундаментал ой-қыяллардың бири. Ол жүдә тийимли жемисли ҳәм кәстерли социаллық идея әдепикрамлықтың жемиси.

Ол идея ҳәмме инсанның талпынған шыңы, өмириниң арзыўәрманы. Лекин бул әрманды түсингенде адамларда, ол бир тақылетте көринбей әлўан муқамға дөнип, оның қолына услатпай ағып, суў қысымлағандай көринип те қалады. «Бахытлы адамлар бири-бирине уқсайды, Бахытсыз адамлар өзлеринше бахытсыз» (Л.Н.Толстой)

Олай деўимиздиң себеби бахытты ҳәр қыйлы жағдайда ҳәр ким ҳәр түрли түсинеди. Биреўлер «бизлерге бахыт келди» деп қуўанса, биреулер «бизге бахыт қайда» деп гүрсинеди, гейпаралар пайда тапса «бахытлыман» ямаса иси жүриспесе «бахытсызбан» деп налыйды. Ал биреўлер мен «сизлерди бахытлы қылайын» деп жорғалайды. Болмаса «пәленшениң бахты ашылды» деп билдирсе,

екинши биреўлер «Бахтың тайып жүрсе де» деп қосық айтады. Сондай-ақ «Бахтың жатпасын» деп пәтия берип, оны илаҳий күш ретинде қараса, биреўлер «мениң бахтыма бул ис жақсы болды» дейди. Гейпаралар бахыт деген «ақша» десе, басқалар «байлық» яки «сәтли үйлениў», «оқыўға кириў» ҳәм тағы басқа өлшемлер арқалы тәрийплейди. Ал гейпаралар «Бахыт тойымыз болды» деп қуўанады. Лекин тойдан кейин тек бахытлы жағдайлар бола бермейтуғынын ойламайды.

Улыўма бахыт ҳаққында бундай түсиниклерде биразлар бахытты иләҳийликтен излеп, абстракцияны пайдаланып, бахыттың шын мәнисинен шықпаған туйғылар сыяқлы көринеди.

Илимий түсиниклерде бахыттың мәниси туўралы пикирлер менен көз-қарасларды ҳәр түрли анализлеўде өз алдына әҳмийетли. Олардың бири «бахыт сүйиспеншиликте?» деп тужырымлайды. Олай болса бахыттың тез өткиншилиги белгили емеспе? дейди екиншилер. Бахыт жаслықта ма? Олай болса белгили данышпан Цицерон ғаррылық бахытлырақ деп есаплайды. Бахыт байлықта ма десе сонда неге байлар да жылайды. Ямаса тойымшылықтан бас тартып өзин-өзи шеклегенлер қәтелесеме? деп қарсы шығады.

- Бахыт бәлким дослықта болар десе, онда неге «достыңнан сақлан, душпан оннан қәўипли емес» деп ескертеди. Ал, билим ше? Лекин билим алған адам қайгыны да арқалайды. Даңқ қалай? «Даңқты излеме, өйткени онда сени ҳәр бир жағымпаз таўып алады» дейди. Демек, бахытты түсиниўдиң қайшылықлары илимде де ҳәр қыйлы.

Солай болса да бахытты анықлаў ҳәм дәлиллеў мүмкин сыяқлы.

—Әпиўайы пуқаралардың санасындағы көп таралғандай бахыт: сәтлилик, бахыт-қусы-қоныўы, өмирден қанаат, ләззет алыў, қуўанышқа бөлениў, жоқары ийғиликке ҳәм қәдирлиликке ийе болыў түсиниги еле жеткиликсиз. Бахыт бул ләззет алыў мөлшери де емес, сәтлилик, қуўаныштa да емес, айтарлықтай нәтийжелерге ийе болыў да емес. Ол өмирден пүткиллей толық, узақ қанаат алыў, қуўаныш ҳәм қайғы-хәсиретлер арқалы болмыстың қупыя мәнисине ийе болыў.

Адамның бахты туўралы философияда үш бағдар бар. Олар бахыт психологиясы, бахыт аксиологиясы, бахыт социологиясы.

Бахыт психологиясында бахыт жағымлы кеўил күй, өмирден ләззет алыў, қуўаныў, шадлық және рәҳәтлениў. Гейпаралар өзиниң бахтын ҳәм бахытсызлығын сырттан излейди. Ол бәринен бурын өзимиздиң ишки дүньямыздан ғәрезли. Себеби ҳәр бир инсанның қайырлылық-жаўызлық, адамгершилик-пәслик,

мехрибанлық-қаталлық, уят-уятсызлық, жақсылық-жаманлық, әдалат-әдалатсызлық хәм тағы басқа өмиринде өзине жолдас болатуғын психикалық пишинине ийе болады.

Олай болса, адамның реаль турмысындағы бахты сол пишинине сәйкес келиўи менен анықланады.

Сонда да бахыт психологиясы тийкарынан кеўил-күйди анықлайтуғын ләззет алыў, бахыт түсинигин бир пүтин қыла алмайды. Айтайық гейпаралар ең жаман қәсийет болған садизмди ямаса басқа биреўдиң қайғысынан, оны бәлағатлаўдан ләззет алса, ал гейпаралар сүйиспеншиликтен, дослары менен бөлискенинен, өз дөретиўшилигинен ләззет табады.

Демек, адамның бахты сыртқы жағдайға өзиниң психикалық пишини арқалы қатнасыўында. Мысалы, сизиң жеген кешки аўқатыңыз мазалыма? Егер сиз жумыстан аш болып келсеңиз-ол шийрин. Егер сиз ресторannнан келсеңиз ол сизиң ушын қанаатланыў туўдырмайды. Демек бахытқа, бахытсызлыққа да сизиң ишки дүньяңыздың сыртқы дүньяға баҳасы жуўапкер. Себеби тағамның мазасы барма, жоқпа ол тек ғана тағамның сапасынан емес, ал, адамның ишки аўҳалынан зәрүрли.

Аксиологиялық көзқарастан алғанда бахыт бул адамның баҳалылығы, қунлылығы. Адам өмириниң қайыр сақаўатлығының өлшеми. Бахыт қайырлылық, сақаўатлық, соған байланыслы қәдир-қымбаттың артыўы. Тек сол қәдирлилик ғана оның бойындағы жақсы қәсийетлерди раўажландырады, оның баҳалылығын арттыра береди. Адамның дүнья менен қатнасын хәм байланысын баҳалайтуғын өз позициясы болады. Егер ол шын пәк болса, объективлик мүмкиншиликлерге сай болса, онда адам бахыттың үш әҳмийетли шәртине жетеди. Олар өзиниң қәўипсизлиги, өзин-өзи бекитиўи хәм жағдайды дурыс түсиниўи.

Шынында да бахыт дегенимиздиң мәниси адам өз турмысынан жоқары дәрежеде қанаатланыўы. Өзиниң өзине кеўли толып өзин-өзи жоқары баҳалап, өзиниң күшин өзи аңлап, неге уқыплы екенин билип, соған сәйкес турмысына ырза болыўы. Тереңирек қарағанда, бахыт сол, сени жумыс орнында толық баҳаласа, мийнетиңе ылайық ҳақы төленсе, сени досларың, жақын-жуўықларың, кәсиплеслериң ҳүрмет етсе, өзиңниң алдыңа қойған мақсетиңе ериссең, өз уқыплылығыңды толық иске асыра алсаң, сонда сен бахытлысаң.

Бахыт социологиясында бахыт адамлар умтылатуғын ҳүрмет, байлық, урпақ өсириў, дәўлетли ғаррылық сыяқлы ҳәммеге белгили ийгиликлерде характерленеди. Бунда жәмийетлик

ийгиликлерге жетиў жоллары, қураллары ҳәм ҳадал мийнет айрықша орын ийелейди.

Шынында ҳәрбир инсан өзиниң рауажланыўын, өзинин көриниўин, өзиниң бар мүмкиншилигин сыртқа шығарыўды қәлейди. Ҳәм ол иске асса өзин бахытлы сезеди. Демек, кисиниң бахыты тутыныўда ғана емес, оның өниминде, дөретиўшилигинде. Бул дүньяда өмириңнен өз изиңди қалдырыў, алға қойған мақсетиңе жетиў, өзиңнен барлық қуўатыңды көрсетиў кисиниң турмысының өмирлик мураты. Демек, инсан сол муратқа жетсе ҳақыйный бахытлы болады.

Адам қалай бахытлы болады? Бул сораўға ҳәмме адамға теңдей жуўап табыў қыйын мәселе. Себеби ҳәр кимниң жәмийетлик аўҳалы ҳәр түрли, дүньяға көз-қарасы ҳәр қыйлы. «Ҳәр гелледе мың қыял».

Лекин оның еки жолы белгили. Биреўи-сыртқы, деп аталады. Ол мәмлекетке бой таслаў. Мәмлекеттиң пуқаралардың бахытлы жасаўы ушын жуўапкершиликти өз мойнына алыўы-ҳақыйқат. Мәмлекет буны иске асырмақта, лекин бул қыйын ҳәм алыс жол. Буннан адам бирден бахытлы болып кете алмайды.

Лекин, басқа екинши аңсат жолы бар. Ол адамның дөгерегиндеги барлық затларға, ҳадийселерге қатнаста жуўапкершиликти өз мойнына алыўы, баққымандалықтан қашыў, бийпәрўалықтан қутылыўы.

Себеби бахыт тек адамға тән, инсанға миясар жерлик тийкарға ийе. Адам бахытқа талпынып, бахытлы болыўға умтылып жасайды. Өйткени ҳәр бир адам өзин көбирек табысқа, артығырақ несийбеге, жоқарырақ мәртебеге миясар деп ойлайды.

Әлбетте бахыттың дәреги мийнет. Лекин мийнет бахытсыз да болыўы итимал. Бирақ бахыт мийнетсиз келмейди.

Жуўмақлап айтқанда, бахыттың мынадай характерли белгилери болады: Биринши—қайғысыз, жоқшылықсыз, аўырыў-сырқаўсыз, бәле-жаласыз өмирди билдиретуғын ийгиликли, берекетли аўҳал, рәҳәтли мийнет.

Екинши—зәрүрлиликти қанаатландырыў. Зәрүрлиликти жабыў ушын белгили дәрежеде қәлиплескен жасаў балансын шөлкемлестириў. Бул мәселеде адамның меншиклиги үлкен әҳмийетке ийе. Меншиксиз еркинлик те, байлық та болмайды.

Үшинши—қанаат, ырзашылық өзине-өзи кеўли толыў. Бул адамның қәлеўине сай ләззетли өмир сүрип атырғанлық сезимин билдиреди.

Төртинши—бахыт қуўанышсыз болмайды. Адам қуўанышында өз ақыл-ойының, сезиминиң баҳалылығының жыйынтығын көрсетеди.

Бесинши—бахыт адамның өмирди инсаный мәнилик ҳәм миннетлилик тийкарында баҳалаўы ҳәм өткизиўи, қайырлылығы тийкарында ҳүрметке ийе болыўы, муратына жетиўи.

Мине усы тийкардан өзиниң бахтын тапқан адам бахытлы болады, жадырап-жаснап, көтеринки кейпиятта жүреди. Оны биреў кемсите алмайды, ол мәртебели, абыройлы ҳәм қатарының алды болады.

## ЖУЎМАҚ

Әдеп инсанның еркин кәлеўин көрсететуғын әҳмийетли пазыйлетлериниң бири. Ол пүткил жәмийет, миллет халық, шахс бағынатуғын социаллық тәртип, талап ҳәм қағыйда. Оның үстемлигинде кисиниң қылық-қылўалары баҳаланады, тәртипке салынады ҳәм басқарылады. Ол инсан искерлигин тәртипке салыўды басқа тәсир формаларынан өзиниң ықтыярлығы ҳәм тийислилиги менен айрылып турады. Мысалы адамды ҳуқықтын жөнлеўи бул олардың тәртибин нызамлар дизими арқалы ретлеў болады. Буның халайыққа тәсири әдеплилик талқысынанда көринеди. Қандайда нызамның бузылыўы әдеп-икрамлылыққа жатпайтуғынын билдиреди. Соның менен қатар жәмийетте нызамда көрсетилмеген қылық-қылўалар да әдеплилик өлшеми менен жөнленеди. Мысалы, турпайылық ямаса гейпара ўасўаслықты жазалаў нызамда көрсетилмеген. Лекин жәмийетлик яки жеке пикирлерде олар талланады ҳәм оған тәмби бериледи. Плотон мынадай дейди: Бизлер жийи-жийи жәмийетлик пикирденде қорқамыз. Егер гейбир жақсы емес сөзлерди айтып қойсақ, ямаса ислеп қойсақ, олар бизди пәс адамлардың қатарына қосып қояды деп ойлаймыз. Бул қорқыныш түрин бизлер уят деп атаймыз. Ал уят болса, нызамлар қадаған етпеген ислерди қадаған етеди. Аристотель де бул пикирди мақуллап: уят бул ҳарамлықтан қорқыўдың көриниси. Өзиниң жеке гүнәларына итибар бермеўшилик уятсызлықты туўдырады, дейди.

Солай етип, адамның жәмийеттеги өмири тек ғана ҳуқыққа бағынып қоймастан, соның менен бирге әдеплилик арқалы жөнлеў менен де байланыслы. Әдеп адамлар арасында жасап турған қатнаслар ҳәм сол қатнаслардан шығатуғын ўазыйпалар ҳаққындағы илим. Сонлықтан ол қағыйдалары, талаплары миллет яки халықтың үрп-әдетлери, салт-саналары тийкарында тәбийий-ықтыярлы жағдайда қәлиплеседи. Әдеп қағыйдалары, талаплары жәмийетшиликтиң пикир-талқылаўлары, тәсири арқалы иске асады. Әдеп қағыйдалары инсанның инсан сыяқлы жасаўын, ислеўин, турмыс тәризин белгилеўши мийрасларга таянады, ҳәммеге тийисли ҳәм орынланыўды талап етеди. Өйткени ол беккем жәмийетлик тәртип-интизамның жыйынтығы. Ол арқалы шахстың руўхый-мәнәўий искерлиги, оның күнделикли қылық-

қылўалары тәртиплеседи. Әдепти ҳәрекетке келтиретуғын жағдай-ықтыярлық ҳәм өзин-өзи басқарыўшылық. Мине усы еки жағдай әдепти ҳәрекетке келтиретуғын бийик күш-қуўат. Әдеп феномени тек жәмийетте мүмкин, ол адамлардың өз-ара қатнасында, олардың тәбиятқа қатнасында, қудайға қатнасында көринеди. Онда адамның өзиниң қайырлылық сыпаты адамзат болмысының улыўмалық принципине байланыўын талап етеди. Адам өмирине тийисли әҳмийетли бир шешимге келгенде, егер ол әдепли болса ол сыртқы дизимнен емес (карьера, пайда ҳәм т.б.) ал тек парыздың көрсетиўинен шығады. Әдепли адам өзин қадағалаўға жүдә уқыплы ҳәм сап ҳүжданға ийе болыўы керек.

Әдеплилик адамның шаңараққа, өзиниң халқына, Ўатанға, басқа халықларға қатнасынан да көринеди.

Адам жәмийетлик қәдирият. Сонлықтан жәмийет адамнан жәмийеттиң мәпи менен жасаўды, өзиниң саламатлығын сақлаўды, мийнет етиўди өзин-өзи тәртипли тутыўын талап етеди.

Әдеплиликтиң ең баслы хызмети-инсанның өзине ҳүрмети, өзиниң қәдирин қашырмаўы, өзин пәске тасламаўы. Белгили философ Иммануэл Кант: «Кисиниң қәдир-қымбаты өзи ушын сондай дәрежеде қәдирли болыўы керек. Ол қәдир-қымбатын ҳәттеки жәмийеттиң бахыт-саадаты ушын да қурбан қылмаслығы лазым» деген пикири әдеплиликтиң ирге тасы деп түсиниў мүмкин. Себеби өз қәдирин билмеген адам өзгелердиң де, Ўатанның да қәдирин билмейди.

Адам қайырлылыққа да жаўызлыққа да, бийпәрўа қараўға ҳақы жоқ. Ол өзиниң анаў яки мынаў ҳәрекетке қатнасын әдеплилик тийкардан түсинип ғана қоймай, өз сезимлерин де, оған қанаатланыў ҳәм қанаатланбаў, марапатлаў яки жек көриўшилигин де көрсетиўи тийис.

Әдеп салыстырмалы түрде ерк еркинлиғин көзде тутады. Ол адамның ислеген иси ушын жуўапкершилиғи. Шешимди қабыл етиўде белғили бир позицияны саналы түрде сайлап алыў мүмкиншилиғи. Еғер адамлардың тәртиплери тәбияттан жоқары, сыртқы күшлер менен ҳәм иштен туўылған инстинктлер менен, алдын ала анықланған болса онда тәртиплерди әдеплилик тәрептен баҳалаўдың мәниси ҳаққында айтыўдың да кәжети болмас еди. Лекин егер адамның тәртиплери ҳеш нәрсеге байланыссыз болса, егер абсолютлик ерклик стихиясы үстемлик етсе, пүткиллей толық өз басымшалық болса, онда да әдеплиликтиң социаллық нормалары жасамаған да болар еди.

Әдеплиликтиң тийкары тәртиплерде беккемленетуғын үрп-әдетлерден шығады. Олар әўладлар тәжирийбеси бойынша

жәмийеттиң ҳәм адамның рауажланыуына ҳәм сақланыуына пайдалы болды. Олар тарийхый прогресслер талабына ҳәм мәпине жууап береди.

Адам социаллық қатнаста белгили бир миннетлерди, уазыйпаларды атқарады. Ол жәмийеттеги ҳәр бир өзиниң ағзасына халық тәрепинен, Уатан тәрепинен, шаңарақ тәрепинен жүкленген парыз формасында болады. Ҳақыйқый әдеплилик жеке адамлардың сол парызды орынлаўынан белгили. Ким жәмийетке пайдалы болып, оның алға өрлеуине тәсир жасаса, жәмийетлик мәплерди бузыуға шыдамаса, ол әдеплилик болады. Себеби адамның әдеплилик принциплерди билиуи менен бирге, оның ушын қайғырыу да жүдә әҳмийетли. Егер адам Уатанның тәғдирин тап өзиникиндей қайғырса, жәмәәттиң табысына өзиниң табысындай қууанса, ол өзиниң парызын орынлауға уқыплы екенлигин көрсетеди.

Былайынша айтқанда, парыз ҳуқықый түсиниктен емес, ал әдеплилик тийкарында ислениуге тийисли исти әмелге асырыу болады.

Жуумақта белгили данышпан И.Канттың: «Қанша узақ ойға шүмсем де, ҳәмме уақыт жаңа, көбирек күшли таң қалыу ҳәм ҳәуижлениу арқалы адамның жанын еки нәрсе толқынландыратуғынын түсиндим. Ол мениң үстимдеги жулдызлы аспан ҳәм мендеги әдеп нызам» деген сөз ҳәр бир инсанға хат ҳәм қәлем болыуы керек.

## МАЗМУНЫ

Сөз басы..........3
1. Әдеп философиясы..........7
2. Адам ҳаққында ойлар..........13
3. Әдеплиликте ықтыяр философиясы..........23
4. Дәстүрлер ҳәм әдеплилик диалектикасы..........28
5. Мүнәсибет философиясы..........35
6. Адамгершилик ҳәм кеўил философиясы..........53
7. Кишипейиллик философиясы..........70
8. Дослық ҳәм татыўлық философиясы..........78
9. Сақыйлық, сабырлылық философиясы..........89
10. Ар-намыс философиясы..........101
11. Ийман философиясы..........110
12. Әдалат философиясы..........130
13. Экологиялық әдеп философиясы..........137
14. Гөззаллық философиясы..........147
15. Мийнет ҳәм ҳадаллық әдеплилик атасы..........159
16. Муҳаббат философиясы..........167
17. Илим ҳәм әдеплилик диалектикасы..........184
18. Ақыл, бахыт баҳалылық—әдеплилик гүли..........188
Жуўмақ..........204

ISBN 978-9943-346-77-2

9 789943 346772

«КАРАКАЛПАКСТАН»